# Іуащхьэмахуэ

Адыгэ тхакІуэхэм я журнал

1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ

2007 гъэ **4** Июль – август

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я союзымрэ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэмрэ къыдагъэкІ

Редактор нэхъыщхьэр
ІутІыж Борисщ

*Редколлегием хэтхэр:*
Елгъэр Кашиф (жэуапыхь секретарь), Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КъуэщІысокъуэ Нурхьэлий, КхъуэІуфэ Хьэчим, Нало Ахьмэдхъан, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкІуащэ Андрей

Налшык
2007

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Министерство культуры и информационных коммуникаций КБР, Союз писателей КБР



**Главный редактор**
**Борис Утижев**

*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Ахмедхан Налоев, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев, Кашиф Эльгаров (*ответственный секретарь*)

*Технический редактор* – Мадина Гурижева
*Корректор* – Марина Жекамухова
*Компьютерный набор* – Зарета Князева



Сдано в набор 18.06.07. Подписано к печати 27.07.07. Формат 70×108 1/16. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0. Уч-изд. л. 11,62. Тираж 1620 экз. Заказ № 129. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Заурбека Бгажнокова**


## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:


**Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс 450-рэ ирокъу**

**Дзэмыхь Къасболэт.** Ди тхыдэм и гъуэгу зэхэкIыпIэ . . . . . . . . . . 3
**Опрышкэ Олег.** Иуан Мэхъаджэм и бжаблэм . . . . . . . . . . . . . . . . 8
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Пащтыхь гуащэ 12
**Нэгъаплъэ Асчэрбий, Хъуэткъуэ Самир.** Шэрджэсей. Эссе . . . . . . 23
**ГъукIэлI Исуф.** Гукъинэжт а махуэхэр 37

**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** Лъакъуэ. Повесть . . . . . . . . . . . . . . 38
**Бозий Людин.** Насып лъагъуэ. Повесть . . . . . . . . . . . . . . 60
**Къагъырмэс Борис.** Си блокнотым къисхыжахэр . . . . . . . . . . . . 80
**Айтэч.** РассказитI . . . . . . . . . . . 85
**Iэщыж Борис.** РассказитI . . . . . . 95
**Уэрэзей Рашид.** Зэмыщхьищ. Рассказ . . . . . . . . . . . . . . . 101

ПШЫНАЛЪЭ

**КIэмыргуей Толэ.** Бжэгъулъэ. Балладэ . . . . . . . . . . . . . . 112
**Бейтыгъуэн Сэфарбий.** ЖыIэгъуэхэр 126
**КъуэщIысокъуэ Марьянэ.** Усэхэр 135

ЖЬАНТIЭ

**Елгъэр Кашиф.** ЛIы и лъэужь . . . . 141

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**Чым Юрэ.** ЛэжьакIуэ Iэзэхэр щагъэхьэзыр икIи щапсыхь «кIыщ» 146
**Ержыб Аслъэн.** Iэзагъэм къигъэщIа усыгъэхэр . . . . . . . . . . . . . . 150

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**Агъ Зэрэгъыж.** Си лъэхъуэщи-си лъэхъуэщ! . . . . . . . . . . . . . . 156
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт . . . . . . . . . . . . . . . . 158

**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз . . . . . . 159

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэрщ (дискетэр щIыгъумэ, нэхъыфIыжт).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.

**ТЕЛЕФОНХЭР:** 47-26-21 (редактор нэхъыщхьэ); 47-35-32 (жэуапыхь секретарь; поэзие, драматургие); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым сэкъат гуэр иIэу (п.п., тхьэпэхэр зэблэгъэувыкIауэ е дэгъэхуауэ, зэфIэтхыгъэ иIэу) къыфIэрыхьэмэ, типографием евгъэхьыжу экземпляр сэкъатыншэкIэ зэревгъэхъуэкI хъунущ. Типографием и адресыр: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.




*Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс 450-рэ ирокъу*

# Дитхыдэмигъуэгу зэхэкIыпIэ*

Псоми зэрытщIэщи, 1560 гъэм урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэм, Урысейм и Iуэхур дэкIын папщIэ, благъагъэ зэпыщIэныгъэхэр къигъэсэбэпын мурадкIэ кърихьэжьа Iуэхугъуэхэр езыр зэрыхуейм хуэдэу щызэтеувауэ щытар Къэбэрдейм и закъуэщ. Ар зэфIэкIа нэужь, урыс правительствэмрэ къуэкIыпIэ шэрджэсхэмрэ зэпищIэну зи пщэ иралъхьа Вишневецкий Дмитрий Польшэм и пащтыхь Сигизмунд – Август ЕтIуанэм – деж кIуащ. Польшэм и пащтыхьрат «Литва пщыгъуэ иным» къулыкъу щызыщIэну хуей шэрджэсыпщхэр езыгъэблагъэр. А лъэхъэнэм Мэзкуу къулыкъу хуащIэрт пщы Шыбокъуэм и къуэ Александр, пщы Тэзрит и къуэ Черкасскэхэ Гаврил (Къасболэт), апхуэдэуи жанеипщ зыбжанэм. Ахэр ирегъэблагъэ Польшэм и пащтыхьым. Абдежхэм «Литва пщыгъуэ иным» къулыкъу щищIэу щыIэт Шыбокъуэ Александр и Iыхьлы дыдэ «Шыбокъуэпщым и къуэшым». Зэхуозэ. ЗэщогуфIыкI, я гухэлъхэмкIэ, гупсысэхэмкIэ, мурадхэмкIэ зохъуажэ. Кърым хъаныр хущIэкъурт КъуэкIыпIэ Шэрджэсыр иубыдыну. Польшэм и пащтыхьыр абы дэщIырт икIи щыхуейм деж дэIэпыкъуну хьэзырт. А Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ пщыхэу Шыбокъуэрэ Къаныкъуэрэ Кърымым ягъэкIуащ абы и пащтыхьым «Шэрджэс къэралыгъуэм щхьэкIэ елъэIуну».

* КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ номерым итщ.

60 гъэхэм Кърымым Мэзкуу и лІыкІуэхэм ядригъэкІуэкІа зэпсэлъэныгъэхэм къуэкІыпІэ адыгэхэр тІууэ игуэшащ: «тыркурэ», «пащтыхьу» е нэгъуэщІу жыпІэмэ, хъаным и дамэщІэтхэрэ урыс пащтыхьым и жьауэщІэтхэу. 50 гъэхэм къуэкІыпІэ адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта «Шэрджэс щІы псомкІи» псалъэхэм я мыхьэнэр хуэм-хуэмурэ, тІэкІу-тІэкІуурэ кІуэдыжащ, Тэман хытІыгуныкъуэм пэмыжыжьэу псэуа жанейхэмрэ къуэкІыпІэ адыгэхэмрэ Кърым хъанымрэ Тыркумрэ я жьауэм щІэтмэ нэхъ къащтэрт. Ауэ къухьэпІэмкІэ щыпсэуа шэрджэсхэм я нэхъыбэм къэралищми – Тыркуми, Кърымми, Урысейми – я щхьэр хуагъэщхъын ядатэкъым.

XVI лІэщІыгъуэм икухэм Шэрджэсым и гъунапкъэ дыдэу щыта Къэбэрдейм щыІа щытыкІэр ткІий икІи хьэлъэ дыдэ хъуат, пщыхэр зэныкъуэкъужу, лІыфІыпІэ зэримыгъахуэу зэпэуврэ зэзэуэжу зэрыщІадзам къыхэкІыу. Ар бийм Іэзэу къигъэсэбэпырт: щІэх-щІэхыурэ лъахэм къытеуэрт, зауэ гуащІэхэр кърищІэкІырт. ЩытыкІэр зэщІэплъэ, щІэхуабжьэ зэпытт. Тыркум, Кърым хъаныгъуэм, шамхъалхэм, нэгъуейхэм, Къейтыкъуэхэ я пщы унэм и лІыкІуэхэу къырымхэм я телъхьэ хъуахэм дзэ лъэщ япэгъэувын фІэкІа, нэгъуэщІкІэ уазэрыпэмылъэщыфынум ирихулІэри, пщышхуэ Идар Темрыкъуэ урыс пащтыхь Иуан IV зыхуигъэзащ. 1557 гъэм Къаныкъуэ Къанлы я пашэу къэбэрдей лІыкІуэхэр Мэзкуу кІуащ. Ахэр пащтыхьым елъэІуащ шамхъалхэм щихъумэну. Къэбэрдей лІыкІуэхэм урыс пащтыхьым жраІащ урыс къэралымрэ къухьэпІэ адыгэ къэралымрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм хуэдэ езыхэми иращІылІэну зэрыхьэзырыр. Апхуэдэу къэбэрдей лІыкІуэхэм къагъэлъэгъуащ урыс-къэбэрдей зэгурыІуэныгъэхэм я гъусэу къуэкІыпІэ куржы пащтыхьыгъуэхэу Картлырэ Кахетиемрэ («Ивер щІымкІи») зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну пщэрылъ къызэрыхуащІар. А гъэ дыдэм (1557 гъэм) Мэзкуу къэкІуащ Къэбэрдейм и ныкъуэкъуэгъу шамхъалхэмрэ Тюмен пщыгъуэмрэ я лІыкІуэхэр, урысхэм я жьауэм щІагъэувэну лъаІуэу.

1558 гъэм пщышхуэ Идар Темрыкъуэ Мэзкуу игъэкІуащ чыристэн диныр къиищтэу Михаил зыфІаща, пащтыхьым и пщІантІэм щІэныгъэшхуэ щызэзыгъэгъуэта, бояр пашэ икІи цІэрыІуэ хъуа и къуэ СулътІаныкъуэ (урыс дэфтэрхэм зэритыр мыпхуэдэущ: салнук). СулътІаныкъуэ и къуэшхэу Думэныкъуэ, Мамсырыкъуэ, Белгъэрыкъуэ сыми 1560 гъэм пщэрылъ зэмылІэужьыгъуэхэр яІэу урысхэм я щыхьэрым кІуащ зыбжанэрэ.

Урыс правительствэм фІэфІтэкъым шамхъалхэр къырым-уэсмэнхэм зэрателъхьэр, и дамэгъу къэбэрдейхэм къазэреныкъуэкъуэр, абыхэм я бийуэ Іуэхугъуэ куэд зэрилэжьри, ахэр и жьауэм щІигъэувэн идакъым. Идэн дэнэ къэна, 1560 гъэм дзэзешэ цІэрыІуэ Черемисин И. С. я пашэу дзэшхуэ Астрахъан тенджыз защІэкІэ кърыригъэшри шамхъалхэм япигъэуващ. Шамхъалхэр урысыдзэшхуэм пэлъэщынутэкъыми, шынэхэри, Тарки щаІэ зэхуэсыпІэ хуэщІар ябгынащ икІи къэбэрдейхэм къатеуэныр пІалъэкІэ зэпагъэуащ.

Къэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыхуэхъуар зыфІэмыфІхэри щыІэт. Пщы Къетыкъуэ ПщыІэпщокъуэ зи пашэ гупым ар даІыгъэтэкъым. Абыхэм Кърымым и жьауэм щІэтмэ нэхъ къащтэрт. ЩыІэт урысхэри къырымхэри зымыдэ нэгъуэщІ зы гупи.

Къэбэрдейр щытыкІэ гугъу икІи хьэлъэ дыдэ щихуам жыжьэ плъэф цІыху Іущу, хэкулІу зыкъигъэлъэгъуащ пщышхуэ Идар Темрыкъуэ. 1558–1567 гъэхэм къриубыдэу урыс лІыкІуэхэр Къэбэрдейм хэ къэкІуащ, Идар Темрыкъуэ и лІыкІуэхэу Мэзкуу щыІэхэми зыбжанэрэ яхуэзащ, плІэ зауэ дэІэпыкъуныгъэ кърatащ. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІащ урыс шабзауэхэм ирагъэкІуэкІа мафІэ зауэхэм. Абыхэм шабзэхэм мафІэр къыпылъэлъу ядзырт, бийр ягъащтэрт, зэхэзехуэн ящІырт, мыдрей зауэлІхэм ахэр, зыкъэщІэжыпІэ ирамыгъахуэу, зэтраукІэрт. Къэрал щІыб политикэри Іэзэу иригъэкІуэкІырт Идар Темрыкъуэ. Дагъыстэн шамхъалхэм ебийт, куржыхэм ныбжьэгъугъэрэ къуэшыгъэкІэ ябгъэдэтт, Кърым хъаныгъуэмрэ абы и да-

мэгъу Нэгъуей ЦIыкIу Ордамрэ япэщIэтын папщIэ Нэгъуей Ин Ордар къигъэсэбэпырт, благъагъэкIэ запищIауэ. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъуари зи фIыщIэр Темрыкъуэт. ЦIэрыIуэ хъуа пщышхуэм, япэм абы иригъэкIуэкI политикэр зымыдэу щыта къэбэрдеипщхэр къыгухьэрт, къыкъуэувэхэрт. Къэбэрдеипщхэм я закъуэтэкъым. Лъахэм и гъунэгъу къэралыгъуэхэмрэ къэралыгъуэжьхэмрэ я лIыщхьэхэми зэгурыIуэныгъэхэр къращIылIэну хущIэкъухэрт.

1562–1563 гъэхэм Идар Темрыкъуэ урыс дзэзешэхэр и гъусэу зауэзекIуэ ин куэд иригъэкIуэкIащ и политикэмрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ я бийуэ къэув адыгэпщхэм, псом хуэмыдэу Къетыкъуэ ПщыIэпщокъуэ зи пашэ гупымрэ ахэр дарэгъу зыхуэхъуа Шамхъал Бударрэ яхуэгъэзауэ. ИтIанэ апхуэдэ зекIуэхэр сэбэпышхуэ хъурт Къэбэрдейм Урысеймрэ Куржыхэмрэ яхуиIэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнымкIи. Идар Темрыкъуэ иригъэкIуэкI къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм и фIыщIэкIэ Къэбэрдейр нэхъ зэкъуэт, нэхъ лъэщ хъури Кавказым и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым и цIэр фIыкIэ щигъэIуащ. Абы щыхьэт тохъуэ Тыркум Урысейм и лIыкIуэу щыIа Новосильцовэ И. П. жиIар: «Пщы Идар Темрыкъуэ и щIыр Тарки деж къыщожьэри, псым дэкIуэу зиукъуэдийуэрэ, тенджызым йоуалIэ».

1567 гъэм Идар Темрыкъуэ и лъэIукIэ урысхэм Сунжэ псы хэлъэдапIэмрэ Тэрч псыгуэжыпIэмрэ я зэхуакум деж щаухуащ урыс къалэ. Ар ирагъэухуэн ямыдэу къэувауэ щыташ Къетыкъуэхэрэ Шамхъалхэрэ. Ахэр хуейтэкъым Кавказ Ищхъэрэм и курыкупсэм деж щаухуэ къалэм дарэгъу зызыхуащIа тыркумрэ Къырымымрэ я зекIуапIэхэр зэхуищIыну. Астрахъан, Азие Курытым, шамхъалхэм я деж кIуэ гъуэгухэри зэхуищIынут абы. ЗэхуамыщIми, урысхэм ямыщIэу, абыхэм я Iизынынщэу бжьиз якIуфынутэкъым.

Урысхэм ягухьэну хуэмей адыгэпщхэм, урыс къалэр ирамыгъэухуэн щахузэфIэмыкIым, къырым хъаным зыхуагъазэри жраIащ абы а Iуэхур къигъэувыIэну: «Идар Темрыкъуэ и щIым урыс къалэр иращIыхьмэ, фэ фи закъуэкъым хилъэфэнур, Тюмени, шамхъалхэри Мэзкуу адэкIэ къыщыхутэнущ».

Къырым хъан Долэт-Джэрий урыс лIыкIуэхэм епсэлъащ. Абыхэм ар зытрагъэхьакъым. Хъаным жиIащ зэи ар зэрахуимыгъэгъунур. ЩIэх дыдэ и псалъэр игъэпэжащ. Бжьыхьэм, 1567 гъэм, къырым пащтыхьищ, дзэшхуэхэр я гъусэу, адыгэхэм я щIыр къазэуну игъэкIуащ.

Мэзкуу дамэгъу зэрахуэхъуар ямыдэу Идар Темрыкъуэ еныкъуэкъуу щыта къэбэрдеипщхэр занщIэу къырымым и лъэныкъуэ хъуахэщ. Къырымым щыпсэуну кIуа тэтэрхэм, нэгъуей мырзэхэм я гъусэу абыхэм къару лъэщ къызэрагъэпэщри адыгэхэм къадэIэпыкъуну къэкIуа урысыдзэм япэуващ.

А зэманым уэсмэнхэмрэ персхэмрэ яку дэлъа щытыкIэр аргуэру зэщIэплъэжащ. Абыхэм я зауэ-зекIуэ гъуэгур Кавказ Ищхъэрэмкiэ кIуэцIрыкIырт. Нэгъуэщi щIыпIэкIэ укIуэфынутэкъыми, ахэр гъуэгум ткIийуэ кIэлъыплъ урысхэм елъэIуащ ар хуит къыхуащIу кIуэцIрагъэкIыну. Урысхэм абыхэм я хьэтыр ялъэгъуакъым. 1559 гъэм къырым-тырку дзэшхуэр Астрахъан ихьащ ар яубыду, Кавказ Ищхъэрэм имыхьэу, атIэ абы къыпакIухьу Кавказ щIыбымкIэ Ширван кIуэ гъуэгухэр Тыркум къыхузэIуахыну». Ар гъуэгу жыжьэт икIи нэхъ гугъут. Дон псышхуэр зэпаупщIу Индылыпсым тету ехыу Каспие тенджызри зэпаупщIыжын хуейт. Кавказ щIыбымрэ Ширванрэ зыIэрагъэхьа нэужь, Азие Курытым ис муслъымэнхэм зыпащIэнут. А псом нэмыщIыжкIэ, – нэхъыщхьэ дыдэр, – Мэзкуу Кавказым зыщиубгъуныр къызэпыудынырт.

1570 гъэм Идар Темрыкъуэ зи пашэ шуудзэр къырым пащтыхь Адыл-Джэрий зытеуа абазэхэм ядэIэпыкъуну кIуащ. Ахупс деж щекIуэкIа иужьрей зауэ гуащIэм Темрыкъуэ уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Идар Темрыкъуэ и къуэхэу Мамсырыкъуэрэ Белгъэрыкъуэрэ бийм яубыдри, гъэр ящIащ. Пащтыхь гуащэ, Темрыкъуэ ипхъу Марие (Гуащэней) дунейм ехыжа, абы иужькIэ,

куэд мыщӀэу, и адэри лӀа нэужьи, урыс пащтыхь Иуан IV Урысейм Къэбэрдейм хуиӀэ дамэгъу щытыкӀэр къигъэтӀэсхъакъым. Идархэ я пщы унэри ихъумащ. Темрыкъуэ и къуэ гъэр хъуахэр къаригъэутӀыпщыжыну Бэхъшысэрай егъакӀуэ Шапкин Борис. Мамсырыкъуэрэ Белгъэрыкъуэрэ урысхэм къащэхужауэ лӀыкӀуэ унафэхэм иткъым. Ауэ 1578, 1580-1590 гъэхэм ятха дэфтэрхэм итхэм тепщӀыхьмэ, Мамсырыкъуэ Къэбэрдейм къигъэзэжри и адэм кърихьэжьауэ щыта Ӏуэхур текӀ имыӀэу игъэзэщӀащ.

Къэбэрдеймрэ Мэзкуурэ яку дэлъа зауэ-политикэ дамэгъуныгъэмрэ кърым-тырку къарухэм драгъэкӀуэкӀа бэнэныгъэмрэ зэпыуакъым XVI лӀэщӀыгъуэм и иужьрей Ӏыхьэ щанэми. Идар Темрыкъуэ иригъэкӀуэкӀа политикэм пищащ абы и къуэш Къамболэти, пщы уэлий хъуа нэужь. Идархэ, Къетыкъуэхэ, ТаусултӀэнхэ я лӀыкӀуэхэм я пашэу ар 1578 гъэм Мэзкуу кӀуащ. Къэбэрдейми шэрджэс псоми я цӀэкӀэ Къамболэт лъэӀуащ Сунжэ псы хэлъэдапӀэмрэ Тэрч псыгуэжымрэ я зэхуакум деж урыс къалэ щаухуэу дзэзешэхэмрэ зауэлӀхэмрэ абы дагъэтӀысхьэну. А гъэ дыдэм дзэзешэ Новосильцевым къалэр иухуащ, иужькӀэ, Кърымымрэ Урысеймрэ яку дэлъ щытыкӀэр (къалэр зэраухуам щхьэкӀэ) щызэщӀэплъэм, ар якъутэжащ, ауэ Кавказ Ищхъэрэм кӀуэцӀрыкӀ гъуэгум я нэӀэ трагъэкӀакъым икӀи я Ӏизыншэу зыри ирагъэкӀуакъым.

1558 гъэм и январь мазэм Мамсырыкъуэрэ Къундетрэ зи унафэщӀ лӀыкӀуэхэр Мэзкуу кӀуэри къэбэрдейхэр урыс къэралым и цӀыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэжащ. Къэбэрдей лӀыкӀуэхэм я тхьэрыӀуэхэр дэфтэрхэм иратхэри ахэр тхыгъэхэмкӀэ ягъэбыдэжащ. Дэфтэрхэм иратха унафэхэм ящӀыгъуу пащтыхь Иуан и къуэ Федор Къэбэрдейм и пщышхуэ Идар Къамболэт Къэбэрдей щӀы псоми я ЩӀыхь тхылъ къритауэ щытащ дыщэ мыхъур тету. Абы тхьэрыӀуэ-зэгурыӀуэныгъэр етӀуанэу игъэбыдэжырт.

XVI лӀэщӀыгъуэм и 80 гъэхэм и кӀэухым Идархэ я пщы унэм ткӀийуэ пэщӀэтащ Къетыкъуэхэрэ ТаусултӀэнхэрэ. Абыхэми я лӀыкӀуэхэр щхьэхуэу Мэзкуу ягъакӀуэрт. Къэбэрдейхэм я лъэӀукӀэ тхьэрыӀуэхэмкӀэ зэращӀылӀа зэпсэлъэныгъэхэм хагъэхьат бийр къатеуэмэ, урыс зауэлӀ къыхэха къагъакӀуэу къадэӀэпыкъуну. Урысхэм я телъхьэ хъуа къэбэрдеипщхэм ар къагъэсэбэпурэ Кърымымрэ шамхъалхэмрэ я жьауэм щӀэувахэм ебэнырт. Адрейхэми зи блэгу щӀэувахэр Ӏуэхум къыхашэрт. Къэбэрдеипщхэм я кум къыдэхъуэ зэгурымыӀуэныгъэмрэ бэнэныгъэмрэ урыс правительствэми кърым хъаныгъуэми я фейдэ хэлът. Абыхэм къадэщӀ, къадэӀэпыкъу хуэдэу защӀурэ, дэтхэнэми и лъэр Кавказ Ищхъэрэм щигъэбыдэрт.

1589 гъэм тэрч дзэзешэ Хворостин А. И. лӀыкӀуэ тхылъым иритхащ къэбэрдеипщ Идар Къамболэт дунейм зэрехыжар, абы и пӀэ иувэну пщыхэр зэрызэныкъуэкъуар. Абы иужькӀэ, куэд дэмыкӀыу, август мазэм, зэуэзэпсэу лӀащ Къетыкъуэ Аслъэнбэчи. Къэбэрдейм Хасэшхуэ щекӀуэкӀащ. Хасэм Аслъэнбэч и пӀэкӀэ хахащ Къетыкъуэ Жансэхъу.

1580–1590 гъэхэм урыс пащтыхьым къэбэрдейхэмрэ адрей бгырыс лъэпкъхэмрэ ярищӀылӀауэ щыта зэгурыӀуэныгъэхэр къанэ щымыӀэу зэригъэзэщӀам абы и пщӀэр лъагэу иӀэтащ. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм Мэзкуу хуаӀэ щытыкӀэм зихъуэжащ. Урысхэм Кавказым щызыӀэрагъэхьа ехъулӀэныгъэхэр къалъытащ дунейпсо дипломатием и текӀуэныгъэу.

Урысхэм я лъэр Кавказ гупэм зэрыщиубыдар куэдым я гуапэ хъуакъым. Мыхъуам къыщымынэу, ар ямыдэу къэуващ Тыркумрэ Кърымымрэ. Абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъ щытыкӀэр аргуэру зэщӀэплъэжащ. 1592–1594 гъэхэм Тыркум Урысейм и лӀыкӀуэхэу щыӀа Нащокин Г., Иванов А. сымэ уэсмэнхэм я уардэунэм мамыр зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкӀуэкӀыну щыкӀуам, абыхэм ткӀийуэ, пхъашэу къепсэлъащ: «Фи пащтыхьым и цӀыхухэр къэбэрдейхэмрэ шамхъалхэмрэ ящӀхэм ихьащ, шамхъалхэм ди пащтыхьым къулыкъу хуащӀэ... Фи пащтыхьым шэрджэсхэм я щӀым къалэ ирыригъэ-

щӀыхьащ, Тэрч къыщыщӀэдзауэ къалиплӀ щывухуащ, Темырхъан (Дербент) кӀуэ гъуэгури фыубыдащ». Синан-пэщэ визирь иным урыс пащтыхь Иуан и къуэ Федор письмо хуитхащ Тэрчрэ Къэбэрдей щӀыналъэмрэ урыс къалэхэр зэрырищӀыхьар, Тэн Ӏус къэзакъхэр Азов зэрытеуар къигъэлъагъуэу. Мэзкуу къригъэблагъэу Куржы пащтыхь Александр зэгурыӀуэныгъэхэр зэрыращӀылӀар имыдэу ткӀийуэ къигъэуващ Дон къэзакъхэр Азов иришыжу Астрахъанрэ Къэзанрэ Тыркум яритыжыну.

Урыс лӀыкӀуэхэм уэсмэнхэмрэ тыркухэмрэ зэгурыӀуэныгъэхэр щращӀылӀэхэм деж куэдрэ къагъэсэбэпу щытащ «Псыхуабэ шэрджэсхэр» пасэм къыщыщӀэдзауэ урысхэм яйщ», жыхуиӀэ Ӏуэху еплъыкӀэр. Унафэхэр зратхэ тхылъым ит тхыгъэхэр щапхъэу къахьурэ, урысхэм псоми я фӀэщ ящӀыну хэтт шэрджэс адыгэхэр зэман жыжьэ блэкӀам рязянхэу щытауэ, Иуан IV и пащтыхьыгъуэм Кавказым къэӀэпхъуэжу урысхэм я жьауэм щӀэувауэ. Абы къыхэкӀыу, пащтыхьым ахэр ихъумэн папщӀэ, Тэрч къалэ щиухуащ, шэрджэсхэр къалэншэу псэуфынукъым, жаӀэри. Апхуэдэ Ӏуэху еплъыкӀэр лӀыкӀуэхэм куэдрэ къагъэсэбэп, я дэфтэрхэм иратхэу щыта щхьэкӀэ Истамбылрэ Бэхъшысэрайрэ ар я фӀэщ зэи хъуакъым.

Тырку, Къырым лӀыкӀуэхэри хущӀэкъурт шэрджэсхэр езыхэм яйуэ къыщӀрагъэдзыну. Ахэр муслъымэнщ, ди къэралыгъуэм и цӀыхухэщ, жаӀэрт.

XVI лӀэщӀыгъуэм и кӀэм тырку сулътӀанымрэ Къырым хъаныгъуэмрэ яужь ихьащ Кавказ Ищхъэрэр яубыдыну. Керч топ 18 яшащ. Урысейми дзэшхуэ яшэну загъэхьэзырырт, ауэ абы зэран хуэхъуащ Венгриер яубыдыну Австриемрэ Тыркумрэ зэрызэпэувамрэ Мубэрэч-Джэрий зэрылӀамрэ.

1557 гъэм Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэращӀылӀа зэгурыӀуэныгъэхэм тхыдэтххэр зэхуэмыдэу топсэлъыхь. Щызэдауи щыӀэщ. Шэч хэлъкъым дяпэкӀи абы псалъэмакъышхуэ зэрыращӀэкӀынум. Ауэ XVI лӀэщӀыгъуэм щыӀа щытыкӀэм тепщӀыхьмэ, а зэгурыӀуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа унэтӀыныгъэ нэхъыщхьэхэм хэбдзын хэлъкъым. Ахэр зыкӀи зэран хуэхъуакъым Къэбэрдейм зиужьыным. Абы зыри къыпэрыуакъым езым и къэрал щӀыб, къэрал кӀуэцӀ Ӏуэху иригъэкӀуэкӀыжыну. Уеблэмэ, и экономикэм фӀыуэ зиӀэтри, и пщӀэмрэ и зэфӀэкӀымрэ хэпщӀыкӀыу, нэрылъагъуу хэхъуащ. Ауэ нобэ, языныкъуэхэм къызэралъытэм, зэрыжаӀэм, зэратхым хуэдэу, Къэбэрдейр Урысейм езыр «фӀэфӀу» гухьакъым – зауэ-политикэ Ӏуэхугъуэхэр зэгъусэу ирагъэкӀуэкӀын папщӀэ дамэгъу зэхуэхъуауэ аращ. Къэбэрдейми Урысейми езыхэм я щӀыналъэ яӀэжу щытащ, я гъунапкъэхэр гъэбелджылауэ. Дэтхэнэми щызекӀуэрт езым и хабзэ. Зым и Ӏуэхум адрейр хэӀэбэртэкъым.

Къэбэрдейми Урысейми яӀащ езыхэм я къэрал дамыгъэхэр, къэрал ӀуэхущӀапӀэхэр. Налогхэри щхьэхуэ-щхьэхуэу ятырт. Зым адрейм ейм и Ӏуэху хилъхьэртэкъым.

1557 гъэм Къэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыхуэхъуар дунейпсо хабзэм тету ятхащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар хъума хъуакъым. Ди деж къэсар тхыдэм ехьэлӀа Ӏуэхухэр щызэхуахьэса тхыгъэхэм хэхуа Ӏыхьэхэрщ. ЗэгурыӀуэныгъэхэр ӀыхьитӀу зэхэтащ: «тхьэрыӀуэ псалъэрэ» «дыщэ мыхъур зытелъ ЩӀыхь тхылъу».

ЗэгурыӀуэныгъэхэр лъэныкъуитӀми Ӏэмал имыӀэу ягъэзэщӀэн хуейуэ щытакъым. Ар щӀызэращӀылӀа щхьэусыгъуэр щымыӀэжмэ, ахэр зэзыщӀылӀахэр мылэжьэжмэ е дунейм ехыжамэ, зэгурыӀуэныгъэхэм къару яӀэжтэкъым. А щхьэусыгъуэхэм ящыщ зым деж ар щиухырт. Къэбэрдейр Урысейм игъащӀэкӀэ гуэтыну хыхьатэкъым. Аращи, иджыри къэс ягъэӀуа, къэрахьэкӀа псалъэмакъыр лъабжьэншэщ. Нобэ зэхуаӀэ щытыкӀэр нэгъуэщӀ Ӏуэхущ икӀи нэгъуэщӀ псалъэмакъщ…

**ДЗЭМЫХЬКъасболэт,**
*тхыдэ щӀэныгъэхэм я доктор,*
*профессор.*

# Иуан Мэхъаджэм и бжаблэм

## «Тхыдэ лъагъуэхэр» тхылъым щыщ пычыгъуэхэр



1560 гъэм августым и 7-м Василий и къуэ урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэм и щхьэгъусэ Анастасие дунейм ехыжащ. Илъэс 17-м иту къэзыша пащтыхьым и ныбжьыр илъэс 30 щрикъум лIыгъуабэу къэнащ. Анэм и IэфI зыхащIэну хунэсакъым илъэсих хъу Иуан цIыкIурэ илъэсищым нэса и къуэшымрэ. Пащтыхьым и щхьэгъусэр мазибгъукIэ хьэлъэу сымэджащ. ГукъэкI щIыIэр зыщIа, шынэм зи псэр гъэру иубыда урыс пащтыхьым и щхьэгъусэр ягъэлIауэ, езыри яукIыну яужь къихьауэ шэч ищIри, и блыгущIэтхэмрэ пщIантIэдэтхэмрэ зэхэзехуэн ищIащ. Куэдым я щхьэр пригъэупщIащ, куэд хьэпсым иригъэлIыхьащ, щIыпIэ жыжьэ щIыIэхэм щыпсэуну игъэкIуари мащIэкъым. Шынэ къэзыщта пащтыхьыр, кIуэ пэтми нэхъ бзаджэ, нэхъ ткIий, нэхъ пхъашэ хъурт. ТIэкIунитIэ нэхъ мыхъуми шэч зыхуищIам щысхьакъым. Псэуху абы тетащ, текIакъым.

Анастасие щыщIалъхьэм, пащтыхьыр сабийм хуэдэу гъащ. Апхуэдизкiэ ар абы зыхищIауэ игъейрти, яхуэмышхэу, тхьэ елъэIуу жэщмахуэ куэд игъэкIуащ. ТхьэмахуэкIэ цIыхум къахыхьакъым, зыми епсэлъакъым. Пащтыхьыр и акъылым икIыпэнкIэ шынэхэри абы и деж къэкIуащ митрополит Макарий я пашэу и бжаблэм итхэмрэ боярхэмрэ. Ахэр пащтыхьым елъэIуащ Анастасие апхуэдизу хуэщыгъуэныр къигъанэу абы и пIэкIэ нэгъуэщI зыгуэр къишэжыну. Япэ щIыкIэ ар и тхьэкIумэм иригъэхьакъым. ИтIанэ, махуитI дэкIа нэужь, августым и 16-м, дин лэжьакIуэхэмрэ боярхэм я думэмрэ зэхэсу жиIащ зэман гъунэгъуухэм къишэжыну мурад зэримыIар, ауэ къэрал Iуэхухэмрэ сабийхэмрэ я хьэтыркIэ къишэжыну арэзы зэрыхъур. Иджы нысащIэр къыщалъыхъуэнур Урысейртэкъым – «нэгъуэщI щIыналъэт». Абы къикIыр, етIуанэу къэшэжыныр политикэ Iуэхум ирипхауэ арат.

Августым и кIэм Иуан ЕплIанэм Польшэм и пащтыхь, Литва иным и пщышхуэ Сигизмунд ЕтIуанэ Август деж лIыкIуэ игъэкIуащ. Ар Ливон орденым дамэгъу хуэхъуа нэужь, Урысейм теуэну зигъэхьэзыру щIидзащ. Урыс пащтыхьым мурад ищIат абы и шыпхъуитIым я зыр къишэну – нэхъыжь Аннэ е нэхъыщIэ Екатеринэ, пащтыхьым и бжаблэм ит Сукин Борис къыхихым елъытауэ. «Гъуэгум утету ущыкIуэкIэ, Вильнэ унэсыху, умыбэлэрыгъыу, быдэу щIэупщIэ, къащIэ, сыт я теплъэ, я хьэлщэн абыхэм. Дэтхэнэр нэхъ ин, нэхъ дахэ. Уигу ирихьыр къыхэхи сэ си цIэкIэ епсалъэ. Нэхъыжьыр илъэс 25-м щхьэдэхамэ, сыт хуэдиз дахагъ имыIэми, губзыгъагъэ хэмылъми, нэхъыщIэр къыхэх», – быдэу иущият пащтыхьым и лIыкIуэр. Пащтыхьым Iуэхур политикэм ирипхами, абы етIуанэу къишэжыну хуейт щхьэгъусэ дахэ икIи щIалэ.

ЕтIуанэ лъыхъу-лIыкIуэр Швецием и пащтыхь Густав деж иутIыпщащ, ещанэр – Къэбэрдейм къигъэкIуащ. ЛIыкIуэхэу Вокшерин Васи-

лий и къуэ Федоррэ Мякшин Семенрэ унафэ быдэу яхуищIащ: «Шэрджэсыпщхэм япхъухэм фахэплъи, фигу нэхъ ирихьахэр Мэзкуу къафшэ».

Польшэм и пащтыхьым гурыIуахэкъым. Абы и шыпхъу нэхъыщIэ Екатеринэ щхьэкIэ (арат лIыкIуэм къыхихар) уасэшхуэ къапиубыдащ – урыс къалэ нэхъыжь дыдэхэу Новгород, Смоленск, Псков, Чернигов, абыхэм къедза щIыналъэхэр иратыну.

Швецием кIуа лIыкIуэхэми хъыбарыфI къахьакъым. Пащтыхь Густав дунейм ехыжауэ абы хуэщыгъуэу ирихьэлIахэщ. Густав и пIэкIэ ува Эрик а Iуэхум теухуауэ къайпсэлъэн идакъым. А лъэхъэнэм Швецием Ливон орденым хыхьэ урыс щIыналъэ куэд иубыдауэ иIыгът, абыхэм я бжыгъэм аргуэру хигъэхъуэну зигъэхьэзырырт. БлагъагъэкIэ зэбгъэдэувэмэ, ахэр къримытыжу хъунутэкъым. Абы зыкIи хуейтэкъым пащтыхьыщIэр.

Къэбэрдейм къигъэкIуа лIыкIуэхэми я хъыбар щыIэтэкъым. Зыри щымыхъуххэм, а зэманым и хэкум – Урысейм – игъэзэжауэ щыIэ пащтыхь бжаблэрыт Сукиныр къухьэпIэ жанеипщ Шыбокъуэ Василий и пхъум еплъыну къигъэкIуащ. Ауэ пащтыхьым и лIыкIуэхэр абыи кIуэфакъым: Урысейр Ливон орденым зэрезауэр къагъэсэбэпри, тыркухэмрэ кърым тэтэрхэмрэ кIахэ адыгэхэм я щIыналъэм къихьауэ зауэ гуащIэхэр щрагъэкIуэкIырт.

МазипщI дэкIащ урыс пащтыхьым и лIыкIуэхэр Къэбэрдейм къызэригъакIуэрэ. ИкIэм-икIэжым, 1561 гъэм июным и 15-м, ахэр зэрызехьэу Мэзкуу нэсыжащ, Иуан ЕплIанэм нысащIэ дахэ дыдэ хуашэри. Ар Къэбэрдей пщышхуэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнейт. Нысашэ гъуэгум Тэрч и Iуфэм къыщыщIидзащ. Абы икIри Астрахъан кIуащ. Индыл псым кхъухькIэ тету ехри Къэзан дыхьащ. Абдеж къыщежьэжхэри, ефэ-ешхэу, ягъахъэу къэкIуащ, урысхэм я щыхьэр Мэзкуу къэсыху. Нысашэм хэтт Гуащэней и дэлъху Думэныкъуэ, Къэбэрдей шу минрэ щитхурэ, Астрахъан щыщ тэтэрхэр, нэгъуейхэр, къэзакъхэр, дзэзешэ Бутурлин Андрей и къуэ Иван, Астрахъаным и тепщэ Бэчболэт, абы и щхьэгъусэ Алтыншаш, ахэм я къуэ Сэхьид цIыкIу, нэгъуэщI куэди.

Нысашэр Мэзкуу дыхьащ. Тыгъэ лъапIэхэр зытелъ махъшэхэм я лъакъуэхэр хуэму, пагэу зэблахырт, адыгэш гуащIэхэр, я щхьэхэр Iэтарэ я тхьэкIумэ папцIэхэр гъэкIауэ, шхуэIум езауэрэ къафэ щIыкIэу кIуэхэрт. Ахэм япэ иту яхут адыгэш лъэпкъыфIу щэ никъуэ. Мэзкуу къалэжь дахэр нэхъри ягъэщIэращIэрт адыгэ цей дахэхэмрэ адыгэ пыIэ лъагэхэмрэ, цIуугъэнагъэкIэ зэпеуэ хуэдэт тэтэрхэмрэ нэгъуейхэмрэ я хъэлат дыщэкIэ хэдыкIахэр, урыс дзэзешэхэм я дыщэ пыIэхэмрэ мэIухухэмрэ дыгъэпсым пэлыдырт, нэр щисыкIыу зэщIэцIууэт. А псоми япэ ит махъшэм тетт КъуэкIыпIэм яйхэм хуэдэ шэтыр дахэ гъэщIэрэщIар, абы ист Гуащэней, урыс лIыкIуэхэм къаувыхьауэ. Ар шылэхъар къепхъухам щтэIэщтаблэу къызэпхыплът. Урыс къалэжьыр, дахэр абы зэпиплъыхьырт Iэдэбу, щIыкIафIэу. Псори дахэт, телъыджэт. Удахьэхырт, плъэмыкIыу уахьэхурт. Къэзан къалэр къызэращтам и щIыхькIэ яухуа Щихъ Василий и члисэ лъагэр, Кремль иныр, абы щхьэщыт чэщанэ лъагэхэр, Вролоф и чэщанэм хэлъ сыхьэтышхуэр, зэрыхуабэм щхьэкIи къамыгъанэу фэ лъапIэм къыхэщIыкIа джэдыгу хуабэ кIыхьхэр зыщыгъ бояр жьакIэшхуэхэр. Дэтхэнэм и гугъу пщIын? Мэзкуу щыпсэу и дэлъху Михаил и гъусэу Гуащэней Мэзкуу и уэрамхэм дэтащ, зиплъыхьащ.

Махуэ зыбжанэ дэкIа нэужь, Иуан ЕплIанэм Гуащэней Кремлым иригъэблэгъащ. Пащтыхьыр, и блыгущIэтхэр и гъусэу, нысащIэм еплъыну ар зыщIаша ищхьэ палатэ пэш Iэхуитлъэхуит гъэщIэрэщIам щIыхьащ. Абы къэбэрдей пщащэр илъэгъуатэкъым икIи зэкIэ ищIэртэкъым ар къишэнуми къимышэнуми.

Пащтыхьым и нэр адыгэ пщащэ дахэм занщIэу тенащ. Гуащэней укIытауэ еплъыхыу щытт къызэщIэна и нэкIущхьитIыр бэлътокукIэ щIихъумауэ. Адыгэ фащэ дахэр хъыджэбзым екIупсырт. Шылэ плъыжьфIыцIафэм къыхэщIыкIа, дыщэхэкIкIэ гъэщIэрэщIа бостейр къыщылыдыкIырт. Пхъэ вакъэ зытетым ар нэхъри лъагэ ищIырт. Гуащэней зыхищIэрт щыгъын лъапIэ гъэщIэрэщIа зыщыгъ лIы плIабгъуэ жьакIэшхуэр нэхъуеиншэу абы къызэреплъыр…

* * *

Июлым и 20-м Успенскэ соборым Гуащэней чыристэн диныр къыщрагъэщтащ. А Iуэхур иригъэкIуэкIащ езы урыс митрополит Макарий. Чыристэн диныр къиштэу Гуащэней Марие цIэр къыфIаща нэужь, хабзэм тету, пащтыхь Василий и къуэ Иуан абы иритащ дыщэ жор. Пащтыхьым и къуэхэу Иуанрэ Федоррэ я анэнэпIэсым тыгъэ хуащIащ налкъутналмэскIэ дахащэу гъэщIэрэщIа дыщэ жорхэр.

ХьэгъуэлIыгъуэм зыхуагъэхьэзыру щIадзащ. Пащтыхьым и хъугъуэфIыгъуэхэр зыщIэлъ Благовещенскэ соборым кIуэри нысащIэр зэрагъэщIэрэщIэнухэр, хуащIыну тыгъэ лъапIэхэр къыхахащ. Абыхэм яхэтт щыгъэ, тхьэгъу нэхъ лъапIэ дыдэу дунейм тетхэр. Пащтыхь пщIантIэм дэт дэрбзэр, вакъащIэ Iэзэхэм, цIэрыIуэхэм Марие бостей хуадырт, лъахъстэн плъыжьым къыхэщIыкIауэ вакъэ дахэ дыдэ лъэдакъэ лъагэ щIэту хуащIырт. Псоми зыгуэрхэр ящIэрт, зыгуэрхэр ягъэхьэзырырт, хьэжэпхъажэт. ЖыпIэнуракъэ, Урысейр, бжьэ къэпщIауэ, зэрызехьэрт. Мэзкуу хьэпшып лъапIэхэр, ерыскъыхэкIхэр, фадэхэр, хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр тевэву, зэтещIыщIэжу, гухэм я шэрхъхэр кIыргъыу, гызу къашэхэрт. Белоозерэ бдзэжьей псэу, Астрахъан бдзэжьей зэIыха гъэгъуа, бдзэжьей хугу, Рязань, Муром, Вязьмэ фохугухэр чейхэм ярылъу кърашат. Урысейм щакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэу исхэм, щыхьым къыщыщIэдзарэ ныбгъуэхэм деж щиухыжу, къащэкIуар зэрыщыту Кремлым кърагъэшат.

А псори къызыхуашар пащтыхьым и хьэгъуэлIыгъуэм кърихьэлIа урыс, къэбэрдей, астрахъан, тэтэр, нэгъуей хьэщIэ щэ бжыгъэхэрт. Егъэлеяуэ, пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизу Iэтауэ екIуэкIащ урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэмрэ къэбэрдей пщышхуэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Мариерэ (Гуащэнейрэ) я хьэгъуэлIыгъуэр.

Углич, Тверь къалэхэм, Мордовскэ, Черемисскэ щIыналъэхэм кърашри Мэзкуу къашащ шэху пути 10, шэху уэздыгъэхэр къыхащIыкIыну. Шэху уэздыгъитIым, дэтхэнэми пути 3 и хьэлъагъыу, урыс хабзэм тету, ягъэуву зэгъусэу ягъэблэн хуейт. Абыхэм я нэхур къатридзэу зэрышагъащIэхэм, насыпыфIэ дыдэ хъун, фомрэ цымрэ хуэдэу зэкIэрыпщIэн щхьэкIэ, кашэ яшхын хуейт. Ар адыгэхэм я IурыцIэлъым ещхьт.

Августым и 11-м мэзкуудэсхэр тхьэгъуш мини 5-м я макъым къигъэушащ. Апхуэдизу ахэр дахэу, ину лъэщу зэпэджэжырти, цIыхухэр щызэпсалъэкIэ, зым жиIэр адрейм зэхихыртэкъым…

* * *

1569 гъэм и гъэмахуэм Марие (Гуащэней) и щхьэгъусэ Иуан ЕплIанэм и гъусэу Сыбыр жыжьэ щIыIэм къыщыхутащ. Мэз шэдылъэ псыIэмрэ уэшх щIыIэмрэ Марие Iейуэ къытехьэлъэрт, зыхищIэу и узыншагъэм зэран хуэхъурт. Августым и пэщIэдзэм пащтыхь гуащэр сымаджэ хьэлъэ хъури пIэм хэгъуэлъхьащ. Узыфэр щIыIэ узым ещхьт, ауэ мо зи фIыгъуэ

цIыхубз щIалэр къизыудар а зэманым зызыубгъуауэ щыта жьэн узыр арат.

А лъэхъэнэм ирихьэлIэу Иуан ЕплIанэм къыжраIащ Нижний Новгород деж и бийхэр Польшэмрэ Литвамрэ я пащтыхьым щэхуу зэращыгурыIуар. Урыс пащтыхьым и щхьэгъусэр пэжу къыбгъэдэт и опричникым къыхуигъанэри, Мэзкуу къэкIуэжауэ щытащ лъыгъажэ экспедицэ къызэригъэпэщыну.

Пащтыхьым къыхуищIа унафэм ипкъ иткIэ, Басмановым пащтыхь гуащэр Александров слободам ишэну иришэжьат. Гъуэгуанэшхуэ дэлът а тIум я зэхуакум. Километр 300-м щIигъурт. Гугъут. Мэзи, псыи, шэдылъэ щIыпIэ куэди зэпыпчын хуейт. Куэдрэ къэувыIэхэрт. Марие гъуэгуанэр къытехьэлъэрт. Ар плъыржьэрт, укъищIэртэкъым. Iуэщхъурт, псалъэншэу, щэхуу гъырт. Басмановыр сымаджэм зыкъищIэжыху пэплъэу щытт. Псэууэ нимышэсыжыфынкIэ шынэрт. Марие (Гуащэней) плъагъуу ткIурт. Абы зыкъищIэжыху уежьэу ущыт хъужынутэкъыми, Басмановыр къэмыувыIэу кIуэрт. Мазэм и кIэращ Слободам щынэсар. Пащтыхьым хъыбар ирагъэщIати, ари къапэплъэу абы щыIэт.

Жэщи махуи Марие къыщхьэщыкIакъым Иуан ЕплIанэр, Марие и дэлъху Михаил, пащтыхьым и унагъуэ дохутыр Линзей Арнольд. Пащтыхьым Голландием къриша дохутыр Iэзэм хущхъуэу зэхимылъхьарэ иримыхьэлIарэ щыIэкъым. ХузэфIэкI лъэпкъ къигъэнакъым нэмыцэ цIыхубз, цIыхубэ IэзэкIэмкIэ дохутыр цIэрыIуэ Шиллинг Катеринэ.

Ауэ дохутырхэми тхьэ елъэIуу абы бгъэдэса урыс динырылажьэхэми зыри яхуещIакъым зи псэр хэкI адыгэ цIыхубзым. Гуащэней зэзэмызэ зыкъищIэжырт, ауэ щIэх дыдэу хилъэфэжырт. А зыкъыщищIэж зэман мащIэ тIэкIум Iуэщхъурт, зыгуэрым еджэрт, елъэIурт. Куэдрэ адыгэбзэкIэ «нанэ», «на-а-а-н-н-нэ-э», «на-ан-нэ-э-э мыгъуэ» жиIэрт. Абы щыгъуэм и нэпсхэр и нэкIу фагъуэ, псэншэ, гур игъэузу гъурыбзэ хъуам къытелъадэрт. И псэм ищIа хъунт фIыуэ илъагъуу щыта, гу зыщимыхуа и анэр зэи зэримылъагъужынур.

1569 гъэм сентябрым и 1-м, пщэдджыжьым, Гуащэней зыкъимыщIэжу дунейм ехыжащ...

**ОПРЫШКЭ Олег**,
*тхакIуэ, тхыдэтх.*

*МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ*

# Пащтыхь гуащэ

***«Адыгэхэр» романым щыщ пычыгъуэхэр***



Темрыкъуэ ипхъу Гуащэней къылъыхъуну Мэзкуу къикIа хьэщIэхэр зэрежьэжрэ махуэ зыбжанэ хъуат, арщхьэкIэ Мэрием гуащэ и гур иджыри а зэрыгузавэм хуэдэт. И щхьэгъусэми, и къуэхэми, и Iыхьлы-благъэхэми жаIэу хъуар и тхьэкIумэм иригъэхьэртэкъым – Iуэху екIуэкIахэм гуфIэгъуэ къарикIуэнкIэ, и пхъур насыпыфIэ хъункIэ, абы я унагъуэми фIы къыхудэкIуэнкIэ игурэ и щхьэрэ зэтелътэкъым.

Лъыхъу къэкIуахэр я хьэщIэхукIэ, гуащэм зыгуэрурэ зиIыгъащ, ахэр ежьэжа нэужьщ абы и Iэри и лъэри щыщIэхуар, анэпсэр гупсысапIэм щыхэхуар. Абы и пэшым къыщIэIукI зэпытт тхьэусыхафищэри гъыбзэ макъри. А псори зэхэзых Темрыкъуэ, адэкIэ хуэмыхьыжу, гуащэм и деж щIохьэ. Мэрием къотэдж. НэпскIэ шыуа бэлътоку псыфымкIэ зызэпелъэщIыхьыж. Нэщхъей дыдэу и щхьэгъусэм къыIуоплъэ.

– Уи лыр умышхыж, – жи пщым, зи пхъум тегузэвыхь анэр фIэгуэныхь хъуурэ. – Сэри сыадэщ. Гу сиIэщ. Ауэ угъ-убжэу псоми закъебгъэлъагъуныр лIыгъэншагъэщ. Ди гур зэрыузыр, дызэрыгузавэр хэIущIыIу тщIыныр къысхуегъэкIуркъым. Жылэм плъапIэу яIэр дэращ, – пщым и псалъэр зэпегъэу. ИтIанэ, и щхьэгъусэр игъэкъуаншэу, адэкIэ пещэж. – Къэхъуар лIо? Ди унэ хьэдэ илъ нэхъей, хъийм ущIикIыр сыт? Хьэмэрэ гузэвэгъуэ ин гуэр къытщIэIуа? Тхьэм и шыкуркIэ, апхуэдэхэм дыхэткъым. Гуауэ Iэджи къыттепсыхащ дэ. Ауэ дыкъелащ. Иджыпсту ди Iуэхур тхьэм узэрелъэIунщ: хъарзынэщ – ди бынкIи, абыхэм я быныжкIи. Мэзкуу хьэщIэхэм зэрыжаIащи, ди щIалэр урысей пащтыхь бжаблэм итщ. Ди хъыджэбз нэхъыщIэрщи, Къэбэрдейми, Жанейми, Беслъэнейми цIэрэ щхьэрэ зиIэу ис щауэр хузэблэкIыурэ, мис иджы, езы Мэзкуу дыдэ кърагъэкIщ, лъыхъухэр къагъакIуэри... Ар пщIэшхуэкъэ? Нэхъ щIыпIэ жыжьэ дыдэхэми къыщацIыху, къыщалъагъу ди Къэбэрдейр. Ар фIыкъэ?

– Узахуэщ. Ар фIыщ, – мэщатэ гуащэр. – Ауэ пащтыхьым къригъэжьа лъыхъухэр Сибокъуи хуеблэгъауэ жаIэ. АрщхьэкIэ абы я Iуэхур къыщимыкIыу, ди деж къэсахэщ.

– Пэжщ. КъыздэкIуэхэм, Сибокъуэ и дежкIи дыхьэнхэу я гугъат. ЛIо-тIэ абы щхьэкIэ?

– Зи лIор пщIэркъэ? Сибокъуэ абыхэм я хьэтыр къилъагъун, ахэр зытригъэхьэн пфIэщIрэт?! Уэ «хьэуэ» яжепIэфакъым. ДгъэлъаIуэдгъэIункIэхэу, дипхъу дахэм зэрыIуплъэным я нэр къыхуикIыу къедгъэкIухьынхэ хуеящ.

«Мэл бжэн къилъхуркъым» псэлъафэращ... Плъагъуркъэ, зэанэзэпхъур зэрызэщхьыр, – йогупсыс Темрыкъуэ. – Мэзкуу къокIри лъыхъухэр къыпхуокIуэ жиIэу Белгъэрыкъуэ и шыпхъум зыщыхуигъэзам, мобы жэуапу къитарат: «МэзкуукъымкъыздикIхэр – Жанейхэм я деж я Iуэхур къыщикIатэкъыми... КъакIуэхэмэ, Iуэхушхуэ хъуаи! Къэзыгъэкlуэр пащтыхьыракъэ?! Ари зыхуэдэр умыщIэу... Узэплъ хъуни мыхъуни? ЩIалэ ухуеймэ, щIалэщ Къудэдокъуэ. Мис ар яхузэрымыгъэгъуэтым хуэдэщ...»

Пщым и нэщхъыр зэхеукIэ. «Фэ фхуэфащэр щIопщ къэщтауэ тIури фыгъэлъэн хуейуэ арат. ИтIанэ нэхъ губзыгъэ фыхъункIэ хъунт... Хьэуэ, хьэуэ, зиунагъуэрэ! Уэри IэлъэщI зытелъ фызхэм ещхь ухъунщи»... – игукIэ Iичрам къехьыж Темрыкъуэ. Ауэ и гукъеуэр жеIэ:

– Узахуэщ. Сибокъуэ хьэл-щэн ткIий зыхэлъ лIыщ. Ауэ сэ абы сыщIебгъэщхьыр сыт?

– ЛIо-тIэ?.. – Мэрием къыпогуфIыкI. – ФэитIури фымызиусхьэн нэхъыщхьэхэу ара?

– Дынэхъыщхьэщ тIури. Хэку лъэщ зэщхьитIым драпашэщ тIури. Ауэ пэжыр жыпIэмэ... Ди Iуэху нэхъыщхьэхэмкIэ дызэкъуэтуи щытащ. ТIури Мэзкуу дриныбжьэгъуащ. АрщхьэкIэ Урысеймрэ Тыркумрэ адыгэхэри адыгэщIхэри дагуэшыну щыхуежьэм, Сибокъуэ КърымымкIэ зригъэбгъунлъэкIащ. ИгъащIэ лъандэрэ ди бийхэм IэплIэешэкIкIэ ныбжьэгъу захуищIащ. Абы дэркIэ кърикIуэнур, тхьэм фIэкIа, зыми ищIэркъым.

– Еплъ-тIэ иджы къэхъуам! – гуащэм и макъым тIэкIу зрегъэIэт. – НыбжесIатэкъэ?

– КъызжепIар лIо?

– Лъыхъухэр Сибокъуэ и пхъум тригъэплъэнти-тримыгъэплъэнти... Дэ тщIар лIо? Iэнэ къэхьти-хьыжти жысIэурэ, ди хъыджэбз гъэфIэн цIыкIур хьэщIэхэм я пащхьэм изгъэтащ... Уэ е сэ, е уи бын балигъхэм зыкIи укъыдэчэнджэщыркъым. Дипхъу тхьэмыщкIэм и гум щыщIэхэм ущыгъуазэкъым... Ди нэхъыжьитIыр хамэщIхэм щиткъухьащи, куэдти ар. Я унагъуэм, я хэкум къыщIэбэгхэурэ нэпсыр щIагъэкIыу я дунейр яхь. Хамэ лъэпкъхэм яхэддзащи, я анэдэлъхубзэмкIэ я щхьэ хуэпсэлъэжхэу къэдгъэнащ. Я бынхэрщи... АдыгэбзэкIэ къепсэлъэну, ар езыгъэщIэну яIэр къэзылъхуа я анэхэм я закъуэщ. Махуэ псом нэгъуеибзэ фIэкIа щызэхамыхкIэ, адыгэбзэ сыткIэ ящIэн мыгъуэ? – мэгузасэ гуащэр.

– Щыгъэтыж иджы! – къотэдж Темрыкъуэ. – ЖыпIэр зиIысыр пщIэжрэ уэ? Дызэгъусэу лIы еттакъэ ахэр? Унагъуэ зэрыхъуахэм зэгъусэу дыщыгуфIыкIыртэкъэ? Ди пхъурылъхухэм щхьэкIэ дыгуфIатэкъэ? Щхьэ къыбгурымыIуэрэ: нэгъуейхэм благъэ захуэдмыщIамэ, урыс пащтыхьыр дымыгъэныбжьэгъумэ, Къетыкъуэрэ абы и къуэхэмрэ къыттеуэурэ дагъэпсэунут? Дагъэпсэунут, зо?!

– Ари пэж мыгъуэщ, – Мэрием щIегъуэжагъэфэ тетщ. Ар илъагъуми, пщым и Iэр еIэт. КъикIукI-никIукIыурэ и псалъэм пещэ:

– Тыркури Кърымри ахьей арэзы мыхъунрэ адыгэщIхэм я зэхуэдитI къудеймкIэ. Ар къыгуроIуэ урыс пащтыхьми. Ари хуейщ тенджыз ФIыщIэм. И къэрал гъунапкъэхэм деж къыщысыну хуейкъым къэзыгъэпIейтейуэрэ зымыгъэтыншын. Ди лъэпкъхэр зэкIэщIэча хъумэ, пащтыхьым гупсэхугъуэ игъуэтынукъым. Къалэкъутэ дэ псом нэхърэ нэхъ жыжьаплъэу къыщIэкIащ.

– Къалэкъутэ фIэкIа, псоми Iуэху фыщIимыIэжыр сыт? Зи Iэхэр лэрыгъу зэфэзэщ лъхукъуэлIт иджы сымылъагъужар!..

– Ибогъэлей иджы! – Темрыкъуэ къыщоувыIэ гуащэ пащхьэм. – А уэ зумыпэс Къалэкъутэ лъхукъуэлIу хъуам я шу пашэщ. Хьэлэбэлыкъ

гуэр къэхъуу щытмэ, бэр абы и ужь иувэнущ. ИтIанэ абы удэмыджэгуж. Зызыгъэпщурэ зи пщэр хэзыш зиусхьэнхэр абы зэрыпэлъэщыжын щыIэкъым. Ар зэрылъэщыр и къару къудейракъым – дэ тхуримыкъу акъылырщ е дэ дызыщышынэ пэжырщ абы и тегъэщIапIэ лъэщыр. Сэ зэрызэхэсхамкIэ, пащтыхьми къещтэ Къалэкъутэ и Iуэху еплъыкIэр икIи ар къыдеIыгъ… Уэ пхуэмыухыр, уи псалъитI я зыр Сибокъуэщ. Жанеипщхэми уэркъхэми я гупэр тыркухэмрэ нэгъуейхэмрэ хуагъазэ зэпытщ. А уи Сибокъуэр пситIым яку къинащ: ар урыс пащтыхьым хуэзауэу Ливоным щыIащ. Къалэкъутэ абы иджыри къулыкъу хуещIэ. Ауэ Жанейр Урысейм къыгуэкIащ. А псом нэмыщIыж къэхъуа гуэрым еплъ: пащтыхьым къригъэжьа лъыхъухэм я Iуэху абы и деж къыщикIакъым. Мыри къэлъытэн хуейщ: Сибокъуэ и пхъур мобы иритамэ, пащтыхь гуащэ хъуат Минсурэ. ЗэрыжысIащи, Урысейр Кавказым икъукIэ къыхуэныкъуэщ. Пащтыхьыр малъхъэ ищIамэ, Сибокъуэ и пхъур пылъынутэкъэ и лъахэр, абы щыпсэу и адэ-анэр, и Iыхьлы-лыджанэхэр хъума зэрыхъунум? Тэтэрхэм Сибокъуэ къыхуагъэгъуну узиIэ абы урысхэр игъэныбжьэгъуу зэрыщытар. Ар и нэм къыщIамыIужын пфIэщIрэ? ИтIанэ къэхъунур хэт зыщIэр? Къудэдокъуэрэ абы щIыгъухэмрэ дауэ зэрыхъунур-тIэ иджы? Уэ зэрыжыпIэм хуэдэу, пащтыхь лIыкIуэхэр зытезымыгъэхьэнкIэ хъуну щыта Сибокъуэ зищIысыр къэпщIа иджы?

Мэрием сабырыбзэ хъуащ. ЗипIытI-зихузурэ нэхъри нэхъ цIыкIуж хъуащи, зэрыс шэнтжьейм ерагъыу иплъэгъуэж къудейщ.

– АдэкIэ дауэ дыхъуну-тIэ, зиусхьэн?

– Дауэ дыхъун? Ди Iуэхур хъарзынэщ. ЩIыуэ диIэхэмкIи пащтыхь бжаблэм ит ди щIалэ СулътIанкIи Урысейм пыщIа дыхъуащ. Дипхъу Гуащэнейщи – урыс пащтыхьым идогъашэ. Iуэхур апхуэдэурэ къемыкIэрэхъуэкIамэ, зи щIыбыр Мэзкуу хуэзыгъэза Къудэдокъуэ ди пхъур еттамэ, ди щхьэм кърикIуэну, дызытеувэнкIэ хъуну щыта къапхъэныр зыхуэдэнур тхьэм ещIэт… Ар къызыфIэгъэщIыгъуейщ…

Вокшерин зэрыжиIамкIэ, гъэмахуэпэ мазэм деж Гуащэней Урысей къэралыгъуэшхуэм и пащтыхьым и пащхьэ нэхум ирашэу ирагъэлъагъун хуейщ.

Ар икъукIэ узыщыгуфIыкI хъун Iуэху хуэдэт. Ауэ… ери фIыри щызэIэпэгъу мы дунеишхуэм къыщыхъухэр зэхэгъэкIыгъуейщ. Хъыджэбзыр пащтыхьым игу иримыхьмэ-щэ? Зи мыIуэху зезыхуэу зи жьэм хуимытыжхэм къабжыну къомыр-щэ? Лажьи-хъати зимыIэ хъыджэбзым хущIатхъуэну псалъэ дыджхэр тенджызитIым яку дэхуэнкъыми. Абыхэми зыгуэрурэ уафIэкIынт, къежьа Iуэхур зыгуэркIэ зэблэурэ, Гуащэней къигъэзэжын хуей хъумэ, абы и ужь иту Къэбэрдейм тхьэмыщкIагъэшхуэ къытепсыхэмэ…

– Уи жагъуи умыщI икIи умыгубжь, зиусхьэн. Анэ псори бынхэм яхуэгумыгъуэщ. Нэхъ губзыгъэуи нэхъ акъылыншэуи аракъым анэхэр – нэхъ гу пцIанэхэу аращ. Урыс пащтыхьуи щрырет, дунейпсо пащтыхьуи ирехъуи… лIыгъуабэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, ди хъыджэбзымкIэ абы гуфIэгъуэшхуэ хэлъкъым. И анэ сэркIэщи… Бын гузэвэгъуэ ухэтыныр узышхуэщ.

– Уэ уцIыхубз гущIэгъулыщ. Ауэ хьэл мыгъуэ пхэлъщ: узыхэт бэлыхьхэмкIэ нэгъуэщIхэри бгъэгузавэ зэпытщ.

– Уэ унэгъуэщIкъым – дэитIуми ди гузэвэгъуэр зыщ. Гуащэней зи пхъур си закъуэкъым – тIуми ди Iэпкълъэпкъым къыхэкIащ. Ауэ щыхъукIэ… абы и гуфIэгъуэр ди гуфIэгъуэщ, и гузэвэгъуэри ди зэхуэдэщ. Ар тIуми ди псэ къуэпсщ. СыноупщIати, жэуап къызэптакъым; лIыгъуабэу щыщыскIэ, лIыжь Iей мыгъуэу къыщIэкIынщ а пащтыхьыр.

– Ди тхьэ! – нэхъ Iеижу къыхокIиикI Темрыкъуэ. – Дэнэ къикIа лIыжь?! Ди Мамсрыкъуэ и ныбжьщ: илъэс щэщI хъуауэ аращ.

– ЩэщIрэ зырэ, – зэхэпх къудейуэ мэIущащэ Мэрием.

– Дауэ жыпIа? – къотэдж пщыр. ИтIанэ, къызыхихар къыбгурымыIуэну, ари мэIущащэ: – Ар дэнэ уэ щыпщIэр?

Гуащэри къызэфIоувэ. Нэщхъей-нэщхъейуэ къыпогуфIыкI:

– Си жагъуэ къыумыщI. Зэрыузым нэмыщIыж, гум, анэгум уемыуэ. ТIысыж, кхъыIэ.

ТIури мэтIысыж. Сабыру щысхэщ. Темрыкъуэпщыр и щхьэ хуошхыдэж: и щхьэгъусэм и жагъуэ зэрищIам хущIегъуэжащ. Зэрыкъуаншэр къыгурыIуэжауэ, и пащIэкIэ щIогуфIыкI:

– Зыщумыгъэгъупщэ, зи пщIэр ин хъун: урыс пащтыхьым хуэдэу дуней псом тетыр зэрыхъур мыпхуэдизщ, – жери и Iэпхъуамбэхэр егъэпIий. – АпхуэдэлI щхьэгъусэу бгъуэтын жыхуэпIэр!...

Гуащэм пщым и Iэр еубыд:

– Абы нэхъыфI щыIэми щымыIэми, ди хъыджэбзыр зыхуэфащэр езым и псэм, и гум фIыуэ ялъэгъуа закъуэрат... И закъуагъкIэ ар зэщхьын хуейр ди Iуащхьэмахуэ щыгу хужь лъагэращ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, дэитIур Iуащхьэмахуэ дрищыгу зырызу аращ.

– Узахуэщ, – жери гуащэм и нэшхуитIым нэпсыр къыщIолъадэ. Фызым ар игъэпщкIуркъым икIи щIилъэщIыкIыркъым. – Сэ иджыри нэгъуэщI зы гуныкъуэгъуи сиIэщ. Пэжщ, ар лIыхэм къагурымыIуэнкIи мэхъу. НэхъыщIэ щIасэщ, жи, ди хъыджэбз кIасэ цIыкIури Урысей пхащIэм къыщыхутэмэ, сэ пхъурылъху гурыфIыгъуэхэм сахэкIыжыпауэ, абыхэм адыгэбзэкIэ сазэрепсэлъэным сыпыкIауэ бжы... Ди тхьэ, апхуэдиз бэлыхь мыгъуэр къыщIыстеплъхьэр сыт? – мэгузасэ гуащэр.

Пщыр езым и пэшым щIохьэж. Куэд дэмыкIыу абы кIэлъыщIохьэ и къуищыр.

– ФыкIуи, фи анэм игу фIы хуэфщI. Уэ, Белгъэрыкъуэ, моуэ къэтIыс.

– Хьэуэ, ди адэ. Хабзэкъутэ сумыщIу, сыщыгъэт, – жери бжэ къуагъым къыфIэкIыркъым.

Пщым ар и гуапэ хъуакъым. ЗыбгъэдигъэтIысхьэу и гурылъхэр быным хуиIуэтэн мурад иIати, мор бжэ къуагъым къыкъуэкIыркъым. Апхуэдэу щыхъум, езыри къотэдж. КъокIукI-нокIукI. ИтIанэ и къуэм зыхуегъазэ:

– Гуащэней зэрежьам фи анэр хуабжьу иронэщхъей... Сэри абы срогузавэ. Ауэ угузавэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым – нэхъыбэу зэгупсысын хуейр псоми ди зэхуэдэ Iуэхуращ. Уэ дауэ къыпщыхъурэ ар? – и нитIыр треубыдэ и къуэм.

– Узахуэщ, ди адэ. А зи гугъу пщIыр Iуэхушхуэщ икIи Iуэху тыншкъым... Ар сэр нэхърэ нэхъыфIу уэ къыбгуроIуэ. Хэкум, лъэпкъым ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэфIэпхыным куэд пыщIащ. Хэплъэгъуэшхуэщ. Ауэ, сэ сызэреплъымкIэ, уи унафэр дахэщ.

– Уи къуэшхэр дауэ еплърэ абы?

– АбыкIэ псоми ди Iуэху еплъыкIэр зэтохуэ.

Темрыкъуэ зэхихар и гуапэ хъуащ. И лъэр нэхъ щIэкIауэ, кIуэжри шэнтжьейм итIысхьэжащ.

– Сыфхуэарэзыщ, тхьэр арэзы къыфхухъу. Си гуапэ хъуар си телъхьэ фызэрыхъу къудейракъым – фызэрызибыныр вгъэгъуэщакъым. ФхуэсщIар, си ущиехэр псыхэкIуадэ фщIакъым. Фыпсэу. Фи анэм уепсэлъа уэ?

– Сепсэлъащ. ЕмыкIу сыкъыумыщI, ди адэ. УкъыщызэупщIакIэ, ныбжесIэнуращ... Дэ сыт жытIэми, адэхэмрэ анэхэмрэ я бынхэмкIэ зэщхькъым... Псалъэжьми зэрыжиIэщи, анэр нэм хуэдэщи, адэр дэм хуэдэщ. Абы къикIыр гурыIуэгъуэщ. Сыт хуэдиз ди ныбжьми, анэм дежкIэ бынхэр сыт щыгъуи дысабий пэлъытэщ... Ауэ щыхъукIэ, сабийм утегузэвыхь зэпыту гъащIэр уохь...

– Упсэу, си щIалэ. Езы Гуащэней-щэ?

– Пэжыр жысIэнщи, апхуэдэ лIыгъэ къылъыкъуэкIыну сыщыгугъакъым. Дауи, абы дежкIэ тыншкъым уи унэр, къыбдалъхуахэр IэщIыб пщIыуэ Урысей пхащIэм укъыщыхутэныр. Узыхэхуэнур, уакъызэрыщыхъунур, къыппэплъэр умыщIэу…

– КъыгурыIуэу пIэрэ пащтыхьыр къызэрыхущIэкIынкIэ хъунур?

– Абы теухуауэ жиIэр пщIэрэ? Псоми хуитыр тхьэращ, жи. Апхуэдэу щыщыткIэ, уи щхьэм зыхуэбгъэгусэжыным къикIыр тхьэм зыхуэбгъэгусэу аращ. Апхуэдэр уигу къэкIыным гуэныхьышхуэ пылъщ, жи.

Пщым щхьэгъубжэмкIэ зегъазэ – къэгумэхауэ и нэпсыр къызэрекIуар и къуэм иригъэлъагъуну фIэемыкIущ.

– Псори тэмэм хъуну къысфIощI, ди адэ. Ди Гуащэней лъыхъухэм ягу ирихьащ. НэхъапэкIи ар зылъэгъуа Плещееври абы щIыгъуахэри итхьэкъуауэ щытащ… А псор щIыжысIэращи, дыщIэгузэвэн щымыIэу къысщохъу.

– Нобэ-пщэдей Алтыншаш къэкIуэжынущ, – зыкъомрэ щыму щыта нэужь, пщыр къопсалъэ. – Дауи, абы и шыпхъум къыжриIэнщ хъаным е пащтыхьым урищхьэгъусэн жыхуэпIэр зищIысри хамэщIым ущыпсэуныр зыхуэдэри.

НэхъапэкIэ къэхъуарат. Темрыкъуэпщым деж тхьэмахуищым щIигъукIэ щыхьэщIат Алтыншаши, абы и щхьэгъусэ Бекбулати, аитIум я къуэ Сэхьид-Булат щIалэщIэри. Ахэр икъукIэ къыхуэщхьэпат Гуащэней: ар щыгъуазэ ящIат абы Мэзкуу къыщыпэплъэм, хуагъэIущащ зэрызиIыгъын хуей щIыкIэхэм…

Ауэрэ къэсащ гъатхэкIэ мазэм и иужьрей махуэр. Мис иджы гуимэ зэгъэпэща щабэмрэ шу гъусэ къекIухэмрэ докI адыгэпщ цIэрыIуэ Темрыкъуэ и пщIантIэшхуэм. Дарий шыгукIэ гъуэгуанэ жыжьэ техьэ Гуащэней псалъэ гуапэхэмкIэ ирагъажьэ. Хэт мэгуфIэ. Хэти нэщхъейщ. Хъуэхъухэр хуаIэт. Зи гущIэм мыхъэр щыхъэр Мэрием гуащэращ: «Ди тхьэшхуэ, си хъыджэбз цIыкIур узыншэрэ насыпыфIэу къысхуэхьыж», – игукIэ тхьэ йолъэIу ар.

…1561 гъэр екIуэкIырт. Гъэмахуэпэ мазэм и пщэдджыжьыпэ дахэт. Ялъагъур зэрагъэщIэгъуэныр ямыщIэу, мэзкуудэсхэр бжьэ къэпщIам хуэдэу зэщIэвууэрт. ЗэщIэмывапIэри иIэтэкъым – апхуэдэ телъыджэлажьэ я щыпэлъагъут абыхэм: шы дэгъуищ зыщIэщIа гуимэ гъэщIэрэщIам хъыджэбз дахэкIей ист. Ар ауэ сытми дахэ къудейтэкъым – зи нэр къихурэ зи жьэр Iурыхуауэ абы еплъхэм ящыщ зым зэрыжиIауэ, зи фэгъу игъащIэм ямылъэгъуат. Ар мы щIыпIэхэм зэрыщымыщыр, атIэ тенджыз адрыщIхэм къызэрырашыр нэрылъагъут – и теплъэ дахэмкIи, и щыгъын гъэщIэгъуэнымкIи.

Гуимэм щIыгъу шу гъусэхэр-щэ! ЗауэлI Iэщэ-фащэкIэ зэгъэпэщауэ дзэ псо мэхъу. Апхуэдэри я щыпэлъагъут мэзкуудэсхэм.

Апхуэдиз дауэдапщэр зэщIылIауэ къалэдэсхэр зэзыгъэплъыжар, зыгъэпIейтеяр дарий шыгукIэ урыс пащтыхьым хуашэ Гуащэнейт. Адыгэпщ Темрыкъуэ ипхъу дахэрат. Абы бгъурыст Гуащэней и шыпхъу нэхъыжь Алтыншаш и къуэ Сэхьид-Булат. Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ, абы жэмхэгъасэ къалэныр и пщэ дэлъу арат. Гуимэм и ужь кIэщIу итхэт Темрыкъуэпщым и къуэ Думэныкъуэрэ и малъхъэ хъан Бекбулатрэ. Шу гъусэхэм яхэтт адыгэхэри, нэгъуейхэри, тэтэрхэри, къэзакъхэри. А псоми я шу пашэт зауэлI Бутурлин, пащтыхь лIыкIуэхэу Вокшерин, Мякинин сымэ.

– Апхуэдэ телъыджэ игъащIэм хэт илъэгъуа?

– Хэту пIэрэ а къомыр?

– Яшэри зыхуашэри хэт?

– Зыхуашэр фщIэркъэ – езы дыдэращ! Хуашэр тенджыз адрыщIым къраш… – щхьэж хуигъэфащэр жеIэ.

– Дауэ езым зэрыхуашэр?! И щхьэгъусэ Анастасие щылIар дыгъуасэ хуэдэщ! – тау-тач жрегъэIэ лIыжь жьакIацэ гуэрым.

– АдэкIэ хуэмышэчыжу зэрихуэ хъунщ, – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI нэгъуэщI зыгуэри.

– Хуэшэчыжыркъым жиIащ-тIэ! Iейуэ бзылъхугъэ щхьэкIэ малIэхэр езыри и къуэш Юри. ЩIыхубзхэм лъакъуащхьэкIэ яхэту Кремлым дэсхэщ…

– Уи жьэр зэщIэкъуэ, къуэш! Скуратов Малютэ и тхьэкIумэр жанщ… Бжэгъум уфIагъэтIысхьэнщи – сыкъэпщIэнщ.

– Абы езым бжэгъур хуаупэпцIыну и чэзу хъуат, – къоIущащэ нэгъуэщI зыгуэри.

– ФыкъэдаIуи фыкъаплъэ, апхуэдэпщIэ зыхуащIу къашэр инджылыз пащтыхьым ипхъуу къыщIэмыкIмэ…

– УмыщIэ умыIуатэ! Инджылыз пащтыхьыракъым ар зи пхъур – датчанхэм я пащтыхьыращ…

– Фи жьэр вгъэпIэрэпIарэ фIэкIа, хьэлIамэ фощIэ фэ! Фымынэфмэ, флъагъуркъэ?! Тэтэр шуудзэщ ахэр! ХьэщIэу къытхуеблагъэхэу аращ.

– Къэбгъуэтаи тэтэр! Шэрджэсщ ахэр! Индием къокI, – жери зыгуэрым гупыр зэщIегъэдыхьэшхэ.

Iэуэлъауэр, дыхьэшх макъыр ужьыха нэужь, зы щIалэщIэ къопсалъэ:

– ФымыщIэ фымыIуатэ! Пэжщ, ахэр шэрджэсщ. Ауэ къыздикIхэр Кавказыращ. ЩIалэ бэлыхьхэщ. Сэ абыхэм Ливоным сащыдэзэуащ. Хахуэхэщ. ЗауэлI хъыжьэхэщ…

Гуимэр Соборнэ утыкум къыщоувыIэ. ИгъащIэм Мэзкуу къыдэмыхьа бгырысхэм ялъагъухэр зэрагъэщIэгъуэн ящIэркъым. Чырбыш плъыжькIэ дэщIеяуэ блын лъагэхэм, куэбжэшхуэхэм, дыщэпсыр къызытелыдыкI уардэунэхэм нэри пэри яхь. Псори зэпаплъыхьри, хьэщIэхэр утыкум итщ. И нэр тенауэ ахэм къеплъу щхьэгъубжэм къыкIэрытщ езы урыс пащтыхьри – итхьэкъуауэ зэплъыр апхуэдизкIэ фIэгъэщIэгъуэнщи, абы нэгъуэщI илъагъуи зэхихи щыIэжкъым.

– ИтIанэ, итIанэ! ЩIэкIыжи сыноджэху къыспэплъэ, – жери, и щIыб къызэрыгъэзауэ, Iэ хуещI абы Висковатэм. Модрейм сыт ищIэнт? ЩIыбкIэ икIуэтурэ щIокIыж.

«Щхьэпэлъагэщ. ПкъыфIэщ. Дэбгъуэн щымыIэу зэкIужщ. И нэгум и дахагъэр-щэ?» – нэкIэ ешх бзылъхугъэ тхьэIухудыр. АпхуэдизкIэ итхьэкъуащи, абы и гупэ хэлъу къызыщегъэхъури, и гурыIупсыр къожэ. И нэхэр иуфIыцIарэ бауэкIэщI хъуауэ бгъэдэтщ щхьэгъубжэм. «Мо фIыгъуэмкIэ къысхуэупса ди тхьэ, сытхэр пхузифIыщIэ?! А шэрджэс пщащэ дахэр нышхьэбэ гъунэгъуу сымылъагъуу дауэ схуэшэчыну?» – зыбгъэдэт щхьэгъубжэм къыбгъэдэкIыжыфыркъым. ИтIанэ и нэр къегъэплъэжри гуимэм щIыгъухэм яхоплъэ. Ливон зауэр игу къегъэкIыж. Адыгэхэм абы щызэрахьа лIыгъэм теухуауэ и зауэлIхэм къыжраIа хъыбархэми йогупсысыж ар. «АпхуэдэлIхэр си гъусэмэ, полякхэми, кърымхэми, тэтэрхэми я ней къысщыхуэ!.. ИщхъэрэкIэ тыншу, бэIутIэIуншэу ущыпсэуну пфIэфIмэ, ипщэкIэ плъэн, абыкIэ зыщыгъэбыдэн хуейщ. Ауэрэ, куэдрэ – къуэкIыпIэми дынэсынщи… АбыкIэ зыкъытщIэбгъэкъуэну сынолъэIу, ди тхьэ», – жери кIыхьу тхьэ йолъэIу ар. ИтIанэ Висковатэм йоджэ:

– Кърамыгъэблагъэ нэхъей, хьэщIэхэр иджыри къэс щIыбым щIыдэвгъэтыр сыт?

– Уи унафэм дыпоплъэ, ди пащтыхьышхуэ.

– Си унафэращи-тIэ, къэрал хьэщIэхэм яхуэщIыпхъэ пщIэшхуэр ягъуэту къевгъэблагъэ псори. Фахуэгуапэу, фахуэIэфIу, фащыгуфIыкIыу… Езы шэрджэс бзылъхугъэ цIыкIур пащтыхь гуащэ пэшымкIэ щIэфшэ. КъызжиIакъым жывмыIэж, абы и деж псэ зыIут щIэвгъэплъэнщи… Псом хуэмыдэу – зыщIэн зымыгъуэту къэзыджэдыхь лIы хьэулейхэр…

– ЗауэлIхэр Кремлым и пэш нэхъыфI дыдэхэм щIагъэтIысхьэ. ЕтIуанэ уи унафэр зэрыдгъэзэщIэнуращ сымыщIэр…

– УмыщIэр сыт?! – пащтыхьым и нэщхъыр зэхеукIэ.

– Абыхэм я хабзэм ипкъ иткIэ, Сэхьид-Булат хъан щIалэр и анэ шыпхъум лъэбакъуэ хуэдизкIэ къыбгъэдэкIыркъым. ЗэрыжаIэхэмкIэ, Iуэхур апхуэдэу екIуэкIынущ хьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIыху.

– Сыт пщIэн-тIэ? Я хабзэмэ – я хабзэщ. Дэри ди хабзэхэр диIэжщ. Тхьэм и шыкуркIэ, ахэр догъэзащIэ. Сщыгъупщэжащи къызжеIэжыт а… ди хьэщIэ лъапIэм и цIэр.

– Езыхэр я бзэкIэ абы зэреджэр пхужымыIэным хуэдизу псалъэ гугъущ… Гу-гу… Гуащэней жаIэ…

– Гуащэней жыпIа? – и дамэхэр хегъэлъэт пащтыхьым. – Къыупсэлъыну нэхъ тынш цIэ гуэр фIэщамэ дауэ хъуну пIэрэт? Хъунщ. Гуащэнеймэ, Гуащэнейщ. Сыт тщIэн? Зедгъэсэнщ… А я хабзэ жыхуэпIэм и гугъу къыпхуэзыщIар хэт? Бзаджагъэ гуэр хэлъу къамыгупсысауэ пIэрэ ар? Е зыгуэрым гушыIэн мурад ищIауэ ара?

– Хьэуэ, ди пащтыхьышхуэ. Абы и IуэхукIэ сепсэлъат Темрыкъуэ и къуэ Михаил Черкасскэми… Абы къызгуригъэIуащ Iуэхур зыIутыр.

Пащтыхьыр хэплъэгъуэ хэхуащ. И щхьэр егъэкIэрахъуэ. Тхьэм ещIэ ар зэгупсысыр.

– Мыдэ къызэдаIуэт, Иван Михайлович. Ди бзылъхугъэхэм щыщ гуэр абы гъусэ хуэтщI мыхъуну пIэрэ? Моуэ… кIэлъыплъын, имыгъэзэшу тригъэун хуэдэу. Армыхъу а жыхуэпIэр къысхуегъэкIуркъым. Псалъэм папщIэ, Владимир Андреевич Старицкэм ипхъу нэхъыжь Февроние… А зи гугъу пщIа хъан щIалэм урысыбзэ ищIэрэ?

– Дэгъуэу мэпсалъэ.

– Ари хъарзынэщ: цIыхубзитIым тэрмэш яхуэхъунщ… Си фызышэ Iуэхум ехьэлIауэ Варварэ Патрикеевнэ сыт жиIэрэ?

Висковатэм и дамэхэр дрегъэуей.

– Дауи, пащтыхь гуащэу щытауэ дунейм ехыжа Анастасие и благъэхэм ар я гуапэ хъуркъым. Зигъэбзэхащи, здэщыIэр зыми ищIэркъым.

Иван Васильевич хьэлъэу мэщатэ. Псалъэ къыжьэдэмыкIыу куэдрэ щытащ щхьэгъубжэм дэплъу. ИтIанэ зыкъегъазэ. Иван Грознэр арауэ хуумыгъэфэщэну, хуэм дыдэу къопсалъэ:

– ЗдэщыIэр къэфщIэну къэвмылъыхъуэ ар – щIэбгъэпIейтеин щыIэкъым. Еуэ, Иван Михайлович. Хуит ухъужащ. Си деж зыри, къыбгурыIуа, зыри къыщIамыгъэхьэну яжеIэ. – Висковатэр щIокIыж.

«Фыз къэсшэжынуи сыхунэмыс щIыкIэ Захарьинхэ я нэр къысхузэрагъэдзэкIыу щIадзащ. Си къуэ дыдэхэри нэбгъузкIэщ къызэрызэплъыжыр. Ауэ щыхъукIи, псоми фIы дыдэу къагуроIуэ – пащтыхь гуащэр езы пащтыхьым и щIэлъэныкъуэщ. Пащтыхь гуащэ зимыIэр шы щIакъуэ тес хуэдэщ. Ар жыжьэ нэсынукъым… Абы и закъуэ къудейкъым… Си жагъуэгъухэм лъэкI къырамыгъанэ. Ауэ сэ жысIэмрэ си унафэмрэ сытекIынукъым… Си щхьэ Iуэху къудейркъым зесхуэр сэ – къэралыр зэрыхъунуми согупсыс… Жанейхэм япщ Сибокъуэ лIы делэу къыщIэкIащ: жьэгу пащхьэ акъылщи, жыжьэ нэплъысыфыркъым… Тыркухэмрэ кърымхэмрэ я дежкIэ зригъэутэкIащ… И чэзур къэсмэ, Кавказ

псор Урысейм щыщ зэрыхъунур къыгурыIуэркъым… Темрыкъуэпщымрэ къэбэрдейхэмрэ нэхъ акъылыфIэу, нэхъ цIыху зэтетхэу къыщIэкIащ… Апхуэдэу щыщыткIэ, абыхэм уи дзыхь ебгъэзми, ущыуэнукъым… Алыхьым жиIэмэ, абыхэмрэ дэрэ благъагъэкIи зэпыщIа дыхъунщи… Абы сэбэпынагъи кърикIуэнщ… си къэралымкIи. ЛъэныкъуитIымкIи… ИтIанэ хуеиху я щхьэм щIретIэхъуэж инджылызхэри абыхэм я IупэфIэгъухэри»…

Гуащэней кIэлъыплъынхэ, ар нэхъыфIу зрагъэцIыхун, и хьэл-щэнкIэ зыхуэдэр къащIэн папщIэ, пащтыхьым махуищ пIалъэ яхуегъэув и Iумэтым итхэм… Езыри йодаIуэ и къэшэным теухуауэ къыхуахь хъыбархэм. Псоми зэрыжаIэмкIэ, хъыджэбзыр цIыху гъэсащ. ЗэхэщIыкI зиIэщ. ЩэныфIэщ. Урысыбзэ имыщIэмэ, ар Iуэхушхуэ?! ЕгъащIэ мэхъу. Нэхъыщхьэр гурэ псэкIэ укъыгурыIуэмэ аращи… Тхьэм жыхуиIар хъунщ.

Махуищ докIри, Иван Васильевич къреджэ и шынэхъыщIэ Юрий Васильевичри Iыхьлы-благъэхэри. И къуэ Иван къриджакъым – апхуэдэ Iуэхухэм хэIэбэну и ныбжь нэсакъым. Пэжщ, ари кIэщIу щыгъуазэ ищIат Iуэхур зыIутым.

– ФытIыси гупсэхуу фыкъызэдаIуэ. Фэр нэхъ гъунэгъурэ нэхъыфIу слъагъурэ мы дунеишхуэм щызиIэкъым сэ. Фэ нывжезмыIэр хэт жесIэн? Аращ фыкъыщIезджари. Фэ дуней и пIалъи фощIэ. ИкIи къывгуроIуэ: къэралыгъуэшхуэм и пащтыхьыр лIыгъуабэу псэуныр емыкIущ. АтIэми, сэ къэзгъэщIам фIэкIа ныбжь уимыIэу. ПцIы щхьэ упсын хуей, япэ щIыкIэ си мурадащ инджылызхэм е датчанхэм малъхъэ захуэсщIыну. АрщхьэкIэ… Урысей къэралыгъуэшхуэм и пащтыхьыр малъхъэ ящIыну зрамыпэсарэ абыхэм е апхуэдэу хъун хуейуэ тхьэм имыухарэт? Абы иухамкIэ арэзы дыхъун зэрыхуейр псоми къыдгуроIуэ… Сегупсысщ-сегупсысри къэзгупсысаращ: ипщэкIэ зыгъэзауэ зыплъыхьын. Iуэхум хэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, а лъэныкъуэмкIэ узэплъын дахагъи узэхъуэпсэн къулеигъи щыIэщ. А псоми ебгъапщэ хъунукъым зи хьэсэпэри зы акъылри кIэщI Даниежь тIэкIур… Махуищ къудейм кърииубыдэу цIыхур зыхуэдэр къэщIэгъуейщ. Ауэ щытхъур хуагъэш Гуащэней гуащэм. ИфI фIэкIа, и Iеигъэ лъэпкъ зэхэсхыркъым. ТхьэIухуду дахэщ. Губзыгъэщ жаIэ. ЛъэпкъыфI къыхэкIащ… Пэжщ, си унафэр зыфIэмыдахэхэри щыIэщ. Фэ фыкъыщIезджар Iуэхум нэхъыфIу щыгъуазэ фысщIыну, сывэчэнджэщыну, жыфIэхэми седэIуэну аращи…

– Узахуэщ, икъукIэ узахуэщ, ди пащтыхьышхуэ, ауэ… – псом япэ къопсалъэ Юрий Васильевич. – Дэ дычыристэнщ. Ди диныр къабзэщ. Шэрджэсхэм къытхуаша Гуащэней гуащэм и диныр нэгъуэщIщ…

– Шэрджэсхэракъым ар къытхуэзышар – къэзышар сэ згъэкIуа ди цIыхухэращ, – пащтыхьыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. – Диным и IуэхукIэ. Урысейм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ дапщэ щыпсэурэ? Ауэ щыхъукIи, абыхэм куэду яхэтщ ди чыристэн диныр къащтауэ. Ар щIыжысIэращи, Урысей пащтыхьым и щхьэгъусэ хъумэ, дэнэ кIуэн, Гуащэней гуащэри чыристэн диным къиихьэнщ. Iэмал имыIэу къищтэнщ ди диныр.

«Ей, уэри уэ, ди пащтыхь, – и щхьэр щIиIуауэ и пащIэкIэ щIогуфIыкI Курбскэр. – Убзаджэщ! ИкъукIэ убзаджейщ! Укъыдэчэнджэщын хуэдэу фэ зытебгъэуэу дыкъызэхуэпшэсами, уэ къыппэрыуэр, уи псалъэр къыбдэзымыщтэр унэхъуауэ бжы – и къупщхьэр умыгъуэтыжыну бзэхынщ… Зылщ. Зылъщ ящIэтыр жаIэ пэтми, зы анэ къилъхуа дыдэхэри зэщхькъым. Жыжьэ щхьэ укIуэрэ? Зэхуеплъ мо зэкъуэшитIым – Иванрэ Юрэрэ. Юрэ цIыху зэпIэзэрытщ. Гу пцIанэщ. ГущIэгъулыщ. Губзыгъэщ… Арат дэ ди пащтыхьын хуеяр, Иван. АрщхьэкIэ…»

– Пэжыр пэжщ, ди пащтыхьышхуэ: уи унафэкIэ къашауэ аращ шэрджэс бзылъхугъэр, – къэхъуамкIэ арэзыфэ зытригъауэу хуэму къопсалъэ Старицкэр. – Ар уи гум къыдыхьэу щытмэ, псори абы нэхъыфI дыхуейкъым. ЦIыхубз щхьэпэлъагэщ. ЗэкIужщ. ЛъагъугъуафIэщ... ЖыпIэнурамэ, уэ уэщхьыркъабзэщи, фызэхуэфэщэпсщ...

Иван къыхощтыкI. И нэщхъри зэхеукIэ:

– А уэ къызэребгъэкIуэкIхэмкIэ, ар плъэгъуа хуэдэщ.

– Слъэгъуащ, ди пащтыхьышхуэ...

– Дауэ ар плъагъункIэ зэрыхъуар?! – гурыщхъуэм губжьыр къызэщIегъэст. – Дэнэ ар щыплъэгъуар?

– Уи унафэм ипкъ иткIэ, хьэщIэхэр Юрий Васильевичрэ сэрэ къедгъэблэгъащ. Унэм къыщIэтшащ. Мис ращ щыслъэгъуар. Пэжщ, гуащэр жыжьэущ зэрыслъэгъуар... Пэжкъэ, Юрий Васильевич? – лей жиIауэ къыщыхъужри къэшынэжащи, щыхьэт къилъыхъуэу ращ. Абы гу лъитауэ, пащтыхьри къодыхьэшх:

– Нэ бзаджэ уиIэщ. УIуплъэ къудейуэ арами, узыхуейр къэплъэгъуащ. Хуэфащэ уасэри хуэпщIащ. А псом я ужькIэ сыт жыпIэн? Пащтыхь фыз гуащэ фхуэхъуну ар? – и жьакIэ цIырхъ тIэкIум хэпэщэщыхьурэ, пащтыхьым и нэхэр щIеукъуанцIэ, щысхэр апхуэдизкIэ шынагъуэу зэпеплъыхьри, щэху цIыкIуурэ мастэпэбдз къыхаIу нэхъей, дэтхэнэ зыри къыхоскIыкI.

– Ди пащтыхьышхуэ, уэ уигу ирихьмэ, и хьэл-щэнкIэ зыкъыбдригъэкIурэ уи псэр кIэрыпщIэмэ, сыт ар дэ дигу щIримыхьынури пащтыхь фыз гуащэ щIытхуэмыхъунури? Уэ езым плъэгъуакIэ ар? Сыт къыджепIэн абы теухуауэ?

– СлъэгъуакIэ слъэгъуащ. Жыжьэу. Щхьэгъубжэм сыдэплъу. Ауэ фэ зэрыфлъэгъуакIэм хуэдэу слъэгъуакъым.

– Ауэ.. зы «ауэ» цIыкIу щыIэщ, ди пащтыхьышхуэ, – темыгушхуащэрэ и пащIэкIи къыщIэгуфIыкI щIыкIэу, адэкIэ къыпещэ Старицкэм. – Гуащэней ди бзэр ищIэкъым... Пащтыхь лэгъунэм тэрмэш зэрыщIэбгъэтынури дауэ? – и дзэлыфэр етI аргуэру.

Старицкэм жиIэну зыхуеймрэ и гушыIэм щIэлъ щIагъыбзэмрэ къыгурыIуащи, пащтыхьыр Курбскэм йоплъ:

– Андрей Михайлович, къыджеIэжыт мыдэ икIи щыгъуазэ дыхуэщIыт: Къэзан къыщыдзэухэм щыгъуэ Старицкэмрэ уэрэ, тэтэрыбзэ фымыщIэрэ пэткIэ, тэтэр бзылъхугъэ дахэхэм дауэрэт фазэрыпылъар?

«ШейтIаным нэхърэ нэхъ бзаджэ, илъэгъуари зыщымыгъупщэж, сощIэ сэ уэ узыщIэупщIэри жызбгъэIэжыну узыхуейри, – пащтыхьым Iуплъэн дзыхь имыщIу, Старицкэм и щхьэр щIеIу. – ЖызмыIэIамэ нэхъыфIщ, – йогупсыс ар. – Армыхъуамэ уэ дэтхэнэ зы псалъэми къипхынур хэт зыщIэр... ЖызмыIэIащи, абыи зыгуэр хилъагъуэмэ... Уэри уэ! Езым зэхищIыхь бзаджэнаджагъэхэр имыщIэжу... Мис абыхэм я гугъу сыбгъэщIамэ, тхьэмахуэ псокIэ фыкъызэдэIуэн хуей хъунт. Уэ езым зыбгъэджэду хьэжыуэ, гуэныхь зыпылъ лъэпкъ умылэжьу фэ зытебгъауэу... Зыкъысхуэбгъэныбжьэгъушхуэу уи дзэлыфэ къысхуэптI щхьэкIэ, сощIэ сэ а ныбжьэгъугъэр здынэсыр... Плъагъуркъэ, гурыщхъуэ къысхуищIакIэщи, сыпсэууэ сыщIитIэн хьэзырщ. ЦIыху гъэлъэпэрэпэнрэ щIэтIэнкIэ уIэзэщ уэ. ИкIи угущIэгъуншэщ... Жанейхэм я пщым и дежи унэсащи, ари хьэм ибогъэхь. Сибокъуэ епцIыжакIуэкIэ уощ... Къырымхэмрэ тыркухэмрэ я дежкIэ зригъэутэкIащ, жи... Жанеипщми абы и къуэ Къудэдокъуи епцIыжар уэращ. Уэ уи арэзыныгъэкIэщ, уи унафэкIэщ шэрджэсхэм я лыр Iыхьэ-Iыхьэурэ яупщIатэурэ зэрызэхагуэшэжыр... Адашевымрэ Сильвестррэ я махуэр къысхуумыгъакIуэ щIыкIэ, лъэныкъуэ зезгъэзын хуейуэ къыщIэкIынщ»...

– СлIо, си ныбжьэгъужь, зыри жумыIэу ущIэщымыр? Си фызышэм, пащтыхь гуащэщIэм теухуауэ уэ сыт жыпIэн? Урысей къэралыгъуэ лъэщыр лъэ быдэкIэ дгъэувын папщIэ, уэрэ сэрэ сыт щыгъуи дызэкъуэтащ. Уи зы псалъэр сэркIэ лIищэ я псалъэ пэлъытэщ. ИIэт, Андрей Михайлович, сыт жыпIэн?

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, ди пащтыхьышхуэ, – къыпогуфIыкI Курбскэр. – ЖыпIэр пэжщ: дызэкъуэтащ. Дызэгъусэу гъуэгуанэ хьэлъэ ини зэпытчащ. Уэрэ сэрэ псалъэншэуи дызэгурыIуэри пэжщ. Мис иджыри, сыт щыгъуи хуэдэу, дызэкъуэтщ. КъызгуроIуэ: уэ Iуэхур зэрыхъунум уегупсысакIэщ. Уи унафэр дахэщ. Абы сэ сыт хэслъхьэжын?

«Узахуэщ, Андрей Михайлович: ди зэплъыкIэ къудеймкIэ дызэгурыIуэр пэжщ. Мис иджыпстуи – уи гум илъымрэ уи жьэм жиIэмрэ зэрызэтемыхуэр нэрылъагъущ. ПцIы къысхуоупс. Укъызофыгъуэ... Си пащтыхьыгъуэр уи нэм бжэгъуу къыщIоуэ. Гуэныхь зыпылъ сымылэжь щIыкIэ аргуэру си натIэм уигъэкIын, зыщIыпIэ угъэкIуэн хуейщ... Дэнэ жыпIа? Аргуэру зауэм узгъэкIуэнщи, мис абы тхьэр щыгъэпцI, пцIыр щыупс. Топышэхэр, сэшхуэдзэхэр къэгъапцIэ. Мис абыхэм ядэджэгу, ауэ си ужь екIэ укъимыхьэ».

Пащтыхьыр къотэдж:

– Урысей къэралыгъуэм нэхъ Iущ дыдэу ис лIищым си унафэр къыщыздаIыгъкIэ, сэ сыщIэгузэвэжын щыIэкъым. Ауэ, щхьэгъубжэмкIэ сыдэплъу зэрыслъэгъуам темыщIыхьауэ, гуащэр гъунэгъуу зэзгъэлъагъун хуейщ. Сыт хуэдиз и дахагъыу, и бжьыфIагъыу къысщыхъуами, – пащтыхьыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI, – нэфми дэгуми тщIэркъым. КъызэрыдэдэIуэн, дызэрызэхищIыкIын акъыл иIэу тхьэм къыщIигъэкI...

Пащтыхь Иван и къуэшхэри щIыгъуу щIохьэ Гуащэней и пэшым. «ЩхьэгъубжэмкIэ сыныдэплъу укъызэрысщыхъуам нэхърэ унэхъ дахэжщ», – нэкIэ ешх абы бзылъхугъэ тхьэIухудыр. Еплъ пэтми зыщигъэнщIыркъым. Нэмысрэ асылрэ зыхэлъу ягъэса хъыджэбз укIытэхым и щхьэр къыхуэIэтыркъым. И нэкIущхьитIым мафIэ бзийр щопщIыпщI. ХьэкIэкхъуэкIэм къагъэщта бжьом хуэдэу, и Iэпкълъэпкъ псор мэкIэзыз. ИтIанэ, псэ хэмытыж щIыкIэу, мэж. Игури къэувыIауэ къыпщыхъунщ.

УкIытэ зиIэ  бзылъхугъэм и дахагъэр тIуащIэ мэхъу зэрыжаIэр абы и деж щынэрылъагъущ... Дахэщ. Егъэлеяуэ дахэщ. И къабзагъэрщэ?! Гъатхэ пщэдджыжь гуакIуэм ещхьщ, – йогупсыс пащтыхьыр. – Абы сыт хуэдэ пащтыхь гуащэ къыхэкIыну?! Ар ди къэралыгъуэшхуэм и пащтыхь гуащэ хъун папщIэ, сэри слъэкI къэзгъэнэнкъым...»

Гуащэней и нэбжьыцхэр пцIащхъуэ дамэу холъэт. И щхьэри зэрехьэхащ. Езыр гупсысэм кърахьэкI: «Гъуни нэзи зимыIэу жыхуаIэ къэралым и пащтыхьыр мыращ. Ныбжьышхуи иIэ хуэдэкъым. Къудэдокъуэ нэхърэ нэхъыжьыну къыщIэкIынкъым... Ди тхьэ, гуэныхь къысщумыщI мыпхуэдэ цIыхушхуэр къыслъыхъурэ пэткIэ Къудэдокъуэ сигу къызэрызгъэкIыххар... Тобэ, тобэ, уэ сыпшэрэ пащтыхь гуащэ сыхъумэ... Абы щыгъуи си адэ-анэр згъэукIытэнкъым. Уэри укIытэгъуэ уизгъэхуэнкъым. Къабзэлъабзэу сыпхущытынщ. Си напэр зытесхыжынкъым... Пэжщ, уэ птеухуауэ хъыбар Iэджи зэрахьэ. УткIийуэ, угущIэгъуншэу жаIэ. Ауэ, щхьэгъусэ сыпхуэхъумэ, сэ нэхъ гу щаби нэхъ гущIэгъулыи усщIынщ. Ди тхьэ, уи гущIэгъум сыхыумын, уи губжьыр къыслъумыгъэс, ауэ, сощIэ, мыбы и щхьэгъусэ сыхъумэ, си динри схъуэжын хуей хъунущ. Узэрызакъуэри, дунейри, цIыхуу хъуари къызэрыбгъэщIари пэжщ. Псоми хуитыр уэращи, уи гущIэгъур къыслъыгъэс. Сыкъэхъумэ. Сыщумыгъауэ...» Абдеж щыт щIалэщIэм еплъурэ, пащтыхьыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. Ар хэтми сыт и къалэнми ищIэ пэтми:

– УтемыплъэкъукIыу апхуэдизу узыхуэсакъыу пхъумэ хъыджэбзыр уи сыт? Уи цIэри узейри хэт? – жиIэу щIыщIэупщIэр щымыбзэ хъуа пэшыр къигъэушыжын папщIэщ.

– Си анэ шыпхъущ ар, – къопсалъэ щIалэр. – Си цIэр Сэхьид-Булатщ. Си адэр уэ Къасым хъану бгъэува Бекбулатщ, ди пащтыхьышхуэ, – урысыбзэр къыIуролъэлъ Сэхьид-Булат.

– УщIалэ ахъырзэманщ! – къыпогуфIыкI пащтыхьыр.

И шыпхъум и къуэм и псэлъэкIэри жэуап къызэрит щIыкIэри зигу ирихьа Гуащэней щIалэм и щхьэм гуапэу Iэ делъэ.

– Уи анэ дэлъху Михаил хуэдэу урысыдзэм ухэту къулыкъу пщIэнтэкъэ?

– Ахьей сщIэнт, ди пащтыхьышхуэ! Апхуэдэ дзыхь къысхуэпщIмэ, ар сэркIэ щIыхь ин хъунт. Ауэ, ахэр абыкIэ арэзы зэрыхъунум шэч хэмылъми, япэ щIыкIэ си адэ-анэм сеупщIын хуейщ, – а жэуапри игу ирихьащ Иван Грознэм.

Пащтыхьым а пщыхьэщхьэ дыдэм зыхуегъазэ Гуащэней и дэлъху Думэныкъуэ.

– Уи шыпхъум хуэфащэу сыкъэплъытэмэ, ар щхьэгъусэ сщIынут, Думэныкъуэ, – зэпIэзэрыту кърегъажьэ пащтыхьым. Думэныкъуи, хабзэ хэлъу, зэрыцIыху гъэсар къигъэлъагъуэу, къопсалъэ:

– Ди пащтыхьышхуэ, Гуащэней щхьэгъусэ пщIымэ, абыкIэ зи пщIэр пIэтыр си шыпхъум и закъуэкъым – адыгэу хъуам, ди хэку псом ялъысынущ а щIыхьышхуэр.

– Аращ-тIэ, Думэныкъуэ, дэ унагъуэкIэ зэблагъэу дызэбгъэдоувэри, ди лъэпкъхэри къэралыгъуэкIэ зэблагъэ, зэпыщIа мэхъу. Абы псоми фIы къытхудэкIуэнущ: нэхъ лъэщи дыхъунурэ ди лъэри нэхъ быдэу увынущ.

А пщыхьэщхьэ дыдэм Мэзкуу и уэрамхэми и унэхэми хъыбарышхуэ зэбграх:

«Урысейм и пащтыхьышхуэ Иван Грознэм фыз къешэ! Къишэр шэрджэсхэм яшыщщ. Адыгэщ. Къэбэрдеипщ Темрыкъуэ ипхъущ…»

# ШЭРДЖЭСЕЙ

## *Киносценарийр лъабжьэ зыхуэхъуа эссе*



Нэгъаплъэ Асчэрбий



Хъуэткъуэ Самир

***Иджыблагъэ, Кавказ зауэжьыр зэриухрэ илъэси 143-рэ щрикъу лъэпкъпсо Щыгъуэ махуэм, (2007 гъэм, майм и 21-м), Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми япэу щагъэлъэгъуащ урыс лъэпкъымрэ адыгэхэмрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс 450-рэ зэрыхъум ехьэлIауэ ящIа фильмыр.***

***Фильмыр зи гукъэкIыр, абы и продюсерыр Адыгейм щыщ щIалэ щхьэпэ Нэгъаплъэ Асчэрбийщ, сценарийр зи IэдакъэщIэкIыр тхыдэтх цIэрыIуэ Хъуэткъуэ Самирщ.***

***Ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIамрэ и щхьэ кърикIуахэмрэ уахэзыгъэплъэж мы тхыгъэр гъэщIэгъуэн къащыхъуну дыщогугъ «Iуащхьэмахуэ» журналыр зыIэрыхьэ псоми.***

* * *

Ижь-ижьыж лъандэрэ Кавказыр къалъытэ дунейпсо цивилизацэм и къежьапIэу. Апхуэдэут Урысейми ар къызэрыщыхъуу щытар, хэкукъутэмрэ лъэпкъкъутэмрэ къытхэзылъхьа Кавказ зауэжьыр къэхъеиным и пэ къихуэ зэманхэм.

* * *

Илъэси 101-кIэ екIуэкIащ Кавказ зауэжьыр. КъежьапIэ хуэхъуар Мэздэгу быдапIэр Къэбэрдей ЩIыкIум и хэгъэгум къыщытращIыхьа 1763 гъэрщ. А гъэм щIидзэри, нэхъ гуащIэ хъу зэпытурэ, зауаер екIуэкIащ 1864 гъэ пщIондэ. Кавказым зэгуэр щекIуэкIахэм я нэхъ кIыхь дыдэу къалъытэ а зауэ гущIэгъуншэр. Ар къыщIэхъеями зэрекIуэкIами цIыху зэхуэмыдэхэр зэмыщхьу йогупсыс икIи тотхыхь… Ди фильмым дэ нэхъ къыщыхэдгъэщар а зауаем дызыхидза насыпыншагъэшхуэхэм ящыщу къапэпкIухьынкIи щхьэдэбгъэIухынкIи Iэмал зимыIэхэрщ. Нэщхъеягъуэ нэхъ ин дыдэу абы кърикIуар ижь-ижьыж лъандэрэ уардэ лъапсэу къекIуэкIа, зи къэкIуэнур нэхъ дахэж хъун хуея Шэрджэсейр дунейм зэрытебзэхыкIар ращ. Кавказым нэхъ ин дыдэу икIи нэхъ лъэщ дыдэу иса, ауэ хэкукъутэмрэ лъэпкъкIуэдымрэ къызыхуагъэкIуа Шэрджэсейр! Ижь-ижьыж лъандэрэ зи хэкумрэ зи хуитыныгъэмрэ зыхъумэжыфурэ къекIуэкIа адыгэхэм я хэку уардэр! «Бийм дащыфхъумэ» жаIэу зэи я гъунэгъу лъэпкъхэр зымыгъэпIейтея адыгэхэм я щIыналъэр. Монгол-

хэмрэ тырку уэсмэнхэмрэ къыттеуэурэ дыщагъэгулэзахэм щыгъуи къэмыдзыха адыгэхэм я лъахэ дахащэр!.. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, езы адыгэхэр сытым дежи дамэгъу пэж яхуэхъуу щытащ гузэвапIэ ихуа дэтхэнэ гъунэгъу лъэпкъми.

XIX лIэщIыгъуэм псэуа еджагъэшхуэ зыбжанэм къалъытэу щытащ Урысейм и щIыналъэм зиубгъуныр Шэрджэсейм зэтриIыгъэу, адэкIэ зымыгъэкIуатэ лъэпощхьэпо хуэхъуу. Кавказым апхуэдэ мыхьэнэ иIамэ, ар нэхъыбэу зи фIыщIэр XVII лIэщIыгъуэм Тамань къыщыщIидзэрэ Хъазар (Каспие) тенджызым, Шэшэным нэсу щыта Шэрджэсейрщ. Аращ, къебгъэрыкIуэ империе абрагъуэм зэрыпэщIэуваращ Адыгэ хэкур зытекIуэдари. Адыгэгурэ адыгэпсэрэ зиIэ дэтхэнэми игъащIэкIэ щыгъупщэнкъым зи тхыдэр илъэс минкIэрэ къабж Адыгэ Хэкур, Шэрджэсейр.

* * *

Шэрджэсейр усакIуэ куэд дыдэ зытеусыхьа лъахэщ, адыгэхэм ди хэгъэгущ. Аращ езыр Кавказ цивилизацэм и джэлэсыр... «Дахагъэм и хэку» – апхуэдэущ дуней псор къызэреджэр абы. Кавказым шапэIудз хуэхъу зэпытурэ къекIуэкIа Шэрджэсейм. Дэнэ къыщежьэрэ адыгэ лъэпкъым и лъапсэр, адыгэ культурэм и къуэпсхэр?..

Адыгэхэр ящыщщ Кавказ щIыналъэр зи къежьапIэ лъэпкъхэм. БзэкIэ, лъыкIэ, къупщхьэкIэ тхыдэшхуэ зиIэ лъэпкъыжь гуэрым дрикъудамэу, абхъазхэр, абазэхэр, шэшэнхэр, ингушхэр, дагъыстэнхэр, Кавказым уиIэбыкIмэ, – баскхэр къыдгухьэу къалъытэ. Адэ жыжьэ дыдэ уIэбэжмэ, илъэс минитху, миних хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, кавказ-баск бзэ зэлъапсэгъухэм ирипсалъэ лъэпкъхэр щыпсэууэ щытащ Средиземнэ тенджызым и ищхъэрэ Iуфэм (къанэ щIагъуэ щымыIэу), Анэдолэм, Балканхэм, Кавказым зэрыщыту:

Илъэс миниплI, минитху хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, Пасэрей Анэдолэм щыпсэуа хьат лъэпкъыжьыр зэрыпсалъэу щытамрэ адыгэ-абхъазыбзэхэмрэ зэлъапсэгъуу зэрыщытыр къызэрахутэрэ куэд щIащ. Адыгэбзэм, абхъазыбзэм, кIуэдыжа Iубыхыбзэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, хьатыбзэр европеибзэхэм я дежкIэ санскритыр зэрыщытым хуэдэщ.

Адыгэ тхыдэм гуэпх мыхъунухэм, сыт и лъэныкъуэкIи зэпхахэм, къызытехъукIыжахэм ящыщщ археологхэр «Мейкъуапэ культурэкIэ» зэджэ псэукIэр зиIа цIыхухэр. Ахэр, адыгэхэр къызытехъукIыжахэр, и зэман елъытауэ жыпIэмэ, ину зызыужьа цIыхухэу щытащ. Бгылъэ щIыпIэхэр дапхъэ-дапхъэу иратIэкIыурэ, гъавэ тесапIэ ящIырт. Европэ псор къапщтэмэ, япэ дыдэу металлургием и щэхухэр къэзыщIахэм ящыщт. Абы и щыхьэтщ Сицилием, Сардинием, Корсикэм къыщатIыжа кхъэхалъэжьхэм, кхъэлэгъунэхэм (дольменхэм) Кавказ Ищхъэрэм щащIа гъуаплъэхэкIхэр къызэрыщагъуэтар. Адыгэхэр къызытехъукIыжа лъэпкъхэр щыпсэуа Мэуэт (Азов) тенджызымрэ Хъазар (Каспие) тенджызымрэ я зэхуакуращ иужькIэ Шэрджэсей хъужар.

* * *

Нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, «испы унэ» («дольмен») культурэкIэ зэджэм нэхърэ «Мейкъуапэ культурэр» нэхъыжьщ. Ауэ къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, псом хуэмыдэу Усть-Сахрай щыIэ кхъэхалъэм наIуэ къызэрищIамкIэ, «испы унэ» культурэр ныбжькIэ къыкIэрыхукъым «Мейкъуапэ культурэм». Ар дэнэ къэна, «Мейкъуапэ культурэм» и къежьапIэр «испы унэ» культурэм хуэкIуэжу къэплъытэ хъунущ. «Испы унэм» адыгэбзэкIэ къикIыр «испыхэм (цIыкIужьейхэм)

я унэ» жиIэу аращ. «Дольмен» псалъэр европеибзэхэм къахэкIа псалъэщ, бретоныбзэкIэ зэбдзэкIмэ, «мывэ Iэнэ» жиIэу аращ къикIыр.

Испы унэхэр мывэ IупщIэ-IупщIэурэ зэхэгъэува къудейкъым, ихьэпIэхэри яIэщ. Мэзкуу щыщ Марковин къызэрилъытэмкIэ, ихьэпIэ зиIэ «испы унэхэр», Кавказым узыщрихьэлIэ дольменхэм ящыщу, нэхъ жьы дыдэхэщ. Абыхэм илъэс миниплI, минитху я ныбжьщ, зи Iэдакъэщ IэкIхэр Кавказыр зи къежьапIэ икIи зи лъапсэ лъэпкъхэу адыгэхэмрэ абхъазхэмрэщ.

* * *

АдэкIэ нэхъ къызытеувыIапхъэр мэуэтхэм я лъэхъэнэращ. А лъэхъэнэр тохуэ лъыкIэ зэгухьэ Iэпхъуэшапхъуэ лъэпкъхэу скифхэмрэ сарматхэмрэ тхыдэм цIэрыIуэ щыхъуа зэманым. ЛIыгъэшыгъэкIэ мэуэтхэр зэи япикIуэту щытакъым скифхэмрэ сарматхэмрэ.

Хы Iуфэм декIуэкI къуршылъэ щIыпIэхэм щыпсэууэ щытащ мэуэтхэм я лъэпкъ къудамэхэу зиххэр, ахейхэр, керкетхэр, гениоххэр, апсилхэр, абасхэгъхэр. Тафэтес мэуэтхэр шууей лъэпкъыу къалъытэу щытамэ, абыхэм я лъэпкъэгъу бгырысхэр хамэ кхъухь блэкIхэр зыгъэгулэз, Понтэ псом щызеуэ тенджыз хъунщIакIуэхэт. Босфорыпщхэми, урымхэми, езы Митридат дыдэми къахуэгъэIурыщIэртэкъым хы ФIыщIэм тепщэ хуэхъуа а хъунщIакIуэхэр, ахэм я кхъухь псынщIэхэр. Хым щызекIуэнымкIэ абыхэм яIа IэкIуэлъакIуагъэм и нэщэнэхэр адыгэхэм къадекIуэкIащ XIX лIэщIыгъуэм къэс.

* * *

Скифхэмрэ сарматхэмрэ я лъэхъэнэм Кавказым и КъухьэпIэ лъэныкъуэр ещхьт Iэщэ щащI лъэщапIэ инышхуэм. Мэуэтхэм къащIэна Iэщэхэм я закъуэ арсенал псо хъунущ жыпIэмэ, ущыуэнукъым.

Мэуэт зауэлIым и гъэпсыкIэ нэхъыфIу къалъытэу щытар къызыхуэт щымыIэу зэщIэузэда шууейм и щытыкIэрщ. Зэуэныр бжыхэмкIэ къыщIадзэрти, итIанэ джатэ кIыхьхэмкIэ бийм яхэлъэщыхьырт. Iэпхъуэшапхъуэ лъэпкъхэм зэуэкIэ нэхъыфIу къалъытэр нэгъуэщIт: жыжьэрыуэу яхэуэурэ, бийр шабзэкIэ хэгъэщIэнырт. А зэуэкIэ зэхуэмыдэхэр куэдрэ къадекIуэкIащ а лъэпкъхэм. Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ зауэлIхэм лIыгъэ къежьапIэ яхуэхъуар мэуэт шууейхэращ.

* * *

Ижь-ижьыж лъандэрэ Шэрджэсейр ялъытэ мэкъумэшым елэжьыным, гъавэ лIэужьыгъуэщIэхэр къэхутэным зыщиужьа щIыналъэу.

Адыгэ хэкур зыуфэбгъуа мэзышхуэхэр игъащIэми къулейщ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыг зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ. Абы тетхыхьащ Кавказыр къызэхэзыкIухьа еджагъэшхуэ, зекIуэлI куэд. Апхуэдэ жыг хадэхэм я инагъыр гектар мини 150-м нэст. ЖыпIэнуракъэ, гъавэ щIапIэхэмрэ хуей бгъуфIэхэмкIэ зэпха жыг хадэ зэфэзэщу къыпщыхъурт а хэкур. Пашкевич хуэдэу жыг хадэхэм тетхыхь ди хэкуэгъу еджагъэшхуэ куэд щыхьэт тохъуэ жыг хадэ гъэкIыным теухуауэ пасэрей алыджхэмрэ урымхэмрэ щапхъэ куэд Кавказ Ищхъэрэм зэрырахам. ТхьэхужыIэу жыпIэнумэ, жыг хадэ гъэкIыкIэм теухуауэ адыгэхэм ягъэлъэгъуа Iэзагъэм и мыхьэнэр ебгъапщэ хъунущ Пасэрей Мысырым щыIэ пирамидэхэм я мыхьэнэм.

* * *

Курыт лІэщІыгъуэхэм Адыгэ хэкум Зихие фІэщІыгъэцІэр иІащ. ЗауэхэмыкІыу, хэкум къэщэ Іэпхъуэшапхъуэ лъэпкъхэм япэщІэт зэпыту а зэман кІыхьыр ирахьэкІащ зиххэм (адыгэхэм). Адыгэхэр ПсыжькІэ дызэджэ Кубань хэлъэдащ зи хэкур зыхъумэж ди лъэпкъэгъухэм ялъ куэд дыдэ. Толъкъун шынагъуэм ещхьу, Кавказ жьэгъухэм илъэс мин бжыгъэкІэрэ къебгъэрыкІуащ ажалзехьэ шабзэшэхэр къызыІурылъэлъ дзэ фІыцІэхэр. Гуннхэр, авархэр, булгархэр, хъазархэр, печенегхэр, мадьярхэр, половцхэр – ахэм ямызакъуэу, куэд, куэдыкІей хъурт адыгэхэм я хэку дыщэр зыщахъумэ бий гущІэгъуншэхэр.

Іэпхъуэшапхъуэ лъэпкъхэм я империехэм щыщу яужь дыдэр къызэзыгъэпэщауэ щытар монголхэращ. Тхыдэри ІуэрыІуатэри гъэнщІащ абыхэм зэрахьа лейм я куэдагъымрэ я гущІэгъуншагъэмрэ теухуа хъыбархэмкІэ. Тафэтес адыгэхэр яхэхуащ зэрыпхъуакІуэ лъыифхэм я залымыгъэмрэ хьэзабымрэ зыгъэунэхуа лъэпкъхэм. XIII лІэщІыгъуэм Европэм къикІыу ди щІыпІэм щыІа лІыкІуэхэм ятхыж бгырыс зиххэр (адыгэхэр) а зауэзэрылІым зэрыпэщІэтыфар, монголхэм я унафэм щІэхуахэу зэрыщымытар.

Дуней щІэлъэныкъуэр мафІаем хэзыдза Іэпхъуэшапхъуэ лъэпкъхэм я залымыгъэм хуэфэщэн удынкІэ адыгэхэр пэджэжыфауэ щытащ абы щыгъуи. Зиххэм (адыгэхэм) яхэлъа лІыгъэр зыхуэдизыр къыхощ тэтэр-монголхэр къызэрыдэджэу щыта лъэпкъыцІэм. Адыгэхэм «черкес», ахэм я хэкум «Черкесие» жаІэу къеджэу щытар, дуней псом нэхъ дыкъызэрацІыху а фІэщыгъэцІэхэр къызыбгъэдэкІар ахэращ, тэтэр-монголхэрщ. «Гъуэгур зэпызыупщІ», «гъуэгур пызыупщІ» – аращ «черкес» псалъэм къикІыр. Шэч хэмылъу, ахэм апхуэдэу тыншу къехъулІэу щытагъэнукъым адыгэхэм я щІыналъэм къихьэныр. XV лІэщІыгъуэм Венецие къикІауэ щыта дипломат икІи зекІуэлІ Иосафат Барбаро зэритхымкІэ, Къырым икІыу Астрахань щыкІуэкІэ, тэтэрхэм дзыхь ящІтэкъым адыгэ щІыналъэр зэпаупщІу нэхъ гъуэгу кІэщІкІэ кІуэну: Іэмал зэриІэкІэ адыгэ тафэтесхэм я хэгъэгум къыпакІухьт. ЗэрыжытІащи, Шэрджэсей (Черкесие) хэку фІэщыгъэцІэр КъухьэпІэм щыІэ лъэпкъхэм я литературэхэми КъуэкІыпІэм щыІэ муслъымэн хэкухэми цІэрыІуэ щыхъуащ.

Дуней щІэлъэныкъуэр зыгъэгулэза Темыр щІакъуэ Дыщэ Ордам къыщытеуа зэманхэм Адыгэ хэкум и гъунапкъэр Тэн еуалІэу щытащ. Тэнрэ Псыжьрэ я зэхуаку дэлъ щІыналъэм Галонифонтибус зэреджэу щытар Адыгэ хэкум и щІыналъэ Хэгъэгу Ищхьэщ. А зэман дыдэм адыгэхэм зэтепщІыкІыу щІадзэ, Хъазар (Каспие) хым нэсу Кавказ Ищхъэрэ псом зыщаукъуэдийри, Къэбэрдей хэкур къоунэху.

Иналыпщым къытепщІыкІахэр зи пашэ къэбэрдей адыгэхэр Кавказ псом щынэхъ цІэрыІуэ икІи щынэхъ лъэщ лъэпкъ хъуауэ щытащ а зэманым.

Къэбэрдейхэм я зэхэтыкІэр, я хабзэр, я зыхуэпэкІэр, я шы тесыкІэр, ахэм я жьауэм щІэта бгырыс лъэпкъхэм я мызакъуэу, зи бжыгъэкІэ куэд дыдэ хъу, лъэпкъ зэпэгъунэгъухэуи щымыт куржыхэмрэ тэтэрхэмрэ я деж щапхъэ щыхъуауэ щытащ.

* * *

Кавказымрэ КъуэкІыпІэ хэгъэгухэмрэ фІыуэ яхэзыщІыкІыу щыта Кантемир Дмитрий мыпхуэдэу итхыгъащ:

«Я зыхуэпэкІэ-зыІыгъыкІэ, я Іэщэ-фащэ сыт хуэдэхэм ехьэлІауэ адыгэхэм щІэмычэу щІэ гуэрхэр къагупсыс. Абыхэм зыдащІыну зэрыхэ-

тыр щыплъагъукIэ, наIуэ мэхъу тэтэрхэм я дежкIэ адыгэхэр француз пэлъытэу зэрыщытыр».

ЛIыгъэшыгъэрэ щыпкъагъэрэ зыхэлъ цIыхухъухэм, дахагъэкIэ, Iэдэбыгъэкlэ, нэмыскIэ зэбгъэпщэн къэгъуэтыгъуей бзылъхугъэхэм я щIыналъэу щытащ Адыгэ хэкур.

Адыгэ бзылъхугъэхэм ятеухуауэ мыпхуэдэ псалъэхэр ятхауэ щытащ.

Итальян Эмиддио де Асколи (1634 гъэ): «абыхэм япэхъун бзылъхугъэ дунейм теткъым».

Франджым щыщ Абри де ла Мотре (1711): «Венерэ и статуе дахащэхэм ещхьхэщ»; «пыплъхьэн щымыIэу дахэхэщ».

Австрием щыщ Клеман (1770): «нэхъ дахэ дыдэу дунейм тет бзылъхугъэхэщ».

Инджылызым къикIа Спенсер (1830): «дахагъэм и щапхъэхэщ»; «пасэрей статуе дахащэхэм ящыщ гуэрхэр йофэгъуэкI ахэм я дахагъэм, зэрызэкIужхэм».

Адыгэ тхыдэм и нэхъ Iыхьэ гъэщIэгъуэн дыдэхэм ящыщщ Мысыр къэралым илъэсищэ бжыгъэкIэ адыгэ мамлюкхэм тепщэныгъэр зэрыщаIыгъар. Хы ФIыцIэм щыпсэуа зиххэм къахэкIа Баркъукъуэ аль Черкаси 1382 гъэм мамлюк тахътэм тетIысхьауэ щытащ. «Даулят алджаракиса» – апхуэдэу тхыдэм хыхьащ 1517 гъэ пщIондэ Мысырым щыIа адыгэ тепщэгъуэр. Экономикэ и лъэныкъуэкIи культурэ и лъэныкъуэкIи Мысыр къэралым нэхъ ин дыдэу зыщиужьа лъэхъэнэу ябж абы адыгэхэр тепщэу щыщыта зэман кIыхьыр. Адыгэхэм я тепщэгъуэм къриубыдэу Каир хуабжьу зиубгъуауэ, я псэукIэми зиIэтауэ щытащ. Каир и тхыдэм елэжьа къэхутакIуэ цIэрыIуэ Макс Роденбек зэритхымкIэ, адыгэ мамлюкхэм я щыхьэрыр, курыт лIэщIыгъуэхэм щыIа Нью-Йорктым, жыпIэ хъуну щытащ. И инагъкIи, щыпсэуа цIыхухэм я куэдагъкIи, и къулеягъкIи, зэIузэпэщу зэрыщытамкIи, экономикэ и лъэныкъуэкIи. Адыгэ хабзэхэм, адыгэ Iуэху зехьэкIэхэм ящыщу Мысырым и культурэм куэд зэрыхыхьам шэч хэлъкъым. Псом хуэмыдэу адыгэ щапхъэхэр щынэрылъагъут зауэм епха Iуэхугъуэхэм.

КъуэкIыпIэм къыщыунэхуу илъэсищэ бжыгъэкIэ къекIуэкIа адыгэ мамлюк тепщэгъуэр къутэнкIэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр 1517 гъэм Каир зыубыдауэ щыта тырку уэсмэнхэр нэхъ лъэщу щытауэ аракъым. ЛIыгъэшыгъэкIэ ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, фочрэ топкIэ узэуэныр лIыгъэншагъэу, ахэр зи Iэщэ я бийхэр лIыгъэншэхэу къалъытэу зэрыщытарагъэнущ ахэр зыгъэхутыкъуари, я кIуэдыр къызэрыкIари.

* * *

Курыт лIэщIыгъуэхэр къыхиубыдэрэ XVII лIэщIыгъуэм нэс Шэрджэсейр чыристэн щIыналъэхэм хабжэу щытащ. Зих члисэхэм нэхъ ин дыдэу зыщауужьауэ къалъытэр VIII–X лIэщIыгъуэхэращ. Зиххэм я архиепископым, зи хэщIапIэр Никопсиси, Матархи щыIам, и унафэм щIэту щытащ Кърымым щыIа епископиехэр. XIV лIэщIыгъуэм адыгэхэм я деж зыщиубгъуат католичествэм, арщхьэкIэ куэд дэмыкIыу Iуэхум зихъуэжащ: 1453 гъэм Константинополь тыркухэм яIэщIохьэ, абы кIэлъыкIуэу Кърымымрэ Адыгэ щIыналъэмрэ щыIэ къалэхэр, факториехэр зэтракъутэри, чыристэн диныр хуэм-хуэмурэ адыгэ щIыналъэхэм щоужьыхыж. Ислъам диныр адыгэхэм къащтэу щыщIадзар XVI лIэщIыгъуэращ. Зэман кIыхьым къриубыдэу ар нэхъыбэу зыIыгъар Кърымымрэ Тыркумрэ япыщIауэ щыта ди тепщэхэрщ. Кавказ зауэжьым щIидзэным и пэ ислъамым и лъэр нэсу щыуvауэ щытакъым адыгэхэм я деж. Ислъамыр адыгэ псоми къыщащтар Империе къытезэрыгуам пэщIэтынымкIэ лъэпкъыр зэуIу зыщIыфын къарурэ бэракърэ муслъымэн диныр хъуа нэужькIэщ.

Дин зэхуэмыдэхэм я хуэмэбжьымэхэр яхэлъу игъащIэ лъандэм къокIуэкI адыгэхэр.

* * *

Адыгэхэм къадекIуэкIа дин хуэмэбжьымэхэм ящыщу жыпIэ хъунущ щIэныгъэлIхэр «друидизмэкIэ» зэджэр, н.ж., тхьэщIагъэу къалъытэ жыгхэр яIэу зэрыщытар. Щызэтракъута зэманым къэсыхункIэ, Адыгэ хэкур хуэпэжу щытащ друидизмэм. Друидизмэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ хэпща хъуащ адыгэ гъащIэм. Япэрауэ, жыг хадэ гъэкIыным, мэкъумэш зехьэным ехьэлIауэ. КъэкIыгъэкIэ Iэзэным хэзыщIыкI куэд зэрахэтари абы щыхьэт тохъуэ. Гъэсэныгъэм ехьэлIа лъэпкъ хабзэхэми къахощ друидизмэ хуэмэбжьымэхэр.

* * *

1500 гъэм ирихьэлIэу Шэрджэсейм Iуэхугъуэ мыщхьэпэ куэд хузэтрихьауэ щытащ:

1. Дыщэ Ордам и кIуэдыжыгъуэр къэса щхьэкIэ, Кърым хъаныгъуэр къэунэхури, гъунэгъу хэгъэгухэр игъэпIейтейуэ щIидзащ.

2. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ адыгэ хэкум зи нэIэ къытемытыж, зи къарур щIэкIа Византием и щыхьэр Константинополь тыркухэм яубыдащ.

3. Артиллериер зауэм и тепщэ хъури, афэхэр ящыгъыу, бжыхэр яIыгъыу лIэщIыгъуэкIэрэ хэкур зыхъумэжа адыгэхэм я лIыгъэшыгъэр зэуэ дэгуа хъуащ.

* * *

XV–XVI лIэщIыгъуэхэм хуозэ тыркухэмрэ тэтэрхэмрэ Шэрджэсейм къытеуэу щыщIадзар. А зэманым тыркухэм яубыдауэ щытащ Адыгэ хэкум щыщ къалэхэу Матрегыурэ Анапэрэ. Хэкум дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а къалэхэр ямытыным щхьэкIэ, адыгэхэр зэуащ XVI лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым нэс.

* * *

Хэкум къыщхьэщыхьа шынагъуэм къишащ 1552 гъэм адыгэпщ лIыкIуэхэр Иуан IV деж кIуауэ зэрыщытар. КIахэ адыгэхэми Къэбэрдей адыгэхэми къабгъэдэкIыу щэнейрэ (1552, 1555, 1557 гъэхэм) лIыкIуэ гупхэр ягъэкIуауэ щытащ, Урысейм и дамэгъу хъуну зэрыхуейхэмкIэ тхьэрыIуэ псалъэхэр зэрыт тхылъхэр яIыгъыу. Зэ еплъыгъуэкIэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэр сюзеренитет жыхуаIэм хуэдэт, ауэ и пэжыпIэкIэ – бийм зэгъусэу зыщахъумэн мурадкIэ Урысеймрэ Шэрджэсеймрэ дамэгъу зэхуэхъухэу арат (военно-политический союз между Россией и Черкесией).

Мы 2007 гъэм дэ ехьэжьауэ дгъэлъэпIэнущ а Iуэхугъуэ иныр. Шэч хэмылъу, а Iуэхугъуэм и мыхьэнэр зыкIи нэхъ цIыкIукъым езы Урысейм дежкIи.

XVI лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэр хуабжьу зэман гугъуурэ екIуэкIащ Мэзкуу пщыгъуэр лъэ быдэкIэ увыным теухуауэ. Кърым хъаныгъуэм къигъэпIейтей зэпытти, абы и зэрану къекIым еплъытмэ, XV лIэщIыгъуэм тэтэр хъаныгъуэ щхьэхуэхэм зыхагъэту щыта Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр зыми щыщтэкъым. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэм ящыщщ мыр: 1521 гъэм Мухьэмэд-Джэрий Мэзкуу иубыдри, Василий III тхьэ иригъэIуауэ щы-

тащ Кърым хъаным къуэды ирит зэпыту зэрыщытынумкIэ. Аращи, урысхэмрэ адыгэхэмрэ дамэгъу зэхуэхъуауэ зэрыщытам лъэныкъуитIми я сэбэп хэлът. А зэкъуэтыныгъэр нэхъри быдэ ищIащ Урысейм япщ Иуан IV Къэбэрдейм я пщышхуэ Темрыкъуэ ипхъу Гуащэней (Марие) щхьэгъусэ зэрыхуэхъуам. Марие къызэришам Иуан IV нэхъри хишат Кавказым пыщIа Iуэхугъуэхэм…

Рюриковхэм я тетыгъуэр иуха нэужь, Урысейм и тхыдэм IуэхуфI куэдкIэ къыхэнахэм ящыщщ Бекович-Черкасскэхэр. Псалъэм папщIэ, абыхэм я фIагъ ин хэлъщ Польшэм и мурад бзаджэхэр къызэпауду, Михаил Романовыр пщы тахътэм зэрытрагъэтIысхьам. Урысейр полякхэм щезэуа илъэс нэхъ гугъу дыдэхэм урысхэм я дзэпщу щытар Мамсырыкъуэ и къуэ Къанщауэщ (Дмитрий Черкасскэрщ). Филарет дунейм ехыжа нэужь, Урысей къэралыгъуэр пIалъэ кIыхькIэ (1633–1642) зэрихьащ Иван Борисович Черкасскэм, Романовхэ ящыщу пщыгъуэр япэ дыдэу зыIэрыхьам и Iыхьлы гъунэгъум. Къундет и къуэ Урыскъан (Яков Черкасскэр) – дзэзешэ цIэрыIуэу щытащ. Ар зи гъуазэ урысыдзэм зыбжанэрэ хигъэщIауэ щытащ Польшэм и дзэхэр (1654–1667 гъгъ), шведхэр (1656–1658 гъгъ). Апхуэдэу, текIуэныгъэр иIэу езауэурэ, 1655 гъэм Литвам я гетман Радзивиллрэ Польшэм я гетман Ганевскэмрэ хигъащIэри, Черкасскэм къиубыдауэ щытащ Литвам я къалащхьэ Вильно.

Черкасскэхэм пщIэрэ щIыхьу яIар зыхуэдизым щыхьэт тохъуэ мы щапхъэхэр: езы Кремль дыдэм дэту щытащ «Черкасскэ лъапсэ». Ар сытым дежи и хэщIапIэт Урысейм къулыкъу ин щызезыхьэ адыгэхэм языхэзым. Останкинэ, Марьинэ Рощэ, Троицкэ – ахэр псори я хэщIапIэу, я лъапсэу щытащ Урысейм къулыкъушхуэ щызезыхьэ адыгэпщхэм. РГБ-р здэщытым деж щытащ опричникхэм я Iэтащхьэ, Иуан IV и щыкъу щIалэ Михаил и уардэунэр (дворецыр). Новоспасский къулъшырыфыращ (монастырыращ) Романовхэмрэ Черкасскэхэмрэ я лIахэр здыщIалъхьэу щытар.

* * *

Романовхэ я Iыхьлы гъунэгъуу икIи я дарэгъуу щытар Кавказым зи къуэпсхэр екIуэлIэж Черкасскэ джыназхэрщ. Абыхэм я саулыкъукIэ Новоспасскэ къулъшырыфым (монастырым) щаухуауэ щытащ Никольскэ храмыр, абы къищынэмыщIауэ сымаджэщхэр. Абы щIэлъ тхылъым итщ ахэр псапэхуэщIэу Къундет и къуэ Черкасскэ Яков иригъэщIауэ зэрыщытар. Черкасскэ джыназхэм фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъщ ди лъэпкъитIым яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм тхыдэ ин икIи тхыдэ дахэ зэриIэмкIэ, урысхэмрэ, нобэ зэмыщхьу ятхми, зы лъэпкъыу ябж икIи зызыбжыж къэбэрдей-адыгей-шэрджэсхэмрэ ижь-ижьыж зэманым къыщежьа къуэшыгъэ зэраIэмкIэ.

Новоспасскэ къулъшырыфым (монастырым) и кхъэхалъэм щIэлъщ Черкасскэхэм ящыщу ныбжь зыбжанэм я хьэдэхэр. Зауэ IуэхухэмкIэ лIыщхьэ инхэр, къэралпсо мыхьэнэ зиIэ къулыкъушхуэ зезыхьахэр, культурэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэр – мис апхуэдэ куэд къахэкIащ Черкасскэхэм. Я IуэхущIафэ инхэм пэкIуэу абыхэм зы махуэ къэмынэу Тхьэ щахуолъэIу а кхъэхалъэр зэгъэщIылIа къулъшырыфым (монастырым).

* * *

Черкасскэхэм я гугъу щыпщIкIэ, зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым Петр Езанэм и гъэсакIуэ, Урысейм и япэ генералиссимус – Алыджыкъуэ и

къуэ Михаил Черкасскэр. ЖьакIэ зыгъэкIыну хуит ящIа бояритIым языхэзт ар. Мэзкуу икIыу е къэрал щIыб кIуэуэ зыгуэрхэр щригъажьэм деж, Петр гупыр иущийуэ щытащ, Черкасскэм и жыIэм зыри темыкIыну. Металлургием, Iэщэ щIыным елэжь заводхэр Уралымрэ Сыбырымрэ щыухуэным я фIыщIэ ин хэлъщ илъэс куэдкIэ а щIыпIэхэм губернатору щыIа Михаил Черкасскэмрэ Алексей Черкасскэмрэ. Аннэ Иоановнэ и пащтыхьыгъуэм канцлер хъуауэ щытащ Алексей Михайлович Черкасскэр. Урысейм фIэлIыкIышхуэ щызиIа Черкасскэ джыназхэм ящыщу арауэ къыщIэкIынущ яужь дыдэу зи цIэ къиIуапхъэр… Гуауэракъэ, Урысейм и дамэгъу пэжу лIэщIыгъуэкIэрэ къекIуэкIа, а къэралыгъуэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Адыгэ лъэпкъри Адыгэ хэкури, икIэм-икIэжым, теIэпхъэ ищIыжащ зи къарур гъунапкъэншэ, зи Iэщэр бжыгъэншэ хъуа ди ныбжьрей дамэгъум, Урысейм. ТеIэпхъэ ищI къудейуэ къэнэжакъым – хэкукъутэмрэ лъэпкъкъутэмрэ къытхилъхьащ.

* * *

Урыс-къэбэрдей зэхущытыкIэхэр зэIыхьэныр къызыхэкIар 1763 гъэм Къэбэрдей ЦIыкIум и щIым Мэздэгу быдапIэр зэрыщаухуаращ. ИлъэсипщI нэскIэ къэбэрдеипщхэр хуабжьу пылъащ а быдапIэр фIырыфIкIэ ди щIыналъэм трырагъэхыжыну. Ауэ империем и тепщэхэм зыуи къърадзакъым адыгэхэр илъэсищэ бжыгъэкIэ Урысейм къуэшым хуэдэу зэрыкъуэтар. Урыс станицэхэмрэ быдапIэхэмрэ къэбэрдеищIым и курыкупсэм кърищIыхьу щIадза нэужь, гугъапIэ лъэпкъ щыIэжтэкъыми, 1778 гъэм лъэпкъым зэрыщыту зыкъаIэтащ. ЗыкъэзыIэтахэр гущIэгъу лъэпкъ хэмылъу хигъэщIащ, зэтриукIащ Якоби генералым икIи Къэбэрдейр игъэпшынэну тэзыр ин дыдэ трилъхьащ. ЦIыхур нэхъри къулейсыз икIи гугъапIэншэ ищIащ а тэзырым.

Фочыпэм пэщIэт зэпыту зэрагъэпсэум, зэрагъэпщылIым, щIыр зэрытрахым къигъэгубжьа къэбэрдейхэм 1810 гъэм аргуэру зыкъаIэтащ. ПхужымыIэным хуэдиз гущIэгъуншагъэ хэлъу зыкъэзыIэтахэр зэтриукIащ генерал Булгаковым. Зэрыщыта дыдэр жыпIэмэ, къуажэ 200 (унэу 9.585-рэ) хъурт зэтрагъэсхьахэр. ЯхуэукIыр яукIщ, ягъэсыфыр ягъэсри, къэнахэр гущIэгъуи укIыти хэмылъу яхъунщIащ.

**Булгаковым апхуэдизкIэ залымыгъэ ин зэрихьати, ахэр къыдэзыутIыпща, Бытырбыху дэс езы тепщэ дыдэхэр къигъэуIэбжьат:**

***«И къалэным къимытIасэ залымыгъэ инрэ цIыхугъэншагъэрэ зэрихьащ».***

1822 гъэм яужь дыдэу зыкъэзыIэта Къэбэрдейм къытеуащ Ермоловыр. Тало уз бзаджэм зи къарур щIиха, зи цIыху куэд Шэшэным кIуэса, кIахэ адыгэхэм я дежкIэ зи жылагъуэ Iэджи екIуэкIа Къэбэрдейр ириулъэпсыкIащ пащтыхьым и лъыифхэм я нэхъ гущIэгъуншэ дыдэм, Ермоловым. «Уей-уей, Къэбэрдей!» жезыгъэIэу къекIуэкIахэм лъэпкъкIуэдыр къахилъхьащ. Адыгэ лъэпкъым и къудамэ нэхъ ин дыдэу щытам щыщу къэнар цIыху мин 30 къудейщ. Статистикэм зэрыжиIэмкIэ, а зауэм щIидзэн и пэ къэбэрдейхэр цIыху мин 300-м щIигъуу щытащ. Ауэ щыхъукIэ, цIыхуипщI къэскIэ 9-р тхаукIыкIауэ щытащ пащтыхьым и генерал гущIэгъуншэхэр зи тепщэ дзэ фIыцIэхэм.

* * *

Адыгэ лъэпкъым и гъащIэм дежкIэ 1829-р насыпыншагъэ куэд къытхуэзыша гъэ угъурсызхэм ящыщт. Тыркум иращIылIауэ щыта Андрианополь трактатыр тегъэщIапIэ ищIурэ, пащтыхь правительствэм къигъэ-

уващ адыгэхэм я щIыналъэр Урысейм IэщIэлъын хуейуэ икIи пIащIэгъуэкIэ зыхуигъэхьэзыру щIидзащ а мурадым пэхъун къарукIэ адыгэхэм ебгъэрыкIуэну.

Iуэхур дунейпсо утыкум нэсакIэт, ауэ Европэм япэ щIыкIэ къищIэну хуейт езы адыгэхэр а Iуэхум зэрегупсысыр.

* * *

Адыгэхэр Империе къытезэрыгуам щыпэщIэт фронт гъунапкъэм и кIыхьагъыр км 900-м нэхърэ нэхъ мащIэтэкъым. Абы Гагрэ къыщыщIидзэрти, хы Iуфэм Iутурэ Анапэ къэст, итIанэ ПсыжькIэ зигъазэрти, Къэбэрдейм еуалIэрт. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ адыгэхэр ятеуэрт Къэбэрдейр зыубыдауэ ис урысыдзэхэм. МыдэкIэ тенджызми щызауэхэрт.

Адыгэ хэкумрэ Дагъыстэнымрэ щекIуэкI зауэхэм зэщхьэщыкIыныгъэшхуэу мыр яIэт: адыгэхэм шуудзэ инхэр зыхэт зауэхэр ирагъэкIуэкIт, дагъыстэнхэр быдапIэхэм щызауэрт.

1829 гъэм кIэмыргуеипщ Болэтокъуэ Жамболэт кIахэ адыгэхэм я шууей нэхъ хэплъыхьахэурэ дзэ зэхуишэсри, Къэбэрдейр зыубыдауэ ис урысыдзэхэм къатеуауэ щытащ. Зауэхэурэ, Бахъсэныпсым къэсхэщ, гъэр ящIахэр зэщIакъуэри, балъкъэрхэмрэ къэрэшейхэмрэ ящIхэмкIэ икIыжахэу щытащ.

Зэи къыхамыгъащIэу екIуэкIыурэ, Болэтокъуэ Жэмболэт, икIэмикIэжым, Засс генералым и унафэкIэ, жасус хъуа ди лъэпкъэгъу гуэрым къиукIыжауэ щытащ.

ЛIыхъужьыгъэ ин зэрыхэлъамкIэ цIэрыIуэщ адыгэ дзэзешэ Iэзэ, шапсыгъхэм ящыщ уэркъ ЩэрэлIокъуэ Къазбэч. Илъэс 30-кIэ ар Псыжь Iуфэ къыщезэуащ бийхэм. ЗэрыжаIэмкIэ, уIэгъэ куэдым илIыкIащ. Европей къэралхэм къыщыдэкIа газетхэр «Черкесием и аслъэнкIэт» абы къызэреджэр.

Дагъыстэным щекIуэкIа зауэхэмрэ Адыгэ хэкум щекIуэкIахэмрэ нэгъуэщIкIи зэщхьэщыкIт: адыгэхэм «къэтIысыхь зэуэкIэр» къагъэсэбэпт, Щамил и текIуэныгъэхэм хэкIыпIэ нэхъыщхьэ яхуэхъуу щытар, зэрыжытIащи, бгылъэ щIыпIэхэм щаIэ я быдапIэхэр къагъэсэбэпурэ зэрызауэрт. Апхуэдэ къуажэ-быдапIэхэр къаубыдыну хэтурэ, урысыдзэм хэщIыныгъэ ин ягъуэту щытащ. Езы Щамил зауэм хэтыхункIэ зы урыс быдапIи къиубыдакъым. Адыгэхэм я деж псори зэрыщекIуэкIыр нэгъуэщIут: урысхэм я быдапIэхэр яхъумэжт, ахэр къаубыдыным щхьэкIэ адыгэхэм хэщIыныгъэшхуэхэр ягъуэтт.

* * *

1840 гъэм, февралым и 19-м адыгэхэм къаубыдауэ щытащ урысхэм я быдапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы – Лазаревск. Абы кIэлъыкIуэу Вельяминск – мартым и 12-м, Михайловск – апрелым и 2-м, Николаевск – апрелым и 15-м, Навагинскэр – майм и 6-м. Июным и 7-м адыгэхэр теуауэ щытащ Абинск, ауэ къахуэщтакъым. Абы иужькIэ пащтыхьым и дзэзешэхэм корпус ин Кърым къыщызэрагъэпэщри, хы Iуфэм декIуэкI адыгэщIхэм аргуэру зыщагъэбыдащ.

* * *

Имам Щамил и дзэр зэтракъутэу езыр гъэр къащIа нэужь, пащтыхьым и дзэзешэхэм я дежкIэ гугъапIэфI къыкъуэкIауэ щытащ Кавказ зауэр нэхъ зэман кIэщIым ухынымкIэ. ПсэзэпылъхьэпIэм ихуа адыгэ-

хэм хэкIыпIэ гуэр къалъыхъуэрт. КIахэ адыгэхэм я Iуэхум кIэух гуэр игъуэта зэрыхъунум щегупсысырт Бытырбыхуи.

1861 гъэм и сентябрь мазэм пащтыхь Александр II Тамань къэкIуащ. Абы ирагъэхутылIэри сентябрым и 17-м Хуарзэ псым и Iуфэм деж щызэхуэсауэ щытащ Адыгэ хэкум и лъэныкъуэ псоми къикIа лIыкIуэхэр. Ахэр цIыху мин зыбжанэ хъурт.

* * *

Кавказ зауэжьыр зэрекIуэкIа зэман кIыхьым къриубыдэу зэзэмызэххэщ Урысейм и пащтыхьхэр Кавказ Ищхъэрэм къызэрыкIуар. Арауэ къыщIэкIынщ а зэIущIэр щекIуэкIа щIыпIэм деж, зауэр иуха нэужь, фэеплъ чэщанэ щIыщагъэувар. Мейкъуапэ быдапIэм икIыу а щIыпIэм щыкIуэм, Александр II сыхьэтихкIэ гъуэгум тетауэ щытащ.

* * *

Сентябрым и 18-м Александр II хуэзэну хуит ящIащ адыгэ лIыкIуэхэм ящыщ гуп. Гупым я пашэт Сочи деж куэд мыщIауэ къыщызэрагъэпэща меджлисым и унафэщI, лIыгъэшыгъэрэ IущыгъэкIэ Адыгэ хэку псом щыцIэрыIуэ Бэрзэджхэ Джырандыкъуэ хьэжыр. Ольшевскэм и мемуархэм зэрыщитхыжымкIэ, зэIущIэм къикIа щыIэкъым, сыту жыпIэмэ адыгэхэр, зыхуейхэр къагъэув мыхъумэ, фIы зыкърашэну зыкIи пылъакъым. Ахэм лъэIуэнуи ягу къэкIтэкъым. ЛъэIуэным и пIэкIэ, ткIийуэ къагъэувт, я щIыналъэр урысхэм хуит къащIыжыну, быдапIэхэр къытрамыщIыхьыну, къытращIыхьахэр трахыжыну. Я Iуэхур сыт хуэдизу мыгузэвэгъуэми, адыгэхэр къыщызэфIэщIакъым пащтыхьым и пащхьэм. Нэрылъагъут адыгэхэм я ерыщагъым пащтыхьыр къызэригъэуIэбжьари къызэригъэгубжьари, ауэ, дауэ мыхъуми, Сочи меджлисым къыбгъэдэкI меморандумыр абы къыIихащ Бэрзэдж хьэжым. ИкIэмикIэжым, пащтыхьым мазэ пIалъэ яхуигъэуващ, шапсыгъхэр, абазэхэхэр, Iубыххэр Iуэхум иджыри егупсысыжыну. Пащтыхьым ткIийуэ яхуигъэуват абыхэм, ижь-ижьыж лъандэрэ щыпсэу я жэнэт щIыналъэр къабгынэу, Псыжь къедза шэдылъэ щIыпIэхэм Iэпхъуэну. Абы адыгэхэр иригъэувэлIащ аргуэру я Iэщэхэр къащтэу Адэжь щIыналъэр бийм щахъумэным.

**Зауэ IуэхухэмкIэ министр Д. А. Милютиным мыпхуэдэу итхауэ щытащ: «Кавказым щедгъэкIуэкIа зауэм и иужьрей илъэсхэм дэ къытхудэкIауэ щытащ къызэрымыкIуэу къару ин етхьэлIэну. Пехотэр къапщтэмэ, зэпыу имыIэу щыIэн хуейхэу батальони 152-рэ, пIалъэ-пIалъэкIэ щыIэн хуейхэу батальон 13-рэ дэтхэнэри цIыхуищэ хъууэ гупиблрэ; шуудзэу (драгунхэу) 20; къэзакъ защIэу полк 52-рэ, эскадронхэу 5, пIалъэ-пIалъэкIэ щыIэхэм ящыщу дэтхэнэри цIыхуи 100 хъууэ гуп 13, топу 242-рэ».**

Милютиным итхым тепщIыхьмэ, 1859 гъэм щыщIэдзауэ 1864 гъэм нэс Адыгэ хэкур къэзызэуа, лъэпкъкъутэр къытхуэзыгъэкIуа пащтыхьыдзэхэм зэщIэузэда сэлэту 256.000-рэ хэтащ.

* * *

Пащтыхьым къыдищIылIа зауэр дэтхэнэ адыгэми къилъытэжу щытащ езым къращIылIа зауэу. **Аращ апхуэдизу зэман кIыхькIэ ахэр бийм щIапэщIэтыфари. Арагъэнщ а зэманым Карл Маркс мыпхуэдэу щIитхауэ щытари:**

***«Адыгэ лIыхъужьхэм аргуэру зыбжанэрэ хагъэщIащ урысыдзэхэр. Лъэпкъхэ, зыщевгъасэ мис абыхэм я деж щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэзэум».***

Шэрджэсым щекIуэкIа зауэм зыкъомкIэ ижь къыщIихуауэ жыпIэ хъунущ лIыхъужьыгъэкIэ гъэпса уэркъ хабзэр дэтхэнэ адыгэм дежкIи щапхъэу зэрыщытам.

Аращ адыгэ дэтхэнэри зауэлIу, адыгэ лъэпкъыр зауэлI защIэу зэхэту пащтыхьым и генералхэм къащIыщыхъуу щытар. Шууей зауэлIыр зэрыщытын хуейр пщыхэми, уэркъхэми, лъхукъуэлIхэми – псом я дежкIи наIуэт икIи щапхъэт. Тепщэхэмрэ цIыху къызэрыгуэкIхэмрэ я зэхуаку залымыгъэрэ ткIиягъэ егъэлеярэ зэрыдэмылъар зы лъэныкъуэкIэ, адрей лъэныкъуэмкIэ – шырэ Iэщэрэ къызыхуэмыгъуэт зэрыщымыIар, адрейуэ хэкум къэщэ бийхэм ящыщIэу зэрыщымытар – мис ахэр хэкIыпIэ хуэхъуу щытащ дэтхэнэ адыгэ хъулъхугъэми зауэлI нэс къищIыкIыным. Абы къыдэкIуэу сэбэпышхуэ хъууэ щытащ «Напэ япэ – псэр» жыхуиIэ псалъэжьыр зи гъуазэ адыгэ хабзэ ткIийм тету, щыпкъагъэ дахэ яхэлъу зэрызэхэтар. Абыхэм ящIт ахэр шууей нэгъэса, бийм зрат нэхърэ, псэр ятми нэхъ къэзыщтэ зауэлI хахуэ хъухэрт.

* * *

«Кавказыр къызэразэуам теухуа очеркхэр» зытхахэм ящыщ зым, Урысей пащтыхьыгъуэм илэжьахэр захуагъэу къызэрилъытэр итха нэужь, адыгэхэм ядилъэгъуа хахуагъэм теухуауэ мыпхуэдэу щIигъужауэ щытащ: «Дэ къыщIэддза Iуэхур нэдмыгъэсауэ, Кавказыр къэдмызэуауэ къэдгъанэ хъунутэкъым, сыту жыпIэмэ адыгэхэр хуейтэкъым тпикIуэтынуи зыкъатынуи. Адыгэ лъэпкъым и ныкъуэр зэтеукIэн хуейт, адрей и ныкъуэм Iэщэр ягъэтIылъыным щхьэкIэ.

Нобэ, ди властыр Кавказым лъэ быдэкIэ зэрыщыувам зыкIи шэч къыщытедмыхьэж ди зэманым, дыщIэпIейтеин лъэпкъ щымыIэу дэ пщIэрэ щIыхькIэ гъэнщIа псалъэ гуапэ яхужытIэ хъунущ хэдгъэщIа бийхэм пхуэмыIуэтэщIыным хуэдиз лIыгъэ зэрызэрахьам щхьэкIэ. Къару лъэпкъ къыхуэмынэжыху и хэкумрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ зэрыщIэзэуам щхьэкIэ».

* * *

**1864 гъэм и март мазэм Кавказым щыIэ дзэхэм я унафэщI джыназ ин Михаил Николаевич зауэ IуэхухэмкIэ министрым мыпхуэдэ хъыбар лъигъэIэсащ:**

***«Лабэ и щхъэкIэ щыIэ бгы бгъуэщI псоми, Лабэ и кIэкIэ, Псыжь къыщыщIэдзауэ ТIуапсы нэс дэлъ щIыналъэми, ящыщ къидмынэу, ди бийхэр псори идгъэкъэбзыкIащ».***

**Александр II и IэкIэ кIэщIитхауэ а дэфтэрым мыпхуэдэу тетщ:** ***«Тхьэм и шыкурщ».***

* * *

Пащтыхьым и унафэр игъэзащIэурэ адыгэхэм я трагедиер бжыгъэкIэ къэзыгъэлъэгъуэжа Адольф Берже зэритхымкIэ, «хэкум иIэпхъукIа» адыгэхэм я бжыгъэр мин 470-рэ мэхъу. Берже зеумысыж ар жыхуаIэ бжыгъэхэм я нэхъ цIыкIу дыдэу зэрыщытымкIэ. Тыркум щагъэIэпхъуэми цIыху

куэд дыдэ яхэщIащ адыгэхэм. Новороссийск и Iэшэлъашэм деж щыIэ адыгэ кхъэхалъэм и закъуэ щIэлъщ цIыху мин 20-м щIигъу. Абы ещхьыркъэпст хэку зэтракъутам щыщу кхъухь къызэкIуалIэ щIыпIэ псори. Хуабэ узри къыхыхьэжауэ, цIыхур лъэрыщIыкI зэтрищIэрт. Зауэм пкъыхэ ищIа мухьэжырхэр сыт хуэдэ узми илIыкIт. Ауэ псом нэхърэ нэхъыбэ зыхьар щIыIэмрэ мэжэщIэлIагъэмрэт. ИужькIэ апхуэдэ адыгэ кхъэхалъэхэр къыщцыунэхуауэ щытащ Трабзон, Самсун, Синопэ, Варнэ къалэхэм я Iэшэлъашэхэми, Анэдолэм и нэгъуэщI къалэ кхъухь здекIуалIэхэми, Уэсмэн империем хыхьэ нэгъуэщI европей къэралхэми.

* * *

Адыгэхэм ящыщу хэкум къинахэр апхуэдэ зэфIэкI зиIахэмрэ хамэщI мыкIуэным щхьэкIэ къуршым ихьэжу зи насып къикIахэмрэ я закъуэщ. Генеральнэ штабым щыщ полковник П. Дукмасовым и отчетым зэрыхэтымкIэ, 1865 гъэм ирихьэлIэу Кубань областым адыгэу къинар зэрыхъужыр 51.000-рэт. Ар и процентитхуи хъуркъым 1830 гъэм кIахэ адыгэхэр зэрыхъуу щыта бжыгъэм.

* * *

Кавказ зауэр Урысейм, урыс лъэпкъым я дежкIи нэгъэсауэ трагедие ину, цIыху къызэрыгуэкI дэтхэнэри гурэ псэкIэ зыщымэхъашэ гуауэшхуэу щытащ.

Дзэхэм ягъуэт хэщIыныгъэ инхэр тынш дыдэу щIэзыхъумэ генералхэм фейдэ хэкIыпIэ ин яхуэхъурт а зауэр. ЦIыхур хьэм пэзымыщI, залымыгъэм есэжа властым дежкIи пщылIыпIэм итурэ къэхъуа сэлэтхэр зауаем зэрыхэкIуадэр къафIэIуэхуртэкъым.

АтIэми, Кавказ зауэм хэта лъэныкъуэхэр зэбгъапщэмэ, куэдкIэ, куэд дыдэкIэ нэхъ хэщIыныгъэ ягъуэтащ адыгэхэм. Натхъуэдж, Iубых лъэпкъхэм ящыщ зы цIыхуи къимынэу хэкум ирахуащ. Шапсыгъхэм ящыщу Кавказым къинар къуажэ зыбжанэщ. Абазэхэхэм ящыщ зы къуажэ фIэкIа хэкум исыжкъым.

А гуауэшхуэр зи нэкIэ зылъэгъуа гуэрым мыпхуэдэу итхыжауэ щытащ: «Апхуэдиз зи инагъ гуауэ дунейм къыщцыщыхъу щыIэми, зэзэмызэххэщ къызэрыщыхъур».

* * *

Адыгэхэр залымыгъэкIэ я хэкум ирагъэкIыу щытащ 1865–1866 гъэхэми. Дэфтэрхэр щыхьэт тохъуэ XIX лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм Сочи, Вардан щIыпIэхэм зыщызыгъэпщкIуа Iубых закъуэтIакъуэхэри я хэкужьым ирахуу Тыркум зэрагъэIэпхъуам.

1866 гъэм пащтыхь правительствэм унафэ къещтэ тенджыз ФIыцIэ округым цIыхухэр игъэтIысхьэным теухуауэ. Унафэм зэрыжиIэмкIэ, адыгэхэр зрахуа щIыналъэм кърагъэтIысхьэнут лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэр, Урысейм щыщу Европэм хыхьэ Iыхьэм кърашахэр. Зэхэдз щымыIэу къэIэпхъуэну хуит ящIт Урысейм и щIыпIэ пхыдзахэм щыщхэр, щIы мащIэ зиIэхэр е зимыIэххэхэр. КъэIэпхъуэну хуитт хамэ къэралхэм щыщ цIыхухэр. Псалъэм папщIэ, ермэлыхэмрэ алыджхэмрэ (грекхэмрэ). Унафэм нэхъ ткIиягъэ дыдэу хэлъыр зыт: къэIэпхъуэну хуитыр чыристэнхэм я закъуэт.

* * *

Хэкур зэрафIэкIуэдами, дунейм зэрытрапхъами, хьэзаб куэд дыдэ зэрагъэунэхуами гу кIуэд-псэ кIуэд хуэщIакъым адыгэхэр. Я щхьэ зыми хуамыгъэлъахъшэу, зыхэсхэм пщIэ зыхурагъэщIыфу, яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэту щхьэж и натIэ къритха къэралыгъуэм ноби щопсэу ахэр. Щопсэу я хэкужь зэрагъуэтыжыным, дапщэщи хуэдэу, щIэхъуэпсхэу, а хъуэпсэгъуэр къару хэкIыпIэу яIэу.

Адыгэхэр пщIэшхуэ къыхуащIу щопсэу Тыркуми, Сириеми, Иорданми, Израилми. Куэдрэ къэхъуащ, а щыпсэу къэралыгъуэхэр гугъупIэ щиувэ зэманхэм деж, адыгэхэм лIыгъэкIэ, IущыгъэкIэ, икIэм-икIэжым – псэкIэ граждан нэгъэсам и щапхъэу зыкъыщагъэлъагъуэ. Псалъэм папщIэ, 1918 гъэм Антантэм и дзэхэм Тыркуей къэралыгъуэр ирамыгъэубыдын мурадкIэ япэу зыкъэзыIэтахэр адыгэхэращ. АдыгэлI нэс Черкес Эдхемщ абы щыгъуэ зыкъэзыIэта адыгэхэмрэ тыркухэмрэ пашэ яхуэхъуауэ щытар. Сириемрэ Иорданымрэ я цIыхухэм колониализмэм и бийуэ зыкъыщаIэтами, къуэш пэжым хуэдэу хьэрыпхэм ябгъурытащ адыгэхэр. Иордан Хашимит къэралыгъуэм нобэ и щыхьэр Амман къежьапIэ хуэхъуар 1868 гъэм адыгэ мухьэжырхэм яухуауэ щыта къуажэрщ. Хашимитхэм я пащтыхьыгъуэм нобэр къыздэсым щIэгъэкъуэн пэжу яIэщ адыгэхэр.

* * *

Тыркухэмрэ хьэрыпхэмрэ хэхауэ пщIэшхуэ къыхуащI адыгэхэм. Абы и щыхьэт наIуэщ 1998 гъэм Иорданым я пащтыхьыкъуэ Алий Къэбэрдеймрэ Адыгеймрэ къеблэгъауэ зэрыщытар.

Ар къулыкъушхуэ е фIэлIыкIышхуэ зиIэ цIыхухэм я еблэгъэкIэм зыкIи ещхьтэкъым. Культурэ и лъэныкъуэкIэ, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу илъытэу къриххьэжьауэ щытащ ар Алий, езы пащтыхьыкъуэ дыдэм. XIX лIэщIыгъуэм адыгэлIыр зэрызэфIэлъам ещхьхэрэ адыгэшхэм тесу, апхуэдэ дыдэу хуэпа пащтыхьыкъуэ Алий я пашэрэ и ныбжьэгъу адыгэхэр и ужь иту Иорданри, Сириери, Тыркури къызэпаупщIри, къытхуеблэгъауэ щытащ а шууей гуп дахэр. Апхуэдэ гъуэгуанэ кIыхь абыхэм къыщIызэпачар ди лъэпкъым и хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэм псоми гу лърагъэтэну арат: адыгэхэр я хэку ягъуэтыжыным зэрыщыгугъыр икIи зэрыщIэхъуэпсыр.

* * *

Дэ псоми ди гугъэжщ Кавказым теухуауэ куэд дыдэ тщIэуэ. ТхьэхужыIэу жыпIэнумэ, зыкъоми дощIэ. Ауэ гъащIэм кIуэ пэтми нэхъ нэрылъагъу тщещI гъадэщIыдэм къыщежьэ ди тхыдэм и лъащIэм, Атлантидэ жыхуаIэм ещхьу, къызэIухын хуей щэху куэд зиIэ зы хэку дахащэ зэрыщыхуарзэр. Ар инщ, гъэщIэгъуэн Iэджэуи зэхэлъщ, нэхъ къызэрацIыхури мы фIэщыгъэцIэмкIэщ: Шэрджэсей (Черкесие). ...Сыти жыIэ, мащIэ дыдэщ дэ абы теухуауэ иджыркIэ тщIэр. Жэуап зыгъуэтахэм нэхърэ, узыщIэупщIэн хуей Iуэхугъуэхэр куэдкIэ и нэхъыбэщ... Псалъэшхуэ мыхъунумэ, «Атлантидэ ЕтIуанэ» фIэпщ хъунут абы. Ар, а «Атлантидэ ЕтIуанэр», къызэрызэIуах къэхутэныгъэ куэд щыIэщ икIи къыщагъэсэбэп нобэ КъуэкIыпIэ къэралхэм... ЩыIэщ куэдкIэ нэхъ тпэгъунэгъу, ауэ нэсу къэдмыгъэсэбэп нэгъуэщI хэкIыпIэхэри. Ахэр – урыс тхыдэтххэм, Кавказ зауэжьым хэта урыс генералхэм, офицерхэм, тхакIуэхэм, интеллектуалхэм я къэхутэныгъэхэрщ, мемуархэрщ, романхэрщ, повестхэрщ, къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэрщ. БгъэщIагъуэ къудей

мыхъуу, укъэзыгъэуIэбжьын куэди къахэкIыным шэч хэлъкъым абыхэм, ауэ шыIэныгъэ тхэлъу Урысейм илъ тхыгъэхэр щIэтпщытыкIрэ къэхутэныгъэ нэс етщIэкIыфамэ, а ди хэку дахащэм и щэхуу куэд, куэд дыдэ сэтей къытхуэщIыну къыщIэкIынут. Нэхъ наIуэ къэхъунт адыгэ лъэпкъым ди трагедие нэхъ ин дыдэм и къежьапIэр. Абы дезышэлIа щхьэусыгъуэхэр. Кавказ зауэжьым и удынхэм я инагъыр. А удынхэр ноби зэрымыгъуэщар. Къызэрешынауэр.

* * *

Я адэжь щIыналъэ тесыжу ноби Урысейм щопсэу адыгэхэр, ныбжьэгъугъэр яку дэлъу урыс лъэпкъым догъуэгурыкIуэ. XX лIэщIыгъуэм я нэгу щIэкIа насыпыншагъэ куэдым гурэ псэкIэ нэхъри гъунэгъу зэхуищIащ ахэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Адыгей Республикэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ – республикэ дэтхэнэми иIэн хуей хуитыныгъэхэр яIэу ахэр хэтщ Урысей къэралыгъуэшхуэм. Урысейм хыхьэ дэтхэнэ лъэпкъми хуэдэу, адыгэхэм яIэ статусым къарет, нэфI-ней лъэпкъ хэмылъу, я бзэм, я культурэм, я псэукIэм Урысей къэралыгъуэм зыщрагъэужьыну.

* * *

1998 гъэм Урысейм и президентымрэ и правительствэмрэ я унафэкIэ Адэ хэкужьым къашэжауэ щытащ Косовэ щыпсэу адыгэ хэхэсхэм ящыщ куэд. А Iуэхугъуэр Кавказым къихъукIа ди лъэпкъ дахэр къэщIэрэщIэжыным и нэщэнэфI дыдэу къэплъытэ хъунущ.

А лъагъуэр къежьапIэ хуэхъуну Тхьэм жиIэ ди лъэпкъэгъу мелуанхэр къытхуэзышэжыну гъуэгу бгъуфIэм!

# Гуимыхужтамахуэхэр

### *Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс 400 зэрырикъуам теухуауэ 1957 гъэм Москва щата концертышхуэм хэтам и гукъэкIыжхэр*



ГъукIэлI Исуф. 1957 гъэ.

Дуней псом щыцIэрыIуэ «СССР-м и къэрал театрышхуэм» и сценэм дыкъиувэу уэрэд щыжытIэну къыщыджаIам, ар куэдым ди фIэщ хъуакъым. Хъуа нэужьи тхуэIуэтэщIакъым. Абы щIэсынут сурэту фIэкIа зэи дымылъэгъуауэ КПСС-м и ЦК-м и нэхъыщхьэхэр, езы Хрущев Никитэ Сергеевич дыдэр я пашэу. Ар ди дежкIэ пщIэшхуэт икIи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхути, еш, щхьэх жыхуаIэр дымыщIэу зыдгъэхьэзырт. МазищкIэ Долинск репетицэ щедгъэкIуэкIащ. Ди унафэщIыр СССР-м и цIыхубэ артист, композитор цIэрыIуэ Мурадели Ванот. Хорым цIыху миным нэс хэтт. Къафэмрэ уэрэдхэмкIэ ансамблым хэт артистхэри шыкIэпшынауэ цIэрыIуэ Щауэжь Елмырзи, и къуищри ди гъусэт. КъэфакIуэ гупым я унафэщIт Гальпериныр. Балетмейстер Дашу Хьэшыр игъэува къафэхэр псом хуэмыдэу Iэзэу ягъэзащIэрт Къумыкъу Шамхъалрэ Уэрдокъуэ Мухьэмэдрэ.

Ди ежьэгъуэр къэблэгъарэ махуибгъу фIэкIа къэмынэжауэ унафэ ящIащ лъапэкIэ уву къэмыфэфхэр къэфакIуэхэм хагъэкIыжыну. Ди къэфакIуэхэм, зи ныбжьыр фIыуэ хэкIуэта Уэрдокъуэ Мухьэмэди я гъусэу, махуиплIым зрагъэсащ лъапэкIэ щыту къафэу.

Дожьэ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ цIыху телъыджэ куэд ди гъусэт. Дэтхэнэм и гугъу пщIыжын, ауэ псоми къахэлыдыкIырт пшынауэ, шыкIэпшынауэ Iэзэ Щауэжь Елмырзэ, лIыжь жьакIэху нэхутхьэхур.

СССР-м и къэрал Театрышхуэм и Iупхъуэ къэралым и дамыгъэ лъапIэр гъэщIэрэщIауэ къызыхэлыдыкIыр хуэмурэ зэлъыIукIуэтри, адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа ди лIыкIуэхэр дыкъыкъуэщащ. Театрышхуэм и симфоническэ оркестр инри ди гъусэт. Хорым япэ итт пшынауэ Щхьэщыщ Эммэ, абы и ужь итт Щауэжь Елмырзэ, мыдэкIэ дэ...

Псори дыпIейтеят, кIуэаракъэ, дыкIэзызырт. Ауэ залым щIэсхэр, дыкъызэралъагъуу къэтэджхэри, ину Iэгу еуэу щIадзащ. А Iэгуауэм игъэхъей къыпфIэщIырт уардэунэшхуэр. Дэ абы псэ къытхилъхьэжащ икIи ди лъэр жан ищIащ. Зэи тщыгъупщэнкъым абы щыгъуэ дэ пщIэуэ къытхуащIамрэ цIыхугъэу, IэфIагъыу, гуапагъэу къыткIэлъызэрахьамрэ. Гуимыхужт а махуэхэр.

**ГЪУКIЭЛIИсуф**

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд

# *Лъакъуэ**

## *Художественно-документальнэ повесть*

* * *



КIытIэ къысхуиIуэтэж и зауэ хъыбархэм сфIэфIу, зыгуэрхэр стхы мыхъумэ, зэпызмыуду седаIуэрт. Ар абы зыкIэ и гум хыхьауэ, зэкIэлъигъэпIащIэу, зэми къэгубжьыжу жиIэжырти, зэпыудыпIи къуитынутэкъым...

Сэ зауэр слъэгъуащ, ауэ сыхэтакъым. КIытIэ и хъыбар мы стхыжым зауэм и хабзэхэм темыхуэ е къемызэгъ гуэрхэр хэтынкIэ хъумэ, къысхуэвгъэгъу. Апхуэдэу щIыжысIэм и щхьэусыгъуэри сыбзыщIынкъым: мыхэр къыщызжаIэжым, «сыщыуэу пIэрэ?», «апхуэдэу пIэрэт?», «илъэс куэд дэкIащи, фIыуэ сымыщIэжынкIэ мэхъу» жиIэурэ, КIытIэ мызэ-мытIэу хэгупсысыхьащ.

– Пщэдджыжь нэмэзым уи щхьэр соудэгу, Мухьэмэд, – жиIэри КIытIэ и нэр къыстриубыдащ, – мыр щIыпхуэсIуэтэжыр, уэ утхакIуэщ, иджыри къэс псэкIэ къыздесхьэкIауэ ахърэтым бампIэу зыдэзмыхьыну аращ. Ялыхь, узгъэпцIащ, Мухьэмэд, мы уэ уэзгъэза дзыхьыр нобэм къэс цIыхум хуэсIуэтам. А сышынэу танкым сыкъызэрырихужьар, тезыр зытелъ батальоным сызэрыхэтар си зауэ тхылъым итащ, зы щIыпIи къинагъэнущи си напэр мэс. ОрденитIрэ медалитхукIэ щIэсхъумэжащ а емыкIур, си лъакъуэри хэслъхьащ, итIани си Iуэху зытета псор ящIэркъыми, утыку срашэу щытхъупсыр къыщызагъэжэхкIэ соукIытэ, зэIущIэхэм сахуэкIуэркъым.

– КIытIэ, сыт а жыпIэр! Уэ улIыхъужьщ, апхуэдэ дамыгъэ зиIэхэр куэд хъуркъым. Зы лъэбакъуэкIэ ущыуамэ, минкIэ бгъэзэкIуэжащ.

– Сыщыуакъым, Мухьэмэд, сышынащ. А зэ закъуэращ сызэрышынари. «Сэ сышынэркъым» жызыIэм зауэр зищIысыр ищIэркъым. Моуэ, уэ пхуэдэу, зыгуэр схуэтхыу, Алыхьым и IэмыркIэ, сэ стхыжащэрэт а си Iуэхур къызэрекIуэкIар. А пхуэсIуэтэжар Тхьэр зэбга си гъащIэм и зы теплъэгъуэ тIэкIущ, Мухьэмэд. Зауэм хэтауэ зи щхьэм щытхъужым нэхъ си жагъуэ, Ялыхь, узгъэпцIащ, щыIэм. Сэ а напэтехыр срихьэжьэу нобэ къысщыщIауэ Тхьэм къыщIимыгъэкI. Сэ бжесIэжыну си Iупэр щIэпIэжьажьэр си лъакъуэм и Iуэхурт.

– Арат, КIытIэ, сэри, зыгуэр стхыжын хъумэ, нэхъ къысщхьэпэнур, – щыжесIэм, ар и гуапэ зэрыхъуар и нэгум ислъагъуэри, аргуэру сыкIэлъылъэIуащ.

* КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ номерым итщ.

Зэманыр гъэмахуэ шылэ пэтми, жэщыр щIыIэтыIэу щытми, дыгъэр Къэнжал лъэгу хуиту къыдэпса иужьщ дуней дахащэм зыщызэкъуихар. Пхъэбгъу унэм нэхърэ бжэIупэ удзыпцIэр псэм нэхъ фIэфIти, КIытIэ, и щIакIуэр иубгъури, и зауэ хъыбарым пищащ:

– Зауэм къыщымыхъу щыIэкъым, ар зи нэгу щIэмыкIам и фIэщ пхуэмыщIынкIэ хъунущ. Арати, сержант нэхъыжьыр тфIэкIуэдри, Федя сэрэ тхьэмыщкIафэ къыттеуауэ зауэ IэнатIэ Iэджэм дыкъыщыщIидзащ. Абы зыри тыншу хэткъым, псори зэхуэдэу псэзэпылъхьэпIэщ. Дауи, псоми я зэхуэдэ къалэн нэхъыщхьэр зыщ: бийм текIуауэ хэкур хуит къэщIыжынырщ. Ауэ абы бгъурыту дэтхэнэ зыми езым и къалэн щхьэхуэ иIэжщ – уи гъащIэр хыумылъхьэу зауэм псэууэ къыхэкIын. Дэтхэнэ зыми езым и псэр ехъумэж. Аращ хабзэкIэ узэджэ мыхъун хабзэ ткIийхэри зауэм къыщIыщрагъажьэр. УкъикIуэтмэ, ууейм уиукIыжын, фадэ урагъафэу зауэм уIуагъэхьэн жыхуэпIэр адэкIэ кIуапIэ зимыIэж Iэмалыншагъэм къыхэкIащ, армыхъумэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи къемызэгъщ. Е гъэру щыта къомыр зэрагъэпудар хъурэ?! Гъэр зумыщIу зыбукIыжын хуейт. Хэт ар зылъэкIынури, сыт хуэдэ хабзэ цIыхум и псэр и IэкIэ хихыжыну хуэзыгъэувыфынури? Егъэлеяр куэду щыIащ, ауэ ситу мыхъуами нэхъыщхьэр бийм текIуэнырти, къыдэхъулIащ. А быркъуэшыркъуэ къэзбжа къомыр сэ си Iуэху еплъыкIэ къудейуэ аращ, Мухьэмэд. Зымыдэни Iэджэщ.

* * *

Ауэрэ сэри сержант къысфIащри, сызэрыгуащIэм нэхърэ нэхъ гуащIэж сыхъуауэ, «За Родину! За Сталина!» жысIэу сыкIийрт. Нэхущым щIадзэу сыхьэтитI нэблагъэкIэ топкIэ ирауещэбыхьа къалэ цIыкIу гуэрым лъэсыдзэр дыздебгъэрыкIуэм, дызыпэмыплъа автоматчик гуп лъэщ къытпэтIысауэ къыщIэкIащ. Ди фочыр япэлъэщыртэкъым, ди топхэр тпэIэщIэт, танк ди гъусэтэкъым, гранаткIэ уалъэIэсынутэкъым. Губгъуэ нэкIу хуэегъэзыхыгъуэм «УракIэ!» дыщхьэщылъэдащи, автоматкIэ дыкъыщIагъэлъэлъ. Абдеж си лъакъуэ лъэныкъуэр къагъэщащэри, мэш пхырым хуэдэу сыукIуриящ. Федя сыкъипхъуэтауэ, командирыр кIэрахъуэ къиха иIыгъыу «Вперед!» жиIэу къэсащ. Апхуэдэм деж уIэгъи укIыгъи я Iуэху зэрахуэжыркъым, псори къэгъэнауэ къыппэува бийм текIуэн хуейщ. Федя тхьэмыщкIэр стекIуэдэж пэтащ. Сытми, зэ сщхьэщыкIри мыгувэу къигъэзэжащ. Си лъакъуэ пылэлыр зэрыхъукIэ пипхыкIщ лъы сщIэмыкIынуи, срилъэфэжьащ, ди ужь ит санитаркэхэм ящыщ гуэрым сыIэщIилъхьэри, езым игъэзэжащ, си сержант къалэнри езым и пщэ дилъхьэжащ.

Лъыуэ къысщIэнам нэхърэ нэхъыбэ сщIэкIауэ, Надя зи цIэ санитаркэм уIэгъэщым сынигъэсащ. Япэу къызэплъа дохутырым, мыбы и лъакъуэр пымыхауэ хъунукъым, ар нэхъ иужькIэщ, жери лъэныкъуэкIэ срагъэкIуэтэкIащ, ауэ зэуапIэм сыкъыIузыха Надя и гущIэгъур сэ нэхъ къыслъыса хъуащи, збгъэдэкIыркъым. Си лъакъуэм зыкъомрэ къепэщэща нэужь, къызоIущащэ: «Пумыгъэх, яхуэгъэхъужыну къысфIощI…»

Хэт хуейт и лъакъуэ пахыну? Сэ абы нэхърэ ажалыр нэхъ къэсщтэнут. Сызэрынэсыжу къэсшэну къызэжьэу, письмо зэхуэттхыу хъыджэбз сиIэт. Лъакъуэ лъэныкъуэкIэ упкIэу дауэт абы узэрыхуэкIуэжынур. «ПщIыхьэпIэ фейцейхэм сыхэкIыркъым, уи щхьэм хуэсакъ…» – жиIэу иужьрей письмохэм ящыщ гуэрым къызэрыритхар сигу къэкIыжащ…

Иджыри къэс фашистхэм сезэуамэ, иджы дохутырхэм сезэуэн хуей хъуащ, си лъакъуэр пезмыгъэупщIыну. Дохутырхэм я щэхухэр зыщIэ Надя къыщIэлъадэрти къызэIущащэрт: «Арэзы умыхъу…» Езы дохутырхэм

тырхэр гъуэрыгъуэурэ къыщIыхьэурэ къызэпсалъэрт: «Зы лъакъуэкIэ упсэум нэхъыфIщ, лъакъуитI упыту улIэ нэхърэ. Зауэм укъызэрелам ущыгуфIыкIыным и пIэкIэ, иджы уэр-уэру зыбоукIыж. Хэт хуейт уэ лъакъуэ лъэныкъуэу уиутIыпщыжыну, нэгъуэщI Iэмал диIэу щытамэ...»

Апхуэдэ псалъэ Iэджэ Iэджэм къызжаIэрт, ауэ сэ сызыIыгъ гупсысэм сиутIыпщыртэкъым: лъакъуэ лъэныкъуэу сыкъанэрэ сылIэрэ нэхъыфIым хэдэныр сыухыртэкъым. Дохутырхэм дежкIи си лъакъуэм зрамыгъэлIалIэу пахрэ ежьэжмэ нэхъ тыншу къысфIэщIати, къызэлъэIуу, къызэдэхащIэу къызэрызэпсалъэр къызгурымыIуэу сыкъэгубжьырт: «Сэ илъэс тIощI сыхъуа къудейщ. Фыз къэсшэн хуейщ. Сэ хъыджэбз дахэ къыспоплъэ. Хэт лъакъуэ лъэныкъуэ фIэкI зыпымыт мыкъуэдыкъуэ хуейр? СрелIэ! СрелIэ! СрелIэ! А фашистым и автоматым и пэр тIэкIу нэхъ къиIэтамэ, псори зэфIэкIри фэри сэри дытыншыжат...»

Апхуэдэ псалъэмакъхэр нэхъыбэу зэриухыр нэпскIэт. Зыри щымыхъужым деж Надя къызаутIыпщырт. А зырат сэ дзыхь зыхуэсщIыр. Ар ящIэрт дохутырхэми, ауэ ягу къэкIыртэкъым «арэзы умыхъу, Iэмал щимыIэжым деж, сэ бжесIэнщ...» – къызэрызжиIэр.

УIэгъэщым си лъакъуэм фIэкIа Iуэху ямыIэжым хуэдэу тхьэмахуэ екIуэкIащ. ИтIанэ дохутыр псоми я нэхъыщхьэ ермэлы лIы къамылыфэр си деж ныщIыхьащ. Си гъусэу пэшым щIэлъхэм ящIэупщIэри, сэ къызбгъэдэтIысхьащ. ТIэкIурэ си нэгур зэпиплъыхьщ, мащIэу къысхущIэгуфIыкIри жиIащ:

– СлIо, си кавказэгъур хуабжьу укъэшынауэ жаIэри пэж? Хьэмэрэ пцIы къыптралъхьэрэ?

– Хьэуэ, сышынакъым. Ауэ си лъакъуэр къэзгъанэу сыкIуэжыну сыхуейкъым.

– Къыумыгъанэ уи лъакъуэр – здэхьыж. Ауэ япэ щIыкIэ уи псэр къедгъэгъэл. Зауэм укъелауэ уи IэкIэ зумыукIыж.

АдэкIэ ермэлымрэ сэрэ ди псалъэр къызэрекIуэкIа псор къысхуэгубзыгъыжыркъым. Ауэ «къыумыгъанэ – здэхьыж уи лъакъуэр», и фIэщу жиIэрти, ди муслъымэн диным зыгуэркIэ пыщIауэ къыщыхъуауэ пIэрэ жызоIэ. Сэри, си щхьэ ундэрэбжьам ар зэритIысхьар сщIэркъым, си лъакъуэр пахрэ здэсхьыжмэ, пыту сыкIуэжам хуэдэу къысфIэщIыжырт...

Арати, си лъакъуэр пахыну сыарэзыуэ Iэ трызагъадзэри, мы сызэрыплъагъум хуэдэу сащIащ. Абы щыгъуэ сыщIалэщIэт, иджы лIыжь сыхъуащ. Ауэ нобэми сщIэркъым пезгъэхын хуеями, пезмыгъэхамэ, хъужыну щытами.

КIытIэ и гур къызэфIэзэрыхьри, мыпсэлъэжыфу и нэпсыр къыщIэукIуриикIащ. Макъыншэу и кIуэцIым игъыхьыжырт... ТIури дызэмыплъу икIи дызэмыпсалъэу тэлай дэкIа нэужь, абы жиIащ:

– Апхуэдэ лIыгъэншагъи къыскъуокI сэ лIыжьым, Мухьэмэд, емыкIу сыкъыумыщI. ЦIыхухъу нэпсыр нэхъ шыугъэщ. Жьы сыхъуху сызытета мы дунеижьым, абы сыщIытетари къызгурымыIуауэ сылIэжынущи, аращ згъейр...

Апхуэдэу иригъажьэри, зэи сымылъэгъуа а пщэдджыжь дахащэм зыкIи емыкIу щытыкIэм иуващ, зыхуейри, жиIэнури имыщIэж пфIэщIу, хужымыIэ гуэрхэри зэригъэпщкIур белджылыуэ, а цIыху гушыIэрей нэщхъыфIэм емыщхьыжу, и нэ нащхъуитI зежэм гъэпщкIуа гуэр къалъыхъуэжрэ ямыгъуэт хуэдэу, зэкIэлъигъэпIащIэу псалъэрт ар. Зым хэкIмэ, зым хыхьэрти, кърыгъажьэр и кIэм нигъэсыртэкъым. КъызгурымыIуэ гуэрхэмкIэ сеупщIынуми, псэлъапIэ къызитыртэкъым. Си жьэр зэрызэтесхыу, и Iэр къысхуищIурэ, «уи псалъэр фIыкIэ уIыгъ, Мухьэмэд» жиIэрти, езым кърыгъэжьари щыгъупщэжырт.

КIытIэ жиIа псоми, жимыIэфами сэ къыхэсхыжар мыращ: зауэм къытрилъхьа хьэзабыр псэкIэ зыгъэву псэу цIыхут ар. Си лъакъуэр хэслъхьами, си псэр къыхэсхыжащ, жиIэу и гур игъэтIылъу псэуфыртэкъым. И Iуэху зыхэлъри зыхэмылъри зэригъэзахуэу, зыри щымыгъупщэу, зыхуиIуэтэнури щIыхуиIуэтэнури имыщIэу кърихьэкIырт абы щIым здыщIихьэну хуэмей Iэджэ. Иджы сэ сыкърихьэлIауэ арати, и дзыхь къызигъэзат. Сы-Шолохов фIэщIым ещхьт.

* * *

КIытIэ жиIэ пэтми хуэмыухыр уIэгъэщым щыщIэлъам псэ хьэзабу телъарт. И лъакъуэр пахын хуейуэ къыжраIэхукIэ, ар зэгупсысар къуажэм къигъэнауэ къыпэплъэ и къэшэнырт: фIыуэ зэрылъагъурт, нэгъуэщIи хуейтэкъым. Ауэ лъакъуэ лъэныкъуэу хуэкIуэжмэ, дауэ хъуну? КIытIэ игъэвхэр ар зэуапIэм къыIузыха медсестра Надя хуиIуатэрт, гущIэгъу къыхуиIэт, и гур фIы къыхуищIырти. Уи лъакъуэр пымыту укIуэжмэ, абы щхьэкIэ къыбдэмыкIуэжыну хъыджэбзым ухуеиххэкъым, къыжриIэрт.

Зауэм щыгъуэ, уи лъакъуэ е уи Iэ пахын хуей хъумэ, дохутырхэр къолъэIунуи, апхуэдизрэ къолIэлIэнуи къыщIэкIынтэкъым, ауэ Надя и хьэтырт дохутырхэр тэмакъкIыхь къыщIыхуэхъуар. И лъакъуэр паха нэужьщ КIытIэ и хъыджэбзым письмо къыщыхуитхар. Надя ечэнджэщати, абыи тригъэгушхуат, пэжыр ищIэмэ нэхъыфIщ, жери. Махуэри, сыхьэтри, дакъикъэри ибжу пэплъэрт ар жэуапым. Ауэ зыри щыIэтэкъым. ПIалъэр фIэкIа нэужь, ар мыжеижу къыхэнащ. Нади, зыми щымыукIытэжу, и гур иIыгъыу къэнат, мор фIэгуэныхь хъууэрэ.

КIытIэ и письмор зыхуитха хъыджэбзыр колхоз губгъуэм жэщхэсу щылажьэрти, унэм яIэрыхьащ. И шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIум зэтричри и анэм къыхуеджащ. Унагъуэри Iыхьлы гъунэгъухэри зэхэлъэдэжащ. Зым зы, адрейм нэгъуэщI жиIащ, ауэ къэзылъхуа и анэр «уи гъащIэ псокIэ лIы Iэрызехьэ уиIэ нэхърэ, лIыншэу упсэумэ нэхъыфIщ, ар абы дэкIуэмэ, мо Бахъсэныжь зыхэздзэжынщ...» – жиIэу тхьэ щытриIухьыжым, зыри пэувыфакъым, хъыджэбзым письмори ирагъэтхыжакъым. Iуэхур зытетыр КIытIэхэ я дежи нэсащ. Зи гур сыт щыгъуи кърисыкIыр анэракъэ? ЛIыкIуи имыщIу, КIытIэ и анэр и щхьэкIэ хъыджэбзым хуэзащ. «Тхьэ, КIытIэ фIыуи солъагъум, зауэм и фэбжьри дагъуэ хуэзмыщIынут, ауэ си анэм сыфIэкI хъунукъым...» – къыщыжриIэм, ар зыкIи хуэмыгъэкъуаншэу, тридзэри хъыджэбзым и анэм хуэкIуащ: «УIэгъэщым щIэлъ тхьэмыщкIэм и гур хуивмыкъутыхьу письмо тIэкIу хуевгъэтхыж. Зэ къэкIуэжмэ, Алыхьым жыхуиIам хуэдэу хъунщ. ДэмыкIуэми, залымыгъэ ирахынкъым. ГущIэгъу тIэкIу къытхуэфщI...» Абыи хуэгъэдзыхакъым хъыджэбзым и анэр: «Хьэуэ. Си пхъур узыншэщ, лIы ныкъуэдыкъуэ Iэрызехьэ схуетынукъым. НэгъуэщI жэуап щыIэнукъым. Фи щIалэр гугъэн-дыгъэн фымыщIу Iуэхур зытетыр хуэфтх». АнитIыр зэбгъэдэкIыжащ, зым и нэпсыр къыщIэжрэ и гур кърисыкIыу, адрейми зыкIи зимыгъэкъуаншэрэ и гур нэхъри игъэбыдэу.

КIытIэ и анэм и нэпсыр зэпилъэщIыхьыжщ, зауэм хэтауэ къэзыгъэзэжа, и къуэр школым щезыгъэджа, лIы Iущу псоми къалъытэ егъэджакIуэ Шэрхъ Къэралбий и деж кIуэри езыр зыхуейм хуэдэу письмо губзыгъэ – ущие иригъэтхыжащ. Абы кIэлъыкIуэу КIытIэ къыIэрыхьащ и Iыхьлыхэми я письмо Iэджэ. Ауэ а псоми КIытIэ и бампIэр ягъэтIысакъым, Надя и псалъэхэм хуэдэу. «Аращ псори зэрыхъур. Сэ иджы зыри къысхуеижкъым. Зы хъыджэбзи къыздэкIуэнукъым», – жызыIэ КIытIэ и пащхьэм иувэри Надя къыпыгуфIыкIащ: «ПцIыщ жыпIэр,

сержант! Уэ хэти къыбдэкIуэнущ. Сышэ, сэ сыбдокIуэ. ИгъащIэкIи узгъэпэжынщ, IэплIэкIи укъесхьэкIынщ...»

Сержантымрэ абы и псэр къэзыхъума медсестрамрэ ягу къызэхуэкIауэ щэхуу яхъумэ, зэхуаIуэтэну дзыхь зытрамыщIэ гухэлъыр апхуэдэу Надя къыжьэдэхуа нэужь, ар КIытIэ и уIэгъэ фэбжьми, и псэм телъ уIэгъэми нэхъ хущхъуэфI дыдэ хуэхъуащ.

Лъагъуныгъэм дэщIыгъуу гузэвэгъуэми зэгъунэгъу ищIа ныбжьыщIитIым я Iуэхур зэрыуIэгъэщу даIэтащ. КIытIэ и уIэгъэри кIыжащ. Япэ щIыкIэ щIакъуэ башым зригъэсащ, итIанэ пхъэ лъакъуэм теувэри абы нэхъ езэгъащ, щIакъуэу хыумыщIыкIыщэуи къꙋрикIухьыф хъуащ. Гугъуехьу телъар IэщIыб хъужауэ, КIытIэ езым и псалъэхэр зыщIэлъ дзапэ уэрэд цIыкIури Iурылъ хъуат:

*Надя, Надя, си Надеждэ,*
*Сэ си гъащIэм и гугъапIэу*
*ФIыуэ слъагъуу сэ си нагъуэ...*

* * *

Ауэрэ зауэри увыIащ. ТекIуэныгъэр щагъэлъапIэ махуэхэм къыхиубыдэу, уIэгъэщым къазэрыщахуегъэзэгъым хуэдэу, КIытIэрэ Надярэ я хьэгъуэлIыгъуэри ирагъэкIуэкIащ. Кавказым игъащIэкIэ щыпсэуну къэкIуэну арэзы хъуа Надя и лъэIукIэ а тIур япэ щIыкIэ абыхэ я деж кIуащ. Украинэм щыщ къуажэт абы и адэ-анэри и Iыхьлыхэри щыпсэури, гуапэу ирагъэблагъэри тхьэмахуэкIэ щыхьэщIащ. Я деж щыкIуэжым Надя гузавэрт лIы ныкъуэдыкъуэм дэкIуауэ Кавказ жыжьэр, ямыцIыху адыгэ хэкур псэупIэ зэрищIынур къыхуамыдэнкIэ. Ауэ къэхъуар гъэщIэгъуэнщ. Надя и адэр зауэм хэкIуэдат, и адэшхуэ лIыжьыр иджыри лъэрызехьэу псэут. Ар япэ дунейпсо зауэм хэтат, лIыгъэ зэрихьахэм папщIэ Георгиевскэ жорым и дамыгъиплIым щыщу щыр къихьат. Хэку зауэшхуэр къыщежьам щыгъуи дзэм хыхьэну лъэIуат, ауэ улIыжьщ жари ящтакъым. ИтIанэ и Георгиевскэ жорищыр зыхилъхьэри партым и райкомым и япэ секретарым деж кIуащ: «Сэ япэ дунейпсо зауэм сыхэтащ, Урысейм фIыуэ сыхуэзэуати мы схэлъ жорищыр пащтыхьым къызитащ. Иджы Сталиным сыхуэзэуэнущ...» А зэманым, зыхэплъхьэн дэнэ къэна, узэриIэр ящIэмэ узытекIуэдэнкIэ хъуну пащтыхь дамыгъэр Iахынути, яритакъым, къайгъэ хадзэну хуежьати, Хэкум зэрыхуэпэжыр хьэкъ ящищIащ, къыфIагъэкIмэ, езы Сталин дыдэм хуэтхьэусыхэну яжриIэри игъэбэяуащ. Нэмыцэр я щIыпIэм къыщысым партизану ежьэжа къулыкъуэщIэхэм тIасхъэщIэхыу къуажэм къыданащ. Нэмыцэм я къуажэр яубыда нэужь, бургомистру ягъэувыну щыхуежьэм, партизанхэм хъыбар яригъэщIащ. Аращ дэ дызыхуей дыдэр, жари хуит къащIри партизанхэм я унафэкIэ лэжьащ. Iуэху щхьэпэ куэди зэфIигъэкIащ. Бийр дахужа нэужь, ордени къратри пщIэр яIэтащ, цIэ лейуэ Великий Дед къыфIащауэ утыкухэм ирашэ хъуащ. Иджы абы иригушхуэу зыхилъхьэрт Япэ дунейпсо зауэм къыщихьа Георгиевскэ жорищри. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм къыщихьа Вагъуэ Плъыжь орденри, абыхэм къахуеплъэкIыурэ и пащIагъуэ инитIыр гъуэрыгъуэурэ иIуантIэрт...

КIытIэ къызэриIуэтэжымкIэ, и щыкъу адэшхуэм зыбгъэдишэщ, IэплIэ къыхуищIри къыжриIащ: «АтIэ, черкес, сеуэу мы си пхъур къыптесхыжын?! Фи Кавказ мыцIыхум дауэ мыр зэрозгъэшэнур?!.. Хьэуэ, къыптесхыжынукъым. Фи Кавказ ябгэри соцIыху сэ. Герман зауэжьым хэта фи кавказ дивизэм, зэрыпхъашэм, зэрылъэщым, шынэ жыхуаIэр зэрамыщIэм щхьэкIэ «Дикэ дивизэ» зыфIащам, хэта шэрджэсхэм сахуэ-

защ сэ, зауэми дыздыIутащ, я лIыгъэри слъэгъуащ. Иджы батэр зыгъэш Броз Титэ урысхэм гъэр щащIам щыгъуэ и тхыр къыхузэпызыудар фи адыгэ шууейхэрщ. Фронт псом щыцIэрыIуэт абыхэм я лIыгъэр, я цIыхугъэр. Фылъэпкъ узыншэщ адыгэхэр. Уэ абыхэм укъыщалъхуакIэ, укъызощтэ малъхъэу. ФыщIалэщ, фи насып къэкIуэгъуэщ, фIыуэ фызэрылъагъу, сипхъу цIыкIуми и жагъуэ умыщI. Шэ Кавказым, черкес шыр цIыкIухэри къыпхурелъху... Мы наган кIэрахъуэри сызыхэта зауэхэм я фэеплъу иджыри къэс зызохьэри, уэ си фэеплъу адэкIэ зехьэ», жиIэри къызитащ...

Зеикъуэ къагъэзэжа нэужь, КIытIи хуэдэу, абы и нысащIэри унагъуэми, лъэпкъми, къуажэми ягъэлъэпIащ икIи яхэзэгъащ. «Надяр «Налжан» ящIауэ аращ псори къызэреджэр. Ауэ сэ зауэм зэрыщысцIыху Надяр схъуэжакъым» – жи КIытIэ.

Къэнжал лъэгу дыщыдэса а пщэдджыжь гуимыхужым КIытIэ къызжиIэжахэм къыхэсхыу мы къэсIуэтэжахэм дэщIызгъуни сиIэщ, си нэгу щIэкIауэ.

Зауэр иухыу абы къелахэм къагъэзэжа нэужь, абыхэм я щIыхькIэ къуажэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэшхуэм дыхэтауэ щытащ сэри, си классэгъу, си ныбжьэгъу гупи. Егъуанэ классым щIэс щIалэжь цIыкIухэм апхуэдэ щIыхьи къытлъысыртэкъым, ауэ ар зи жэрдэмыр а зэманым колхоз комсомол организацэм и секретару лэжьа, жьыщхьэ махуэ хъуауэ иджы Зеикъуэ щыпсэу лIы губзыгъэ ХьэфIыцIэ Мусэбийт. Сщыгъупщакъым абы щыгъуэ къыджиIауэ щытари: «Дэ ди пIэм къиувэн хуейр фэращ». Ауэ щыхъукIи, езыр дэ нэхърэ зэрынэхъыжьыр илъэс зыхыблт.

КIытIэ и украин нысащIэр адыгэ нысэгъуитхумрэ пщыкъуэ нэхъыжьхэмрэ яхыхьати, ядекIуащ, яхэзэгъащ, я хабзэр къищтащ, лъэпкъыбзэр зригъэщIащ, уеблэмэ муслъымэн динми еувэлIащ.

Иджы, апхуэдиз илъэс дэкIауэ, лIыжьу къысфIэщIу щытахэми сафIэкIыжауэ, мыр здэстхыжым, сигу къокIыж си сабий щхьэ куцIым иубыдауэ щыта теплъэгъуэ тIэкIуи, къикI щымыIэми, мыбы хэзмытхэу сыблэкIыфыркъым. Сабий гукъэкIыжыр шкIащIэм лъагъэс шэтIэугъэблым изогъэщхь.

Щи-и... Зауэм и пэкIэ, сэ илъэс зыбгъупщIым ситу, сэ нэхърэ илъэс зытIущкIэ нэхъыжь Фенэ цIыкIу (ар си адэм и шыпхъу нэхъыжьым ипхъут) сригъусэу, сэ лэкъум матэшхуэрэ хьэлыуэ пхъуантэ цIыкIурэ, Фенэ шумэданышхуэрэ абы яхудэмыхуа щхьэнтэ бырыбрэ ди Iэ зырызымкIэ тIыгъыу Зеикъуэ уэрамышхуэмкIэ дыдокIуей. ЩIымахуэщ, уэсыр хуэфIу телъщ. ДыздэкIуэр КIытIэхэ я дежщ. ДыщIэкIуэр си анэшхуэм и дэлъхум ипхъу КIытIэ и къуэш нэхъыжь Хъанджэрий ишати, Iыхьэхьыж цIыкIу къалэн дгъэзащIэу арат.

Сытми, гъуэгушхуэм фытекIыу уэрам цIыкIум фыщытехьэкIэ егъэзыхыгъуэщ, цIэнтхъуэрыгъуэ хъуамэ, фыхуэсакъ, зывмыгъэджалэ жаIати, абдеж дыдэм сыщыджалэщ (зезгъэцIэнтхъуэхыу арат), лэкъум матэр къищэщри хьэлыуэ пхъуантэ цIыкIури бгъурыщэщэжащ. Уэсыр кIэрызгъэщэщыжурэ лэкъумыр матэм, хьэлыуэр пхъуантэ цIыкIум изогъэзэгъэж. БухъарскIэ пыIэ дахэхэр тегъэсауэ щIалитI къехыу къытхуозэри, «Ей, щIалэ цIыкIу, – жи зым, – а фи лэкъумхэри хьэлыуэри къэфщыпыжу зевмыгъэлIалIэу, аркъэ пэлыщтоф зы-тIу бгъэдэвгъэувэжи фи гъуэгу хэвгъэщI. Модэ ди я ужь иту щIалэжьитI къохри абы зыгуэр иращIэнщ...» Мо щIалэ дахитIым жаIар си фIэщ хъури, Фенэ сыкIэрыхъыжьат, аркъэр нэхъ ихъумэнщ жари дзыхь зыхуащIар арати, къеIысхыу бгъэдэзгъэувэну, ауэ ар, сэр нэхърэ нэхъыжьти, нэхъ губзыгъэуи къыщIэкIри къысхуидакъым икIи икIутахэр зэщIэткъуэжри, дыздежьам дыкIуащ. Ари си гум къинэжащ: тхъупсыр къыщIэжу кхъуейжьапхъэ

дагъэшхщ, сом зырыз къыдатри дыгуфIэу дыкъаутIыпщыжащ. Ауэ балигъ дыхъуа нэужь, Фенэ зэрыжиIэжамкIэ, сщыгъупщэжа гуэри щыIэщ. ДыкъыщыкIуэжым сэ абы щэ сезауэурэ згъэгъауэ Лалэ мыгъуэм (ар Iыхьэхьыж дызыгъэкIуа ди анэшхуэм и анэт) и псэмкIэ щиIуэжырт, сэ сызэрезэуауэ сщIэжыр тIэут. АбыкIэ дызэгурымыIуэурэ аргуэру сезауэри щэ иризгъэкъуащ икIи и нэпситIыр къежэхыу згъэгъащ, а гъэ дыдэм лIы дэкIуэри и нэчыхьытхым кIуахэми сахэтащ.

АтIэ иджы, си гукъэкIыж жыжьэ тIэкIур щызухакIэ, нэхъ гукъэкIыж гъунэгъум пысщэжынщ.

* * *

Апхуэдэурэ КIытIэ и хъыбарым сригъэдаIуэурэ, дызытес щIакIуэр пщэдджыжь дыгъэм къыщигъэхуабэм, уэлэхьи, си кIэтIийри къэпIэжьэжьам, уэри узгъэмэжэлIам, накIуэ иджы зи хъыбар уезгъэукIа Надя зыгуэр тхуигъэхьэзырамэ, пщэдджыжьышхэ тщIынщ, жиIэри тыкуэным дыкъэкIуэжащ. Дыгъуэпшыхь тхуэмыуха губгъуэ бжэн кIуэцIым щыщу шыуаным къинар тхуигъэхуэбэжри къалмыкъ шей гурыхь гъусэ къыхуищIыжауэ Надя къытпэплъэрти, Iэнэр щIыб удзыпцIэм деж щыдгъэувауэ дотхъэж. КIытIэ и псалъэр зэпыуами, жиIэн и гъунэжти, зэ зы щIыпIэкIэ, зэ нэгъуэщIыпIэкIэ псалъащхьэр къыщыфIигъанэрт. Сэри, иджыри зэхэзмыха гъэщIэгъуэн гуэрым сыпэплъэм хуэдэу, жиIэхэм сфIэфIу седаIуэрт.

И пэри и кIэри сымыщIэу, щхьэусыгъуи сымылъагъуу, къыхеIури къызоупщI:

– Уа, Мухьэмэд, а фи къуажэкIэмкIэ Мамышэ-хьэжы жари лIыжь угъурлы дэсащ, ефэндыуи лажьэу. ПцIыхуу щытауэ пIэрэ?

– Ауэ сытми мыхъуу, фIы дыдэу сцIыхурт, нэхъыфIыжу слъагъурт сэ, КIытIэ, Мамышэ-хьэжыр.

– АтIэ, ауэ щыхъуакIэ, жыIэ уэ зэрыпцIыхур, итIанэ сэ бжесIэнщ и цIэ къыщIисIуар.

– Содэ, ауэ сэ жысIэнышхуэ щыIэкъым. Ди адэр зауэм щыдашым, ди анэшхуэр елъэIури шэтемыгъахуэ дыуэ хуригъэтхати, щыдэкIыну махуэм сэ сигъакIуэри къэсхьыжат. Моуэ слъагъу хуэдэу сощIэж, дыуэр итхауэ стIолым телът, плIимэ цIыкIуу зэкIуэцIилъхьэщ, тхылъымпIэ къабзэ кIапэ кърищэкIыжри, Мэржан (ар ди анэрат) ети шэхудэ кърйдэкIыну жеIэ, мыр дыуэ къызэрыгуэкIкъым, щыздыуэщ, щызтхылъщ, нэхъыфI дыдэм хуэдэщи, Алыхьым къэрэгъул бжыхь хуищIи узыншэу къыфхуихьыж... Ди адэм дыуэр здихьри икIи къыздихьыжащ, щыгъа шынелым шэ къытехуэри езыр къелащ. Ди анэр 1952 гъэм щIалэ дыдэу зэуэзэпсэу лIауэ щытащ, ефэндыуэ щIэзылъхьэжари Мамышэхьэжырщ. Иужь дыдэу щIилъхьэжари ди анэращ.

– Уэлэхьи, Мухьэмэд, атIэ ар уэ уигу имыхужыну.

– Пэжщ. Ар сигу изымыгъэху нэгъуэщI гуэри щыIэщ. Шурдым Хьэсэнбий пцIыху хъунт уэ, КIытIэ.

– СлIо щIэзмыцIыхур, ди куэщIым къихъукIащ. Азрэт и къуэракъэ жыхуэпIэр? Ар фи Налшычым нэкIуэжауэ дэскъэ иджы?

– Пэжщ, дэсщ. АтIэ, Хьэсэнбий ныбжьэгъум яхэзгъэфIыкIыу солъагъу сэ. Зауэ нэужьым ди къуажэ школми дыщызэдеджащ, Налшык интернатри къыздэдухауэ щытащ. Сыт щыгъуи гуапэу дызэхущытщ. Сэ Хьэсэнбий и цIэ дыдэр жызмыIэжу, абы лъандэрэ сызэреджэр Мамышэщ. Къызытесхари Мамышэ-хьэжырщ. Абы ди анэри ди анэшхуэри зэреджэр Мамышэт. Ахэр Мамышэ-хьэжым хуабжьу щытхъурт, цIыхуфIщ, цIыху пэжщ, – жари, фIыуэ ялъагъурт. ХьэсэнбийтзэныбжьэгъухэмнэхъцIыхуфI дыдэу къытхэтри, убегъымбарщ, Мамышэ-хьэжым хуэдэу уцIыхуфIщ,

жысIэурэ «Мамышэм» къытенащ. АбыкIэ еджэри си закъуэщ. А зэзгъэщхь Мамышэ-хьэжыр зейр Нэхущхэти, Алыхьым зэхуишэри, Хьэсэнбий щхьэгъусэ хуэхъуари Нэхущхэ япхъущ.

– Уэлэхьи, пэжым, Жыхьфар ипхъу цIыкIу Люсэщ. Ар райпо-сытхэм бухгалтер хуэдэу щылэжьащ.

– АтIэ, а Хьэсэнбий апхуэдизкIэ цIыхуфIти, ищIэрат. ХьэтIохъущокъуэхэ я унэжьу щытауэ школ ящIыжарат дыщеджэри, ди классым зы хьэкужь цIыкIу щIэтт, бжэр зэрыIупхыу ужьэхэуэу. Мо щIалэтанэ зи делэгъуэ-гурбияныгъуэхэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, дыжьэхэуэми къыджьэхэуэми, ткъутэрт пэшхьэкур. И къуапэрт гуэудри, Хьэсэнбий езым и IэкIэ зэтрилъхьэжырти, къыддеджэ хъыджэбз цIыкIуитIым елъэIуурэ яригъэижырт... ИтIанэ, Налшык интернатым дыщыщIэсам Хьэсэнбий ищIэрат, зэныбжьэгъу гуп къалэм дыкъыщыкIуэ-дыщыкIуэжхэм деж мо гъуэгу бгъузэ цIыкIухэм дызэбгъурыту дытехуэртэкъыми, дызэблыпкъауэурэ дызэрытедзырт. Хьэсэнбий тхэкIырти лъэбакъуэ зыщыплIкIэ дяпэ иту, и гупэр ди дежкIэ къэгъэзауэ щIыбагъкIэ икIуэтурэ кIуэрт, къыдэпсэлъэни къимыгъанэу. Уеблэмэ, ар апхуэдизкIэ абы есати, гъуэгур щытхурикъум дежи апхуэдэу ищIырт.

– Уэлэхьи, бегъымбар дыдэм-тIэ а уи Хьэсэнбийр, Мухьэмэд. АтIэ, ар зэбгъэщхьу а цIэр щIыфэпща Мамышэ-хьэжыр сигу къыщIэкIыжари бжесIэнщи, зауэм сыкъыщикIыжам, заул дигъэкIри, накIуэри сыкъилъэгъуауэ, къызэхъуэхъуауэ щытащ. Гуимыхуж къызжиIати, си гум къыщIэкIыжари аращ. «Уи лъакъуэм щхьэкIэ уи щхьэм мыгъуагъэ хуумыхьыж. Уи къэралыр пхъумэжу къыплъыса фэбжьщ. Урыс фыз щIыгъуу къэкIуэжащ жаIэми, уемыдаIуэ, Алыхьым уи насып хилъхьащи хъарзынэщ, муслъымэн щIыи псапэшхуэщ. Уэри диным пэIэщIэ зумыщI, фэбжь птелъыр абы пщигъэпсынщIэнщ. Нэмэз пщIыуэ зебгъэсамэ, арат ущыунэпар...» Абы щыгъуэ хьэжым сыт жесIэнт, ауэ сигукIэ згъэщIэгъуащ «ефэнды сищIыну ара мыбы?» жысIэри. Пэжт абы къызжиIар, жызоIэж иджы. ЛIыжь сыхъуащ. Мы тыкуэныжь цIыкIум тIэкIу сыщоуфэразэ, армыхъу слъэкIыж щыIэкъым. Мыпхуэдиз фадэри езмыкIыхыу, диным сыпылъамэ, нэхъ псэ тыншыгъуэ згъуэтыну пIэрэт жызоIэ, емыкIу сыкъэпщIми.

– Сыт щхьэкIэ емыкIу усщIын, КIытIэ? Ди адэм къызжиIэу щытащ ардыдэр.

– ИтIанэ сызэгупсысыр пщIэрэ, Мухьэмэд? Сызэрылъакъуэ лъэныкъуэу сэ си гъащIэ псом щэкIуэным сыкъыпыкIакъым. А згъэна псэ къомым я гуэныхь стелъу пIэрэ, жызоIэ.

– Абы уемыгупсыс, КIытIэ, щэкIуэным гуэныхь пылъу диным жиIэу зэхэсхакъым.

– Уэлэхьи, ар пэж хъунмэ, ауэ итIани, пщIэркъэ, псэм узыхуэмей Iэджи зэрегъэзахуэ. ГъэщIэгъуэн бжесIэни, – КIытIэ и нэр къэцIури, хъупIэ гъунапкъэншэ дызэрысым адэ жыжьэу кIуэцIрыплъурэ пищащ. – Мы си лъакъуэ пымытыжыр нэмыцэ автоматым къыщигъэщэщам, си нэгум къыщIэувэжар телъыджэщ: зауэм и пэкIэ щакIуэ сыздашауэ, къахуэмыукIыу яIэщIэкIа кхъуэпIащэм шууэ къыпэзжыхьри зэ уэгъуэм и пхэ лъакъуитIри зэпызудауэ фIалъэмкIэ къэпщырт и дзэжьитIыр зэIуигъабзэу... Абы щыгъуэ къэсхьа щытхъур сэ си лъакъуэр къыщакъутам гуэныхьу къэслъытэжат. Плъагъурэ а гъащIэр.

ИтIанэ, Мухьэмэд, сыщIэзылъхьэжыну сызыщыгугъа си къуэш нэхъыжь закъуэ къысхуэнэжари а щэкIуэн мыгъуэм текIуэдэжащ, – игъащIэ псокIэ хуэмыухын гуауэшхуэу къилъытэр иджыри зэригъэйр КIытIэ и псэлъэкIэм щIэлът. Ауэ абы и хъыбар гуэр зэхэсхыгъами, къэхъуам сэ тэмэму сызэрыщымыгъуазэр къыщищIэм: «Уэлэхьи, сыкъелын си мыгугъа сэ абы, ауэ къыптрилъхьэр уигъэшэчынущ», – жиIэри къыщIидзауэ, и къуэш Къэралшу и кIуэдыкIар къысхуеIуэтэж:

– Зауэм и пэкIэ ди адэм и ныбжьэгъуу щыта сонэхэм дыкъагъуэтыжауэ, Тбилиси щыщ къулыкъущIэшхуэхэри ящIыгъуу бгым къыщхьэдэхырти ди мэзхэм щакIуэ къакIуэрт. Апхуэдэу зэгуэрым къакIуэри, мыдэкIи зы гуп гъусэ дахуэхъуауэ дгъэщакIуэрт. Iэщэ бэлыхь яIыгът, снайпер фоч нэгъуни хэту. Сэри, си пхъэ лъакъуэр щIэскъузэри, щIыпцIэм кIуэцIрымыжын хуэдэу хуэсщIа шырыкъу цIыкIур къылъыстIэгъауэ сахэтт, зэм сыпкIэу, зэм сылъэу. Къэралшут ди щакIуэ тхьэмадэр. Ар а Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэт, ауэ нахъапэIуэкIэ щакIуэ кIуауэ кхъуэпIащэ къыжьэхэлъадэщ, еуэнми, хунимыгъэсу къепэщIауэри хуабжьу къигъэшынат. Насып иIэти къылъэIэсакъым, ауэ, Тхьэм ещIэ зэрыхъуар, и фочыр плIэпсымкIэ кхъуэм и пщэм фIэхуэри ихьат. ЩэкIуэным игу щыкIауи жиIэрт, ауэ мо хьэщIэшхуэхэр къыщытхуэкIуэм, яхэмыхьэу хъуакъым. Си псэр зэрысхуэмыкIуэр жесIа пэтми, сэри сыздимышэу идакъым: «Уэлэхьи, шынэхъыщIэ, срощхьыркъэпсым, ауэ, сыт тщIэн, хьэщIэр хьэщIэщ, ди адэм и ныбжьэгъуу щытахэм защыдгъэпщкIужу и хьэдэ напэр дауэ тетхын, итIанэ дунейм дыщIытетыжыр сыт!» – жиIэри. Арати, Уэтэрыжь лъэныкъуэмкIэ къедза мэзыжьырт дыщыщакIуэри, гай къэзыщIынухэр хыхьащ, абы къыхаху кхъуэм еуэну гуприи дигъуэлъыкIащ. Къэралшу а къызэрышынэрэ сакъ хъуати, быдапIэ гуэр имыIэу пхуэтIысынутэкъым. Зы дзэл жыг къуаншэрыкI дыкъуакъуэжь къигъуэтри абы и къудамэ зэхуакум зыдиудыгъуащ, кхъуэм я нэхъ пIащэри къылъэмыIэсын хуэдэу. КхъуэпIащэ абрагъуэ къыхахури дызэрыхуэхъукIэ хьэщIи хэгъэреи деуащ, ауэ зыми тедмыгъэхуэфу тIэщIэкIащ. Дыкъызэхуэсыжри, Къэралшу слъагъуркъым. Сыкъэгузэвауэ зыздэсплъыхьым, ди ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ фоч къыщыуащ. Зыщитчым, куржы хьэщIэхэм ящыщ зы абыкIэ къикIыжу дыхуозэри, «лIыжьым зиукIыжащ» – жи, фIэмыIуэхущэу. Дынос фоч уэ макъыр къыздикIами, си къуэш насыпыншэр мыбэуэжу, лъыр къыкIуэцIыжу дзэл дыкъуакъуэжьым дэлъщ. Алыхь-Алыхь, а махуэм дауи сыкъела! Хьэдэр зэпэтплъыхьмэ, шэр и блэгущIэ сэмэгум къыщытехуэри и блэгъукIэ ижьымкIэ щыпхыкIат. «ЗиукIыжащ» псалъэм сыкъызэфIибзат, ауэ лъабжьэ хуэзгъуэтыртэкъым. Апхуэдэу узэуэжыфынутэкъым. Фочыпэр зытехуа блэгущIэм хуэбгъазэу кIакхъум улъэIэсынутэкъым. Адрейуэ, Къэралшу зыщIиукIыжын щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыIэтэкъым. Абы щыгъуэ си псэм хьэзабу телъар си бийми Тхьэм къытримылъхьэ. ЗиукIыжа лъэужьи, къэзыукIа лъэужьи щымыIэу, ауэ щыхъукIи си къуэшыр хьэдэу щылъу, и ажалыр къыздикIари умыщIэу… Зы зымыщIэми, псори ищIэ къыфIэщIыжауэ зыхуейр жеIэ, сэ си гущIэр мафIэм къресыкI. Куржы хьэщIэхэри хьэргъэшыргъэ зэрыгъэхъуауэ, дэ къыдгурымыIуэ бзэмкIэ иракъутэкI. ИтIанэ, зыри схуэмыхьыж хъури, си псэм сызэрыщымысхьыжыр си нэгум къищу, я пащхьэм сиуващ. Сэ жысIэнуми сынамыгъэсу, хьэщIэхэм я нэхъыжьыр къопсалъэ:

– Мыпсэуж фи адэ ди ныбжьэгъуфIу щытам и напэр къабзэщи, абы хуэфащэу дыкъыщIэвгъэкI. Фэ фи нэгу щIэкIащ псори. Дэнэ деж ди зы цIыху ди зэкъуэшыгъэм, ди зэныбжьэгъугъэм хуэмыфащэу къыщыщIэкIар? Пэжщ, ди зэхуакум хьэдэ дэлъщ, ар Iуэхушхуэщ. Абы и кIуэдыкIар тщIэн хуейщ. Дэ абы и ажалым ди зэран хэлъмэ, дыщIэпсэужын щыIэкъым икIи, Iэщэ тIыгъщ, ди псэр ди IэкIэ хэтхыжыну псори дыхьэзырщ. Шэч щIыным хей Iэджэ текIуэдащ. МыхъумыщIэ къремыхъу. Ди гъусэм «лIыжьым зиукIыжащ» зэрыжиIарщ шэч щIэфщIари, абы зыри къикIыркъым – къыфIэщIар жиIа къудейщ.

Сэ щхьэусыгъуэ белджылы сиIэтэкъым зыгуэр згъэкъуэншэну, ауэ си къуэш мыпсэужым и ажалым и щхьэусыгъуэри къысхуэгъуэтыртэкъыми, абы си псэм къытрилъхьэ бэлыхьыр игъащIэкIэ схуэгъэвыну-

къым. Ар ди куржы хьэщIэхэми фIыуэ къагурыIуэрт, си псэм игъэв хьэзабри зэхащIыкIырт. Си къуэшым и ажалым и щхьэусыгъуэр щытхузэхэмыгъэкIым, Iуэхур хабзэм бгъэдэтлъхьащ. Алыхьым и шыкурщ апхуэдэу зэрыхъуари. Судмедэкспертым гугъуехь гуэри хэмылъу пэжыр къихутащ. Къэралшу и блэгущIэ сэмэгумкIэ къыщытехуа шэр и гум кIуэцIрыкIри и блэгъукIэ ижьымкIэ къыщыхэкIыжауэ щыгъа кIагуэ дытам и Iэщхьэм хэлът бжьэхуцым хэнауэ. Ар кхъуэ зэреуэ бдзамцIэшэт, Къэралшу езым игъэхьэзырауэ иIыгъ адрей шэхэм ящыщт. Зыри къыщемыуакIэ, езыри щызэмыуэжакIэ, зэрыхъуари гугъущэ демыхьу наIуэ къащIащ.

Дзэл дыкъуакъуэжьым дэса Къэралшу, кхъуэр яIэщIэкIа нэужь, фочыпэр иIыгъыу фоч дакъэр зэщIигъакъуэурэ жыгым къыщехыжым, Тхьэм ещIэ ар зэрыхъуар, къуацэчыцэр кIакхъум фIэнэри фочыр уащ. Арат псори зэрыхъури, фIэкIыпIэ зимыIэ пэжыр наIуэ къэхъури, къайгъэ щыIакъым. ЛIар зыми къигъэхъужыфынутэкъыми, дгъеижри щIэтлъхьащ, жьэрыми хуагъэужащ. ЛIарщ тхьэмыщкIэр, Мухьэмэд, къэнар допсэу. Зыр лIэкIэ адрейм зилIэжыркъым. Армырамэ, дунейр къутэжынти. Аращи, мис допсэу, дошхэ-дофэ икIи зытхуэлIэжынукъым.

* * *

– АтIэ, сыт къэна, Мухьэмэд, бжезмыIэу? Iэджи къэнащ, сэ жысIэну сиIэр зэи схуэмыухыным хуэдизщ. Ауэ зыри пщызбзыщIакъым. Тобэ, зыгуэр къэнащи, ди щакIуэхэр къэмысыж щIыкIэ абыи щыгъуазэ узмыщIу хъунукъым. НакIуэ модэ, – жиIэри КIытIэ, тшхар дгъэтIысу дызыпэрыс Iэнэм сыкъыпэришауэ, я тыкуэныр зыщIэт унэм и шындэбзий дыгъафIэмкIэ срешэкI. – Плъагъурэ мор? – жери и Iэр унащхьэмкIэ еший. Солъагъу: кIэрнизым фIэдзауэ мэгъури упIауэ дзажэрэ куэрэ фIэлъщ. – Дыгъуасэ фэ псы хущхъуэм фыкIуэу фыкъэкIуэжыху, сэри мэз лъапэм шы хьэхукIэ сыкIуэри зы губгъуэ бжэн къэсщэкIуащ. Аращ дыгъуэпшыхь зи кIуэцIыр фэзгъэшхар. А хирургыжьыр губзыгъэщ икIи бзаджэщ – сыкъищIащ. Мор и дзажэмрэ и куэмрэ сшыуауэ згъэгъупцIу аращ. Уэ здозгъэхьыну. Адрейр иджыпсту уэрэ сэрэ доупщIатэ, догъавэри фи хьэщIэнышщ, фыщежьэжкIэ фшхыну. Сэ абы къамыукIыфыну бжэным сыпэплъэу сыщысыфынутэкъым.

КъызжиIа хъыбархэм нэхърэ мынэхъ мащIэу згъэщIэгъуащ КIытIэ сигъэлъагъухэр. Нэхъ щIыIэтыIэу бжэныфэм кIуэцIылъ бжэнылыр къыкIуэцIехри, сэри дэзубыдурэ зэригъэвэнум хуэдэу еупщIатэ.

Зы мащIэ дыдэкIэми, тIэкIу щхьэщытхъуу фэ зэресплъам сыхущIегъуэжауэ, КIытIэ лIыгъэ зиIэ зэрыадыгэлIыр иджы кIуэ пэтми нэхъыфIу къызгуроIуэ. Ар гушыIэшхуэ зыхэлъ, гупыр зыгъэгуп, жиIэни зиIэу жыIэкIи зыщIэ псэлъэгъу телъыджэщ, цIыху хьэлэл гу пцIанэщ. Хьэлэлагъри къэзгупсысу кIэрысцIэлъакъым КIытIэ. Дубленкэ лъапсейм и уасэр сIимыхыну къыспиубыдами, хуэздакъым. И нэм сыщIэплъэри фэрыщIыгъэкIэ зэрыжимыIэри си фIэщ хъуащ. Толи къызжиIащ КIытIэ и хьэлэлагъ-жумартагъым и щапхъэ. Илъэс зытIущ и пэкIэ мы Къэнжал хъупIэм икIыжри, къигъэхьэрычэта мэл тIэкIури ибжыжауэ, фIыуэ илъагъу я жэмыхьэт тхьэмадэ къыхуэкIуащ:

– ХьэщIэ лъапIэ къыстеуащи ныш яхуэзмыукIыу хъунукъым. И уасэри Iэрылъхьэу уэстынущ, хьэуэ жыпIэмэ, къыпхуэсщэхужынщ мынэхъыкIэу. СыкъыумыгъэщIэхъу.

– Къущхьэхъу ехъуауэ щынэ фIыцIэ хъарзынэ сиIэщ, кIапэфIи пыту. УкъикIрэ?

– Ауэ сытми сыкъикIрэ?! Зэ унэгъуэу сыбгъэунащ.

– АтӀэ, къысхуэпщэхужыни Ӏэрылъхьи сыхуейкъым. Си цӀэкӀэ уи хьэщӀэхэм яхуэукӀ. Уи хьэлэлщ.

– Тхьэразы къыпхухъу гупыж зэрыпщӀа къудеймкӀи, КӀытӀэ. Ауэ пщӀэншэу къыпӀысхынукъым.

– Сэ гупыж щысщӀакӀэ, сыт щӀысӀыумыхынур?

– Сэ игъащӀэм уэ зыгуэр пхуэсщӀа?

– Ӏэу-у! Си мызакъуэу, уэ зыгуэр зыхуумыщӀа ди жэмыхьэтми къуажэми дэскъым.

– Сыт апхуэдизу? – жиӀэри лӀы хэкӀуэтар плъыжь къэхъуауэ еплъыхащ.

– Апхуэдизуи? КъытхуэпщӀа жыхуаӀэр сыт нэгъуэщӀ. ИгъащӀэм уи псалъэ гуауэ цӀыхум зэхихауэ сщӀэркъым. Хьэблэм нэмыс дэлъмэ, ар зи фӀыщӀэм уащыщщ, къуажэм Ӏуэху дэлъмэ, упашэу укъокӀуэкӀ. Зауэм ухэтащ…

– Сэ зауэм узыншэу сыкъыхэкӀыжащ, уэ ныкъуэдыкъуэ ухэхъухьащ…

– КхъыӀэ, а къомыр кӀэрыдумыгъапхэ мы щынэжь цӀыкӀум. НакӀуи еплъ. Уигу иримыхьынуми пщӀэркъым.

– НакӀуэ…

– Мес мо чэпан кӀэкӀыхьым къыбгъэдэтыращ, хъунумэ къэдгъэубыд.

– Уэлэхьи, ублэплъыкӀ мыхъуну хьэщӀэнышмэ. ЖыӀэ и уасэр.

– БжесӀаи.

– Ар хъунукъым.

– АтӀэ, ар мыхъунумэ, мо Соблырхэ я мэлыхъуэм щынэ щэн гуп кърихухыжауэ си гугъэщи, плъэ.

– Тхьэ соӀуэ, абыхи сыкӀуам. Ауэ зы щынэ щхьэзэ къэнати, здакъым. Щхьэзэр дауэ хьэщӀэнышу яхутеслъхьэн, жысӀэри.

– Ар щхьэзэу ящӀэрэ?

– Ӏэу-у! Абы ямыщӀэ щхьэкӀэ, сэ сщӀэркъэ. Ар хъурэ? ЖыӀэ, КӀытӀэ, уи щынэм и уасэр?

– А уздэкӀуам ейхэр дапщэкӀэ ища?

– Тумэних-тумэниблкӀэ. Щхьэзэр тхукӀэ жиӀати, ауэ къызитами, сыхуейтэкъым.

– Уэлэхьи-тӀэ, си щынэр пщӀэншэу уэсту щумыдэкӀэ, сэ апхуэдэ уасэкӀэ уэзмыщэну.

– Тхьэ соӀуэ, сыт и уасэми содэм. ТумэнипщӀ ищхьэ жыпӀэн?

– Къащтэ-тӀэ, Ӏэмал щимыӀэкӀэ а пщӀыр, ауэ тумэнукъым – сомущ.

– Сыт, КӀытӀэ, ауан сыкъэпщӀу ара? Джэд уасэщ а жыхуэпӀэр.

– Мо щынэр Къущхьэхъум дыкъехыжыным тхьэмахуэ иӀэжу къэсщэхуащи, естар къызэтыжи зэфӀэкӀащ.

– Ар дапщэ?

– Ар тумэнщ. И шыплӀэм дэлъу щӀалэ ныӀулъадэщ тыкуэн бжэӀупэми, ахъшэ хьэзыр сиӀэкъым, мы щынэр сӀыхи аркъэ пэлыштофитӀ къызэт, – жери алыхь-билыхькӀэ къызэлъэӀуащ. СфӀэемыкӀу хъуащ, ауэ згъэщӀэхъунути гъынут, нэхъыбэ естынути – нэхъыбэ ирафынут. Арати, зэрыхъум хуэдэу сщӀащ. Щынэр аркъэ литркӀэ къэсщэхуащ. Абы и уасэр тумэнщ. Иджыри зэрыхъум хуэдэу сощӀри, тумэныр къызэти щынэр убыд. Ялыхь, узгъэпцӀащ, абы и лейуэ зы щай фӀыцӀэ къыпӀысхым, – щыжысӀэм, езыми зэрыхъум хуэдэу ищӀащ – тумэныр къызитщ, щынэр иубыдри, сэри и хьэщӀэхэм сабгъэдигъэсыну сригъэблэгъати, згъэщӀэхъуакъым. Хъунщ, Мухьэмэд, щынэ хъыбарым узэредгъэукӀар. Иджы накӀуэ, бжэнылыр дгъэвэнщ. А дгъэвэнум и хъыбарри бжесӀэнщ, ухуеймэ, – жи.

– Ауэ сытми сызэрыхуейр, – жызоIэ. КIытIэ сыдихьэхати, къыжьэдэкI псори сфIэдахэт.

* * *

– АтIэ-э, уэлэхьи, уэ сэ слъагъум иджыри си зы щэху жызбгъэIэнум, – жи КIытIэ, пыгуфIыкIыу, – ауэ япэ щIыкIэ мы лым зэ шыуаныр едгъэгъэгъуэти, мафIэ щIэдгъащIэ. Уэлэхьи, а уи ныбжьэгъу хирургыжьыр мэжалIэу къэкIуэжрэ и шхын мыхьэзырмэ, и джатэр къытхурихынмэ.

КIытIэ жиIэр дэсщIэурэ, псы щIыIэ зэрыт шыуаныр шыуан лъакъуэм тыдогъэувэри, лыр абы хыдолъхьэ, пхъэ къутар хьэзыру зэтелъти, мафIи щIыдощIыхьыж.

– Иджы, – жи КIытIэ, – мыр зэ къытедгъэкъуалъэмэ, къыщIэдгъэжыжынурэ, а бдзэжьеящэ фыщыкIуам къущхьэ щакIуэм къысхуихьа псынэпсыр щIэткIэнущи, етIуанэ Iуэху мыхъужу, мо хьэщпакъым деж щIы щIыIэм хэт канистр удзыфэр къэхь.

КIытIэ и жыIэр согъэзащIэ. «Иджыри си зы щэху...» жыхуиIам сыпIащIэу сыпоплъэ. Ауэ езым къигъэIэгъуа бжьыныщхьэ зытIущыр мыпIащIэурэ еукъэбзри зрегъэтIылъэкI, адрей-мыдрей щымыщ гуэрхэр кърigъэкIуэкI мыхъумэ, сызэжьэ и щэхур къыщIидзэркъым. Ауэрэ шыуаныр къокъуалъэ, лым къытридза тхъурымбэр техын Iуэхуи зэримыхуэу, псыр щIыдогъэжри, канистрым ит псынэпсыр щIыдокIэ, бжьыныщхьэ иукъэбза тIущыр, зэгуэгъэжи хэмыту, хедзэ. Щхьэр трепIэжри жеIэ:

– Иджы ар хуэмурэ иревэ, сэри мы бжэныр ди шыуаным къызэрихута щIыкIэм укъезгъэдэIуэнщ.

Сэ зызущэхуауэ КIытIэ и жьэм соплъ, езым фэ бгырыпхыбгъуэ зэблэдзакIэ къищIыкIа и шэнт лъахъшэ IэрыщIым нэхъ тыншу зрегъэзагъэ, и пхъэ лъакъуэр щIеукъуэдиикIри, мыдрей лажьэ зимыIэм «уэ зыр мыхъуамэ сыунэхъупати», – жриIэ пфIэщIу, телъэщIыхьурэ къыщIедзэ:

– Ей, Къэрмокъуэ и къуэ цIыкIу, мы си копытэр пытыжамэ, сыхуэмыху дыдэтэкъым сэ лIыжьыр иджыри, ауэ си лъашащхьи, дыгъуасэ фэ гупыр Iуащхьэмахуэ лъапэ псы хущхъуэм фыщыIэху мо шытхыжьым сыщхьэдэхри къэсщэкIуащ мы шыуаным хэлъ бжэныр.

КIытIэ и псалъэр телъыджэ къысщохъури, сымыгупсысэу делагъэ къызжьэдохy:

– Абы нэс пхъэ лъакъуэкIэ укIуэуи?!

– АIэ мыгъуэ, Мухьэмэд, апхуэдэ насып сиIэж сэ, – жеIэри, IэщIэлъ щIакъуэ башымкIэ и пхъэ лъакъуэм йоуэ, губжь гуэр зэрыхэлъыр иригъэщIа макъми къыбжиIэу. – Моуэ фэ фежьэри дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIауэ, а фыкъыщыкIуа махуэм ефакIуэ сишэну шы Iэдэж иIыгъыу къысхуэкIуа щIалэ гуэрыр къыIуолъадэ си тыкуэн бжэIупэм. Нэмыс къысхуащIу сагъэхьэщIэну сызэрашэр си гуапэ хъуным и пIэкIэ, си жагъуэ хъуащ. КъагъэкIуа щIалэщIэ цIыкIур сцIыхурт, фIыуэ слъагъурти, я Iуэху-я дэлъ зытеткIэ сыкIэщIэупщIыхьри... КъызэрыщIэкIымкIэ, я завфермэр къуажэм щыIауэ къыщыдэкIыжым (фэ фыкъыщысам япэ ит махуэрат ар) аркъэ ашыч къыздыдишауэ ириуд-къэтэджыжу еуэу арат. Ей бетэмал, йофэIуэ мы ди адыгэ тIэкIур. Дитхьэлэну мыгъуэщ мы ямыщIыжыныр къызыхуэкIуэн фадэм. Уэ узыхуимытыжу, ар езыр уэ къыпхуит хъуамэ, уунэхъуащ. Дапщэ игъэлIа ди ныкъуи къамыгъэщIауэ. Дэри дыбегъымбаркъым, ауэ дэ сыт, зауэм дыщрагъэсащ... Ялыхь, мы ди щIэблэ тIэкIум гущIэгъу къахуэщI... «АтIэ иджы аркъэ

ашычыр яухыху зэпагъэунукъым а насыпыншэ гупым…» – сигукӀэ жысӀэу сыздыхэплъэм, мыр си щхьэм къилъэдащ. КъэкӀуа щӀалэри тӀэкӀу къэжанати, гугъущэ сыдемыхьу къытезгъэхьэри, щакӀуэ есшэжьащ. Зы фоч гъэпщкӀуа сиӀэщ сэ, Мухьэмэд, цӀыху тезмыгъаплъэу, куэдри къыкъуэзмыхыу. Дзыхь пхуэсщӀащи, ари уэзгъэлъагъунущ уэ.

Си шынэхъыжь Къэралшу мыгъуэр щыхэкӀуэдам щыгъуэ ди хьэщӀа куржы щакӀуэ гупым генерал гуэр яхэтащ, псоми ягъафӀэу. Зауэм щыгъуэ фронтым щыӀам нэхърэ нэхъыфӀыж жыпӀэну снайпер фоч бэлыхь иӀыгът абы. Сытми, мо гуауэшхуэр къыттехъуауэ дыщызэбгъэдэкӀыжым, сигу икъутыхьар тӀэкӀу нэхъыфӀ къысхуищӀыжын хьисэп иӀэу арагъэнт, фочыр къысхуигъэнат. Гуауэм и фэеплъми, хыфӀэбдзэжынт? Лъэныкъуэ езгъэзри, илъэс зытӀущи къуэгъэнапӀэ къуэлъащ, дунейм къытезмыгъаплъэу. Генералым къуитами, тхылъ ущимыӀэкӀэ, зепхьэну ущыхуимыткӀэ, бгъэпӀий хъурэт? Ауэрэ екӀуэкӀыурэ, сытегушхуэри къызыкъуэсхауэ зэзэмызэ щэхуу срощакӀуэ. АтӀэ, мыбы къыздэсхьауэ щыӀэт ари, щӀакӀуэ къуагъ сщӀыщ, адрей си фоч зэгуэтыжьыр пӀийуэ си плӀэм фӀэздзэри шытхыжьым дыщхьэдэхащ. Абы фэху лъапэ гуэрым деж псынэ нэпцӀ къыпхивырт куэдым ямыцӀыхуу. Бгыщхьэрыт къурш ажэ ябгэхэм хуэмыдэу, лъэгурыхьу бжэн лъхуэн-пӀэнхэр а псынэм псафэ къекӀуалӀэрт. Шыр щӀалэм естщ, снайпер фочыр къэзгъэхьэзырри, мэзым сыхэтурэ фэхум секӀуэлӀащ. Бжэн дэнэ къэна, бзум техуэнут си фочыр. Си насыпым къихьщ, Алыхьым къысхуишэри, бжэн гуп псафэ къэкӀуащ. Мухьэмэд, ар уи фӀэщ мыхъункӀэ хъунщ, ауэ Ялыхь, узгъэпцӀащ, укӀыпӀэм срашами, сэ уэ пцӀы пхуэзупсмэ. Сахэуэ мыхъуу, сахэуэщ, мыр нэхъ къэукӀыпхъэщ жыхуэсӀэм сехъуапсэри и пӀэм къизгъэкӀакъым.

Дауи, уэри уощӀэ, ар хабзэм имыдэ Ӏуэхущ. Щэху дыдэу фӀэкӀаи и гугъу пщӀы хъунукъым. Ауэ а хабзэр зыгъэувхэм езыхэм щакъутэжкӀэ, вертолеткӀэ кърахуэкӀыурэ щызэтраукӀэкӀэ, сэри хуитыныгъэ гуэр сиӀэщ. Сакъыхэжыжынкъым жызоӀэри, зэзэмызэ мыпхуэдэу снайпер фочыр къызыкъуэзох. А ди хирургыжьым шэч гуэрхэр ещӀ, ауэ си лъэужь жыжьэуи гъунэгъууи тезгъэхьэркъым. Дзыхь хуэзмыщӀуи аракъым, ауэ къищӀэмэ, пфӀрихьэжьэнущ. Абыи сыфӀэкӀынщи, уи анэшхуэмкӀэ уи анэш Токъумакъхэ я Мыхьэмэт хахуэми ищӀэркъым си снайпер фочым и хъыбар. Ар мыбыхэм щыщакӀуэми щыбдзэжьеящэми куэдрэ щызокӀуэ и закъуэуи, гъусэ иӀэуи. Езыри хуабжьу Ӏумахуэщ, губгъуэлӀщ, хьэлэлщ икӀи бзаджэщ. Бзаджэщ щӀыжысӀэри бжесӀэнщ, Мухьэмэд, ухуеймэ.

– Уэлэхьи, сыхуейм-тӀэ си анэшыр щӀэбубыр сщӀэну.

– Хьэуэ, сыубынкӀэ зы Ӏэмал иӀэкъым. Зы хьэблэм дыкъыдэхъуауэ игъащӀэм дызэнэзэпсэщ. АтӀэ, бзаджэщ щӀыжысӀэращ. Мыхьэмэт нэхъапэӀуэкӀэ мы Къущхьэхъу губгъуэхэр, мэзхэр и ӀэмыщӀэ илъу, ихъумэу щытащ. Абы щыгъуэ мо Ташбрун щыпсэу, комбинатым инженеру щылажьэ зылъэкӀ гуэр бгым мотоциклкӀэ къыщхьэдэхырти, жэщхэсу мыбыхэм щызеуэрт. ЩэкӀуэнкӀи, бдзэжьей ещэнкӀи Ӏэзэт, лъэкӀи къигъанэртэкъым. КъапэщӀэхуэурэ зэрэ-тӀэури жраӀат а ищӀэхэр зэрымыхъунур, ауэ зыри къридзэртэкъым, етэпауэ зыхуейр ищӀэрт. Абы и хъыбарыр Мыхьэмэтым деж нэсати, и лъэужьыр къигъуэтрэ, и щхьэм темыплъэу зыкъомрэ екӀуэкӀащ. Ауэрэ, и зекӀуапӀэхэр зригъащӀэри, мэзым щӀигъэна къуэ зэв гуэрым диубыдащ, и фочыр жыг къудамэм фӀэдзауэ, къуэлэныр гъунэжу къиубыдауэ аргуэру ещэу псы Ӏуфэм Ӏуту. КъемыдаӀуэу фочымкӀэ зыщидзым, Ӏэрыубыд ищӀщ, япэ иригъэувэри зримыгъэплъэкӀыу кърихухащ. Хабзэм ӀэщӀилъхьэри, хуэфащэ тезыр тралъхьащ. Сэри тӀэкӀу сызэрыкъуейщӀейр имыщӀапӀэ иӀэтэкъым Мыхьэмэт, ауэ си Ӏуэху къызэрихуакъым, си снайпер фочым и лъэужьи къытезгъэхьакъым. Фочым и Ӏуэхум щыгъуазэр арауэ къыщӀэкӀынщ а фочыр къызыхуэнэнури.

– СфIэфI хъыбар себгъэдэIуащи, тхьэразы къыпхухъу, КIытIэ. Ауэ къызжеIэт, апхуэдизу убзыщI уи щэхур сэ щхьэ дзыхь къысхуэпщIа?

– Iэу, ар дауэ упщIэкIэ? Сэ уэ псори дзыхь пхуэсщIащ.

– Пэжщ, къысхуэпщIащ, ауэ сыт къыщIысхуэпщIар?

– Дауэ, зиунагъуэрэ, зэрыпхуэзмыщIынур? Уэ утхакIуэщ, цIыхум къыбжимыIари и гум къыбох.

– СлIо, КIытIэ, сэ узмыIуэтэжын уфIэщIрэ?

– Сыт, Мухьэмэд, а жыпIэр? Уэ Мухьэжид урикъуэщ. Абы къуажэ псом дзыхь хуащI.

Си гуапэ хъуащ, ауэ зыри жысIакъым.

* * *

Лъахъшым фIэдза лыр къовэ, дэри дыкъовэри мафIэм дыпэрысщ. Дызыпэплъэхэм я къэсыжыгъуэ хъуащи, КIытIэ шытх лъапэ мэзыжьымкIэ еплъэкIрей хъуащ. ИтIанэ, пщэрыдзэу къыздрихьэкI и нэрыплъэжьыр зыIуидзэри губгъуэри мэзри ирищэкIащ, кърищэкIыжащи, и натIэр мащIэу пшынэку ищIауэ, мэшхыдэ:

– Догуэ иджы, ар Iуэху хъун! Шэджагъуашхэ фщIыуэ фежьэжыну хирургым щиIуэжащ. ЖыхуиIа шэджагъуэр къэсащ, езыр игъащIэкIэ къыхуэмыукIыну бжэным щогугъри мэзым щIэтщ. Слъагъу хуэдэщ а щым я дунейр: хирургым зы жиIэу, щакIуэм нэгъуэщI жиIэу, полковникым зыри жимыIэу тIум жаIэри игукIэ ауан ищIу.

– ЩакIуэ псоми хуэдэу, ахэми пцIы яупсрэ? – жызоIэ сэ, зыгуэр зэрыжысIэн хуейм нэхъ щхьэусыгъуэ симыIэу. КIытIэ занщIэу и бгъэр игъэкъыу и пкъыр хешри жыджэру къысподжэж:

– ЖиIэрелъ! Ялыхь, узгъэпцIащ, зэ щакIуэ е бдзэжьеящэ кIуэгъуэм а хирургым и закъуэ IэщIэкIыр мы Къэнжалышхуэ дэз мыхъум. Къуэщхьэ щакIуэм лъэмыкIа и щхьэ трилъхьэркъым, полковникым зыгуэр лъэкIами къыжьэдумышауэ жиIэнукъым.

– Уэлэхьи, КIытIэ, фIыуэ боцIыхум уэ ахэр, дауи.

– Езыхэм апхуэдэу зацIыхужым, Ялыхь, узгъэпцIаи. Полковникым, куэд жимыIэми, цIыху псэлъэгъуей зэкIуэцIылъ фIэпщ хъунукъым. Абырэ хирургымрэ гъусэ гуэрхэри яIэу нэгъабэ зы гуп къыдэкIат щэкIуэн, бдзэжьей ещэн, загъэпсэхун мурад яIэу, ауэ я машинапхэм аркъэ ашыч итти, абы зыуигъэгъэпсэхурэт? Мыхьэмэти кърихьэлIэщ аби, уей, ирихьэжьауэ зэхэст, стэчан макъ фIэкIа зэхыумыхыжу. Хирургыр полковникым ехъурджауэри: уи жьэм ущымысхьмэ, моуэ зыгуэр къыжьэдэгъэкI, – щыжриIэм: сэ си Iыхьэри уэ уэстащ, уэ къыбжьэдэкIым псори дрокъу, жиIэри иухащ.

Ауэрэ гупыр здэуэршэрым, Iэджэм я щхьэфэ иIэбэурэ, цIэ гуэр къраIуати (Толэ и жьэр скIэрыкIынщ, жиIагъэнщ), полковникым хуэм дыдэурэ къыжьэдэкIащ: «Уэлэхьи, военкоматым сыщыщыIам ар нысхуэкIуэри, и къуэр дамышу илъэскIэ къыхуэзгъэнауэ щытам». Хирургыр, абы пэплъа нэхъей, жьы дримыгъэхуу къыпэджэжащ: «Мэз лъапэм дишэу щынэ зэрыдигъэшхар жыпIэжыркъыми». «Зэхэзышар уэращи, ар уэ жыIэж». «ЖысIэжми, IыIы, жыпIэурэ, уэлэхьи, сэ нэхърэ нэхъыбэ пшхам». «Зэпумышэчамэ, умыщIэ умыIуатэт», укIытауэ плъыжь къэхъуащ полковникыр…

ИтIанэ, Мухьэмэд, сыту фIыуэ сигу къэкIыжа. А гупым щIагъуи яхуемыфэу зы щIалэ еджа Iэзэ гуэр яхэтащ, Хьэмид жари. И унэцIэр? И унэцIэр? Жьы сыхъуащи, си щхьэм иубыдыжыркъым. Езыр-езыру къищхьэрыуэжмэ, и унэцIэри бжесIэнщ. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр. Абы гъэщIэгъуэн Iэджэ жиIэрт. Гуп уэршэрыр Къэзэнокъуэ Жэбагъы и фэ-

еплъым, Зеикъуэ къуажапщэм щагъэувам, нэсащ. КъыщыдэкIуеим абдеж къэувыIэри сурэтым еплъахэт. – Ар сыту фIыуэ ягъэува ахъшэм щымысхьу? – жиIат зыми: – Ар Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Бгъэжьнокъуэ Хьэчим и жэрдэмщ, – пидзыжащ адрейм. ЗыщIар къахуэмыщIэж щыхъум, «БжэIумых Хьидщ», – жиIащ Хьэмид. Ауэрэ Гундэлэн къуажэкIэм деж щыт фэеплъым нэсри, ар апхуэдизу щIэнэщхъейри, зыщIари ямыщIэу зэдауэ щыхъум, Хьэмид гуэрыр къэпсалъэри Крымшамхалов Хьэмзэт зэриIэрыкIри, щIэнэщхъейр зауэлIым зэрифэеплъри зэрыарар къэжриIащ. Сытри къищIэрт, псори ищIэрт абы. Ауэрэ, сурэтыщIхэм хэкIри уэршэрыр тхакIуэхэм нэсащ. Нэхъ Iэзэр щыжаIэм – псори ЩоджэнцIыкIу Алий деж нэсри, ар хъыдан вакъэрэ упщIэ пыIэкIэ даша лэжьакIуэ батальоным зэрыхагъэхьар лъэпкъым зэринасыпыншагъэм, а зэманым тета къулыкъущIэхэм зэранапэншагъэм ирипсэлъахэщ. Нобэ псэу тхакIуэхэм яхэдэу, нэхъ Iэзэр КIыщокъуэ Алиму щыжаIэм, псори арэзы хъуащ. Сэри, Мухьэмэд, зыгуэрхэм седжат газетми, журналми, тхылъми, Алим и цIэмкIэ сызэрыарэзыр жысIащ. Хьэмид зыри жимыIэу хэплъэрт, дэри абы дыпэплъэу уэршэрыр зэпыуат. ИтIанэ, «жытIэр пэж?» жаIэу зыщыхуагъазэм, Хьэмидыр къэпсэлъащ: пэжщ икIи пэжкъым. «Хьэуэ, апхуэдэ къэхъуркъым, а псалъитIым язырщ хуитыныгъэ зиIэр», – жери къыхоуэ хирургыр. НэгъуэщI гуэрми иукъуэдияц КIыщокъуэм хуэбгъадэ хъун адыгэ тхакIуэ димыIэу.

Хьэмид и фIэщу псэлъэну мурад зэрищIам щыхьэт трищIэм хуэдэу, ней-нейуэ гупым яхэплъащ, итIанэ мащIэу закъыхиIэтыкI щIыкIэу ибг псыгъуэр ишэщIри, къэпсэлъащ:

– Япэрауэ, тхакIуитI зэгъэпщэн хуейкъым фIагъ-IеягъкIэ. ТхакIуэ Iей щыIэкъым. ТхакIуэмэ, ар Iейкъым, Iеймэ, ар тхакIуэкъым. КIыщокъуэр, шэч лъэпкъ хэмылъу, тхакIуэшхуэщ, абы бгъэдэбгъэувэ хъун нобэкIэ диIэкъым. ДиIащ бгъэдэувэфын, ауэ диIэжкъым, ди IэкIэ дыукIыжащ, тхуэхъумакъым. – Дауэ зэрыдукIыжар, хэт жыхуэпIэр, жаIэу гупыр щытегуплIэм, ари къэжриIащ: – Дауэ зэрыдукIыжар жывоIэри, мис иджыпсту дэ зэрызыдукIыжым хуэдэущ ари зэрыдукIыжар. Хьэрэм хъун мы фадэм ехьыж ди лъэпкъым и кIэкъинэ тIэкIури, – жиIэри зи гугъу ищI щIалэм и цIи кърмIуащ...

* * *

КIытIэ къиIуэтэж хъыбарыр тIэщIигъэхуащ дызыбгъэдэс шыуаным щIэлъ мафIэр егуэщIэкIауэ къызэрырихум. Сэ мафIэм сыпэрыуэу згъэужьыхын мурадкIэ пэрыIэбэм сепхъуат, ауэ КIытIэ и Iэр къысхуищIри сыкъигъэувыIащ.

– УемыпIэщIэкI, Мухьэмэд, езыр-езыру зэгурыIуэнущ а къэкъуалъэмрэ къэзыгъэкъуалъэмрэ.

ПэрыIэбэр сIэщIэлъу сызэтеувыIащи, нэхъыжьым къызжиIам къикIыр къызгурымыIуауэ согупсыс. Солъагъу: мафIэ гуащIэм зэрихуэ лэпсыр нэхъри кърихуурэ дэп жьэражьэм «цыщ-щ-щ» жиIэурэ йопхъуэри егъэужьых. МафIэр нэхъ щабэ хъухукIэ, лэпсым и къэкъуэлъэнри нэхъ цIыкIу мэхъу. Ауэрэ, лэпс къытекIар дэпым зэрепхъуэу зыIуредзэри мафIэр къызэщIэроуэ. Аращи, лэпс гуэрыр къегъэкъуэлъэж... Сэри, игъащIэм сщIэрэ пэт, а сымыщIэжар иджыпсту къэслъагъужащи сыгупсысэжыркъым, зызущэхужауэ пэрыIэбэр согъэтIылъыж...

– Уэлэхьи, Мухьэмэд, сыкъавэурэ ди шыуаным и къэвэкIэри сымылъагъужу вагъэсеплъри сщыгъупщэжам.

«Ахьа, уэлэхьи, сыкъэбубыдам иджы, КIытIэ, – зызогъэзахуэ сигукIэ, – «вагъэсеплъ», «вагъэсеплъ»... Сытыт къикIыр а си нэIуасэ пса-

лъэм? Ахьа-а, укъэсщIэжакъэ иджы узищIысыр, вагъэсеплъ! Лыр вамэ, еплъын хуейуэ аращ. Ар къэзмыщIэжу къикIымкIэ КIытIэ сеупщIамэ, дауи, къызжиIэнут, ауэ къыскIэлъыжиIэжынкIэ хъунури сигу къэкIащ: «вагъэсеплъым» къикIыр зымыщIэ адыгэ тхакIуэ срихьэлIащ.

ЧымчырымкIэ шыуаныр зэIысщIэурэ лы Iыхьэ нэхъ цIыкIу къыхэсхщ, тепщэчым ислъхьэщ, гуахъуэр щIызгъужри, КIытIэ хуэсшиящ: еплъ, нэхъыжь, вамэ.

– Ялыхь, узгъэпцIаи, Мухьэмэд, лIыжьым ущхьэпрыкIыжу псори умыщIэм. Еплъ уэ. Сэ сынэхъыжьми, уэ ухьэщIэщ.

Къыхэсха Iыхьэр тIууэ зэпызупщIри, и ныкъуэр сызэIурыбзэежу сшхащ. Мышыу-шыугъэкIи зэщыщхъут, бжьыныщхьэхэр щIэлъыжу псынэпсымкIэ гъэва губгъуэ бжэнылыр «уи гъусэр иупхыу пшхы хъунщ» жыхуаIэм хуэдэт. Ауэ къэна зэхуэдитIым нэхъыжьыр егъэплъын хуейуэ къэслъытэри, КIытIэ бгъэдэслъхьащ: сэ хъарзынэ хъуауэ къысфIощI, ауэ зэ къытекъуэлъэжми, лей мыхъуну си гугъэщ, узэреплъщ, – жысIэри.

Лы дзэкъэгъуэ зытIур сшха нэужьщ шэджагъуашхэ зэрыхъуар, сэри сыкъызэрымэжэлIар къыщысщIэжар. КIытIи къищIат щэхуу си гурыIупсыр зэрезгъэхыр.

– Ауэ тщIынкъым-тIэ, Къэрмокъуэ и къуэ, сэри зэ сыхэIэбэнщи нэхъ тэмэму къэтхутэнщ мы шыуаным илъыр варэ мыварэ, – жиIэри лы Iыхьэ къыхихри ди пIастэ бзыгъэ зырызи къыбгъурилъхьэжащ. НетIэ езыр къызэплъу сэ сыщедзакъэм, IэфI къызэрысIурыхъуар си нэмкIэ сыкъищIат.

– «Вагъэсеплъ жаIэурэ яIэщIэшхыхьыжащ» жыхуаIэм хуэдэ дымыхъуну пIэрэ? – жысIами, КIытIэ ищIар си гуапэ хъуат. ГурыIупсри кIуэдыжри хъарзынэу дызэIурыуауэ дызэхуэарэзыжу дыздэщысым, КIытIэ нетIэрей псалъэ кIапэр къиубыдыжащ.

– АтIэ, Мухьэмэд, а зи гугъу пхуэсщIа нэгъабэрей хьэщIэ гупым яхэта щIалэ Iэзэм езым нэхърэ нэхъ фIэIэзэжу КIыщокъуэми иригъэпщар уэ зыгуэркIэ пцIыхуу пIэрэ?

– Уэлэхьи, КIытIэ, а тепсэлъыхьауэ жыхуэпIэ зи унэцIэ умыщIэж щIалэри фIыуэ соцIыхури, абы зи гугъу ищIари езым нэхърэ нэхъыфIыжу соцIыхум. КIыщокъуэм бгъэдигъэувэм къыщымынэу, абдеж щхьэтеч щимыщIыщами, япэ зэрыригъэщри сщIэтэм. Ауэ къызэрыхуамыдэнур ищIэрти, хэIущIыIу зищIыщэртэкъым.

– Уи фIэщу жыпIэрэ?! Сыту си гуапэ хъуа! Ялыхь, узгъэпцIаи, си псэм имыщIатэмэ, абы зи гугъу ищIар уэ зэрыпцIыхур. Тхьэм щхьэкIэ, моуэ къыщIэдзи гупсэхуу къызжеIэт абы и хъыбар, Мухьэмэд.

– Сыт и хъыбар бжесIэжкIэ, езыр диIэжкъым. А Хьэмидым къызэрывжиIам хуэдэ дыдэу, дукIри дыкIэлъыгъыжащ. Псэууэ щIым щIыхьам хуэдэу къытщохъу ар нобэми. НыбжькIэ и фIыгъуэу, и щIэныгъэм и бэтэгъуэу, и къэухьыр пхуэмыIуэтэну ину, и жьакIуагъкIэ пэувын димыIэу, урысыбзэми адыгэбзэми зэхуэдэу Iэзэу ирилажьэ тхакIуэт ар.

– Профессор хъунт, дауи?

– Хьэуэ, профессортэкъым, ауэ профессор Iэджэ щыIэт абы иригъэджэфыну. Езыр цIыху къамылыфэ дахэу, бжьыфIэу, хьэлэлу. ЗытекIуэдэжари а и хьэлэлагъырщ.

– Дэнэт апхуэдизу фIыуэ щыпцIыхур ар? Удэлэжьат?

– Сыдеджат. Зауэ нэужьым Налшык къыщызэIуахауэ щыта школ-интернатым дыздыщIэсат. Абы щыгъуэ дэслъэгъуа бжесIэнщ.

– ЖыIэт, уэлэхьи, – жесIэр щIэхыIуэу сыухыным тегузэвыхьым хуэдэу, къызэдаIуэрт КIытIэ.

– Зы пэш дыщIэст сэри, ди къуажэ Дыкъынэ Хьэмиди, зи гугъу тщIа Шурдым Хьэсэнбии, итIанэ Къущхьэ Iэбу жари иджы профессорышхуэ щолажьэ ди университетым. Ари щIэст ди пэшым. Дзыгъулхэ я щIалэ щылэжьащ мо Тырныаузым прокурору.

– Уэлэхьи, абы срихьэлIауэ соцIыхум. ЩIалэ ахъырзэманым.

– Ари къытхэст. А зэманым КIыщокъуэ Алим щIэныгъэ IуэхухэмкIэ министрт. «Шум и гъуэгу» жоуэ усэ тхылъ бэлыхь къыдигъэкIати, абы ит усэхэм щыщ гукIэ зэдгъащIэу дызэхэст а зи цIэ къисIуа гупыр. Нэху дыкъекIмэ, адыгэбзэ урок диIэти, абыкIэ дезыгъаджэр ди директор Къамбий ХьэмэтIти, дымыщIэу дыкIуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Дэ къомыр ныбафэкIэ дыщылъу усэр зэдгъащIэрт, зым жиIэм адрейхэр дедаIуэу дыкъызэрыпщытэжырт. Зи гугъу пхуэсщI Джылахъстэнейм щыщ Сокъур Мусэрбий зэрыхуэпауэ жейуэ пIэм илът. Сэ нэхъ си ныбжьэгъут, ди гъуэлъыпIэри зэбгъурытт. «Пщэдей ХьэматI уIэщIэкIуэдэнщ...» – жысIэри Мусэрбий къэзгъэушащ. Сеплъурэ, псалъитIкIэ фIэкIа щымыуэу, зэджауэ щытар жиIэжащ.

– Iэу-у!

– Мис апхуэдэ щхьэ куцI абы и щхьэм Алыхьым кърилъхьати, и тхьэкIумэм зэхихымрэ и нэм илъагъумрэ щыгъупщэжыртэкъым. Интернатым иужькIэ Ленинград дэт университетыр къиухри ди Налшык университетым щылэжьащ. Зыхуей ныбжьэгъухэм нэмыщI, зыхуэмейхэри ныбжьэгъу къыхуэхъуащ. Нало Заур жари тхакIуэ Iэзэ, еджагъэшхуэ диIэщ адыгэр дригушхуэ хъуну. АтIэ, абы, зэгуэр псэлъэгъу дызэхуэхъуауэ, жиIаращ: «Мусэрбий хуэдэу зэчий Алыхьым зрита куэдрэ къалъхуркъым. ЩIэныгъэкIэ къыпэмыхъу гуэрхэм нэгъуэщIкIэ дахьэхыну мо цIыху хьэлэлыр ресторанхэм яшэурэ яIэщIэкIуэдащ...» Пэж дыдэщ Заур жиIар, лIэным куэд имыIэжу ар езыми жиIэжащ. Сымаджэ хьэлъэ хъури и гум иригъэIэзащ, итIанэ нэхъыфIи хъужри, Долинск Къалмыкъым и цIэкIэ щыIэ санаторэм зыщигъэпсэхуу сыкIэлъыкIуащ. Хамэ къэрал кърашауэ ананасыр бзыгъэу упщIэтауэ хэлъу, ипсри щIэтыжу щIэщыгъуэ гуэр къысIэрыхьэри ари хуэсхьати, ди Iуэхум фадэ щыхэмытым, ар хуизгъахъуэри ефащ. Игу ирихьауэ, мыр сыту бэлыхь, жиIэри зы стэчан хуизгъэхъуэжащ. Ананасыпс стэчаныр IэщIэту и нэ пIащитIыр къыстриубыдэри «е, бетэмал мыгъуэ, мис мырат сэ сызэфэн хуеяр, Мухьэмэд», жиIащ. ИгъащIэкIэ сигу имыхужын псалъэуи къысхуэнащ ар. ИтIанэ мыри сигу къинащ. Мусэрбий ди унагъуэ нихьэу, ди шыгъупIастэ ишхыу, къуэшым хуэдэу дызэхущытт. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, КIытIэ, си япэ щхьэгъусэр дунейм щехыжам и нэпсыр хуэмыубыдыжу къыщIэукIуриикIыу зэщыджэу гъащ. И гугъу здэсщIым си нэгу къыщIохьэ мо фэрыщIагъ зыхэмылъ ныбжьэгъу гу пцIанэм зыкъызишэкIауэ и нэпсыр къежэхыу си гуауэр къызэрыздигъеяр...

* * *

Си псалъэр щызэпыум, КIытIэ, сщымыгъупщэжарэт жиIэу и гум илъ хъунти, жьыдэхупIэ иримыту къызэупщIащ:

– А нетIэ зи цIэ къипIуа Нало Заурыр и щхьэкIэ сымыцIыхуми, и хъыбар куэд зэхызох. Хэти щотхъу, хэти хуошхыдэ. Уэ пэжыр пщIэнущ. И гугъу къысхуэщIыт, Мухьэмэд, абы.

– ЗанщIэу бжесIэнщи, сэ Заур щытхъухэм сащыщщ, яубуи си гуапэкъым. Лъэпкъым дифI дымыгъэпудмэ, нэхъ тэмэмщ. Пединститутым Заур сэрэ дыщызэдеджащ, езыр зы курскIэ ди ужь иту. Нэхъыжьыгъэр абы ейми, ди ужькIэщ ныщыщIэтIысхьар, къуажэ гъукIэу лажьэрти, и чэзум хущIыхьакъым.

– ГъукIэу, пIа? Уэлэхьи, абы щыгъуэ ар лIы хъунум.

– ЛIы хъуа хьэзырым хуэдэт ар щеджэми. Лекцэм политикэм теухуауэ пцIы гуэр щыжызыIа егъэджакIуэ фызыжь цIыкIум пэпсэлъэжащ жари адыгэ щIалэ хъарзынэ гуэр къыщIадзыжырти, абы къыщхьэщыжу къэувыфар Заур и закъуэт.

– Уэлэхьи, а жыхуэпIэр ахъырзэмантэм.

– А дыщеджэм щыгъуи плъагъурт абы зэчий зэриIэр. Институтым щыдагъэджхэми абы езым и еплъыкIэ хуиIэт. Зыми емыщхь хьэл гъэщIэгъуэнхэри хэлът. А институтым и унэ нэхъыщхьэм узэрыщIыхьэу, щхьэгъубжащхьэ гуэрым деж тегъэщIауэ романхэр щIиджыкIырт абы. Псори тхылъ Iэджи деджэрт, ауэ а зырт щхьэгъубжащхьэр зи еджапIэр. И щхьэусыгъуэри къытхуэщIакъым. Иджы сызэрегупсысыжымкIэ, цIыху цIэрыIуэ, еджагъэшхуэ, тхакIуэ Iэзэ къызыхэкIынум адрейхэм емыщхь хьэл гуэр хэлъу ара хъунт, жызоIэ...

– А уи Налом зэхишауэ щыта адыгэ хасэм зэфIэкI иIащ, къулыкъущIэхэр зэблигъэжу. Ауэ а Унэшхуэм и гупэкIэ утым щитам лъэпкъыр дагъэунэхъу пэтащ.

– Ар дауэ, КIытIэ?

– Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу хъуар а Унэшхуэм щIэсакъэ?

– ЩIэсащ.

– Дзэ къашауи щIэсакъэ абы, унэм цIыхухэр зэрыщIэгуэмэ, къеуэну хьэзыру?

– Апхуэди щыIа хъунщ.

– АтIэ, итIанэ дыунэхъуатэкъэ? Лъэпкъ зэрыукIыж дыхъури ди напэр текIатэкъэ?!

– Пэжщ, КIытIэ, жыпIэр, лъыгъажэшхуэ къэхъу пэтащ.

– АтIэ а псор зэхэзышам я пашэр Налортэкъэ, Мухьэмэд?

– Налом зэхишар ди лъэпкъым и IуэхуфI зезыхуэн, лъэпкъым къыщхьэщыжын, адыгэбзэр дэзыгъэкIын, дунейм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм щIэгъэкъуэн яхуэхъун хуей гупт. Пэжщ, щхьэхуещэ гуэрхэр яхэзэрыхьат абыхэм. Налом а лъэхъэнэм иригъэкIуэкIа Iуэху псоми сэ сыщыгъуазэкъым, сахэтакъым. Щыуагъэ гуэр щыIами, ар лъэпкъым къыщхьэщыжащ. Сэ а махуэм утым сыкIуащ. Къалэн гуэри си пщэ илъакъым, Iуэху гуэри зесхуакъым. Ауэ сыхуейт журналистым и нэкIэ сахэплъэну. Куэди слъэгъуащ, зэхэсхари мащIэкъым. А псор иджыпсту схужыIэжынкъым, уэри абы ухуейкъым, КIытIэ. УзыщIэупщIа Нало Заур ехьэлIауэ сщIэр бжесIэнщ.

– Аращ сэри сызыхуейр.

– А утым щекIуэкI къайгъэр и кIэм нэблэгъауэ, зэ Iуэхур зэIыхьэпэным нэсауэ щытащ. ЕбгъэрыкIуэну мурад ящIауэ зэрызехьэрт. А махуэм цIыхур Iувти, гуп-гуп зэрыгъэхъуауэ, мафIэшхуэхэр ящIауэ утым ист. Унэшхуэм нэхъ пэгъунэгъу мафIэм цIыху гуп бгъэдэсти Заур яхэслъагъуэри, Iэуэлъауэ зызмыщIурэ сабгъэдыхьащ. Зыми сыкъыфIэIуэхуакъым, Заур и щIыбагъыр къысхуэгъэзати сыкъилъагъуртэкъым, ауэ жиIэр IупщIу зэхызох: «Сэ фыкъызэдэIуэнумэ, си хьэдэм фемыбэкъуауэ а унэм фыщIэзгъэхьэнукъым. Лъэпкъ зэрыукIыж дыхъунущ...» Ар зэхэсха нэужь, сэ Заур и пащхьэм сиуващ. Езыри къэтэджри гуапэу къыспежьащ.

А гупым яжриIэнур зэфIэкIа нэужь, Заур гъусэ сищIри сришэжьащ. Ар псоми къацIыхурт, щIыхьи къыхуащIырт, сэ аратэкъым, ауэ сакъригъэцIыхуурэ зыгуэри яжесIащ. Сызэрыдежьур и мыжагъуэу, гуп зыкъомым епсэлъащ, нэхъыщхьэу яжриIари аращ: «Си хьэдэм фемыбэкъуауэ...» Ауэрэ къэткIухьурэ, адэ нэхъ пыIухауэ мафIэшхуэм къетIысэкIа гупышхуэм дащыбгъэдыхьэм, и IэштIымыр ищIу кIийуэ

псалъэ щIалэщIэм жиIэр зэхыдох: «Уэлэхьи, сэ гранат тIощI схуэдзынумэ...»

Абы жиIэну псом пэмыплъэу, и упщIэ пыIэр дригъэкIуэтейщ, нэхъ утыку зищIри, Налом мыпIащIэу, кIий-гуо хэмылъу, ауэ хэкъузауэ жиIащ: «А тIощIым щыщ зым и зы къутахуэ уэ къыптехуэжмэ, е уэ пхуэдэ гуэрым техуэмэ, дауэ хъуну? Уэ пхуэдэ мафIэзэщIэгъэстхэщ лъэпкъым и напэр тезыхыр... – жиIэу иригъажьэри Iэджи яжриIащ, «си хьэдэм фемыбэкъуауэри» хэту икIи псори игъэупщIыIури къигъэдэIуэфащ. Ар си нэкIэ слъэгъуащ, КIытIэ.

А жэщым Къалмыкъ ЮрикI итащ а утым, Налом и псалъэм хуэдэ дыдэ жиIэу. ИкIи сэ къысфIощI а жэщ шынагъуэм къэхъункIэ хъуну щыта гузэвэгъуэшхуэр а тIум зэтрагъэувыIауэ. Унэшхуэм щIэсхэми, утым итхэм къазэрепсэлъэн бзэ къагъуэтри, абы иужькIэ къайгъэри щабэ хъуурэ ужьыхыжащ.

– Ялыхь, узгъэпцIаи, телъыджэ сумыгъэдэIуам, Мухьэмэд. Алыхьым сыту фIыуэ укъысхуигъэкIуат уэ мыбы. Налом и ут итыкIэр си фIэщ пщIащ, ар зэрыцIыху тэмэмри къызгурыIуащ.

* * *

– Алыхьыр арэзы къыпхухъу, Мухьэмэд. Сыту фIыуэ укъэзгъэнат нобэ щакIуэхэм уахэзмыгъэхьэу. Зы хъуэпсапIэ си гум къэкIащи, ари бжесIэнущ, – КIытIэ жиIэну зыхуейр хьэзыру и бзэгум зэрытелъым и щыхьэту, и Iупэр пIэжьажьэрт, ауэ абы зэ егупсысыж пфIигъэщIу, тэлайкIэ зиIэжьэри къыщIидзащ:

– Уи ади, адэшхуи, уи лъэпкъри фIыуэ сцIыхурти, уэри усцIыху си гугъащ, Мухьэмэд. Ауэ си фIэщу бжесIэнщи, иджыщ сэ укъыщысцIыхуар. Къытызогъэзэжри, сыту фIыуэ укъысхудихат уэ мы бгым Алыхьым. Иджы си хъуэпсапIэращ: сэри мы сызэрыщытым нэхъыкIэ сымыхъуауэ, уэри уи IэнатIэр къепхьэлIэу успIыссылIэжауэ пхущIыхьэу, зы къущхьэхъу къыдэкIыгъуэ псо мы Къэнжал лъэгу дыщызэгъусэну. Ялыхь, къытхуэщIэ!

– Iэмин, аргуэру зэ Iэмин, КIытIэ! – жызоIэ, мазэ зытIущкIэ мы жэнэтым ущыIэныр сэркIэ зищIысыр сщIэжрэ си гурыIупсыр къэжауэ. Ар къыдэхъулIамэ, мы иджыпсту зэманыфI дэкIауэ сызэлIалIэурэ стхыжыр нэхъ си къару илъыгъуэу, си гурыхуэгъуэу икIи нэхъ дахэрэ нэхъ кууи къыщIэзгъалъэу схуэтхынкIэ хъунути, ара хъунщ си гурыIупс къэзыгъэжари.

* * *

ЩакIуэ гупыр къыщысыжам, шэджагъуэнэужьыфI хъуати, фIыуи мэжэлIат, дэри абы дапэплъэурэ фIыншэ щIэтлъхьати, псоми зетхуэн хуейр ди ныбэ Iуэхут. Ауэ, ари ящыгъупщэжауэ, КIытIэ зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, мохэр къамыукIа бжэным иризэдауэрт. Хирургым зы жиIэу, щакIуэм нэгъуэщI жиIэу, полковникым зыри жимыIэу. Толэ щиIуэжырт и шэр зытехуа бжэныр къиукIауэ, къриуду зыщхьэпридзыжауэ и нэкIэ илъэгъуауэ, дахэ-дахэу абы и ужь имыувэхэурэ мэзым уIэгъэу къыхэнауэ. ЩакIуэм зэрыжиIэр нэгъуэщIт: Толэ и шэр бжэн лъабжьэм щIэхуэщ, игъащтэри зыщхьэпридзу мэзым хэлъэдэжауэт. Полковникыр тIум язми щыхьэт яхуэмыхъуу, кхъыIэ, зыгуэр тIувгъахуэ, мы ди кIэтIийр нобэ накъырэ зэрепщар куэдщ, жиIэрт. КIытIэ, тIэкIу нэхъ щэху зищIауэ, ауэ мохэм зэхахми мыгузавэу, сэ къызжеIэ:

– Ахэр щIызэдауэр пщIэрэ, Мухьэмэд?

– Хьэуэ. Сыт?

– Бжэн къазэрыхуэмыукIар хагъэгъуэщэжыну.

Сэ зыри жысIакъым. Толэ и нэщхъыр зэхиукIащ. ЩакIуэм и щхьэр, «пэжщ» кърригъэкIыу, ищIащ. Я ныбэр япэ ирагъэщри, псалъэмакъым зыри щIэупщIакъым. Тепщэчышхуэм иубауэ Надя къиихьа пIастэ хуабэр сэм бзыгъэу къищтэну диятэкъыми, бэлагъкIэ къыгуихыурэ тепщэч нэхъ цIыкIухэм ярелъхьэ. Полковникым ахэр Iэнэм тригъэувэурэ шатэр зэбэкI шхукIэ зэхэщIа бжьыныху шыпсыр зэрыт нэхъ тепщэч цIыкIужхэр ябгъэдегъэувэ. КIытIэ тепщэчышхуитIым ярилъхьэ лы Iыхьэхэр сэ стIолым тызогъэзагъэ, псори тыншу дызэрылъэIэсынум тещIыхьауэ. Толэ, и IитIыр и шхужьым иту къытхоплъэ:

– Уэт сэ сфIэфI, уэт сэ сфIэфI, – жиIэурэ.

– Дауи уфIэфIынщ уэ, къыумыукIар пшхыну, – жи КIытIэ.

– Сыкъыумыгъэгубжь, ТIырэвич, Алыхьыр согъэпцI, мы бжэныр къыздикIар къызжумыIауэ зыIуслъхьэмэ, дыгъуэпшыхьи къытщубзыщIащ ар, – жи Толэ, губжьами, и ныбжьэгъу хэгъэрейр игъэгузэвэну губжь нэпцI зыхуищIми мыгурыIуэгъуэу.

– Къэгубжь, хирург, арат сызыхуеиххэр, зыIуумылъхьэ. Щоджэн ТIэлашэ къыщыщIар къыпщыщIынщ.

– Сыт ТIэлашэ къыщыщIар?

– КъыпщыщIмэ, къэпщIэнщ.

– Хъунщ. Ауэ мы бжэныр къыздикIар къыджеIэ.

– БжесIэнт, – жи КIытIэ, – ауэ уи фIэщ хъунукъым.

– Хъунщ, жыIэ.

– АтIэ, хъунумэ, арати, мыбыхэм зыгуэр къамыукIмэ, шэджагъуашхэ яхуэсщIынур сыт, жысIэу сыгузавэу сыздэщысым, соплъэри зы бжэн щIакъуэ мы тыкуэн бжэIупэм къыIуолъадэри къоукIурий, хьэрэм сумыщIу сыфIэгъэж, жыхуиIэу. Къысхуэнэжар арати, мо си сэ зэщIэлъыкIамкIэ и къурмакъэйр пызогъэху. Арати, мис, хьэзырщи дывгъэшх. ПцIы сыупсмэ, Мухьэмэд си щыхьэтщ.

– Дэнэ а бжэн уIэгъэр къыздикIар, ТIырэвич?! – Толэ и пщэр хешри и нэр КIытIэ треубыдэ.

– Дэнэ нэгъуэщI къыздикIынур? – щакIуэм КIытIэ нащхьэ къыхуищIауэ ирекъутэкI. – А уэ къэбукIа уи гугъа бжэныр уIэгъэ хъуауэ арати, все равно, мыбы саIэщIэкIынукъым, жиIэри, езым и псэр КIытIэ кърихьэлIауэ аращ, Толэ. Мис иджы ягъавэри Iэнэм къытралъхьащи, дывгъэшх.

– И-и-и-и!!! – жери Толэ зы макъ иукъуэдияти, «къиукIа» бжэным и бжьакъуэжьитIри зэпыту апхуэдиз и кIыхьагът. ИтIанэ и бэуэныр зэтеувэжри, Толэ щIэупщIащ: – Догуэ, дыгъуэпшыхь тшха кIуэцIри мыбы ейкъэ-тIэ, ТIырэвич?

Гупыр зэрыгъэдыхьэшхри, Iэнэм пэрытIысхьащ. Ауэ зыри хэмыIэбэу зоплъыж. ИтIанэ, КIытIэ зы аркъэ пэлыщтоф къызыкъуихри ди щэ зырыз иригъэхъуащ. Зыри жамыIэу псори ныщхьэбэ Къэнжал лъэгу дыкъыдишыжу Налшык дыкъэзышэжын хуей Толэ йоплъ. Псалъэншэу псори дызэрыщIащ: гурыIуэгъуэт нышэдибэ нэху мыщу тэджу мэзым щIэта шэферым уи щхьэр дзыхь хуэпщI зэрымыхъунур. Ар езы Толи ищIэжырти, пщэдей къэунэхури махуэщ, девгъафэ мы зырызми, мыхъумэ зырыз дефэжынщ, жиIэри, и гъунэгъуу щысыр сэрати, и бжьэр къызигъэуэлIащ.

Хъуэхъу зылъысыр нэхъыжьырти, КIытIэ жеIэ:

– Ялыхь, мыр здэкIуэм узи лажьи умыгъакIуэу бжэныл кIуапIэ щIы. ЩIалэхэми фи хьэщIапIэ дэри куэдрэ Тхьэм дищI.

Лым зэредзакъэм нэхърэ нэхъыбэрэ я щхьэр зэрагъэкIэрахъуэр ерыскъым и IэфIагъым трилъхьэри, КIытIэ етIуанэ пэлыщтофри къызыкъуихащ. Ар итфа нэужь, Толэ игу къэкIыжри, ТIэлашэ къыщыщIа хъыбарыр КIытIэ жримыгъэIэу идакъым. КIытIи зримыгъэлъэIущэу къыщIидзащ:

– АтIэ, ТIэлашэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ящIри, Сталиныр илъэс 70 щрикъум хузэIуаха гуфIэгъуэм хэтауэ къэкIуэжщ, вождышхуэу ди дыгъэ мазэм Китайм я нэхъыщхьэ Мао зэрыбгъэдигъэтIысхьари иIуэтэжри, зэрышыхъуэр имыщIэжу, и пыIэщхъуэ лъагэр нэхъ лъагэжу тригъэсри, я шыбзыхъуэ пщыIэм къыдэкIыжат. Мо нэкIужьым адэкIэ къытести, шыбзыхъуэхэр зэхуишэсри, пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къамылэжьа зыIуамыгъэхуэну я тхьэкIумэр яхуиIуэнтIащ. АрщхьэкIэ хъудырыпскIэ губгъуэм уиту шы пхуэгъэхъунт! Шыбзыхъуэ щIалэхэм я шы-уанэ зэтелъыххэти, ихъуреягъкIэ итIысыкIа я колхоз мэл пщыIэхэм щызэIурыут. Гупым зэдэфшх жаIэу, зы щынэ гупыж къыхуащIамэ, шыплIэм къыдадзэрти къахьырт. Зэгуэрым, апхуэдэ щынэм щыщ Iыхьэ ТIэлашэм щыхутрагъэувэм, мыр къыздикIар сымыщIэу сшхынукъым жери, мис мы хирургым хуэдэу, зыкъритIащ. КъыздикIар жраIэмэ, къезытар бэлыхь хидзэнути, ябзыщIащ. Арати, ТIэлашэм яхуимышха лыр езы шыбзыхъуэхэм яшхыжри, мор зыIурыбзэежу пщыIэ нэщIым къытенащ, хъудырыпсыр и Iусу. Абы жыжьэ уихьынт? Къехыжынути, и ЛIыхъужьэгъу колхоз тхьэмадэ Бырс Анзор къыщыхьэнут, пщыIэм утезагъэркъым, шыбзыхъуэхэм уахэткъым, жиIэнурэ. ТIэлашэ мэжалIэрэ и щхьэр унэзауэ пщыIэм нэщхъейуэ тесу, я колхоз мэлыхъуэ лэгъупэжь къытехьащ.

– Мыр слIо, ТIэлашэ, щхьэ унэщхъей, къэхъуаIа? – щыжиIэм, ТIэлашэм жэуап имытыжу, и Iэхъуамбэр и нэзэрыхъэм ириубыдылIэри ириIуэнтIыхьащ, жи, кIэлъыгурымыжурэ.

– СлIо, уи щхьэр узу ара, – щыжиIэм, ТIэлашэ гурымщ, Iэхъуамбэ гуэрыр ириIуэнтIыхьри, мыбы ит мыгъуэкъыми аращ, – жери, Iуэхур къызэрекIуэкIар хуиIуэтащ.

– КъыздикIам ущIэмыупщIэу къуатыр шхы, а уи щIалэхэм уагъэмэжэлIэнкъым. Сэ зы щIалэ здэсшэнщи щынэ къыпхуезгъэхьынщ, – жери лэгъупэжь губзыгъэр шэсыжащ. ТIэлаши, абы жиIэм едаIуэри, и щхьэри узыжакъым. Уэри, хирург, уагъэшхыр къыздикIам ущIэупщIэмэ, аращ къыпщыщIынур…

* * *

Пщэдджыжьым дунейр бзыгъэу нэху къызэрекIам псори дыщыгуфIыкIащ. Къалмыкъ шей фIэкIа дыхуейкъым жытIэри, ди пщэдджыжьышхэри кIыхь хъуакъыми, депIэщIэкIыу зыдогъэхьэзырыж. КIытIэ дыгъуасэ сигъэлъэгъуа бжэн дзажэмрэ куэмрэ си хъуржыным кърагъэзагъэурэ къызжеIэ:

– Толэ уи щхьэгъусэм хуабжьу щытхъуащ, анэншэу къэна уи бынри тэмэму пхуипIу, уэри уигъэтыншу жиIэри. Сэлам схуехыжи мыри схуетыж. Уи джэдыгури чэсейфэху къэп едгъэдри абы илъу машинапхэм нислъхьэжащи, хуэсакъ, фIыкIэ улажьэ.

Дыкъыщежьэжым, си гъусищым япэ сэлам ярихыжри, КIытIэ сэ зыкъызиупцIащ. IэплIэ къысхуищIыжащи, сыкъимыутIыпщу и жьэр си тхьэкIумэм къыIуиубыдауэ къызжеIэ:

– ЗыпщызгъэнщIакъым, Мухьэмэд. Си псэм хуэдэу услъэгъуащ. Си бампIэр дэпхащ. Сигу къеуэу къэнар зыщ. А зи гугъу фщIы КIыщокъуэ Алим ди унафэщI къомым апхуэдизрэ хьэIупс ящIауэ щIыщытам и пэжыпIэр жозгъэIэнути, сигу ихужри, дыхунэсакъым.

– ДяпэкӀэ сыкъыщыкӀуэ ар псори бжесӀэнщ, фӀыуэ сызыщыгъуазэщ. Зы псалъэу бжесӀэнщ: КӀыщокъуэм лажьэ иӀэкъым.

– Ыхьы. Иджы арэзы сыхъуащ. ДяпэкӀэ укъыщыкӀуэ псори къызжепӀэнщ.

КӀытӀэ и ӀэплӀэм ситурэ машинэм сыкъыӀуишэжри, дыкъежьэжащ. ТӀуми ди фӀэщу зэжетӀа «дяпэкӀэр» зэрыщымыӀэнур хэт ищӀэнт!

– Моуэ мы задэ Ӏейм фысакъыурэ фыдэкӀыжи, адэкӀэ егъэзыхыгъуэ защӀэщ, гъуэгури хъарзынэщ, – жиӀэу, КӀытӀэ и пхъэ лъакъуэмкӀэ къыткӀэлъыкӀуэурэ дыкъригъэжьэжащи, къэувыжауэ Ӏэ къытхуещӀри къытхуещӀ. Къэнжал ехыпӀэкӀэ зэджэ гъуэгу задэ кӀыхьыжьым зэрызыкӀэридзэу, Толэ и «Нива» цӀыкӀум гъуэхъуэн щӀидзащ, дэри, уэршэрыр пытчри, зыдущэхуащ. А гъуэгу шынагъуэм псэм трилъхьэ хьэзабыр зыщызгъэгъупщэн мурад сиӀэу, сытегупсысыкӀри, си Къэнжал махуэ зыщыплӀ гъащӀэм сыхэзэрыхьыжащ. Апхуэдиз къыджезыӀа КӀытӀэ пымытыж и лъакъуэм тетхьэусыхыхьу, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу зы псалъэ къызэрыжьэдэмыкӀар согъэщӀагъуэ. Дауи, абы Надя и фӀыщӀи хэлъщ. ТегужьеикӀауэ щхьэгъусэр зыхъумэ, лӀым и пщӀэр зыӀэт физт ар. Къызыхиша лъэпкъ имыцӀыхум хэзэгъа къудейм къыщымынэу, адыгащэ хъуащ ар. Зейхэм ямыӀыгъыж диным хуэпэжщ, лӀэмэ, муслъымэныкхъэм зэрыщӀалъхьэнур ещӀэ икӀи абы щогуфӀыкӀ.

Сэ згъэщӀэгъуахэм ящыщщ никъуэдыкъуэ зэрыхъуам щхьэкӀэ къыдэмыкӀуа хъыджэбзым КӀытӀэ, хуэшхыдэным и пӀэкӀэ, гущӀэгъу хуищӀу щхьэгъусэкӀэ насыпыфӀэ зэрымыхъуам зэрытепсэлъыхьар. Хэт ищӀэнт КӀытӀэ дунейм щекӀуэкӀ Ӏуэхухэми апхуэдэу хэгупсысыхьу…

– Уэлэхьи, мы бгым фезгъэукӀынкӀэ фышынащи, фыгъынумэ фэ гупыр, анекдот вжесӀэнщ армыхъумэ, – Толэ жиӀа нэужьщ сызыхэта гупсысэм сыкъыхэхужу «Нивэм» и гъуахъуэ макъыр си тхьэкӀумэм къыщиувэжар.

– Уи анекдотыр щыгум дынэсмэ жыпӀэнщ, утемыпсэлъыкӀыу хуэсакъыурэ нэгъакӀуэ! – жи полковникым.

– Щыгум дынэсмэ, вжесӀэни сиӀэщ сэ. Анекдот щывмыдэкӀэ, къэхъуа вжесӀэнущи, мы гъуэгум дытежрэ мо бгым дыщыжмэ дызэриукӀынум, абы къыпэплъэу ищӀагъым щӀэт КӀытӀэ ТӀырэвич дыуэ къызэрыттрищӀэнум фемыгупсысу фи тхьэкӀумэр тегъэхуауэ фыкъызэдаӀуэ, – жиӀэри, ди жэуапми емыжьэу, Толэ пищащ: – Бахъсэн сыщыпсэу хьэблэм зи къыдэнэжыгъуэ хъуа хъыджэбз гуэр дэсти, я гъунэгъу нысащӀэм гущӀэгъу къыхуищӀри, и дыщым я гъунэгъу щӀалэм иригъэшэну мурад ищӀащ. Мурад пщӀыкӀэ зэфӀэкӀрэ, ар гъэзэщӀэн хуейти, щӀалэм хъыбар ирагъащӀэри, хъыджэбзаплъэ къишащ. ЩӀалэжьым Ӏэнэ къыхуащтати, къыхутрагъэувар ишхщ, и дзэм дэна лыр сенычыпэкӀэ къыдихыжщ, зы тутыныжьи щӀигъанэри, зэплъыну хъыджэбзыр къыщӀашауэ блыным кӀэрытти, зэ фӀыуэ зэпиплъыхьыжри: «АтӀэ, хъыджэбз ныбэкъ лъакъуэ Ӏушэ цӀыкӀу, укъыздэкӀуэнукъым, жари пэж?» – щыжиӀэм, хъыджэбзыр къэпсалъэри: «Ар жызыӀам и жьэр укъутэ!» – жиӀащ.

Толэ дызригъэдэӀуар щӀэщыгъуэ хуэдэти, уридыхьэшхи хъунут, ауэ мо гъуэгум зи нэр тенэцӀыхьауэ зи псэр ӀукӀа гупым къадыхьэшхын яӀэжтэкъыми, полковник гуэрыр къэпсэлъащ: «Мо къэгъэшыпӀэ мывэжьым хуэсакъыурэ ныблэгъэкӀыжи, Тхьэм жиӀэмэ, щыгум дынэсащ, Толэ». «Ар хъунукъым, полковник, мыбы щыхурэ ехуэхрэ хэмыту зыри къыдэкӀыжакъым», – жиӀэу Толэ къэгъэшыпӀэ мывэжьым тэмэму дыкъыщыблишыжым, псори хуиту дыбэуэжри, щыгум дытелъэдэжащ. ДыкъикӀыу дыкъызыдэкӀам дыщеплъыхыжам, ди щхьэр уназэт, КӀытӀи, и нэрыплъэжьыр зыӀуидзауэ, къыткӀэлъыплъу лъэгум дэтти, гуфӀэу и Ӏэр къытхуищӀырт. Дэри, кърым хъаныдзэр илъэс щищ и пэкӀэ мы Къэн-

жалыжь дэзыукIыхьа ди адэжьхэм къытхуагъэна уэрэдыжьыр ди Iэблэр зэрыубыдауэ жыдоIэ:

*Си джатэжьурэ, уей дуней, хьэщхьэрыIуэдзэ,*
*И дзэпкъитIымкIэ, уей дуней, лъыхэр йожэхри.*
*Псыежэхмэ, уей дуней, сызэпрыплъмэ,*
*Кхъухь фIыцIэжьхэм, уей дуней, къызэпрахури.*

* * *

Къэнжал щIыналъэр зэрыжэнэтыр аргуэру зэ зыхэтщIэжащ ди къуажэм дыкъэсыжу август жьэражьэм къигъэкъуалъэ дунейм дыкъыхэхутэжа нэужь. ЩакIуэр щыпсэу Зеикъуэ къыщымыувыIэу, полковникри Бахъсэн щримыгъэкIыжу, Толэ Налшык сыкъишэжащ. Дыгъуэпшыхьи къыспэплъауэ ноби къызэжьэ си щхьэгъусэм ерыскъы хьэзыр зэриIэн хуейм шэч къытесхьэртэкъыми, захъунщIэ защIами, зэрымэжэлIар сщIэрти, гупыр къеэгъэблэгъащ. Аслъижан и джэдлыбжьэмрэ пIастэмрэ хъарбыз щIыIэр трашхыхьыжри, арэзыуэ къэтэджыжахэщ.

ХьэщIагъэ заретхар гупым я гуапэ дыдэ хъуащ. Аслъижани нэхъ мащIэу и гуапэ хъуакъым зыпэмыплъауэ КIытIэ къыхузигъэша бжэныл гъупцIа гурыхьымрэ псори фымышхыжу зы цIыкIу нэхъ мыхъуми къысхуэхь жиIэу зыщIэлъэIуа бдзэжьей къуэлэным хуэдэу къэдубыда псори гъэкъэбзарэ шыужауэ Толэ къызэрыхуишамрэ. Ауэ дубленкэ дэгъуэр къэп хужьым къисхыу щызыщыстIагъэм, псори щигъэгъупщэжу щыгуфIыкIащ... И фи мыкIуауэ ар нобэми зэрызиIэр ищхьэкIи щыжысIащ. Зи фIэщ мыхъу къыхэкIмэ, фыкъысхуеблагъэ, фи нэкIэ фэзгъэлъагъунщ. Сыщыпсэури аращ, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэкIэ щыIэ уэрам унэм, 32-4.

Мы хъыбарыр тхыжын щызухам, КIытIэ и кхъащхьэм ефэндым псы трикIэжырт. И ахърэтыр фIы Тхьэм ищI.

– Iэмин жыфIэт! – жи ефэндым.

– Iэмин!

• • •

БОЗИЙ Людин

# Насып лъагъуэ

***Повесть***



Гъатхэпэ мазэт. Тхьэмахуэ енкIэ пшагъуэр щIылъэм къегъуэлъхьэхарэ уэсэпс гуащIэм нэр имыгъаплъэу щытат. Зэуэзэпсэу пшагъуэр зэкIэщIихужщ, уафэм зиукъэбзыжри, дунейм гъатхафэ къытеуат, цIыхухэри, хуабэм къигъэгушхуэжри, цIахуцIэу хуэпауэ уэрамхэм къыдыхьат; шыгъуэгу хадэ зиIэхэм лэжьыгъэм зратат. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым: махуэ зыщыплI нэхъ дэмыкIыу, уафэм зыкъызэщIиуфэщ, пшагъуэр къыщхьэщыгъуалъхьэщ, Iумыл гуащIэ къехри, ущызекIуэнкIэ

шынагъуэу, гъуэгухэр щтырыгъу хъуащ. Гъатхэр къихьэри, щIымахуэм къигъэзэжащ, жаIэу гъумэтIымэурэ, замыгъэджэлэну я псэр дзапэкIэ яIыгъыу къакIухьырт цIыхум.

Щхьэ къуийм и лажьэ щхьэ псом ищIэркъым, жыхуаIэрати, фыз гъуэгурыкIуэхэр, жыгым «IэплIэ иришэкIауэ» щыт цIыхубзым хуеплъэкIым, «Пхуэфащэщ! Нэхъ мащIэIуэ уефатэмэ, зыри къыпщыщIынтэкъым, быдэIуэу къуз иджы жыгыр...» – жаIэу хущIатхъуэурэ блэкIырт. Талъустэн и щхьэр щIэIуауэ сакъыу здэкIуэм, фызхэр зыхущIэбжэр къыхуэмыщIэу, къэувыIэри зиплъыхьащ. Жыгыр зыIыгъ цIыхубзыр къилъагъущ, абы и Iуэху зэрымыпщIэгъуалэр къыгурыIуэри, бгъэдыхьащ. ЦIыхубзыр икъукIэ зэкIужт, екIууи хуэпат; чэф лажьи иIэтэкъым; и гур хэщIу, гъы макъи къыжьэдэмыIукIыу, и нэпсхэр джэшым хуэдэу къелъэлъэхырт. И щхьэр къиIэту лIы мыцIыхум щыIуплъэм, цIыхубзыр къэскIащ.

– Къысхуэгъэгъу, – жиIащ Талъустэн. – НакIуэпакIуэу сыкъыббгъэдыхьащ... Зыгуэр къэоузрэ?

ЦIыхубзым и нэпсыр щIилъэщIыкIщ, и нэ дахитIым щызу лIы бжьыфIэшхуэм къеплъри, Iэнкуну жиIащ:

– Сыджэлащ... – зымащIэрэ щыму щытри и псалъэм пищащ: – Си лъакъуэр мэузри, сызэригъакIуэркъым. Мо фыз блэкIхэм жаIэр зэхызох... Езыхэм я гуэныхьыжщ, сэ апхуэдэхэм сащыщкъым... СыцIанthъуэри сыджэлауэ аращ. Сызэрыджэларакъым си гур щIыхэщIыр, сызэрыщымыт къызэрысхужаIэращ.

– Уэлэхьи, мыхъуа ар!.. Сэ иджыпсту «Скорэр» къезджэнщ...

– Хьэуэ... «Скорэми» сыхуейкъым, – идакъым цIыхубзым.

– НтIэ, такси къэзубыдынщи фи деж унэзгъэсыжынщ, – жиIэу Талъустэн щыIуигъэзыкIым, цIыхубзыр кIэлъыджащ:

– Зэ умыпIащIэ!.. Берычэт бесын. Таксии сыхуейкъым. Сэ жыжьэ сыкIуэжынукъым; модэ мо унэ гъуэплъыфэм сыщопсэу. Си лъэгуажьэ узыр тIэкIу мамырмэ, сэр-сэру хуэмурэ сыкIуэжынщ.

– Ар мыхъун Iуэхущ: щIыIэм куэдрэ ухэтмэ, уи лъакъуэ узыр е екIуэнщ. НакIуэ, сэ сыбдэIэпыкъунщ, – жиIэу и Iэблэр иубыдыну щыIэбэм:

– Хьэуэ, – жиIащ цIыхубзым. – Арыншами цIыхухэм жаIэн ягъуэту къагъанэркъым. Сызижэгъуэныр абыхэм яжьэдэухуэ. Зэрымытым Iэтищэ ирагъэувэнщ, тхьэ. Япэ къэс лIым и Iэблэр сIыгъыу къэскIухьу жаIэнщ.

– Ауеей! ЖрыраIэ хуеиху! Алыхьым укъещIэ. Къэубыд си Iэблэр... Ыхьы. УмыпIащIэ. Сэ укъысщымысхьу зыкъыстегъащIэ... – жиIэурэ Талъустэн цIыхубзыр иришэжьащ.

Аргуэрыжьщи, «фыз чэфыр къерелъэфэкI», – жаIэри, блэкI-къыблэкIыжхэр йоплъ; хэти: «Дауи, ахэр зэдефагъэнщ», – жеIэ.

– ЖысIатэкъэ! – мэгузавэ цIыхубзыр. – Си Iуэхущ, абыхэм я жьэр пхуэубыдмэ...

– Тхышэр захуэ зыщIыжыр кхъэращ, жаIэ урысхэм. Апхуэдэщ ахэри. Къырыревэхэ хуеиху... – жеIэ Талъустэн.

Кулижан – арат Талъустэн зыдэIэпыкъу цIыхубзым и цIэр – етIуанэ къатым еханэ фэтэрым щыпсэурт. Абы нишэсыжу Талъустэн бжэм щытеуIуэм:

– АлейкӀэ утемыуӀуэ, абы зыри щӀэскъым, сэ си закъуэу сопсэу, – жеӀэри, Кулижан и сумкэм ӀункӀыбзэӀухыр къыдихащ.

Талъустэн зэуэзэпсэу упщӀэ нагъыщэ хэлъу Кулижаным хуеплъэкӀащ: «Ярэби, мы цӀыхубз дэгъуэр и закъуэу псэуныр сытым къыхэкӀауэ пӀэрэ? – жыхуиӀэу. А гупсысэм зэщӀиӀулӀащ Талъустэн. – Тхьэм ещӀэ, къэхъукъащӀэм гъуни нэзи иӀэкъым, и щхьэгъусэр зыгуэркӀэ кӀуэдами е и ажалкӀэ лӀами хэт ищӀэн?..»

Талъустэн зыщӀыхьа фэтэрыр чэщейм хуэдэу къабзэт, лей лъэпкъ хэмыту унэлъащӀэ дахэ щӀэтт. Фэтэрыр пэшищ хъурт. Талъустэн хуейт ахэр псори къиплъыхьыну. «Хэт ищӀэн Кулижан и лӀым и сурэт блыным фӀэлъми?..» – жиӀэрт игукӀэ.

ЛӀы хамэр и фэтэрым зэрыщӀыхьам Кулижан апхуэдизкӀэ теукӀытыхьырт, цӀыхухэм къыхужаӀэнур зэпилъытырти, ар щӀэхыӀуэу зэрыщӀэкӀыжын псалъэмакъ иригъэкӀуэкӀыу щӀидзащ. И лъэгуажьэри къозауэри егъэгуӀэ, и ӀитӀымкӀэ иӀыгъыу щысщ. Талъустэн и псэм техуакъым щӀэщхъу къызыщыщӀа цӀыхубз дэӀэпыкъуэгъуншэр утыкум къринэу ежьэжыну. Кулижан укӀытэрт и бостеикӀэр иӀэту и лъэгуажьэр лӀы мыцӀыхум иригъэлъагъун, ауэ, неӀэмал. Абы и лъэгуажьэр хуищӀэу теудат. Мыхъумэ, зэрыхъуу щӀы, жыхуаӀэрати, Талъустэн дэӀэпыкъуурэ, абы и уӀэгъэр ягъэкъабзэщ, йод щахуэри япхащ. Ауэрэ Кулижан и гур къызэрыгъуэтыжри, а тӀур тэлайкӀэ зэдэуэршэращ.

Сыт хуэдэ псалъэмакъ ирагъэкӀуэкӀами, дяпэкӀи дунейщ жери, Кулижан и закъуэу щӀэпсэум Талъустэн щӀэупщӀакъым. «Ӏэмал зэриӀэкӀэ уи лъакъуэ узым зытумыуэндагъуэ, Кулижан, сэ иджыри сыкъыплъыгъуэзэнщ...» – жиӀэри Талъустэн щӀэкӀыжащ. Ар зылъэгъуа гъунэгъу фызхэр, гуп цӀыкӀу зэрыгъэхъуауэ, Кулижан къыщыщӀаӀауэ ямыщӀэу: «Телъыджэлажьэ! Хэт и гугъэнт!.. Мис аращ, нэдым и щхьэр умытӀатэу, хьэ илърэ ху илърэ къапщӀэркъым, щӀыжаӀар». «Зы ягъэ кӀынкъым! Шыдрэ пэт илъэсым зэ мэфтрей. НтӀэ, къыкӀэлъыкӀуи-къыкӀэлъыжи щымыӀэу, гъэру и гъащӀэр ебгъэхьыну тхьэмыщкӀэм?» «Гуэныхьыр къэхьыгъуафӀэщ, ар абы и зыгуэрми фщӀэркъым». «Дауи, ар абы и «зыгуэрщ»... – жаӀэу Ӏуэрвэру бжэӀупэм щызэхэтт.

Япэ къатым щыпсэу Къантемыр я фэтэрым къызэрыщӀэкӀыу, фызхэм я гъуметӀымэ макъыр зэхихри къызэтеувыӀащ; абы ипэкӀи мызэмытӀэу ахэр Ӏуэрывэу ирихьэлӀати, тӀэкӀурэ якӀэщӀэдэӀухьщ, делэм ишхыр фыщх фэ жьэ мыгъуэ гупым! – жери, къэлыбауэ ежьащ. Зыри жимыӀэу яблэкӀыну и мурада щхьэкӀэ, физ гуэрым:

– ЛӀо, Къантемыр, сыту унэщхъыцэ хуэдэ? – щыжиӀэм:

– Е уанэ махуэр тезылъхьэн гуп, хэт сыт хужытӀэн жывоӀэри, фи бзэгур къидзауэ, лажьэми-пщӀантӀэми фащымыщу фызэхэтщ! ФыкъыхащыпыкӀыу фызэхуашэсами ярейщ фэ гупыр! Щхьэ тӀэкӀу фымыукӀытэрэ, унэжын гуп! Мо лажьэ зимыӀэ цӀыхубзым щхьэ фытрилъхьа! ЦӀыху щыхъукӀэ абы деж зыгуэр щӀыхьэнкӀи къыщӀэкӀыжынкӀи хъунщ! А псоми фэ фахущӀэджэну къалэн фщащӀа хуэдэ, фи щхьэр гъэкӀауэ фи гъащӀэр фохь! Кулижан фыхуэдащэрэт фэ! Бзылъхугъэ хъарзынэр зыгуэрым епсэлъэн укӀытэу, щтэӀэщтаблэу, уеплъмэ плъыжь хъууэ къэвгъэнащ!..

– Уэ, жытӀэнӀауэ ди дзэ шыуэ, гъэми щӀыми ди Ӏупэм утесщ, – жеӀэ нэгъуэщӀ фызым. – ЩӀэчэ имыӀэу укъытхуодзэлашхэ! Дэ нэхърэ уи фызыр зыкӀи нэхъ щӀагъуэкъым! Зымахуэ Теувэж деж физ гуэр къыщӀэкӀыжу илъэгъуати, си щхьэм цыуэ теткъым абы хужиӀам хуэдиз! Уущиин ухуеймэ, мис ар ущий!..

– Феуэ, маржэ, Щам и бжыхьу евгъэкӀуэкӀ. ФлъэкӀӀауэ къэвмыгъанэ! Тхьэр согъэпщӀ, щыӀэм фэ фи жьэр зыхуэубыдын! – жиӀэри Къантемыр блитхъуащ. Модрейхэри:

– Зегъэхь адэ, жэгъурнаужь! Дэ хьэм нэщI щхьэIуо дыщеуэркъым, ди нэкIэ тлъэгъуар жытIэжу арaщ! Иджыри фызитI зэпсалъэу уарихьэлIэмэ, ятетхъуэ!.. – кIэлъыгъумэтIымахэщ.

Гъунэгъу щIалэ Мурадин тутын ефэу адкIэIуэкIэ щытти, Къантемыр абы щыбгъэдыхьэм:

– Щхьэ мыгъуэ запыпша а жьэ мыгъуэхэм? Кулижан джалэри и лъакъуэр игъэузати, дэIэпыкъуауэ арaщ а щIалэр, – жиIащ.

– Дауи, апхуэдэ зыгуэрщ, армыхъуамэ... – жиIэри ежьэжащ Къантемыр.

* * *

Талъустэн автобус къэувыIэпIэм зэрынэсу, абы и цIыхугъэ Щэкъумэн щэнауэу къыбгъэдыхьэри и къэвэбжэр зэIуихащ:

– СлIожь, Талъустэн! Уи тIроцэ хуэди? Фыз чэфхэр къеплъэфэкIыу уэрамым удэту ара иджы узэлэжьыр? Уэлэхьи, икъукIэ лэжьапIэфI къэбгъуэтакIэ! Уэ езыр удемыфауэ пIэрэ а чачэу плъэфыжам? Еуэ, маржэ, Щам и бжыхьу егъэкIуэкI! Уи насыпым кърихьэкIынур пщIэнукъым: фыз фадафэхэми фIы къащыхэкI щыIэу яIуатэ...

«Тхьэр зи ужь иувэн! Мыракъэ, бэмпIэгъуэ лъхуэри зэгуэудыгъуэ къилъхуащ, жыхуаIэр!..» – и гур мэлынцI Талъустэн.

– Уа, Щэкъумэн, уи гъащIэр Iуэрывэу умыхьу, зэ лIыпIэ уиувамэ сыт ягъэ кIын! – мэгубжь Талъустэн. – А къеслъэфэкIауэ жыхуэпIэ фызыр ефауэ ущыхьэт уэ?! Чэф плъагъуну ухуеймэ, уи унэ кIуэжи гъуджэм иплъэ! ЗызыщIэж щыIатэмэ, зызылIэжи щыIэнт, щIыжаIар уэ пхуэдэ гуэру къыщIэкIынщ! Сыту умылъагъурэ мы гъуэгум и щтырыгъуагъыр!.. Ауей! ПтулъкIэ мыхъумэ, уэ нэгъуэщI зыри плъагъунукъым! Джэлауэ зи лъакъуэр къызыщIэмыувэж цIыхубзым блэптхъури уежьэжащ. Иджы, «Фыз чэфхэр...» – жоIэри, узебыршэу уэрамым удэтщ! ТIэкIу ипэкIэ плъэн хуейщ!..

– Хъунщ, ярэби! Упсэлъэну узэгуоудри! «Джэлауэ», – жи. ЩхьэусыгъуэфI къэбгъуэтаи! Арагъэнщ уи фызыр щIибгъэкIыжар... – жиIэу Щэкъумэн къыщригъажьэм, адкIэIуэкIэ щыт фызыр къабгъэдэкIуатэри жиIащ:

– Ей, цIыхухъу! Алыхь, арэфым хуэдэу укъуаншэм. Мо лажьэ зимыIэр и пIэм къипшащ. ЛIы ищIэн ищIащ, тхьэ, абы: зылъэмыкIым дэIэпыкъуащ. Сэ фIыуэ соцIыху абы и унэм ишэжар: нэгъэсауэ цIыхубз зэтетщ, шкIэ тIыса игъэтэджыркъым жыхуаIэм хуэдэщ, тхьэ...

– Хъун мыгъуэщ! Уэри ущыхьэт нэпцIщ! Сыунэхъури хьэдзыгъуанэм къуацэкIэ сыхэуащ! Хьер фхухъу фи фыз чэфри!.. – жиIэри Щэкъумэн, небэ-къебзу, и занщIэр и гъуэгуу ежьэжащ. Ар машинэ блэжым пэщIэхуэным къэнэжар зымащIэт. Машинэр къэувыIэщ, рулым дэсыр къикIри къытекIиящ: «Былымым ещхьу гъуэгум щхьэ укъытепщхьэрэ, тхьэр зи ужь иувэн?!..» – Модрейр, хыв хьэ ебэнауэ къыщымыхъуу, гъуэгум зэпрыкIри – макIуэ-мэлъей.

«Дыдыд!.. Ар зыхуэкIуэжыну фызым и махуэр къытеункIыфIакъэ!» «Iуэрбжэрыжьыр мычэфу зэзакъуи плъагъункъым», «ЛажьэркъымпщIантIэркъым, итIани щIимычэу зэфэн къегъуэт», «Сэ слъэкIатэмэ, мы дунейм фадэ ткIуэпс къытезнэнтэкъым», – жаIэурэ къэувыIэпIэм тет фызхэр Щэкъумэн хуэхъущIащ.

Кулижан щхьэкIэ «хъыджэбзыр» зэрыжаIар Талъустэн и щхьэм гъуэжькуийуэ щыджэрэзу, автобусым итIысхьэри ежьэжащ; жэщ псом и напIэ зэтримылъхьэу Кулижан егупсысу хэлъащ ар.

* * *

Кулижан и фэтэрым Талъустэн щIыхьэнкIэ щIэхъуар гъунэгъу фызхэм къащIа нэужь, Iичрам къахьыжри, абы и лъакъуэр нэхъыфI хъужыху я нэIэ трагъэтащ. Талъустэн ар гулъытэншэу къигъэнакъым.

Кулижан и дахагъэм, гуапагъэм, щэныфIагъэм Талъустэныр кIуэ пэтми зыIэпишэрт. ИтIани, зи щIалэгъуэр икIа хъыджэбзыр щхьэгъусэншэу щIэпсэур зыхуихьынур имыщIэу Iэнкун хъурт; езым пкърыупщIыхьыну и дзэр шырт, хамэхэм къаригъэIуэтэнуи фIэигъуэджэт.

Талъустэн щхьэгъусэ зэримыIэр Кулижан ищIэртэкъыми, ар гу пцIанэу къызэрысхущытыр и щхьэгъусэм къищIэмэ, бэлыхь хэхуэнщ жери, и нэр джылырт; ар щIэщтэIэщтаблэр къыгурымыIуэу, модрейри гузавэрт. Кулижан и гур щIэныкъуэр щыжриIэм, Талъустэн къэнэщхъейщ, зытIэкIурэ щыму щысри, жыIэгъуейуэ жиIащ:

– Умыгузавэ, Кулижан, сэ апхуэдэ шынагъуэ сиIэкъым: сыхьэкIэпычкъым, сыцIыхухъу щхьэхуитщ.

Кулижан, лIы хъарзынэм и гум сеуащ жери, жиIам хущIегъуэжауэ, гущIэгъу хэлъу абы и нэгум иплъэри, еупщIащ:

– Уи щхьэгъусэр щымыIэжу ара?

Талъустэн хьэлъэу хэщэтыкIри, игу хэщIу жэуап иритащ:

– Хьэуэ, Кулижан... си щхьэгъусэу щытар щыIэжщ... ауэ ар си дежкIэ щымыIэж пэлъытэщ. Абы и Iуэхур псалъитIу пхужыIэнукъым. Сыжеямэ пщIыхьэпIэу сымылъагъунур си нэкIэ сигъэлъэгъуащ. Ари хуэмурэ къэпщIэнщ.

– Къысхуэгъэгъу, Талъустэн, уигу хэзгъэщIащ, сэ сыхуеякъым... – жиIа мыхъумэ, адэкIэ къэхъуа-къэщIамкIэ еупщIакъым абы Кулижан.

* * *

Талъустэн бэшэчу пэплъащ и гур зытхьэкъуа пщащэм и блэкIар наIуэ къищIыным. ИкIэм-икIэжым, ар абы къехъулIащ.

* * *

Амырхъанрэ Дыщэдисрэ бын зэдамыгъуэту зэманыфIкIэ зэдэпсэуат. ИкIэм, я гугъэри хахыжауэ, зы хъыджэбз цIыкIу щызэдагъуэтым, Кулижан фIащат; езыхэр «КIасэнэхукIэ» еджэрт; я Iыхьлыхэм, гушыIэ хужыIэу, Къыкъуэпщыжа цIыкIур, жаIэрт.

Кулижан зэрыцIыкIу лъандэрэ кIэщIущт, Iэдэбт, нэмысыфIэт. Езыр фIы дыдэу еджэрт; курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэр диплом плъыжькIэ къиухауэ, бухгалтер нэхъыщхьэу заводым щылажьэрт. Абы псэлъыхъу и гъунэжт, ауэ, щIалэ гуэрым пасэу гурыщIэ хуищIати, нэгъуэщI зыри и нэгу щIигъэплъыртэкъым.

Асчэр – арат Кулижан и псэр зыхьэхуауэ щыта щIалэм зэреджэр. КIуэаракъэ, абы дэмыкIуэмэ илIыкIын, Асчэр и псэ жаIэмэ, псы емыфэжын хуэдизу, и гур хуэпабгъэрт абы. Езы Асчэри Кулижан мыхъумэ нэгъуэщI къимышэну и тобэт. Ауэ хъыджэбз хьэкIэпыч гуэр, ФаризэткIэ еджэу, Асчэр къыкIэрыхъыжьати кIуапIи-жапIи къритыртэкъым. Зи бзэ IэфIым блэр гъуэмбым къреш жыхуаIэм хуэдэт Фаризэт: къобзэрабзэурэ бетэмалу удишэхынут. Езыр и теплъэкIи гуакIуэт, ауэ и гуакIуагъыр и нэIурытагъым хэфэгъукIырт, фадэри и хьэрэмтэкъым. Асчэр нэмыщI нэгъуэщI щIалэхэми закъыпригъэхырт Фаризэт. Ауэ, Асчэр цIыху щабэт, жыIэзыфIэщти, ар уэим имыщIу, жэмтIушкIэу Кулижанрэ Фаризэтрэ я кум дэтт. Зыгуэрым зыгуэр къыжриIэмэ: «Аууей! Кулижан дэнэ сихьыжын сэ!» – арат и жэуапыр. Модрейхэм: «УмыпIащIэ, Асчэр, IумыщIэ лIыфIщ», – жаIэрт.

Асчэррэ Кулижанрэ зэгъусэу Фаризэт къилъэгъуамэ, я пащхьэм иджэразэрти, Асчэрым нащхьэIущхьэ хуищIым, хъуэр псалъэхэр иридзурэ, Кулижаныр къигъачэрт. Асчэр абы жримыIэфIауэ, «Абы къивхэр щхьэжэ зыщумыщI, Кулижан, делэм уэ фIэкI, губзыгъэр езыр къыпфIэкIынщ, жыхуаIэращ…» – жиIэрти трилъафэрт. Гугъэмрэ жеймрэ адэ щIэиныфIщ жыхуаIэрати, Кулижан гугъэрт, зэгуэр Асчэр и акъылыр тIысу, Фаризэтыр и гъуэгум тригъэкIуэту, езым и пхъэ къикIыну. АрщхьэкIэ дэнэт! Дауэрэ ищIми, Фаризэт къехъулIащ и IэмыщIэм Асчэр иригъэтIысхьэн.

* * *

Зэгуэрым Асчэррэ Фаризэтрэ я отпускыр зэтехуати, махуэ щIагъуэ дамыгъэкIыу зэхуэзэрт, псым кIуэуэрэ загъэпскIт, дыгъэ зрагъэут. Пщыхьэщхьэ гуэрым, адрей махуэхэми хуэдэу, пивэ ефэну кафем щIыхьахэщ. ТIэкIу-тIэкIуурэ пивэр аркъэм хуэкIуэжщ, хьэнэу зэрегъафэщ, паркым ихьэжщ, зэрыгъэделэри, мэ-тIэ! Фаризэт Асчэрхэ я деж зыкъыщыщIригъэдзащ. Асчэр и адэ-анэм шэ фIыцIэу къатехуат, жеямэ я пщIыхьэпIэм къыхэмыхуэну хьэIужажэр я лъахэм зэрихьар. Чэфыр теужа нэужь, езы Асчэри и Iэпэм едзэкъэжат, арщхьэкIэ, Iуэхур зэрыхъун хъуа нэужь, едзэкъэжи пэт.

Арати, и гугъапIэр IэщIахри, Кулижан и дунейр къытеункIыфIащ.

* * *

Насып  зимыIэм уэ ептын! Илъэс нэхъ дэмыкIыу Фаризэт лъхугъэм илIыкIащ. Абы и дауэдапщэр дэкIа нэужь, Асчэр мурад ищIат и Iумэтым Кулижан иригъэхьэжыну. АрщхьэкIэ Кулижан, уэ укъалэмэ, сэ сытопщ, жиIэри, къэгъазэ имыIэу зыпигъэкIащ ар. Модрейри зи дзэлыфэ къыхуэзытIым и Iэпэгъуу чыхум хыхьэжащ.

* * *

Асчэр бзитIщхьитIу къызэрыщIэкIар, зэрыжэкъуар Кулижан гущIыхьэ щыхъущ, абы гузэрыдзэ хуищIри, мызэ-мытIэу сымаджэщым щIэхуэгъащ. Абы и ужькIи зыкъимыужьыжу, дуней зытетыр фIэмыIэфIу, и нэр зыми емыплъу илъэсхэр блэкIащ. Ауэрэ, зыр лIа щхьэкIэ, зым зилIэжрэ? – жыхуаIэрати, ар гъащIэм хуеплъэкIыжат. Абы къегуакIуэ щIалэхэри гъунэжт. Ауэ, езым къыхуейхэм гухэлъ яхуимыщIыфу, езыр зыхуейр къемыхъулIэурэ, зэманыр кIуэрт. Абы и щытыкIэм Амырхъанрэ Дыщэдисрэ икъукIэ игъэпIейтейрт. «Уа, Кулижан, – жиIэрт Дыщэдис, – зыгуэр бжетIэмэ, дыноижу къыпщохъу, хэплъыхь Iыхьэншэщ, жи, ауэрэ укъыдэнэжынущ. Уи адэмрэ сэрэ ди ныбжьыр егъэзыхыгъуэ хъуащ, гъащIэм и кIыхьагъыр зыми ищIэркъым. Апхуэдэу зумыгъэIупэцабэу, зыгуэрым дэкIуи, дэри дигурэ ди щхьэрэ зэтелъу дыгъалIэ…» «Сыкъыдэнэжмэ, сыкъыдренэж, – жиIэрт Кулижан. – Сэ сыпэщIэдзэкъым, сыкIэухкъым. ЗалымыгъэкIэ ягъэIэза жыхуаIэм ещхьу, си псэм фIэмыIэфI Iуэхугъуэ злэжьу, си дунейр лъапэдэгъэзеигъуэу схуэхьынукъым…» Iыхьлы-лыджанэ жыпIэми, нэгъуэщIхэри еущияц Кулижан – хэт жиIаи и тхьэкIумэ иригъэхьакъым.

Дыщэдис зэрыжиIауэ, гъащIэ зиIэм уахътыи иIэщ, жыхуаIэр къэхъуащ: Кулижан хэплъыхь ищIурэ, и адэ-анэр дунейм ехыжащ, езыр и закъуэ дыдэу къэнащ. Ар щыгъуэурэ, дэкIуэн Iуэху зэримыхуэу, аргуэру илъэс бжыгъэ дэкIащ. Абы и гугъэр хихыжауэ, дяпэкIэ сэ

къысхуейIами къысхуеинур сабий бын къыщIэнри и щхьэгъусэр дунейм ехыжауэ, и сабийхэр сэзыгъэпIын гуэрщ, жиIэурэ и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырти, гукъыдэж имыIэу, гупсысэм зэщIиIулIауэ, и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу гъащIэр ирихьэкIырт.

* * *

Талъустэн школым щыщIэса лъандэрэ фIыуэ илъагъурт ЧабирэткIэ зэджэ хъыджэбзыр. А тIур зы хьэблэ щыпсэурт, я адэ-анэхэри фIыуэ зэрыцIыхурт. Чабирэт икъукIэ хъыджэбз фэрыщIт, зи бзэ IэфI щынэ мэлитI ящIоф жыхуаIэм хуэдэт. Талъустэн и адэ-анэ Бэлэтокъуэрэ Думэсарэрэ хъыджэбз нэфIэгуфIэ цIыкIур ягу ирихьырти, Талъустэн ар къытхуишэтэм жаIэу, техъуэпсыхьырт.

Чабирэт Гурашэхэ Жантыгъуэнрэ Гуащэнысэрэ я бынт. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ еджапIэ нэхъыщхьэ къэуха нэужь, Гурашэхэ я деж Бэлэтокъуэ лIыкIуэ игъэкIуащ Чабирэт лъигъэхъуну. ЗытекIухьар щыжраIэм, «Ахьей фэттын! Аракъэ дызыхуейуэ тхуэмыгъуэтыр! Езы тIур арэзымэ, дэ ди нэщ, ди псэщ...» – арэзы техъуащ Жантыгъуэн.

ЛIыкIуэхэр ежьэжа нэужь, Iуэхум тIэкIу шэч къытрихьэу, Гуащэнысэ жиIащ:

– АIей, мыгъуэ! ЗымащIи уемыхъырхъыщэу, сыту IэкIэщIлъэкIэщIу уеувэлIа мы Iуэхум!

– ЛIо, уи пхъур Бэлэтокъуэ и къуэм иригъашэмэ щхьэ умыдэрэ? Дэнэ къикIт Талъустэн хуэдэ малъхъэ! Езыхэр зэрыунагъуэу цIыхур тхьэ щIелъэIум хуэдэщ. УгуфIэным и пIэкIэ зызэхэбуфащ...

– Ар пэжщ, лIыжь, мис аращ сэри сызыгъэдзыхэр. Апхуэдэ унагъуэм ептыну уи пхъур зыхуэдэр пщIэжын хуейщ. Махуэр щыкIэщIым Чабирэт уэ тIэу-щэ укъегъэгубжь. А кIыритIэмыритIэр абыхэм яхэзэгъэну Алыхьым си фIэщ имыщIкIэ!

– СощIэ ди пхъур зэрымыбегъымбарыр. Сыт тщIэн? НэгъуэщIым етткIэ нэхъыфI хъунутэмэ, еттынт. Бэлэтокъуэрэ Думэсарэрэ ар ягъэдэIуэну, ягъэсэну дащыгугъынщ.

– Дэ илъэс тIощIым щIигъукIэ тхуэмыгъэса ди пхъур Бэлэтокъуэрэ Думэсарэрэ ягъэсэнщ жыIи, щыгугъи щыс: чы щIыкIэ къыумыгъэшар бжэгъу хъуа нэужь къыпхуэгъэшыжыркъым...

Жантыгъуэнрэ Гуащэнысэрэ кIыхьу тепсэлъыхьащ Чабирэт и Iуэхум. Сыт жамыIами, сыт къамыпсэлъами, Жантыгъуэн, сэ напитI сиIэкъым жери, лъыкIуэхэм ярита псалъэм епцIыжын идакъым.

Талъустэнрэ Чабирэтрэ зэнэзэпсэу, я псэр зы чысэм илъым хуэдэу зэдэпсэун ирагъэжьат. Чабирэт апхуэдизкIэ тафэтелэт, къэгъэпцIэкIэм хуэIэзэти, Бэлэтокъуэрэ Думэсарэрэ я псэм дыхьат; зэрыжаIэу, драхьеймэ гъущIэу, кърахьэхмэ щIытэу ялъагъурт. Ауэ ахэр куэдрэ гуфIэну Алыхьым иухатэкъым: уи напIэ гъалIи лIы зэгъэгъуэт, утыкур бгъуэтмэ, уи джатэр къих, жыхуаIэр къэхъуащ; Чабирэт, шыни укIыти имыIэжу, езым ищIыр унафэу, «Фий, цIыхумэ!» – жиIэу, зыкъызэкъуихащ.

Талъустэн шэми ес, шхуми ес. И адэ-анэрщи, нэхъеймыгъуэжщ: мо тIум зызэхуратIэху Iэжьэгъу хъухэурэ, къаруи-псэруи къахуэнакъым, я гукъеуэр Жантыгъуэнрэ Гуащэнысэрэ хуаIуэтэну я дзэ мэш. «Мэлищэ щIакъуэншэ хъуркъым» жызыIам пцIы иупсакъым: Чабирэт абыхэм я быну зэрыпщIэн щыIэкъым. Сыт тщIэн? Алыхьым къыптрилъхьэр шэчыгъуафIэщ, жи. Ди жагъуэ-ди щIасэми зыхуэдгъэшэчынщ», – жиIэрт Бэлэтокъуэ. «Дыдыд мыгъуэ! КIапэ дагъэ содзакъэ, жиIэурэ, щэ дагъэ едзэкъащ Талъустэн. Чабирэт и нэгум сиплъэху, си щхъуэцыр мэтэдж:

мэлыфэр зытригъэжри дыгъужь къыщIэщащ. Апхуэдизу щхьэ ета ар! Удафэр фэм йокI, жи. Зы мыгъуагъэ и нэгу щIэмылъу узиIэ а щхьэгурахъэм!..» – гуIэжырт Думэсарэ. Ауэрэ, гур зэрыгъум дыгъур ирожэ, жыхуаIэр къэхъуащ.

Махуэ гуэрым Чабирэт, тIэкIуи къэгувауэ лэжьапIэм къикIыжщ, дуней гуфIэгъуэр иIэу лэгъунэм щIэлъэдэжри, Талъустэн тхэуэ стIолым здыбгъэдэсым, уащхъуэдэмыщхъуэу, «М-мэ!» – жиIэри, и пащхьэм тхылъымпIэ напэ иридзащ.

– СлIо, Чабирэт, уи хьэм бажэ къиубыда! – нэщхъкIэ еуащ абы Талъустэн.

– Бажэу щыIэм кърауххьэкI а си хьэм къиубыдар! – жиIащ модрейм.

– Мыр сыт зищIысыр? – IуигъэкIуэтащ Талъустэн тхылъымпIэр.

– Еплъи къэпщIэнщ ар зищIысыр, – жеIэ Чабирэт зигъэхьэфотэу. – Путевкэ! КъэпщIа иджы ар зищIысыр?

– Хэт и путевкэ, зиунагъуэрэ!

– Сэ си путевкэ!.. Санаторэ сыкIуэнущ...

– Ар дауэ! – къоуIэбжь Талъустэн. – УпщIэжи усэжи щымыIэу, щхьэж игу къихьэр илэжьу дызэхэтыну ара дызыхуэкIуар!

– Хэтыт-тIэ, Талъустэн, абы щхьэкIэ сызэбгъэупщIынур? Уэра хьэмэрэ?.. Жэ жаIэм сыжэу, кIуэ жаIэм сыкIуэу, арат узыхуейр? Сэ дыгъуасэ сыкъалъхуакъым, Талъустэн! ЩыIэжккъым япэрей хъыджэбзыжь цIыкIур: сэ высшэ сиIэщ, зи щхьэ и унафэ зыщIыжыфым сриныбжьщ!.. – тач-тау жригъэIэу путевкэр Талъустэн къыIэщIепхъуэтыж.

– СыхулIэ уэ уи высшэм! Высшэ зиIэм акъыли укIыти иIэн хуейщ! Ди щIэщыгъуэжккъым уи щхьэзыфIэфIыгъэр! Сэри хьэмэшыпхэмкIэ сыкъекIуэкIакъым, Чабирэт! Хьэмэрэ мобдеж щIэс си адэ-анэр-щэ? Зыгуэрым уфIэлIыкIмэ сыт ягъэ кIын! КъимыдэкIэ, шыкур Алыхь, санаторэ ущIэкIуэн дерт уиIэкъым уэ!

– Санаторэ кIуэ псоми дерт гуэр яIэу кIуэркъым, Талъустэн! Сэ зэгуэр зыгуэр къызэузын жысIэу, сыплъэ-сыдаIуэу сыщысынукъым! Узыр къэкIуэгъуафIэ щхьэкIэ кIуэжыгъуафIэкъым! Езы Алыххьым зыхъумэ жиIащ! Узыншагъэр хъумэн хуейщ! КъыбгурыIуа?! ИгъащIэкIэ сымысымэджэну щытми, зызгъэпсэхунущ, зысплъыхьынущ! ЗыгъэпсэхуакIуэ кIуэхэм сахуэдэкъэ сэ?! Жанзилэ, Мазизэ сымэ илъэс къэс макIуэри загъэпсэху, сэ си отпускыр вым хуэдэу сыщIэщIауэ согъакIуэ!..

– Мыр сыт, сэрмахуэ! КъызэрыщIэкIымкIэ, уэ гукъеуэшхуэ уиIи! Жанзили Мазизи сымэ хуэдэ Алыхьым уимыщIкIэ, Чабирэт! Абыхэм уз гъэтIылъа яIэщ, аращ илъэс къэс санаторэ щIэкIуэр!.. Зумыгъэпсэхуну Iэмал имыIэмэ, ЕсэнтIыгу нэс умыкIуэу, Налшык зыщыбгъэпсэхумэ щхьэ мыхъурэ?! ЩIыпIэ жыжьэхэм къокIри Долинск зыщагъэпсэху!..

– Къысхуэбгъуэтам, Алыхь, зыгъэпсэхупIэфI! Долинск ущыIэнри уи унэ уисыжынри зы выбжьэщ – къакIуэ-накIуэм псэхугъуэ къуатынукъым! Адэ зэгъуэкI зыщIауэ пэрыуэншэу зэманыр гъэкIуэн хуейщ!..

– ЛIо, Чабирэт, пэрыуэншэу, уи шыкIэ къурыкъуу ухэтыну ара?!

– Хъунщ иджы! Уэ уи щхьэм цIацIу щызопщэ! ИгъащIэкIэ хъун жыпIэнукъым! Дзыхь къысхуумыщIмэ, щхьэ сыкъэпша! – уафэм сабэ дрепхъей Чабирэт.

Талъустэнрэ Чабирэтрэ ешыху зэдэуащ, зэрызехьащ, зэрызекъуащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, Талъустэн и псалъэр псыхэкIуадэ хъури, Чабирэт ЕсэнтIыгу кIуэным къытенащ.

Бэлэтокъуэрэ Думэсарэрэ я гур лынцIырт, итIани, Чабирэт зэрыпэрыIэбэпIэншэр ящIэрти, дыхэмыIэбэмэ, бамэ къыхихынкъым, жаIэри, зыпэщIасакъым.

* * *

«Россия» – арат Чабирэт здэкIуэну санаторэм зэреджэр. «И цIэр инщ, ауэ, Тхьэм ещIэ зыхуэдэр. Фейцей гуэру къыщIэкIмэ?» – а гупсысэр Чабирэт и щхьэм, псэхугъуэ къримыту, щыджэрэзырт. Талъустэн хущхьэ-щатэу, нэщхъкIэ пыджэу, пIалъэкIэрэ гие псалъэхэр Чабирэт ириутIыпщу, апщIондэху модрейр хьэ дзэкъэну къитхъутхъукIыу, гъуэлъыжыгъуэ нэужь хъуху щысахэщ.

Джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ жыхуаIэрати, Чабирэт гъуэлъыжу жейм зэрыхилъафэу, санаторэ здэкIуэнум епщIыхьу щIидзащ. ПщIыхьэпIэм зэрыщыхабзэу, напIэзыпIэм къыщыхутащ ар ЕсэнтIыгу. «Россия» санаторэр зы къат фIэкIа мыхъу унэжь кхъахэ хуэдэт. Ар къыщилъагъум щтэIэщтаблэу зэщIэувыIыкIщ, и сумкэр Iэпыхури, и щхьэбгъуитIыр и IитIымкIэ иубыдыжащ. Щытщ ар, сын гъэжам хуэдэу, псэ хэту умыщIэну. ТэлайкIэ апхуэдэу щытауэ, а унэм къыщIэкIри, тIэкIуи ещIэкъуаузу, зы лIы тIорысэ къыбгъэдыхьащ.

– Сыт, тIу, къыпщыщIар? Уи щхьэр узу ара? – еупщIащ абы лIыр.

Чабирэт зыкъищIэжщ, и Iэхэр ирихьэхыжри, тIэкIуи щIэукIытыхьыжауэ, лIым еупщIащ:

– Къысхуэгъэгъу, тхьэмадэ, мора санаторэ «РоссиекIэ» зэджэр?

– Аращ, тIу, – жиIащ лIым.

– НтIэ, ар дауэ къыпщыхъурэ?

– Хъарзынэу. СлIо, уигу иримыхьу ара?

– Тхьэ, сфIэфаджэу арамэ… А зы унэра зэрыхъур?

– Аращ, тхьэ соIуэ. Унэр фаджэу плъагъу щхьэкIэ, нэдым и щхьэр умытIатэу хьэ илърэ ху илърэ къапщIэркъым, жаIэ, и кIуэцIыр икъукIэ зэIузэпэщщ, дохутырхэм гулъытэшхуэ яIэщ, я ерыскъырщи – тхьэ узэрелъэIунщ. Аращи, укъызэрыкIуам ухущIемыгъуэж, тIу. Уи Iуэху фIы ирикIуэ, – жиIэри лIыр бзэхыжащ.

«Мыр сыт, сэрмыгъуэ!.. Гъуэбжэгъуэщу бзэхыжаи!.. Тхьэ, абы жиIам сэ Iуэху тезмыщIыхьын, – жиIэщ, и сумкэр къиштэжри, ауэ деж щыт тетIысхьэпIэм тетIысхьащ. – СыкIуэжын хьэмэрэ мор зыхуэдэм сеплъын?» – жиIэу хъырхъыщэу здэщысым, зэуэзэпсэу жьыбгъэ къыкъуэуэщ, уафэр гъуагъуэщ, щыблэ уэри, уэшхыр кърикIутащ, езыр къаскIэри къэушащ…

Пщэдджыжьым Чабирэт къызэфIэтIысхьауэ, хьэдэ ириха нэхъей, къепэзэзэхыу, пIэкум ист. Дыгъуасэрей псалъэмакъым иужьыгуауэ, Талъустэни и нэщхъыр зэхэлът. ТIури тIэкIурэ щыму щыта нэужь:

– ЛIо, Чабирэт, сыту ущхьэжагъуэ? КъоузIарэ? – еупщIащ Талъустэн.

– Зыри къызэузыркъым, сыжейбащхъуэу аращ, – жиIащ Чабирэт.

Чабирэт зиужьщ, пщIыхьэпIэми пэж къащыхэкI щыIэщ, упщIэ щIэщхъукъым жиIэри, здэкIуэри ямыщIэу, пIащIэ-тхъытхъыу Жанзилэ деж кIуащ. Жанзилэ икъукIэ гъейшейуэ ирихьэлIащ ар.

– Сыту мыгъуэ зыбгъэIыхьшыхьрэ, Жанзилэ? КъоузIарэ? – еупщIащ.

– Си лъатэр къысщыхьауэ сехь. Ныжэбэ сигъэжеякъым. ОМЕЗ сефати, зы мыхьэнэ къикIакъым. Иджы, сыкIуэфмэ, дохутырым деж сыкIуэнущ.

– Тхьэ, мыхъуа ар. Алыхьым псынщIэ пщищI. Сэ… зыгуэркIэ сыноупщIыну сыкъэкIуати… ущысымаджэкIэ…

– Ягъэ кIынкъым, Чабирэт, жыIэ укъыщIэкIуар.

– Уэ зыбжанэрэ санаторэ укIуащ, ЕсэнтIыгу дэт «Россия» санаторэм зэи зыщумыгъэпсэхуауэ пIэрэ?

– Зыщызгъэпсэхуащ, тхьэ, тIэуней сыщыIащ.

– Ар зы къат фIэкIа мыхъуу унэ фаджэжь цIыкIуу жаIэри пэж?

– АIей! Къатийуэ зэтету унэ дахэшхуэщ, тхьэ.

– Абы сызэрыкIуэн путевкэ къызатати, апхуэдэу къызжаIащи…

– Насып зиIэ! Сынохъуапсэ, тхьэ. Ар зыкIэ щIыпIэ дахэщи! Жэнэт плIанэпэ жыхуаIэм хуэдэщ, тхьэ. Паркыр пэгъунэгъупсщ. Къалэ паркым нэхърэ нэхъ дахэжщ Калининым и цIэкIэ щыIэ санаторэм и куейм ит паркыр. Ари «Россием» пэгъунэгъущ. ТIэкIу зэгъуэкI зыпщIынумэ, мис абыкIэ зрегъэхьэкI. Пщыхьэщхьэ къэс «Россием» и клубым кино е концерт щокIуэкI, ар иуха нэужь, укъэфэнумэ, къеблагъэ. КъэфэнкIэ урикъумэ, уи гуэгъур бдэщIыгъуу екъуи чыхум хыхьэж. Тхьэ, сэр дыдэр сыкIуэнтэм абы, ауэ…

– Упсэу, Жанзилэ, – жиIэри, нэхъри къэбырсеяуэ щIэкIыжащ Чабирэт.

Зэрынэсыжу щыгъыну иIэр зэпиплъыхьщ, псоми дагъуэ зырызыххэ яхуищIри, лъэныкъуэ иригъэзащ, къалэм тыкуэну дэтыр къызэхижыхьри и нэм къыфIэнэр къищэхуащ. «Джаур нэжэс! Мыбыхэм я лажьэр сыт! ЩыкIыр икIэ мэхъу, жи! Зыгуэр уи нэгу щIэмылъу узиIэ уэ!..» – гъумэтIымащ Думэсарэ, ауэ, мафIэм дагъэ пэрыскIэнкъым жери, езым зыри жриIакъым. Талъустэн тIэкIу зыкъритIати, ари щIэупщIыIуэжащ.

* * *

Чабирэт и щхьэзыфIэфIыгъэм и гупсысэм псэхугъуэ къримыту, щетIысэхыр и хэщIапIэу, и гур зыми хэмыхьэу Талъустэн къэнащ: жэщым гъуэлъыжамэ, и нэхэр зэрызэтрипIэу, Чабирэтыр и нэгум къыщIохьэ, пщIыхьэпIэ зэгуэудыгъуэхэр елъагъури, жейм езэгъыркъым. Уи щхьэгъусэр зэрегуакIуэу чыхум хэбгъэхьэжащ жаIэри, Талъустэн и адэ-анэр щIэчэ ямыIэу мэгие. Апхуэдэурэ Талъустэн гуитIщхьитIу, зэзэмызэ дыхьэшхамэ, зэрыдыхьэшхам хущIегъуэжу, тхьэмахуэ зэхуаку ирихьэкIащ. Ар зэрыщымыта щIэхъуар белджылы къащIыну цIыху щIэплъ-щIэдэIухэр я мыIуэхум иукIырт. Чабирэт ЕсэнтIыгу зэрыфIэкIуар зыщIэ ныбжьэгъужэрэгъу хуэдэхэм Талъустэн псалъэ хъуэр закъуэтIакъуэ къраутIыпщырти нэхъри ягъэбампIэрт.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Талъустэн, и мыхабзэу, бампIэхуефэу фIыуэ ефэри гъуэлъыжащ. Чабирэт зэрежьэрэ апхуэдэу занщIэу жей Iувым зэи хыхьатэкъым ар. Ауэ куэдрэ IэфIу жеину къехъулIакъым. Аргуэрыжьщи, пщIыхьэпIэ мыфэмыц елъагъу. Ар лэжьапIэм къикIыж хуэдэт. И щхьэр и жагъуэрэ хэгупсысыхьауэ здэкIуэм, абы и цIыхугъэ Гъудэберд уащхъуэдэмыщхъуэу и пащхьэм къохутэ. «ЛIо, Талъустэн, апхуэдэу щхьэ ухэплъэрэ? – къоупщI ар. – Уи фызыр кIэрыутIыпщ пщIыуэ ущIэнэщхъеихьыжауэ ара, хъарып? Пхуэфащэу къыпщыщIащ ар уэ. Дыгъужьым, мэл къызыфIэсхьыну мэлыхъуэр и пыIэ щыгумкIэ къызощIэ, жеIэ. Абы и махуэр къыпхуэкIуауэ аращ уэ. Къыщумышэм плъагъуртэкъэ ар зэрыхьэIужажэр? Узэсэ сэгъейщ, жи. КъыбгурыIуа абыкIэ жысIэну сызыхуейр? Сэ жысIэр уи фIэщ мыхъумэ, ар здэщыIэм укIуэрэ укIэлъыплъмэ, уи IэкIэ утеIэбэнщ. Ар плъэмыкIынумэ, сыт къуищIэми пхуэфащэщ, тхьэ соIуэ…» «Е уанэ мыгъуэр тезылъхьэн джаур фэсикъ! Вы укIам сэ хэзыIу жыхуаIэракъэ мыр!» – и гум къошхыдыкI Талъустэн. Гъудэбердым нейнейуэ йоплъри: «Хъунщ, Гъудэберд, къэбвар, – жеIэ. – Уи фызыр кIэрыутIыпщ мыхъуамэ, си щхьэр умыудэгуу, уи гъуэгу тет!» «Адыгэм и щхьэм къежэх лъыр и нэм щIэлъэдэху илъагъуркъым, щIыжаIар уэ пхуэдэхэращ, – жеIэ Гъудэберд. – УкIуэрэ уи фызым зэ ухукъуэплъмэ, сэ щхьэр сыудэгурэ сымыудэгурэ зэхэкIынщ!..» «Сыт мы Iуэрывэм къи-

выр!» – жиIэу Талъустэн Гъудэбердым зыщытришащIэм, къаскIэри къэушащ. КъызэфIэтIысхьэщ, и нэхэм щIэIуэтыхьщ, «Еууей! Джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ жыхуаIэр си махуэщ. Сыт къысхужаIэми схуэфащэщ. Си щхьэ мыузым боз есшэкIащ. Щхъуэ къызихьами ярейт…» – жиIэурэ и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжащ. ЗигъэукIуриижа щхьэкIэ, и напIэ зэтримылъхьэу, хэт ищIэн, пщIыхьэпIэр нахуапIэ щыхъу щыIэщ жиIэу, гупсысэу нэху игъэщащ.

Талъустэн адрей махуэхэм нэхърэ нэхъ жьыуэ къэтэджщ, щIыбым щIэкIри, сыхьэт нэблагъэкIэ и щхьэр щIэIуауэ пщIантIэр зэхикIухьащ. УкIуэдыж ар зэмыгупсысамрэ абы и щхьэм къимыхьамрэ! Абы и гур хьэжэпхъажэу, дауэ сщIымэ дауэ хъун? – жиIэу, зыкъомрэ хъырхъыща нэужь, и лъэр ЕсэнтIыгу нимыхусу и гур зэрытемыпыIэнур хьэкъ щыхъуащ.

Анэракъэ мыгъуэр зи мыгъуагъэр! «Сыт мыгъуэу пIэрэ ар апхуэдизу зыгъэпIейтейр? Чабирэт и бампIэм ихь мыгъуэу пIэрэ? Джаур, ари ар! Кхъуэр блэбгъэжу букI хъунщ ар!..» – игукIэ жиIэу щхьэгъубжэм дэплъырт Думэсарэ.

Талъустэн унэм щыщIыхьэжым анэм и гур нэхъри хэщIащ: абы и фэр фагъуэт, и нэщIащэхэр щIэуфIыцIыкIат, и лъакъуэхэр хузэблэхыртэкъым.

– Сыт, Талъустэн, къыпщыщIар? Апхуэдэу щхьэ ухуейдей? КъоузIарэ хьэмэрэ?.. – еупщIащ абы Думэсарэ.

– Умыгузавэ, мамэ, зыри къысщыщIакъым, къызэузиIаркъым, пщIыхьэпIэ мыфэмыцым сызэхиукIа нэхъ лажьэ сиIэкъым… – жиIэурэ къызэтемыувыIэу и лэгъунэм щIыхьэжри телефонкIэ зыгуэрым епсэлъащ. «ЕпщIыхьа мыгъуэу къыщIэкIынщ напэншэм», – игу хэщIащ анэм.

Думэсарэ пщэдджыжьышхэр игъэхьэзырати, Iэнэр къигъэувщ, Талъустэн игъэтIысри, езыр и IитIыр и блэгущIэм щIэлъу, адкIэIуэкIэ къэувыжащ. Ар игъэгухэрт и щIалэ гъэфIэным и гъащIэр щхьэгъусэ IэубыдыпIэншэм дэгъэзеигъуэ зэрищIам: жэщым зэхэзыукIа пщIыхьэпIэ мыфэмыцыр абы зэрыхуилъэгъуам шэч къытрихьэртэкъым. Анэм зыгуэр жиIэну и Iупэр пIэжьажьэрт, итIани, и гум ешыкъылIэн къызжьэдэлъэтмэ жери, зишыIэрт.

Талъустэн, хуей-хуэмейуэрэ, тIэкIу едзакъэщ, сэ лэжьакIуэ сокIуэ жери, щIэкIащ, Думэсари кIэлъыщIэкIри, ар адэ нэсыху кIэлъыплъащ. Чэфыжьыпкъэ щIыкIэу хэбэкъукIыу, и цIыхугъэ къыIэщIэлъагъуэм лъэныкъуэкIэ еплъэкIыу, пIэщIэгъуэкIэ кIуэрт Талъустэн. Абы лэжьакIуэ Iуэху зэрызэримыхуэр Думэсарэ къыгурыIуэнтэкъэ! «Дыдыд мыгъуэ! Тхьэм ещIэ абы и щхьэм къищхьэрыуар? Узижагъуэным пIэщхьагъей иуIэ! Мо ямылъагъужын аIужыж-мыIужыжым деж мыкIуэу узиIэ ар! Тхьэм ещIэ ар абы зэрырихьэлIэну щIыкIэр… Къэлыбу зыгуэр къыIэщIэмыщIэкIэ!.. Алыхьым гущIэгъу къыпхуищI, си щIалэ…» – гуIэжырт Думэсарэ. Бэлэтокъуэ нэхъ иужьыIуэкIэ къэтэджати, зыми гу лъитатэкъым.

Думэсарэ, и нэм къыщхьэрипхъуауэ, и фэр пыкIауэ, унэм щIыхьэжри етIысэхащ. Бэлэтокъуэ абы щыIуплъэм, къэуIэбжьащ:

– Мыр сыт, лIэун! Лажьэ уимыIэу укъэтэджаи, сыт иджы къэхъужар? Зыгуэр къоузрэ?

– Си гур къысщыхьащ, – жиIащ Думэсарэ.

– Iау! Ар дауэ ухъут! ЩIэхыу хущхъуэ!.. – жиIэри корвалол иригъэфащ, и бзэгу щIагъым валидол щIригъэлъхьащ. И Iэпщэр иубыдщ, и пульсыр къиибжри: – Уэлэхьи, абыкIэ зэфIэмыкIыну, аргуэру уи гур золъатэ, – жиIэри анаприлин иригъэфащ, и Iэблэр иIыгъыу ишэри гъуэлъыпIэм иригъэгъуэлъхьащ, езыри бгъэдэтIысхьащ. Бэлэтокъуэ щысщ, и псэр дзапэкIэ иIыгъыу, духьэ къебжри.

Тэлай дэкIри Думэсарэ и напIэр къызэтрихащ.

– УнэхъыфI, хъарып? – еупщIащ абы Бэлэтокъуэ.

– СынэхъыфIщ, – къитащ Думэсарэ жэуап, жиIэр зэхэпх къудейуэ.

Аргуэру абы и Iэпщэр Бэлэтокъуэ иубыдщ, тIэкIурэ иIыгъри:

– Шыкур Алыхь! – жиIащ. – Уи гур зелъэтэжыркъым.

Думэсарэ и гур зэуэзэпсэу къызэфIэзэрыхьыныр къызыхэкIар къищIэну хуейт Бэлэтокъуэ, ауэ, нэхъри гухэ къэхъункIэ шынэрти, еупщIын дзыхь ищIыртэкъым. Ауэрэ, зэ умыпIащIэ жиIэу Бэлэтокъуэ лъаIуэ щхьэкIэ мыхъуу, Думэсарэ хуэм цIыкIуурэ къригъажьэри, и нэпсыр и тхьэкIумитIымкIэ ежэхыу, Талъустэн щхьэжагъуэу нэху къызэрекIар, пщIыхьэпIэ мыфэмыц зэрилъэгъуар, пIащIэ-тхъытхъыу зэрежьар – псори хуиIуэтэжащ. Адэм игу фIы щыщIэнт! И щхьэр щIэIуауэ тIэкIурэ гупсысэщ, хьэлъэу хэщэтыкIри, жиIащ:

– ГурыIуэгъуэщ ар здэкIуэр. Джаур нэжэс! Ди нысэ цIыкIум и псэ жытIэурэ, щымышхэм дыщрегъэтIэхъу. Аращ-тIэ, узэрыгугъэу ухъутэмэ, уунэхъурэт? – щIыжаIар. Ди гугъа мыгъуэт ар къыщытхыхьа махуэм ди унэр Алыхьым дыщэкIэ къибгъауэ. АрщхьэкIэ емынэр ди унэм къихьауэ къыщIэкIащ. Тхьэм ещIэ адэкIэ зэрыхъун… Куэдщ, Думэсарэ, тIэкIу зышыIэ, Алыхьым зы жиIащи, тIу хъункъым. Куэдым уемыгупсысу мамыру щылъ…

* * *

Талъустэн автобус  станцым щынэсам, ежьэн хьэзыру и моторыр зэщIэгъэнауэ, Нартсанэ кIуэ автобусыр тетт. СIэщIокI жиIэу гузавэу нэсри, кIуэрыкIуэм тету автобусым зридзащ. «Уи билетыр?..» – жиIэу машинэзехуэм зыкъыщыхуигъазэм, «КхъыIэ, къысхуэгъэгъу, къэсщэхуну сыхунэсакъым… Хъунумэ, ЕсэнтIыгу нэс…» – жиIэри гъуэгупщIэр хуишиящ, модрейми псалъэмакъыншэу Iихащ, къэзыгъэзэжри кърищыжакъым, Талъустэни ар уэим ищIакъым.

* * *

Талъустэн ЕсэнтIыгу щынэсам къулъшыкъушхуэ хъуат. Ар автобусым къикIауэ пIащIэ-тхъытхъыу кIуэрт, жэщым илъэгъуа пщIыхьэпIэ мыфэмыцым щхьэуназэ ищIарэ щIыуэ зытеувэр щIэбэту къыщыхъуу. Санаторэ «Россиер» къигъуэтщ, регистратурэм щыщIэупщIэри, Чабирэт зыщыпсэу пэшыр къихутащ. КIэлындорыр цIыхуншэт. ЗыгъэпсэхуакIуэхэм я процедурэхэр зэфIагъэкIри хэти и пэшым щIыхьэжауэ зигъэпсэхурт, нэгъуэщIхэри я щхьэ IуэхукIэ зэбгрыкIат.

Талъустэн щтэIэщтаблэу, тхьэм ещIэ сэ къыспэщылъыр, жиIэу и гур къилъэту, кIэлындор кIыхьым ирикIуэрт, зыгуэрым «цырхъ» жиIэмэ къыхэщтыкIыу. Ар Чабирэт щыпсэу пэшым нэсри къэувыIащ; и тхьэкIумэр тегъэхуауэ дэIуа щхьэкIэ, пэшым псалъэмакъи Iэуэлъауи къыщIэIукIыртэкъым. Бжэм зэ теуIуэри, зыми жэуап къитакъым. ЕтIуанэу нэхъ иныIуэу щытеуIуэм, «Хэт ар?» – къэIуащ цIыхубз макъ. ГурыIуэгъуэт ар зэрымы-Чабирэтыр. Талъустэн зыри жимыIэу мащIэу къикIуэтауэ щытщ. ТIэкIу дэкIри фыз щхьэ бэлацэ жейбащхъуэнэIум бжэр къыIуихащ. Талъустэн фызым сэлам ирихри:

– КхъыIэ, къысхуэгъэгъу, узгъэпIейтеящ, – жиIащ и бзэр кIэнтIу.

– Ягъэ кIынкъым… Хэт ухуейт? – къеупщIащ фызыр.

– Налшык къикIауэ, ЧабирэткIэ еджэу мы пэшым цIыхубз щыпсэууэ жаIати…

– Щопсэу, ауэ иджыпсту щIэскъым, и лIыр къакIуэри зэгъусэу щIэкIащ. Абы нэгъуэщI санаторэ зыщегъэпсэху, – жиIащ цIыхубзым.

– И лIыр, жыпIа? ГурыIуэгъуэщ…

«Аракъэ, гур зэрыгъум дыгъур ирожэ, жыхуаIэр?» – жиIэри Талъустэн и щхьэр нэхъри къыфIэхуащ. ЗымащIэрэ щыму еплъыха нэужь, фызым еупщIащ:

– Ярэби, ахэр здэкIуар умыщIэу пIэрэ? ТIуми икъукIэ сахуейт.

– Тхьэ, ахэр здэкIуэ псор сэ къызжамыIэ. Iэджэми къыщакIухь абыхэм. Махуэ къэс и лIыр къыщIохьэри, къакъэ-пщIыпщIу зэрыщIох. Алыхьырщ зыщIэр ахэр здэкIуэр. Гъуэлъыжыгъуэ нэужьырщ, тхьэ, Чабирэт къыщыкIуэжыр. И лIым къыIуешэжри езыр и санаторэм мэкIуэж. Путевкэхэр зэгъусэу къахуэмыгъуэтауэ аращ жиIэр… Ы-ы, нобэ парк гугъу ящIу зэхэсхащи, тхьэм ещIэ, абыкIэ кIуагъэнкIэ хъунщ. Зэгъусэу бэзэрым щыкIуи щыIэщ. Экскурсие кIуэну загъэхьэзыр, ауэ ар нэхъ иужьыIуэкIэщ…

Фызым къригъэкIуэкIхэр и гум щIыхьауэ, Талъустэн и щхьэр мэуназэ, и нэхэр щоункIыфIыкI. ИкIэм:

– Хъунщ… Берычэт бесын. Сэ сыхуэмызэу Чабирэт къэкIуэж хъужыкъуэмэ, и «дэлъхур» къызэрыкIуар схужеIэж. Узыншэу ущыт, – жиIэри, езыр и щхьэгъусэм и лъыхъуакIуэ ежьащ, мыдрей фызыр, «ТхьэмыщкIэ, сымаджэу къыщIэкIынщ…» – жиIэурэ кIэлъыплъащ.

Талъустэн сыхьэтым щIигъукIэ ЕсэнтIыгу паркыр зэхикIухьащ. Уэршэру тетIысхьэпIэхэм тесхэри, аллеехэм къыщызыкIухьхэри гъунэжт. Чабирэт щIыр зэгуэхуу я кум дэхуами ярейт. Абы къыщимыгъуэтым, «Калининым» и куейм ихьэри, адэ нэхъ пхыдзауэ аллее цIыкIу гуэрым ирикIуэрэ пэт, Чабирэтрэ абы и «лIымрэ» зэпщIэхэдзауэ тетIысхьэпIэм тесу къилъэгъуащ. Талъустэн лъэныкъуэегъэз зищIри абыхэм еплъэкIуащ: дуней гуфIэгъуэр яIэщи, езы тIур мыхъумэ, псэ зыIут паркым иту къащымыхъуу, я жьафэ къемыхыу мэкъакъэ-мэпщIыпщI; фадэр я пэрыхьэтщи, зэрыутIыпщурэ йофэри зызэрашэкIыж; ныжэбэ кIуам ящIахэм топсэлъыхьыж; ныжэбэ къакIуэ здэкIуэнухэр, ящIэнухэр яубзыху. «ЩIалэ цIыкIу къэплъхумэ, си цIэр фIэщ», – жеIэ лIым. «ХьыI! ФуIэд!.. ЦIэ дахэкIейщ, тхьэ», – жеIэ Чабирэт. ТэлайкIэ якIэщIэдэIухьа нэужь, Талъустэн къолыб, ябгъэдыхьэу тIуми яжьэдэуэну и щхьэм къохьэ, итIани, ахэр бзаджэнаджэ щхьэкIэ, сэ сыделэ? – жеIэри, зешыIэж; зыри къэмыхъуа хуэдэу, Iэдэбу ябгъэдохьэри я пащхьэм йоувэ. Чабирэт къощтэ, и жьэр Iурыхуауэ, и нэхэр ихъэрэхъыхьу и щхьэгъусэм йоплъ. Модрей и «лIыр», зэран укъытхуэмыхъу жиIэ щIыкIэу, и нэщхъыр зэхэукIауэ Талъустэн йоплъ.

– ЛIо, щIалэжь, щхьэ укъызэплъэрэ? – жеIэ Талъустэн. – Уи тIроцэ хуэди уэ! Фыз куэпэч къыппэщIэхуауэ уотхъэж, аракъэ?

– Уа, ныбжьэгъу, – жеIэ лIым. – Уи фыз къыспэщIэмыхуамэ, уи мыIуэху зумыхуэу уи гъуэгу тет! Уэри ухуитщ фыз куэпэч къызыпэщIэбгъахуэу зыбгъэтхъэжыну!

– Уэ уи зэтеуэр зэтепIэ, хьэ щылъху! КъыфIэбгъэкIмэ!.. – мэгубжь Талъустэн. – Аращи, Чабирэт, нэдым хьэ илърэ ху илърэ къэсщIащ! Гъуэгу махуэ! Зэребгъэжьам тету егъэкIуэкI! Нобэ къыщыщIэдзауэ уэрэ сэрэ ди Iуэху зэхэлъыжккъым! Уи гупэр ди дежкIэ нумыгъазэ!..

Чабирэт къыщолъэт:

– Талъустэн! Си псэ закъуэ!.. – жиIэу зридзыну щыхуежьэм, Талъустэн и Iэдакъэр абы и бгъэгум иригъакъуэщ:

– СхутекIуэт, хьэбз куэпэч! Узэсэ сэгъейщ! Уи натIэм иукIащ мо жьындур! – жиIэри IуигъэкIуэтащ.

Арати, Чабирэтыр гъынанэу къигъанэри, Талъустэн IукIыжащ. Чабирэт зричат Талъустэн кIэлъыжэну, арщхьэкIэ къызэтеувыIэжащ. УэуитIыр и махуэу и «лIым» зыпщIэхидзэну бгъэдэлъэдэжа щхьэкIэ:

– А, хьэ зэрахуэм къилъхуа, лIы уимыIэу жыпIати! Нэгъэсауэ унапэншэщ! Мо лIы бжьыфIэшхуэр щхьэ бгъэпудрэ, куэпэч? Сыту тэмакъкIыхь ар! Абы и пIэм ситамэ, уи нэжьгъыр искъутыхьынт! Зегъэхь адэ! – жиIэри, Чабирэт и «лIыр» макIуэ-мэлъей! Чабирэт батэкъутэ щигъэша тетIысхьэпIэм, хьэдэIуситIым сыхэнащ жиIэу, хьэ къугъыр кърищу къытенащ. Iэгъуэблагъэм щетIысэха зыгъэпсэхуакIуэхэр къызэхуэжэсри къаухъуреихьат ар. Ахэр къэхъуа-къэщIам щIэупщIэ щхьэкIэ, модрейм жэуап къаритыртэкъым. Апхуэдэу цIыхухэр къепщIэкIауэ тэлайкIэ щыса нэужь, Чабирэт и къыщылъэти и щIэпхъуи зыуэ зричащ. Хэти къегуоуащ абы, хэти, тIэкIу делэ хуэдэу щытщ ар, жаIэурэ зэбгрыкIыжащ цIыхухэр.

* * *

Талъустэн лэжьапIэм къыщикIыж зэманыр блэкIащи, Бэлэтокъуэрэ Думэсарэрэ темызэгъэжу маплъэ-мэдаIуэ. Ауэрэ, пшапэр зэхэуауэ, Талъустэн зэхэуцэрэфарэ бауэбапщэу къэсыжщ, къызэтемыувыIэу и лэгъунэм щIыхьэжри, кIуэрыкIуэм тету гъуэлъыпIэм зридзащ. Думэсарэ къыщылъэтри, жиIэнури ищIэнури имыщIэу, и пIэм ижыхьащ.

– Мыр сыт, унэжын! – игу хэщIащ Бэлэтокъуэ. – Сыту мыгъуэ зэхэуфа мы щIалэр! Уэлэхьи, сытми зы мыгъуагъэ IущIам ар. КIуэ, Думэсарэ, къащIэ ар зыгъэгухэр. Сакъыу епсалъэ…

Думэсарэ лэгъунэм щIыхьэщ, хэIубауэ щылъ Талъустэн пэгъунэгъуу тIысри, зэрыпIейтейр щIихъумэу, Iэдэбу еупщIащ:

– Апхуэдизу щхьэ унэщхъей, си щIалэ? КъоузIарэ хьэмэрэ?.. Сытуи укъэгува?

Талъустэн и анэм дежкIэ зыкъигъазэщ, ину хэщэтыкIри, и гур хэщIу жиIащ:

– КъызэузаIами нэхъыфIт, мамэ, а сэ сыщIэнэщхъейм нэхърэ. ЕсэнтIыгу сыщыIащ…

– АIей! Зыри жыпIатэкъыми. Сыт мыгъуэ-тIэ къэхъуар?

– Къэхъуну псор къэхъуащ, мамэ… Узижагъуэныр ириухьэлIэ а сэ сызрихьэлIам. Си пщIыхьэпIэр нахуапIэ хъуащ… Напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ жыхуаIэм хуэдэу къыщIэкIащ уи нысэр… – кърigъажьэри ЕсэнтIыгу щекIуэкIар къанэ щымыIэу хуиIуэтэжащ.

– СылIэ мыгъуэу сызэгъэжащэрэт! – Думэсарэ и нэкIущхьитIым нэпс ткIуэпсышхуэхэр къежэбзэхащ. – Ди нысэ гъэфIэн цIыкIур жытIэурэ… Дауэ-тIэ адэкIэ зэрыхъунур?

– ЗэрыхъунуIам хъуащ, мамэ: абырэ сэрэ ди Iуэху зэхэлъыжкъым, къигъазэу ди лъахэм къимыхьэну быдэу сепсэлъащ…

ЖаIэ пэтми яхуэмыухыу а тIур Чабирэт и Iуэхум тепсэлъыхьу здэщысым, я бжэм зыгуэр къытеуIуащ. Думэсарэ бжэр Iуихыну къыщытэджым.

– Зэ умыпIащIэ, мамэ, сэ Iусхынщ, – жиIэри Талъустэн къэтэджащ. Бжэр Iуихмэ, зыри къэмыхъуа хуэдэу, зигъэуардэу Чабирэт къыщытщ.

– Емынэм укъихуа мыбы, напэ зимыIэу напэншэ! – щIэгубжьащ абы Талъустэн. – БжесIар пщыгъупщэжауэ ара! ЛIы и псалъэ епцIыжыркъым! Зегъэхь адэ, хьэбз куэпэч!.. – псэлъапIэ иримыту Чабирэтыр IуигъэкIуэтри, Талъустэн бжэр иридзылIэжащ, езыр и лэгъунэм щIыхьэжри зигъэукIуриижащ.

Къэхъуа-къэщIар къыщищIэм:

– Алыхь-алыхь! – игу хэщIащ Бэлэтокъуэ. – БащэкIэ дызыщыгугъам ди напэр трихт! Сыт тщIэн? Дэ Гурашэхэ дафIэлIыкIкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым. Нобэ ар къыдэзыщIам дяпэкIэ нэхъ Iеиж къылъыкъуэкIынкIэ тIэу еплъынкъым. ЩымыхъукIэ, зэрыхъуу тщIынщ. Сэ Гурашэхэ сокIуэ, – жиIэри ежьащ.

* * *

Бэлэтокъуэ цIыху Iэдэбт, тэмакъкIыхьт, сыт хуэдэ Iуэхури губжь къыхэмыхьэу мамыру зэригъэкIырт. Ауэ мызыгъуэгукIэ, я лъахэм Чабирэт зэрихьэрэ гуемыIугъэу дилъэгъуар къызэщIэвэжщ, Талъустэн зрихьэлIа Iуэху фIейр абы хилъхьэжри, къэлыбарэ и нэм къыщхьэриплъэщ зэщIэгъэ-хъуауэ, зытеувэр имылъагъуу кIуэрт ар.

Бэлэтокъуэ Гурашэхэ нэсри, я бжэм и теуIуи и щIыхьи зыуэ, я унэм щIыхьащ. Жантыгъуэнрэ Гуащэнысэрэ, Чабирэт и къэкIуэжыкIар зыхуахьынур къахуэмыщIэу, зи шыд хьэм ишха къущхьэу къепэзэзэхыу пэш пэIущIэм щIэсхэт; модрейр, къэхъуари къэщIари къажримыIэу, зэщыджэу адрей пэшым щIэст.

Бэлэтокъуэ къыщалъагъум, Жантыгъуэнрэ Гуащэнысэрэ, сагъызыр ебзым зэрыхэхуар гурыIуэгъуэти, нэхъри я псэр IукIащ. Ахэр фIэпсэкIуэд хъури, Бэлэтокъуэ и губжьыр нэхъ теуат, къикIуэтыжынуи и щхьэм къихьат, арщхьэкIэ, гъущIыр плъа щIыкIэ еуэн хуейщ жери, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу зытекIухьар Iэдэбу яхуиIуэтащ. Жантыгъуэнрэ Гуащэнысэрэ, зымащIи абы къыпэрымыуэу, жиIэнур жрагъэIащ.

– Нобэкъым-ныжэбэкъым дэ дыщызэрыцIыхур, – пищащ Бэлэтокъуэ и псалъэм. – ИгъащIэм Алыхьым и ней къыпщыхуэ зэжетIакъым. Иджыри си нэт, си псэт. Ауэ неIэмал! Фи щхьэ дефлъыти, фIырыфIкIэ дызэпывгъэкI...

Жантыгъуэн икъукIэ хигъэплъащ Бэлэтокъуэ яхуихьа хъыбар мыфэмыцым; тIэкIурэ щыму щысри, псалъэмакъ къимыгъэхъейуэ, Iэдэбу жиIащ:

– Узахуэщ, Бэлэтокъуэ. Уи пIэм ситатэмэ, сэри ар дыдэрат сщIэнур. Сыт тщIэн? Бзаджэ къэзылъху и гуэн лъапэ щIетIэж. Мыгъуэр зи мыгъуагъэр адэ-анэраи, дэ зыхуэдгъэшэчынщ ар. Тхьэм жиIэмэ, абы щхьэкIэ дэ лIэужь бий зызэхуэтщIынкъым...

ЩхьэфIэпхыкIым и кIапэмкIэ и жьэр IуиIыгъэу щыта мыхъумэ, Гуащэнысэ мащIи-куэди цIыхухъухэм яхэпсэлъыхьакъым; Бэлэтокъуэ зэрыщIэкIыжу, и гъыныбжэр зэIуихащ, тэлайкIэ зэщыджа нэужь, зэуэзэпсэу Жантыгъуэн зыхуигъэзащ:

– БжесIатэкъэ, Жантыгъуэн! Щхьэ иумытрэ иджыри уи пхъур Бэлэтокъуэ и къуэм! Уи хьэм и жэкIэр пщIэжын хуейщ! Гур зэрыгъум дыгъур ирижауэ аращ! ЛъэпкъитIми ди напэр трихащ мо напэншэм. Ямылъагъужын хьэIужажэ! Щхьэ сыщIыхьэу си зэзыр тезмыкъутэрэ! Зыхуэдгъэшэчынщ, жи. Пхуэхъуу зыхуэбгъэшэчын уэ ар!..

– Куэдщ, кхъыIэ! Къэхъуар къэхъуащ... Насып диIэмэ, абы дерс хихынщи, дяпэкIэ жэкъуэнкъым ди пхъур... – Гуащэнысэ зэрызэтриуIэфIэнкIэ епсэлъащ Жантыгъуэн.

Арати, Бэлэтокъуэрэ Думэсарэрэ я хъуэпсапIэу щыта хъыджэбз бзэ IэфI цIыкIум и напэм къэнжал тебзауэ къыщIидзыжри, Талъустэнрэ абырэ я зэдэпсэуным абдежым кIэ щигъуэтащ; Чабирэт и занщIэр и гъуэгуу, зи хущхьэ хъум и бзууэ ежьэжащ; Талъустэн, гузэрыдзэ ищIри, блэ зэуар аркъэным щощтэ жыхуаIэрати, зыми дзыхь хуимыщIыжу, щхьэгъусэншэу къэнащ.

* * *

Талъустэнрэ Кулижанрэ зэхуэзамэ зэбгъэдэкIыжыкIэ ямыщIэу зэдэуэршэрырт, ауэ, зым и гъащIэр щхьэгъусэншэу щIихьыр къищIэну адрейр хуэпабгъэ пэтми, псалъэмакъ къызэрыгуэкI ирагъэкIуэкIыу мыхъумэ, я гурыщIэ зэхуаIуатэртэкъым. Ауэрэ ахэр щхьэтечу щызэпсэлъэну махуэр къэсащ.

Тхьэмахуэ махуэт. Гъэмахуэ шылэти, хуабейт. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI щыхъум, махуэ псом унэм щыIэуэлъэуа къалэдэсхэр паркым ихьат. Дыгъэр къухьэпIэмкIэ елъэхъшэхати, жыг абрагъуэхэм я жьауэр аллее бгъуфIэм тридзэрт. Къуалэбзухэм я пщыхьэщхьэ пшыналъэр зэфIащIауэ бзэрэбзэжхэрт. Пшэ хужь Iэрамэшхуэхэр, гур зыIэпашэу, щхьэхынэу уэгум щызекIуэрт.

Кулижан, дунейм и дахагъым дихьэхарэ зиплъыхь пэтми и гум зимыгъэнщIу, аллее Iуфэм Iут тетIысхьэпIэм тест. Ар зэман-зэманкIэрэ дунейм и къэхъукъащIэхэм теплъэкъукIырти, зэм Талъустэн и шыфэлIыфэр, зэми ар япэу къыщрихьэлIа махуэр, зэми фыз гъуэгурыкIуэхэм къабжахэр и нэгум къыщIыхьэрти, и нэхэр ихъэрэхъыхьырт. Апхуэдэу здэщысым, абы и гъунэгъуу щыпсэу зэлIзэфыз Хьэбыжрэ Жансурэтрэ къыбгъэдыхьащ.

– Уи закъуэ дыдэу щхьэ ущыс, Кулижан? – жиIащ Жансурэт. – НакIуэ, зэгъусэу къэткIухьынщ.

– КъэскIухьурэ сешащ, тхьэ, – жиIащ Кулижан. – ТIэкIу зызгъэпсэхужынурэ, сыкIуэжынущ.

– Талъустэн упэплъэу къыщIэкIынщ, – жеIэ Жансурэт ауанышщIу. – НакIуэ, Хьэбыж, зэран дыхуумыгъэхъу.

– Сыт-на, сэ Талъустэн сыщIыпэплъэнур! – къэуIэбжьащ Кулижан.

– Сыт-на, ущIыпэмыплъэнур? ЦIыху зыпэплъэм хуэдэкъэ Талъустэн?.. – Жансурэт абы ехъурджауэри, зэлIзэфызыр IукIыжащ.

«Арелъ а щIэплъ-щIэдэIужьхэр! Сызижагъуэныр абыхэм я жьэм жьэдэухуэ!..» – жиIэу якIэлъыплъырт абыхэм Кулижан: модрейхэри зэрэтIэурэ къеплъэкIыжащ.

Хьэбыжрэ Жансурэтрэ зрагъэдэIуахэм егупсысу Кулижан и щхьэр щIэIуауэ здэщысым, Талъустэн уащхъуэдэмыщхъуэу къыбгъэдыхьащ. Кулижан къаскIэри къыщылъэтащ занщIэу, дыкъамылъэгъуащэрэт жиIэу. Хьэбыжрэ Жансурэтрэ здэкIуамкIэ еплъэкIащ, ауэ, модрейхэр цIыху Iувым хэзэрыхьыжати, илъагъужакъым. Талъустэнрэ Кулижанрэ тэлайкIэ аллеем щызэхэзекIуащ. Жансурэт ахэр къилъагъури зыщIэувыIыкIащ: «Плъэт, Хьэбыж, модэ! ЖысIатэкъэ! Талъустэн пэмыплъэу жиIати абы!..» «Хъунщ, кхъыIэ! – пэрыуащ абы Хьэбыж. – ЯкIэрыкI мыбыхэм! ЛIотIэ пэплъамэ? Уи щIы кIапэ теткъым ахэр! ЦIыху щыхъукIэ зыгуэрым хуэзэнкIэ хъунщ! А псом дэ ди Iуэху хэлъкъым!..» «Тхьэ, ди Iуэху хэмылъыр пэжым, ауэ, Кулижан бегъымбару къытщыхъурти…» «Бегъымбар дыдэхэри я закъуэу псэуакъым, Жансурэт…» Апхуэдэххэурэ паркыр къабгынэху а тIур тепсэлъыхьащ Кулижан и гъащIэм.

Талъустэнрэ Кулижанрэ аллеешхуэм текIщ, нэхъ лъэныкъуэегъэз защIри, пщыхьэщхьэр хэкIуэтэху зэдэуэршэращ, ауэрэ я псалъэмакъым зрагъэубгъури, тIэкIу-тIэкIуурэ я гъащIэм къыщыхъуа-къыщыщIахэр дзыгъуэ гъуанэ дихьа къамыгъанэу зэхуаIуэтэжащ. «ТIуми ди мыгъуагъэр зыщ…» – жиIэрт Кулижан игукIэ.

Арати, Талъустэнрэ Кулижанрэ гунэс зэщыхъущ, я гур зэкIэрыпщIэри, гурыщIэ къабзэкIэ зэбгъэдэуващ.

* * *

Талъустэн куэдрэ зимыIэжьэу и гуращэр и анэм хуиIуэтащ.

– Уэ уи псэм фIэIэфIмэ, сэ си нэщ, си псэщ, Талъустэн. Ауэ, уи адэм джэдыкIэм цы къыхех, тхьэм ещIэ ар абы къызэрыщыхъунур? – хъырхъыщащ анэр.

Талъустэн и мурадыр Бэлэтокъуэ щыжраIэм, уафэм сабэ дрипхъеящ:

– Екъуи тIысыж иджы! Баш бдзымэ, хъыджэбзым тохуэ! Хъыджэбз къыдэнэжар къимышэу, Талъустэн къиишэн къыхуэмыгъуэту ара! Уи щхьэм хуэпщIыжыращ уи пщIэр! А зи гугъу фщIыр хъарзынэу щытатэмэ, апхуэдизрэ дамыгъэсу, зыгуэрым ишэнт! Къуийм и щIыIу гуэрэф жыхуаIэр къыщымыщIкIэ ди щIалэ делэм…

– АIей мыгъуэ! – мэгузавэ Думэсарэ. – КхъыIэ, апхуэдизу зумыгъэубэлэц. ЩIалэм узэхихмэ, гузэрыдзэ ищIынщ. Iуэхум и пэр умыщIэу и кIэри пщIэркъым, жи. А хъыджэбзыр иджыри къэс щIыдэмыкIуам щхьэусыгъуэ гуэр иIэу къыщIэкIынщ, армыхъуамэ зыми зримыпэсу арагъэнкъым. Ари хуэмурэ къэтщIэнщ. Япэрейр дытехъуэпскIыхьу къедгъэшати, плъэгъуащ зэрыхъуар. Алыхьым и къарур инщ, мыбы насып къытхудэкIуэнуми тщIэркъым. Япэм щIалагъэ-делагъэ Iуэхум къыхыхьауи сощIри, иджы щIалэр сабий цIыкIужкъым, и акъылыр тIысащ…

– Алыхь-алыхь! Сыту уIущыщэ уэ! – пэроуэ абы Бэлэтокъуэ. – Абы и акъылыр тIысамэ, кърешэ езым хуэфэщэн!

– Фыз къэзышэу изыгъэкIыжам хуэфэщэнур илъэс пщыкIубл фIэкIа зи мыныбжь хъыджэбзыжь цIыкIуу ара жыпIэнур? Щхьэж хуэфащэ и щауэгъуу щытын хуейщ…

Зэрымыгъатхъэ-зэрымыгъэпщу зэлIзэфызыр тэлайкIэ зэдэуащ. ИкIэм Бэлэтокъуэ щым хъущ, жэхафэр зэхикIухьурэ тIэкIурэ гупсысэри, жиIащ:

– А уэ жыпIэм пэж гуэр хэлъщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, зы акъыл нэхърэ акъылищэ, жи. Хьэсэн, Хьэмид, Жунед сымэ къредгъэджэнщи дызэчэнджэщынщ. Хэт ищIэн, абыхэм яхэтынкIэ хъунщ а хъыджэбзыр зыцIыху.

Бэлэтокъуэ зи цIэ ириIуахэр къриджэри Талъустэн и мурадыр абыхэм яхуиIуэтащ, мыарэзыныгъэ хэлъу.

– Апхуэдэу жумыIэ, Бэлэтокъуэ, – жиIащ Жунед. – А хъыджэбзыр сэ фIыуэ соцIыху, икъукIэ цIыхубз зэпэщщ: дахагъэкIи хьэл-щэнкIи дэбгъуэнIакъым, къылъыхъуи гъунэжщ. Ауэ псоми я насыпыр зэхуэдэ хъуркъым: хэт пасэу яшэ, хэти кIасэу яшэ. Адрей фи нысар куэдрэ десатэкъым, фытехъуэпскIыхьуи къэфшат – немыхьэнэ! Кулижан, арщ а хъыджэбзым и цIэр, и чэзум дэмыкIуэнкIэ щIэхъуар кIэщIу вжесIэнщ…

– Кулижаныр сэри соцIыху, – жиIащ Хьэмид. – Пэжщ Жунед жиIэр. Куэд щIакъым Дзасэжь Къарней и къуэ Урысбий хъужыр абы зэрыкIэрыныкъэрэ, арщхьэкIэ дэнэт! Сэ сфIэтэмэмщ Кулижан нысэ фщIыну.

– Фэ жыфIэр пэжмэ, дамэкъуэри дамэпсри зейр фэращ, – жиIащ Бэлэтокъуэ. – Хьейдэ маржэ! ФыкIуи фылъыхъу. АбыкIэ уарэзы, Хьэсэн? (Бэлэтокъуэ кIэлъыкIуэу лъэпкъым я нэхъыжьыр Хьэсэнт).

– Сыарэзыщ, – жиIащ Хьэсэн. – Хьэмидрэ Жунедрэ ирекIуэ, ауэ, къызжиIакъым жывмыIэж, мащIи-куэди фи щхьэр яхуэвмыгъэлъахъшэ…

Арати, Хьэмидрэ Жунедрэ зызэщIакъуэри Кулижан лъыхъуну кIуащ. ЗдэкIуа лъэпкъым я нэхъыжьыр Кулижан и адэ къуэш НэIибти, хьэщIэхэр абы деж екIуалIэу зытекIухьар щыжраIэм:

– ГурыIуэгъуэщ, – жиIащ. – Ауэ, зы акъыл нэхърэ акъылищэ, жиIащ пасэрейм, нэуфIыцIщхьэрыуэу жэуап фэстыжынкъым. Дэри

дылъэпкъщ, Iыхьлы-Iэулэд жытIэнщи дызэчэнджэщынщ. Хэт ищIэн? Фи щIалэр зыцIыху абыхэм яхэтынкIэ хъунщ. Пщэдей фыкъытлъыгъуази жэуап фэттынщ.

– Ди щIалэм дэ зы мэскъалкIэ дытешыныхьыркъым... – жиIэу Жунед къыщригъажьэм, Хьэмид:

– ДызэгурыIуащ, тхьэмадэ, пщэдей дыкъыфлъогъуазэ, – жиIэри къэтэджащ, модрейми щIилъэфыжащ.

НэIиб пIалъэ къыхимыгъэкIыу къызэхуишэсащ зэджапхъэхэр.

– Талъустэн – аращ Кулижан къылыхъу щIалэм и цIэр, – жиIащ зым. – Ар сэ фIыуэ соцIыху: дэбгъуэн щыIэкъым, лIы зэIузэпэщщ, мэлажьэ, мэшхэж. Ауэ, узэрыгугъэу ухъутэмэ, уунэхъурэт, жыхуаIэр къыщыщIащ... – КIэщIу яхуиIуэтащ абы къыщыщIа щIэщхъур.

– Талъустэн сэри соцIыху, тIэкIуи дыздэлэжьэгъащ, – жиIащ етIуанэм. Кулижан ар псэупIэ хуэхъунущ, щищIэнрэ щишхынрэ щигъуэтынущ.

– Уэ сыт жыпIэр? – еупщIащ НэIиб нэгъуэщI зыми.

– Сэри щIалэр мащIэу соцIыху, и фIыцIэ мыхъумэ, и IеицIэ зэхэсхакъым. СфIэзахуэщ Кулижан абы еттыну.

– НтIэ, сэ а Iуэхум зыри хыжысIыхьыжынкъым, фэ фызэрыарэзымкIэ сэри сыарэзыщ, – жиIащ НэIиб. – Лъыхъухэм пщэдей къытрагъэзэнущи, си закъуэу севмыгъэпсалъэу, фэри зыкъревгъэхьэлIэ. Ауэ, ямыгъэпсалъэу лIы яукIыркъым жыхуаIэм хуэдэщ мы Iуэхур, езы Кулижан фепсалъи абы дэкIуэну арэзырэ мыарэзырэ къафщIэ.

– Ерэхъу. Уэ укъыщытхуей меданым дыкъэбгъуэтынщ, НэIиб. Нобэ хуэдэ зы махуэщ къуэш диIащэрэт щIыжаIэр, – жаIэри щIалэхэр тэджыжащ.

* * *

Iуэхур зэтеубла хъуами, Талъустэн гузавэрт. ИкIи гур зэрыгъум дыгъур ирижэ пэтащ: Кулижан зыщылажьэ заводым щIалэ гуэр, Хьэщауэ и цIэу, щылажьэрт. Ар хъийм икIауэ Кулижан ишэну и ужь къитт, ауэ мыдрейм жыжьэуи-гъунэгъууи зыбгъэдигъэхьэртэкъым. Хьэщауэ и теплъэкIэ Iейтэкъым, акъылыншэкIи уеджэнтэкъым, ауэ фадэ зи нэрыгъхэм пэщIэщIэгъу яхуэхъуати, псори абы игъэкIуэдыжырт. Кулижан и пэкIэ нэгъуэщIхэм зарипщытыну хуежьати, псоми къыпрагъэхат.

Талъустэнрэ Кулижанрэ хуагъэува пIалъэр лъэпкъитIым хэIущIыIу ямыщIыну я мурадт, арщхьэкIэ цIыхухэм къамыщIэн щыIэ? А хъыбарыр Хьэщауэ деж щынэсым, и ныбжьэгъухэм зэхахыу, «Е сылIэн, е сылIын! Джатэм и щIагъ нанэ щыIэн хуейкъым!» – жиIэри, быдэу псалъэ итащ Кулижаныр езым зыIэщIимыгъэкIыну. АбыкIэ IупэфIэгъу ищIынур и хьэзырыпст: Кулижан и Iыхьлы Мырзэбэч абы и Iумэтым итти, кIуэ жиIэмэ, кIуэнут, жэ жиIэмэ, жэнут. Арати, Хьэщауэрэ Мырзэбэчрэ зэгурыIуащ, хъуагъэщагъэ хуекIуэу, Кулижан яхьыну.

Декабрь мазэт. Махуэр кIэщIти, лэжьапIэ Iутхэм я лэжьэгъуэ зэманыр имыкIыурэ кIыфI къатехъуэрт. АтIэми, Кулижан гъэ псом заводым хэхъуэуи хэщIуи иIар къилъытэжырт, щхьэкъэIэт имыIэу лажьэрти, псори зэбгрыкIыжри и закъуэу и кабинетым къыщIэнат; Iэуэлъауи псалъэмакъи и тхьэкIумэм къимыIуэж щыхъум, сыхьэтым еплъщ, «АIей! Сэ сымыщIа щхьэкIэ!..» – жиIэри щхьэгъубжэм бгъэдыхьащ. Уэшхри уэсри зэщIэлъу къетIэтIэхырт. БжэIупэм щыблэ уэздыгъэм и нэхум, и бжэхэр IугъэузэщIыкIауэ, зы машинэ псынщIэ хэтт, хьэ щтауэ заплъыхьу лIитIи щэнауэу бгъэдэтт абы; еплъыпэмэ – Хьэщауэрэ Мырзэбэчрэт. «Алыхь-алыхь! Тхьэ, сэ си Iуэхур мы Iуэху джэгу! Джаур фадафэжьитI!

Емынэ узым фыкъихуа мыбы! Си уз фыгъуэт ар фымыгъуэту!..» – жиIэурэ, Кулижан и кабинетыбжэм IункIыбзэ иритри, езыр шэнтжьейм итIысхьэжащ. Куэд дэмыкIыу Мырзэбэч етIуанэ къатым дэджэдейри: «Кулижан! Бжэр ныIух! Сэ сы-Мырзэбэчщ! Утшэжыну дыкъэкIуащ!.. КъыбгурыIуа?..» – жиIэурэ бжэм теуIуащ; бжэр щыIуимыхым, аргуэру теуIуащ. Щымыхъуххэм, бжэр трикъутэу щIидзащ. Ар мыувыIэжыххэ щыхъум, Кулижан, «ЩIэхыIуэу си лэжьапIэм укъызэрысын!» – жиIэри, Шафудин деж телефонкIэ псэлъащ. «Сыт, Кулижан, къэхъуар?» – еупщIащ абы Шафудин. «УкъакIуэмэ плъагъунщ…» – нэгъуэщI хужымыIэу, трубкэр тридзэжащ. Жансурэт къыщылъэтри:

– Сыт Iей, къэхъуар? – еупщIащ и щхьэгъусэм.

– Зыри… мыдэ Кулижан и лэжьапIэм сыкIуэн хуейуэ аращ, – жиIэри, Iуэхур зэрымыпщIэгъуалэр хьэкъти, псалъэмакъ къыхимыгъэкIыу, и машинэм итIысхьэри щIэпхъуащ. «Насыпыншэр аргуэру джэла мыгъуэу пIэрэ?» – гузавэрт Жансурэт. Шафудин, нэсыху пIащIэу, машинэр ехькIэ ихурт. Нэсмэ, Хьэщауэр, шы лIа хьэ енэцI хуэдэ, щэнауэу, Кулижан зыщIэс кабинетым и щхьэгъубжэм донэцIейри щытщ. Мырзэбэч и кIий макъри завод унэм къыщIоIукI.

Хьэщауэ и гур апхуэдизкIэ Кулижан хуэпабгъэти, машинэ къыбгъэдэлъэдам гу лъитакъым. Шафудин икъусыкъужкIэ лIы Iэчлъэчт, зэрыжаIэу, зэуэр къыгуиудырт, леймыгъэгъут. Кулижан щIэпIейтейр къыгурыIуэри, къэлыбащ ар. ТIэкIурэ зишыIэщ, Хьэщауэм бгъэдэкIуатэри, и пщэгурыгъыр щиубыдыкIащ.

– Ей!.. Сыботхьэлэ! – кIиящ Хьэщауэ.

– Тхьэлэ мыгъуэр уэзмыгъэщIым згъэпцIауэ сопсэу! Уи хьэдэр хьэм къихьа мыбы! – щIэгубжьащ Шафудин абы.

– Сэ Iуэху сиIэу сыкъэкIуащ, уэ уи хьэдэр къэзыхьар хэт мыбы? Зэран умыхъуу зегъэхь адэ, – жиIащ Хьэщауэ, и бзэр кIэнтIу.

– Ара узытемыкIынур? – еупщIащ Шафудин.

– Аращ, тхьэ соIуэ. Сытыт-тIэ нэхъ узыхуейр?

– Арамэ, мэ-тIэ! – зэ фIыуэ хэуэри, Хьэщауэр пэнцIывкIэ щIригъэсащ.

Асыхьэтым заводым и хъумакIуэр чэфу зыщIыпIэкIэ къыкъуэкIри:

– Мыр сыт, унэжын, щхьэ фызэрыукIрэ? – къеупщIащ абыхэм.

– Уэ езыр хэт ухъуну? – еупщIащ абы Шафудин.

– Сэ заводым срихъумакIуэщ.

– Апхуэдэу-тIэ уэ узэрыхъумакIуэр? Мобы кIий-гуоуэ щIэтыр зэхэпхыркъэ?

– Iэу зиунагъуэрэ! Тхьэ соIуэ!.. – жиIэри хъумакIуэр ежьащ, Шафудини абы япэ иту завод унэм щIэлъэдащ.

Хьэщауэ къыщыпщыжри, гъумэтIымэурэ, и пэ теудар пэрылъэщI бэлътокукIэ пиубыдыкIауэ, машинэм ипщхьэжащ.

– Деуэрэ? – еупщIащ абы машинэзехуэр.

– Хьэуэ… Мырзэбэч къэдгъанэ хъунукъым, – жиIащ Хьэщауэ.

Шафудин етIуанэ къатым дэкIуеймэ – Мырзэбэч, хьэжьажьэр къыIурихыу, IэштIымитIкIэ бжэм йоуэри щытщ.

– Мырзэбэч! – щIэгуоуащ абы Шафудин.

– Ы-ы! – жиIэри зыкъригъэзэкIащ модрейм.

– Сыт зи Iуэху зепхуэр? – еупщIащ абы Шафудин.

– Плъагъуркъэ зи Iуэху зесхуэр? Кулижан сшэжыну сыкъэкIуащи, къысхущIэкIыжыркъым, – жиIэри бжэм еуэн щIидзэжащ.

– УкъэкIуамэ, кIуэж, хьэIужажэ, куэдщ мы бжэм узэреуар! ИужькIэ дызэпсэлъэнщ! – жиIэщ, и пщэгурыгъым зэ фIыуэ дэуэри, дэкIуеипIэм иригъэжэхащ.

– ЕбгъэукIырт, зиунагъуэрэ! Апхуэдэу пщIы хъун-тIэ? – Къэгузэващ хъумакIуэр. – КIуэрэ тхьэусыхэмэ…

– Умыгузавэ, дэ дызэгурыIуэжынщ, – жиIащ Шафудин.

Мырзэбэч машинэ бэджэндым зридзэжщ, «Неуэ!» – жиIэри, удын зырызыр я Iэрылъхьэу, я занщIэр я гъуэгуу щIэпхъуэжахэщ.

– Кулижан, бжэр ныIух, сэ сы-Шафудинщ, – жиIэри хуэму теуIуащ.

Модрейм гъырнэIуу, щтэIэщтаблэу, бжэр къыIуихри жиIащ:

– Къысхуэгъэгъу, Шафудин, узгъэпIейтеящ. Хьэщауэжьым, дахэкIэ укъыздэмыкIуэмэ, усхьынущ жери, кIуапIи-жапIи къызимыту си ужь къитщ. Модрей хьэIужажэри, Мырзэбэчщ жыхуэсIэр, къигъэIулащи хьэпщIэум хуэдэу си ужьым итщ, хъун? – жеIэри.

– Алъандэрэ ар сэ щхьэ къызжумыIарэ? Умыгузавэ, хъун мыгъуэр сэ езгъэщIынщ абы. ИIэ, зыхуэпэж…

Шафудин, и ныбжьым емылъытауэ, цIыху Iущт, и пщэм къыдэхуа Iуэхур дагъуэншэу и кIэм нигъэсырт. Кулижан и ужь къитхэр абы дежым къыщызэрызэтемыувыIэнур къыгурыIуэри, и фэтэрым имышэжу, езым я деж ишащ. Ар къыщилъагъум, «Шыкур Алыхь! Си псэр хьэршым кIуэжат!..» – жиIэри, Жансурэт гуфIащ.

Шафудин зэригугъауэ, Хьэщауэрэ Мырзэбэчрэ нэхъри зэрегъафэщ, Кулижан щыпсэум кIуэри, и бжэм еуэу кIэрытащ, гъунэгъухэр къыщIэкIыу Iуахужыху. Щымыхъум, пщэдеи махуэщ, къэунэхури мазэщ, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ, жаIэри зэбгъэдэкIыжащ.

Шафудин пIалъэ къыхимыгъэкIыу НэIиб деж кIуэри нышхьэбэ зыхэта хьэлэбэлыкъыр хуиIуэтэжащ.

– Абы и закъуэтэмэ, ди насыптэкъэ! – пищащ Шафудин и псалъэм. – ПцIыхуми сщIэркъым, Фэтех Хъазджэрий и къуэ Сасыкъыжьри, мис а фадафэжьыр, лIэнкъэнэну къитщ Кулижан и ужь. Езым и щхьэгъусэр зэрыщIилъхьэрэ илъэс хъуакъым, сабиищ иIэщ. ИтIани щIимычэу йофэ, хакIуэм хуэдэу мэхъухъу-мэщыщ, сэ схуэдэ гуэрщ Кулижан зыпэплъар, ар си IэмыщIэм илъу къызолъытэ, жеIэри уэрамым дэтщ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, дэ ди мазэ пIалъэ кIуэдакъым, щIэщхъу къыпщыщIыныр бетэмалщ, Кулижан и Iуэхур зэфIэгъэкIауэ тIысыжын хуейщ.

– Уэ жыпIэм пэж хэлъщ, Шафудин, – жреIэ НэIиб я унэкъуэщ щIалэм. – Ауэ… зэдухылIа пIалъэр къэмысу, ди пхъур фшэ жытIэу Щауейхэ дауэ яжетIэн?

– ЯжетIэнщ, НэIиб. Къоджэм уигъэжейркъым, жи. А хьэIужажэ гупыр, напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ, жыхуаIэм хуэдэщ, ди пхъур зыгуэрым ирилъэфажьэмэ… Езы Щауейхи лъэIуат нэхъ пIалъэ кIэщIыIуэ еттыну…

– Хъунщ-тIэ, Шафудин, къэзыгъэкIри зышхыжри фэращ. Лъыхъу къэкIуауэ щыта щIалэхэм запыфщIи Iуэхур зытетыр яжефIэ, абыхэм Бэлэтокъуэ жраIэжынщ. Ар акъылэгъу хъумэ, феуэ адэкIэ. Ауэ, Шафудин, Iуэхум кIэ игъуэтыху Кулижан лэжьакIуэ щыкIуэкIи къыщыкIуэжкIи уи нэIэ тегъэт.

Шафудин игу зэрыгъуати, Хьэщауэ и лъэпIэстхъэныр зэпигъэуакъым, Сасыкъи лъэкI къигъэнакъым, ауэ тIуми я гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъуащ.

НэхъыщIэхэр зэпсэлъылIэу Iуэхур Бэлэтокъуэ щрахьэлIэм: «Алыхьалыхь! – гуфIащ ар. – Аракъэ сызыхуейуэ схуэмыгъуэтыр! Уи IэмыщIэм илъыращ ууейкIэ узэджэнур. Сыт къэхъун, сыт зэхэтхын, жытIэу ди псэр дзапэкIэ тIыгъыу дымыпсэууэ, щхьэри лъакъуэри зейр фэращ, феуэ маржэ, феужьэрэкI!..

Арати, лъэпкъитIым Iуэхум хьэрычэт халъхьэщ, хъунщIэпсынщIэету загъэхьэзырри, пIалъэ зэратам нэмысу, Талъустэнрэ Кулижанрэ я хьэгъуэлIыгъуэр къаIэтащ.

* * *

Талъустэнрэ Кулижанрэ я акъыл зэтехуауэ зэнэзэпсэу, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, зым Iэпыхур зым къищтэжу зэдопсэу, бын дыгъэлищ: щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ, зэдагъуэтащ. Я бын Салим, Сэлмэн, Сэчинат сымэ цIыхур зыщIэхъуэпсым хуэдэхэщ: Iэдэбхэщ, нэхъыжьым и псалъэ тIэу жыIэ ящIыркъым. Щыри гъуэзэджэу йоджэ, IэщIагъэ яхуэхъуну зыщIэхъуэпсхэр къыжаIакIэщ: Салим бухгалтер, Сэлмэн инженер, Сэчинат дохутыр хъуну хуейхэщ.

«Шыкур Алыхь! – игу хохъуэ Думэсарэ. – Япэм лъэпэрэпами, Талъустэн и насыпыр зэтеувэжащ. Iистофрилэхь! Дыщэзэрылэ хуэдэ мо цIыкIуищыр!.. Къурмэн сыхухъу ахэр къыдэзыта Алыхьым!..» «Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ, – жеIэ Бэлэтокъуи. – Модрей нэжэсым гузэрыдзэ дигъэщIати, си фIэщ хъужыртэкъым дэ мыпхуэдэ насып къыдэуэлIэжыну. МылIэжын къалъхуркъым, мопхуэдэ лIэужь къызэзнэкIыу нобэ сылIэми, солIэ жысIэнкъым…»

* * *

Талъустэнрэ Кулижанрэ япэу щызэрихьэлIа махуэр къыщыскIэ, зы илъэс бламыгъэкIыу, уэфI-уей имыIэу, Кулижан «IэплIэ иришэкIауэ» зыбгъэдэта жыгым деж макIуэри: «Жыг угъурлыжь! Уи дежщ дэ насып лъагъуэ щыхэтшар!..» – жаIэурэ Iэ далъэ.

▪ ▪ ▪

КЪАГЪЫРМЭС Борис

# *Си блокнотхэм къисхыжахэр*



«Уадыгэкъэ?!» – жаIэмэ, адыгэхэм кърагъэкIыр «уцIыхукъэ?!», «хабзэ пхэлъкъэ?!», «лIыгъэ уиIэкъэ?!» – жиIэу аращ. А кърагъэкI мыхьэнэр иIэу нэгъуэщI лъэпкъхэм хуэгъэзауэ зэи жаIэркъым, жаIэркъым, дыхьэшхэн мэхъури. Псалъэм папщIэ, «уурыскъэ?!», «унэгъуейкъэ?!», «ужурткъэ?!» Апхуэдэу щIыжамыIэр а лъэпкъхэр нэхъыкIэу аракъым, ауэ, жыIи пэт, зыри къикIыркъым.

* * *

Хамэбзэхэм къикIыу ди бзэм къыхыхьэ псалъэхэр абы егъэкIыщтэн, егъэхьэжын хуейщ, ди бзэм и сэфэтым изэгъэху, дыдей хъуху. Абы бзэр нэхъ къулей ищIын къудейщ.

* * *

УсакIуэр дунейм зэрытетыр махуэ къэс цIыхухэм къаригъэщIэн хуейщ газетхэм, журналхэм къытехуэ, телевиденэкIэ, радиокIэ къат и тхыгъэхэмкIэ. Ар «лIэ» хъунукъым, псэуху.

* * *

Усакlуэр ауэ сытми къызэрыгуэкlыу тхэ хъунукъым. lэмал имыlэу абы щlэ гуэр жиlэн хуейщ, армырамэ сыт и мыхьэнэ абы итхым?..

* * *

lэмал имыlэу ди бзэм хэдзын хуейщ ди цlыхухэм (нэхъыжьхэм) къамыпсэлъыф икlи къагурымыlуэ хамэбзэ псалъэхэр. Къызыфlэвгъэщlыт къуажэ фызыжь щlэныгъэншэм дэнэ укlуэрэ, нанэ? – жиlэу зыгуэр еупщlауэ. Къыжриlэфыну пlэрэ «муниципалитетым сокlуэ» жиlэу? Гупсыси псалъэ жыхуаlам ещхьщ угупсысэу псалъэр бзэм хэбгъэхьэныр.

* * *

Урохьэлlэ «гъуанэдэуэу еуащ» жаlэу. Ар тэмэмкъым. Тэмэмыр «гъуанэдэущ». Гъуанэ къилъыхъуэурэ абы дэуэу аракъым, атlэ гъуанэм къыдэукlыу аращ.

* * *

Ди школхэм зэрыщрагъаджэ адыгэ литературэ тхылъхэм итщ яджыну зыхуэмыфащэ тхыгъэхэр. Абы щыгъуэми а тхылъхэм ихуакъым ди тхакlуэ, усакlуэ нэхъыфlхэм я тхыгъэ куэд. Ар lэмал имыlэу икlэщlыпlэкlэ гъэзэкlуэжын хуей lуэхущ. Абы гулъытэ хуащlын хуейщ а къалэныр зи пщэ дэлъ лэжьакlуэхэм.

* * *

Паспортым итщ укъыщалъхуар. Ущылlэжынури иту щытамэ аратэкъэ – цlыху хуэдэу упсэуным нэхъ ухущlэкъунт. Армыхъуамэ языныкъуэхэм зэрамыхъэ щыlэкъым.

* * *

– Мыпхуэдэ махуэр схуэугъурлыкъым, – жиlэрт абы, ауэ, угъурлы хуэхъун папщlэ, зыри илэжьыртэкъым. Атlэ, махуэм сыт и лажьэ, лажьэр зытехуар уэрамэ!

* * *

Тхьэусыхэрейуэ ущымыт: тхьэусыхэрейм уэрэд хуэусыркъым, абы иусыр гъыбзэщ.

* * *

Сабийм къызэралъхуу гъын щlедзэ. Дауи, абы ищlэ хъунщ арэзы зытемыхъуэн куэд къызэрыпэплъэр.

* * *

Абы и щхьэм Алыхьым куэд къритхат, арщхьэкlэ езым къеджэкlэ ищlэртэкъым.

* * *

Алыхьым, къызэлъэІу, жиІащ, ауэ, укъызэрызэлъэІу псори пхуэсщІэнщ, жиІакъым, зыгуэр пхуэсщІэнкІэ хъунщ, жиІауэ аращ.

* * *

Уэ уздэгупсысам нэс фІэкІ гупсысэр нэмысыфу къыпфІэщІмэ, ущоуэ: гупсысэр кІыхьщ, и кІэм нэс урикІуэф къудеймэ.

* * *

Япэрей цІыхухэм ящыщу япэ дыдэу дыхьэшхар цІыхуфІыщэу щытагъэнут. Абы къищІат дунейм нэщхъыфІэу тетын зэрыхуейр.

* * *

*Къэзмыгъэзэну сежьэж хъумэ,*
*Мес, си бэлътор фІэдзапІэм фІэлъщ.*
*Ар зыщыфтІагъэ, фымыхъумэ, —*
*Фэ къыфхуэзгъанэ си фэеплъщ.*

* * *

Поэзие нэсым и къалэнщ езыр зей лъэпкъым и шыфэлІыфэр псалъэкІэ къигъэлъэгъуэну.

* * *

Поэзием и щыгу нэхъ лъагэ дыдэр поэмэрщ. А жанрыр къызэхъулІа усакІуэм къыпэщылъа творческэ гъуэгуанэм лъэбакъуэ ІупщІ щичауэ аращ.

* * *

Уи гур зыгъэныкъуэр, хэзыгъэщІыр куэдрэ умышэч — абы умыщІэххэурэ уи къарур щІихынущ. Іэмал зэриІэкІэ уи псэм зэрыпІэпихым хуэдэу узэрыпсэунум хущІэкъу, ар зэбгъэхъулІэну мытыншми.

* * *

Пэжымрэ пцІымрэ зэтеплъэ мыхъу щхьэкІэ, зыр щымыІамэ, адрейри щыІэнутэкъым.

* * *

ТхакІуэр «тхакІуэшхуэ» жыхуэтІэм хуэдэ хъун щхьэкІэ, абы къигъэщІын хуейщ зэи щымыІа художественнэ типыщІэхэр, идеещІэхэр. АтІэ, апхуэдэ къыщыхъур уеблэмэ илъэсищэм зэщ. Дэ тхакІуэшхуэкІэ дызэджэхэм ящыщу зырызщ ар хужыпІэныр къэзылэжьыр. Аращи, а псалъэр къэбгъэсэбэпын хуейщ хуабжьу ухуэсакъыурэ.

* * *

Гъуазджэм и лэжьакIуэхэу сурэтыщIым, скульпторым, композиторым зэдзэкIакIуэ яхуэмей щхьэкIэ, литераторым, дунейпсо утыку ихьэн папщIэ, зэдзэкIакIуэ имыIэныр Iэмалыншэщ.

* * *

ЦIэ Iей щыIэкъым. Ар зыхуэдэнур зэлъытар зезыхьэрщ.

* * *

Усэм псэ хэлъын хуейщ, къеджэр къызэщIиIэтэу, игъэпIейтейуэ, игъэгупсысэу. Армырамэ псалъэ къудейуэ къонэж.

* * *

*Гъащlэр ещхьщи фадэ гуащIэм,*
*Къэзгъэщlами сэ мымащlэ,*
*Зэ, зэ закъуэ сеlубауэ*
*ФIэкI къысщыхъуркъым. Ар дауэ?*

* * *

ЦIыхум и акъылыр зыхуэдэм елъытащ и гупсысэкIэри, и гупсысэкIэм хуэдэщ и псэлъэкIэри.

* * *

*Япэм дызыхуейуэ щыта куэдым*
*Хэщl зэпытщ, ди ныбжьыр хэкlуэтэху.*
*Гу лъыдмытэ фlыгъуэу дэ тфlэкlуэдым,*
*Жьыгъэ хэкум дыкъыщыхутэху.*

*Iэгукlэ къэпщта псыр зэрыпlэщlэжым*
*Хуэдэу, гъащlэ фlыпlэхэр тlэщlокl.*
*Мис апхуэдэу кlуэурэ зэдэщlэкlыу*
*Ди илъэсхэр иухау къыщlокl.*

*Тхьэ Iэмырщи, сыт пхуещlэн а псоми?..*
*Зыщlэкъун хуейр цlыхур, фщlэмэ, зыщ:*
*И пщlэр ину щlым тетыхукlэ псэууэ,*
*Лlэмэ, хужаlэн: «Дыпхуэарэзыщ».*

* * *

Лъэпкъыр зыхуэдэр къэпщIэну ухуеймэ, щыгъуазэ зыщI абы и Iуэрыlуатэм: хъыбарыжьхэм, таурыхъхэм, шыпсэхэм, эпосым. Псы къабзэм хэлъ мывэхэр къызэрыхэщым хуэдэу, абыхэм къахощ а лъэпкъыр зыщIэхъуэпсыр, абы насыпу къилъытэр, и мурадхэр, и хабзэхэр. Лъэпкъ куэдым я фольклорым нэхъыбэу къыхэщыр ахъшэщ, абы ехьэлIащ я гъащIэ псор. АтIэ, фыхэплъэт ди адыгэ Iуэрыlуатэм, нарт хъыбархэм. Абыхэм ахъшэ гугъу хэткъым, хэтыр лIыгъэ зехьэн, лIыхъужьу щытын, захуагъэм тетын, нэгъуэщIу цIыхур зыIэт, зыгъэфI – мис ахэращ.

* * *

Мы тхыгъэр уэ зэрыплъэкIкIэ, уи Iэзагъэм къызэрихькIэ зэбдзэкIащ. Сэ зэздзэкIащ зэдзэкIын зэрыхуей дыдэм хуэдэу.

* * *

ГъащIэм и щэху псори къэпщIауэ къэплъытэу ухъуамэ, кхъыIэ, къысхуэгъэгъу, зы чэнджэщ уэстынущи: Iэмал имыIэу дохутыр зэгъэплъ.

* * *

*Зыкъомыр вым хуэдэу мэлажьэ,*
*Зыкъомыр пщым хуэдэу мэпсэу.*

* * *

ЩIэщыгъуэр къаруушхуэщ, абы уи гъащIэм хегъахъуэ. ЩIэщыгъуэ щымыIамэ, гъащIэр ехьэкIыгъуей хъунут.

* * *

Дэ иджыпсту диIэкъым ди литературэм и гъуэгугъэлъагъуэ хъуфын критик. Абы и зэраныгъэшхуэ къокI ди художественнэ литературэм и зыужьыныгъэм. Ди критикхэм ябгъэдэлъщ щIэныгъэ куу, зэфIэкI хъарзынэ. Ауэ абыхэм зыханэн хуейщ дзыхьмыщIу, щтэIэщтаблэу, ямылейуэ гущIэгъулыуэ, ныбжьэгъугъэм фIэлIыкIыу, пэжыр щIахъумэу щытын хьэлыр.

* * *

*Сэ къызжаIэ: «Хьэхущ дунейр».*
*Хъуащи быдэу ар си фIэщ,*
*Сэ зы закъуэщ сызыхуейр:*
*Къэзмыхьауэ гъащIэ ней,*
*Тхьэуэ псэр къызэзытам*
*ПIалъэр къэсу схуетыжам —*
*Захэзбжэнт сэ ехъулIам!*

* * *

ЩIыр телэжьыхьым ейуэ щытын хуейщ. Зэ (НЭП-м щыгъуэ) къратыжати, къэралым ис псоми загъэнщIыжауэ щытащ. Арщхьэкlэ трахыжащ икIи пщIэ кърамыту, я ныбэ изу мышхэу, хуитыныгъэ ямыIэу, пщылIым хуэдэу щагъэлажьэ, къалэжьыр властыр зыIэщIэлъхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ яшхыу куэдрэ къахуихуащ.

* * *

*Мэзкуу щхьэлыжьыр мэлажьэ,*
*ЦIыху гъащIэ Iэджэ ехьэж,*
*ИтIани, ахэр фIэмащIэу,*
*Нэгъуэщlхэм лъыхъуэу хохьэж.*

* * *

Утхакӏуэмэ, мор стхынщ, мыр стхынщ, жыпӏэу ущысурэ, зэманыр умыгъакӏуэу, узытетхыкӏ стӏолым нэхъыбэрэ узэрыбгъэдэсыным хущӏэкъу. Шхэным ещхьу, тхэнми гукъыдэж къуэщитыр, сытхарэт, щыжыпӏэр лэжьэн щӏэбдза нэужьщ. Тхакӏуэ Ӏэщӏагъэм и щэхухэм фӏыуэ щыгъуазэу щыта Олешэ Юрий и къыхуеджэныгъэу щытащ: «Зы махуэ дэвмыгъэкӏ зы сатыр фымытхыу!» Абы кърнгъэкӏыр махуэ къэс фытхэ, жиӏэу арт.

* * *

*Сызэплъэкӏыжмэ, си щӏэдзапӏэр*
*Къысхуэлъагъужми — жыжьэ хъуащ.*
*Мымащӏэу стелъщ гъащӏэ дзэкъапӏэ,*
*Итӏани фӏыуэ ар слъэгъуащ.*

* * *

Сэ адыгэбзэкӏэ зэздзэкӏащ илъэсищэкӏэрэ зэпэщӏэха, дунейм и щӏыпӏэ куэдым щыпсэуа усакӏуэхэм я тхыгъэхэм щыщхэр. Ауэ ахэр зы тхылъ, тхылъитӏ сщӏыуэ къыдэзгъэкӏыну мы зэманым Ӏэмал сиӏэкъым, итӏани си фӏэщ мэхъу абыхэм я псалъэ зэгуэр си лъэпкъым езым и бзэкӏэ зэрызэхихынур.

* * *

Сытым щыгъуэ иджыпсту зызыубгъуа капитал щхьэхуитыныгъэр тщхьэщыкӏыу цӏыху щхьэхуитыныгъэр къыщысынур? Сэ сыхуейт а зэманым сыщыпсэуну, ауэ, Тхьэм ещӏэ, ар къызэхъулӏэни къызэмыхъулӏэни…

▪ ▪ ▪

АЙТЭЧ

## *РассказитӀ*

# «Уэ унащхъуэт, уэ усырыхут!..»

Зэщхьэгъусэ хъуахэр зэрызэрыцӀыхуа, зы унагъуэу псэун къызэрыщӀадза щӀыкӀэм теухуауэ хъыбар куэд къокӀуэкӀ. Апхуэдэ зыщ мыри.

Куэд щӀауэ хэт кӀуэжа Бабыщыкъуэ, ауэ зауэм и пэкӀэ ар къызэрыгуэкӀ адыгэ къуажэжь цӀыкӀут, зы школ закъуэ фӀэкӀа дэмыту, абыи еянэ классым уфӀэкӀ щымыхъуу.

Мис а школым егъэджакӀуэу щӀалэ гуэр къагъэкӀуат, жи, гъунэгъу къуажэм классипщӀ къыщиуха гъэ дыдэм.

Абы щыгъуэ, иджы хуэдэу, илъэсибл ирикъуа дэтхэнэ зы сабийри еджапӀэм екӀуалӀэу хабзэ быдэу ягъэувa щӀыкӀэтэкъым. Хэти илъэсийм, хэти нэхъ кӀасэжу еджэн щӀадзэрт. Ти, щригъэджэну мо щӀалэм къыхуагъэлъэгъуа еянэ классым езым нэхърэ зы илъэскӀэ фӀэкӀа мынэхъыщӀэхэри езым и ныбжьхэри щӀэсу къыщӀэкӀащ.

Абы дежкIэ ар мыгъуагъэшхуэт. Ауэ абдеж щиухыртэкъым мы щIалэм и мыгъуагъэр, мыбы куэд хузэхэтт. ЗэрыжаIэмкIэ, мыр математикэ лIэужьыгъуэхэмкIэ нэхъ лъэрызехьэт (нэмыцэбзэми мыхуэмыхуу ирипсалъэрт: а бзэр езыгъэдж фызыжьым уэр-сэру еуэршэрылIэу ялъагъурт). АрщхьэкIэ, школым математикэ езыгъэджын щыIэу, ауэ географие езыгъэджын щымыIэу къыщыщIэкIым, къыхуагъэлъэгъуа предметыр къаIимыхыу мыхъуу, лэжьэн щIидзат. Ауэ, щIидза щхьэкIэ, езы егъэджакIуэм хищIыкIышхуэ щыIэтэкъым и предметым; абы гу лъызыта, ныбжькIи езым къыкIэрымыху щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ тегушхуэгъуафIэ къащIауэ, гузэвэгъуэр телъу, ерагъпсэрагъкIэ и урокхэр ирилъэфэкIырт...

Мыри жыIэпхъэщ. ЩIалэхэми хуэмыдэжу, егъэджакIуэ ныбжьыщIэр гугъу езыгъэхьыр хъыджэбзхэрат. Ей, абыхэм я джэгун къикIами! ЖыпIэнур арамэ, мыхьыр ирагъэхьырт. Апхуэдэ жыхьэрмэми щIалэр хэхуат и япэ урокым къыщыщIэдзауэ.

Япэу классым щIыхьэу, сэламыр зэфIэкIыу, нобэ къэкIуахэмрэ къэмыкIуахэмрэ зэхигъэкIауэ, моуэ темэм сытепсэлъыхьынщ щыжиIэ дыдэм...

– Къытхуэгъэгъу, ауэ дэ нэхъ къэтщтэнут къызэроджэр къэтщIатэмэ... – мыпIащIэурэ къызэфIоувэ зы хъыджэбз нэ къуэлэн дахэшхуэ, къыпыгуфIыкIыжу щытщ, и гупэмкIэ къедзыха и щхьэц къудамэшхуитIым я зыр IэмыщIэкIэ иIыгъыу, и Iэ етIуанэр и Iупэм Iулъу, къыщиудыну зэрыхьэзырыр нэхъри IупщI ищI нэхъей.

ЕгъэджакIуэр плъыжь мэхъу, хужь мэхъуж.

– ТIысыж, – жеIэ абы, а зы меданым къэпщIэнтIауэ, къызэрыпщIэнтIари езым ищIэжрэ абыи иризэгуэпу. – Сэ сщыгъупщэжри...

– Ди егъэджакIуэм и цIэр щыгъупщэжащ! – мэдыхьэшх нэгъуэщI зы хъыджэбз икIи абы ину дожьу щIалэхэри хъыджэбзхэри.

– Хьэуэ, сщыгъупщэжар нэгъуэщIщ... Псом япэу вжесIэн хуеят...

– Сыщымыуэмэ, – къэмытэджу здэщысым Iуэхум къыхопсэлъыхь еджакIуэхэм ящыщ зы щIалэ Iэчлъэчыжь, – уэ зыкъэдбгъэцIыхуакъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, уэрэ сэрэ уэрамым дыщызэхуозэ. Дауэ сынызэроджэнур? Уи егъэджакIуэм «ейкIэ» уеджэну сэ къезгъэкIуркъым.

– Долэт, – жеIэ егъэджакIуэм, икIэм-икIэжым. – Долэтщ къызэрызэджэр.

– Дауэ жыпIа? – псалъэмакъым къыхохьэ нэгъуэщI зы пщащэ макъ псыгъуэ дыдэ цIыкIуи (е, нэхъри ауан хъун папщIэ, и макъыр апхуэдэу зэпишрэт?). – Болэт, жыпIа?

Аргуэрыжьщи, классыр ину зэщIодыхьэшхэ.

ЕгъэджакIуэ щIалэм ищIэнур ищIэркъым. НокIукI-къокIукI. КъоувыIэжри щытщ, классыр къызэхиплъыхьу. И теплъэм къеIуатэ абы и гум щыщIэр. ЦIыхугъэ фиIэмэ, зэ фыкъэувыIэж, си хьэтыр къэфлъагъуи, – арагъэнут абы игукIэ жиIэр.

Сытми, зэман дэкIауэ, классыр тIэкIу зэтесабырэжауэ къыщилъытэм:

– Революцэм и ужькIэ... хьэуэ, революцэм и пэкIэ...

Апхуэдэ блэбгъэкI хъурэт! ИкIи благъэкIыркъым: «Гургургуапщий!»

А махуэм къыщыщIэдзауи Долэт зы урок иригъэкIуэкIакъым, имыкурэ-имыбгыу, нэхъ къыщемызэгъ дыдэм деж зыгуэр къыхэпсчэуIукIрэ, – «революцэм и пэкIэ, хьэуэ, революцэм и ужькIэ» – жиIэу къыхимыIуу. АпщIондэхукIи, ар я щыпэ зэхэх нэхъей, удыхьэшхынумэ – къеблагъэ! УщIалэмэ, уи делэгъуэмэ, уи гурбияныгъуэмэ, абы сыт хэлъ!

Ауэ а классым хэст зы хъыджэбз хэщIыхьа къамылыфэ цIыкIу. Адрей и классэгъухэр щыдыхьэшххэм деж а хъыджэбз къамылыфэ цIыкIур щыму щыст, зэгуэпу, укIытэу, и Iупэ пIащIитIыр зэтрикъузэу, егъэджакIуэ щIалэр фIэпсэкIуэду, ауэ зэрыдэIэпыкъун Iэмал къыхуэмыгъуэту…

ЦIыхум къахокI зи цIэр зэкIупс. Е десэжу апхуэдэу къытфIэщIу ара? Сытми, езым екIу-емыкIуми, а хъыджэбзым и цIэр Дыщэнэт.

Ти, Дыщэнэ шыгъушыпсыпIэм хэлъу екIуэкIырт, «нанэ бэгауэ – сэ сызэгуоуд» жызыIам нэхъей: и ныбжьэгъухэр егъэджакIуэ щIалэм зэрыщIэнакIэр езым игъэву.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, гъатхэри къос, гъэ еджэгъуэри и кIэм ноблагъэ. Абы ирихьэлIэу Дыщэнэ зы бостей зыкъизых гуэр, моуэ-щэ, гъуэжьымрэ плъыжьымрэ щызэпекъурэ щызэрытемыгъакIуэу, нтIэ, сытми, а бостей бэлыхьлажьэр щыгъыу зэ школым къокIуэ. Хъыджэбзым и Iуэхур пщIэнукъым: Тхьэм ещIэ ар а бостейм зэрыщыгугъар… Сытми, иныкъуэм «къокIупс, фIыкIэ угъэлажьэ» къыжраIаи, иныкъуэми зыри жамыIэххаи. Ауэ Долэт, зэкъуэхуауэ хъыджэбзым бгъэдыхьэри, нэгъуэщIхэм зэхамыхыу жриIащ:

– Дыщэнэ, уи бостейр дахэщ, ауэ ар нэхъ зэкIунур нащхъуэрщ, сырыхурщ. Уэ унащхъуэкъым икIи усырыхукъым…

Дыщэнэ зыри пидзыжакъым и егъэджакIуэ щIалэм. ИгукIэ абы зэригъэзэхуа псор зыми ищIэркъым. И нэ фIыцIэ цIыкIуитIым нэпсыр къытелъэдауэ зыкъомрэ щысщ-щысри, хуэмурэ къэтэджри, классым щIэкIыжащ. Абы и ужькIи а бостейр Дыщэнэ щыгъыу зэи ялъагъужакъым… Абы хэту гъэ еджэгъуэри иухащ. Ауэ Дыщэнэрэ Долэтрэ я хъыбарым абдеж кIэ щигъуэтакъым.

Зауэ мыгъуэжьыр екIуэкIырт а зэманым, илъэс и пэкIэ къыщIидзауэ. 1942 гъэм и гъэмахуэр икъукIэ гужьеигъуэт. Зауэр, хьэлъэу къэбакъуэурэ, кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къэхъурт. ИкIэм-икIэжым, къэсыпэри, зы бжьыхьэ махуэ нэщхъей гуэрым Бабыщыкъуэри нэмыцэм яIэщIыхьащ. Бабыщыкъуэр нэмыцэм зэраIэрыхьэу, Долэту плъагъур, и Iэблэм мо жорыжьыр зытет щэкI тIэкIур екъузэкIауэ, старостэу къуажэм къыдэуващ.

Дауи, ар куэдым ягъэщIэгъуащ. ЩIагъэщIэгъуаращ: иригъаджэхэр дауэ хущымытами, къуажэм жагъуэу ялъагъутэкъым Iэщхьэ пцIанэу къахыхьа мо щIалэщIэр… апхуэдэфэ ираплъатэкъым, кIэщIу жыпIэмэ.

Ауэ ар шэуэ зытехуар хэт жыпIэмэ, дауи, Дыщэнэт.

Хъыджэбзым апхуэдизкIэ ар щхьэжэ щыхъуати, гъащIэр зыкIи фIэIэфIыжтэкъым. Хэбгъэзыхьмэ, лIэпами нэхъ къищтэнт а и нэгу щIэкIым нэхърэ…

Апхуэдэурэ, щхьэлажьэ хъуауэ екIуэкIыурэ, Дыщэнэ зы махуэ гуэрым моуэ егупсысащ: «Ярэби, укIын хуэмейуэ пIэрэ а бзаджэнаджэр?» Абы хэтуи: «Сэ сукIмэ, дауэ хъуну?..» Арыххэуи: «Дауэ зэрызукIынур?»

АрщхьэкIэ, епцIыжакIуэр зэриукIыну Iэмал къимыгупсыса щIыкIэу, а тIур, ямыщIэхху, зэрихьэлIащ. Ар куэдрэ: къуажэр езыр мыинмэ, уэрамхэри зэвмэ.

Дыщэнэ плъэмэ, Долэт къакIуэрт, нэгъуэщI зыри и гъусэтэкъым. Гъунэгъуу къыбгъэдыхьэху зигъэхъеякъым. Гъунэгъу къызэрыхуэхъуу, и зыгъази и илъи зыуэ, мо щIалэ бэлэрыгъам жьэхэлъадэри, «щкъуатх!» жиIэу и нэшкIулыр хузэприхулэкIащ, мыри ириутIыпщащ: «Уэ унащхъуэт, уэ усырыхут, бзаджэнаджэ!»

Ти, Дыщэнэ зигъэджэрэзри я пщIантIэ дэлъэдэжащ. Долэт сыт ищIэнт? Зиплъыхьри, нэгъуэщI къыIэщIэлъэгъуакъым, Дыщэнэхэ япэмыжыжьэу къыщыс зы фызыжь цIыкIу фIэкIа; абыи зигъэпщкIужыну

хэтащ. АрщхьэкIэ, зэ умыпIащIэт жиIэу къикIыу Долэт Iэ щыхуищIым, дэнэ кIуэжынт, къызэтеувыIащ. Шэч хэмылъу, фызыжь цIыкIум илъэгъуат а иджыпсту къэхъуар, ауэ зыри имылъэгъуаифэ зытригъауэрт; пхъэнкIий иридзыну къыдэкIагъэнти, нэщI хъуа и тасыр быдэу зрикъузылIэу, кIэбгъу зищIу бзэхыжмэ нэхъ къызэрищтэри, мы къэзыгъэувыIами еуэршэрылIэну зэрыпIэцIеижри IупщI дыдэу и фэм къиIуатэу щытт, фIыуэ хуэбыхъу и бостеикIэ гъуабжафэ-фIыцIафэр мащIэу иудэу.

– Умыгузавэ, ди анэ, – жиIащ Долэт щабэу, фызыжьым гъунэгъу дыдэ зыкъыхуищIри, – сэ узгъэгувэнкъым. Ауэ… а делэ цIыкIум зыкъимыгъэлъэгъуэщэну схужеIэж… ЗэкIэ къыщIэмыкIыххэмэ нэхъыфIщ.

Ар жиIэри ежьэжащ Долэт. Ауэ ежьэжын и пэкIэ, зиплъыхьри, и Iэмрэ и Iупэмрэ зы медан закъуэкIэ гъунэгъу зэхуищIри, и Iэр псынщIэу иридзыхыжащ.

ИкIи, Долэт зэрыщыгугъауэ, фызыжь цIыкIур зэхэщIыкI зиIэу къыщIэкIри, и нэгу щIэкIам щыщу бгъэхъыбарыж хъунумрэ мыхъунумрэ гугъущэ демыхьу зэхигъэкIат. Дыщэни хуэзэри абыи жриIэн къигъуэтат. Езы хъыджэбзри абы и ужькIэ пщIантIэм дэкIыртэкъым. Унэм щIэст ар иджы, нэхъ гупсэхугъуи игъуэтыжауэ. Зэзэмызи, хьэлъэу хэщэтыкIырти, и щхьэ хужиIэжырт: «Си гур зэ згъэтIысащ, нэгъуэщI мыхъуми… Уэ унащхъуэт! Уэ усырыхут! Бзаджэнаджэ!..»

ЗэкIэ игу игъэзагъэу Дыщэнэ тIысыжами, Бабыщыкъуэ щыщ куэд Долэт къыхуэдзэлашхэрт. Абыхэм къахэкIырт езым зэхихыу къебги, къехъуэни, къакIуэу щалъагъукIэ – «цIыртI!» жаIэу убжьытхэрэ зи куэбжэр «баргъэ!» жиIэу къезыдзылIэжхэри щыIэт. Уи лъахэм къихьа зэрыпхъуакIуэр Iэдэб цIыкIуу щытын? Зэи къанэртэкъым ахэр мыкIийуэ, мыгуоуэ, зыгуэрым зыгуэр къытрамыхыу. АпщIондэхукIи цIыхур Долэт хуэшхыдэрт – а псор зи Iэужьыр а зы щIалэра нэхъей.

Адыгэм къадекIуэкI хабзэхэм ящыщщ мыр. Гъавэм, гъавэм и мызакъуэу, сыт хуэдэ ерыскъы лIэужьыгъуэми нэмыс хуащI. Илъэсищэ хъу лIыжьми, къемыхьэлъэкIыу зигъэщхъынурэ, щIым ехуэха хьэдзэ закъуэр къиIэтыжынущ; щIакхъуэ е пIастэ щыкъуей кIэригъэхунукъым; зэрымыщIэкIэ IэщIэхуу сабэм хэхуами, къеIэтыж, йосэбэуэжри, Iэщым, хьэм е бзум къызэралъагъунум хуэдэу егъэтIылъ.

Дауи, апхуэдэу къэгъуэгурыкIуэ цIыхухэмрэ мо къэкIуахэмрэ ауэ сытми зэщхьэщыкIрэт! Джэдыр, къазыр, гуэгушыр къаубыдырт, пхъэ къутапIэм хэлъ джыдэр къапхъуатэрт, еуэрти и щхьэр пагъэхурт, здэлъейр ямыщIэу, еIэбыхыуи къамыщтэжыххэу… Нэхъ Iисрафыжыр зыхалъхьэр Iэщышхуэрт…

Абы псалъэмакъи, зэрызекъуи, зэрыгъэкIии къикIырт. ЦIыху хуэдэ цIыхум и Iэщ фIэптхьэкъуми къыпхуигъэгъунущ, ауэ а Iэщым хьэкIэкхъуэкIагъэ щыкIэлъызепхьэм деж, ар къыщичыныр зыри хуэIуакъым.

Къуажэм дэс нэхъыжьыIуэхэм ящыщу пщIэ нэхъ зыхуащIт Индрис. Зэгуэрым Долэт, абы зэкъуэхуауэ зыбгъуригъахуэри, жриIат:

– Индрис, иджыпсту бжесIэнум быдэу егупсыс. Мыхэр дэ тхуэгъэсэжынукъым. Къуажэм дэсхэм яжеIэж былым щхьэкIэ мыбыхэм зыпэщIамысэну. Мыбыхэм куэд якIуэжынукъым…

– НтIэ, ныбэ узым ихьын, – жиIащ Индрис, къыдэплъейри, Долэт къыщицIыхум, – а куэд зымыхьыжынухэм защIыгуэпIулIар сыт!..

– Зэ умыпIащIэркъэ, тхьэмадэ. А псор уэ къыптехуэркъым…

– Дауэ къызэрыстемыхуэр? – къыщитхъащ Индрис. – Уэ къэбгъэщIам хуэдэу тху къэзгъэщIагъэнщи, сэ къэсщIэжым къриубыдэу слъэгъуакъым джыдэкIэ, уадэкIэ еуэрэ жэмым и натIэр пхрауду, ар еплъурэ ягъалIэу. ЛIа нэужь, лы къабзэ тIэкIур къыхаудрэ, и кIуэцIыр

зэрыщыту къагъанэрэ ежьэжу… ДеIусэнущи, хъуркъым… деIэбынущи, хъуркъым… хьэрэмщи…

– Индрис, сынолъэIу, быдэу къызэдаIуэ. Сэ жысIаи, мыхэр дэ тхуэгъэсэнукъым. А зэрыплъагъущ, нэгъуэщI хъунукъым. Фэ фыкъызэтенэн папщIэ нэхъыфIыр сыт? Мылъку щхьэкIэ, былым щхьэкIэ запэщIэвмысэ. ЗэкIэ къэнэжращи, я фIейр вгъэкъэбзэжынщ, сыт фщIэн… Уэри быдэу егупсыс, адрейхэми яжеIэж.

Пэж дыдэу, Индрисрэ Долэтрэ зэпсэлъылIа нэужь, мылъку щхьэкIэ, былым щхьэкIэ щызэрыгъэкIий Бабыщыкъуэ щыIэжакъым. Езы къуажэри интэкъым. Абы къыдэнари нэхъ жьыкIэфэкIэт, сабийт, цIыхубзт. Индриси фIыуэ яхэпсэлъыхьа хъунти, сыт ящIэжынт, абы жиIамкIэ арэзы хъуауэ къыщIэкIынт, «яшхынущи яшхынущ, яхьынущи яхьынущ, – мыгъуэкIэ яушх, мыгъуэкIэ яухь» жыхуаIэу.

НэгъуэщI зыи гу зылъытапхъэу щыIэт (Iуэху ящIу, абы щытепсэлъыхьыжар нэхъ иужьыIуэми). Сыт хуэдиз мылъкурэ былымрэ яфIэмыкIуэдами, цIыхукIэ хэщIыныгъэ ягъуэтатэкъым а мазэ зытIущым къуажэм къыдэнауэ дэса хьэкъуей тIэкIум. Долэт зытекIия щыIами, къыхуэхъущIа щыIами, Долэт дригъэша, иригъэукIа щыIэтэкъым.

ЩIымахуэкуу, махуэри уейпсейуэ, уэсыр къесрэ-къесу, зэрыпхъуакIуэхэр, Iэпхъуэшапхъуэу къызэрыдыхьам ещхьыркъабзэу, Iэпхъуэшапхъуэуи дэжыжащ.

Долэт-щэ? Долэти, старосту щахыхьэжакIэ, алъандэми щахэтакIэ, я гъусэу щIэпхъуэжынтэкъэ, щIэпхъуэжащ. Абыи зыми гъэщIэгъуэн хилъэгъуакъым. ГъэщIэгъуэн къыщыхъунур иужьыIуэкIэт…

Бийр щыдэкIыжа махуэм къыкIэлъыкIуэм щегъэжьауэ къуажэ гъунэгъухэм зыщызыгъэпщкIуа бабыщыкъуэдэсхэм зырыз-тIурытIурэ я унэ къекIуэлIэжу щIадзат. Дыщэнэ и классэгъуу щытахэри тIэкIу-тIэкIуурэ къызэхуэсыжат. ЩIымахуэу щIыIэр ткIийми, абы щхьэкIэ къамыгъанэу, цIыхухэм я унэхэр, я псэуалъэхэр зэрагъэпэщыжырт; хьэку зимыIэжым игъэувыжырт, зи абджынэ хэмылъыжым хилъхьэжырт; кIэщIу жыпIэмэ, зауэр иджыри имыухами, тIэкIу щащхьэщыкIуэтакIэ, дяпэкIэ зэрыпсэунум я Iуэхур траухуэжырт.

Къэзыгъэзэжа хъыджэбзхэр, щIалэ цIыкIухэр, – текIуэныгъэр къахьу къэкIуэжа нэхъей, – зэщыгуфIыкIхэу, хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр зэхуаIуэтэжу, зэхуэзэхэрт, зэбгъэдэст, зы унэм икIым адрейм кIуэурэ псори зэщIагъэхьэрт. ТIэкIу-тIэкIуурэ, мащIэ-мащIэурэ щIалэгъуалэм я гъусэу гушыIэми дыхьэшхми къагъэзэжат…

Ауэ Дыщэнэ, зыри илъагъуну хуэмейуэ, зыми хуэзэну гукъыдэж имыIэу, унэм щIэст, кърагъаджэми, щхьэусыгъуэ гуэрхэр ищIурэ, цIыхум яхэмыхьэу.

Апхуэдэурэ, гъатхэхуегъэзэкI хъуауэ зы офицер мыцIыху гуэр Бабыщыкъуэ къыдохьэ. АдэкIи-мыдэкIи емыплъэкIыу кIуэурэ, Дыщэнэхэ я куэбжэм носри къоувыIэ. Плъэмэ, зы хъыджэбз мылъагэ пщIантIэм дэтт, пхъанкIэ-лъасэу. Хъыджэбзри къаплъэри, офицер мыцIыхум щыIуплъэм, укIытауэ, и жыхапхъэр и щIыбагъымкIэ щигъэпщкIуащ.

– Сыщымыуэмэ, уэращ Дыщэнэр.

– Сэращ… Къеблагъэ…

– Себлэгъэнущ, – жиIащ занщIэу офицерым, – зы пэш нэщI… дакъикъэ бжыгъэкIэ зы пэш нэщI… нэгъуэщIым дызэхих хъунукъым.

Дыщэнэ мыгузавэу къэнэнт! Гузэващ. Ауэ, гузэвами, асыхьэтым и Iур игъущIыкIами, ерагъыу къыдришейуэ, жиIащ:

– Апхуэдэу Iэмалыншэмэ, пэш нэщIи… ауэ… ди анэм жезгъэIэ, нэгъуэщI мыхъуми…

– Зыми жепIэнукъым. – Офицерым и гуфIакIэ жыпым къриха документыр Дыщэнэ ирегъэлъагъу. – Сэ Iулыджышхуэ зыхуащI органхэм сыкъагъэкIуащ. Капитан… – и унэцIэри жиIат, ауэ Дыщэнэ, гузэвэщауэ, ари зэхихыркъым.

– Хъунщ нтIэ, ныщIыхьэ…

– Дыщэнэ, – жиIащ ткIийуэ капитаным, шэнт къыхуагъэувам зэрытетIысхьэххэу. – Уэ ДыщэнэкIэ къызэроджэм хуэдэу уи фIэщ щIы: Щоджэн Долэт епцIыжакIуэкъым. Абы зы лъэбакъуи ичакъым, зы псалъи жиIакъым советскэ властым имыщIэу. Старосту фи къуажэ щылажьэу бийр щыдэкIыжкIэ ядыдэкIыу, къахэкIуэсыкIыжыну и къалэнт абы. ИкIи къахэкIуэсыкIыжат. Арщхьэк Iэ, гу къылъатэри, къыкIэлъыуащ. Иджыпсту ар уIэгъитI телъу Псыхуабэ сымаджэщым щIэлъщ. Зы уIэгъэр гъущыжакIэщ. Ауэ етIуанэр икъукIэ хьэлъэу къыщIэкIати, тIэу операцэ ямыщIу хъуакъым. Псыхуабэ сымаджэщым щIэлъщ, мис и адресыр. Быдэу укъызэдэIуа? НтIэ, мис иджы нэхъ быдэжу къызэдаIуэт. Зауэр иджыри иухакъым, фи бжэIупэм IукIуэта щхьэкIэ. Ауэ щыхъукIэ, сакъын хуейщ, сакъын! Мы бжесIар зауэр иухыху дунейм къытебгъэхьэнщи, кIэ уиIэщ! Уяпэ иту ирагъэсыкIынури сэращ! НэгъуэщIым зыми зыкъебгъащIэ хъунукъым. Губзыгъэ цIыкIуу щыт. ФIыкIэ!

…Абдеж щыпичащ хъыбарыр къэзыIуэтэжам. Заул хуэдизкIэ дыщысагъэнщ, зыми зыри жимыIэу.

– Бетэмал! – жысIащ сэ итIанэ, зыхуэмышыIэ пщтырафэу псом япэ сыкъиищри. – Дыщэнэрэ Долэтрэ япэу щызэхуэзэжам уахукъуэплъыну сыт и уасэт!

Хъыбарыр къэзыIуэтэжар мащIэу и пащIэкIэ щIогуфIыкI. ИужькIэ, къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу, жеIэ:

– Уэлэхьэ, ди хьэщIэ дотэ, сэри сымылъэгъуа а жыхуэпIэр… Ауэ… дапхуэдэу зэхуэзами, сыт зэжраIами, сыт абы ущIыщIэупщIэр! Нэхъыщхьэращи, псалъэ зэщагъуэтащ. Псалъэм и закъуэ! Мис, ныжэбэ жэщым бгъуэщIэсу дызыгъэхьэщIэ, гуфIэжу къыпщхьэщыт мо щIалэ къуапцIэшхуэр а тIум я къуэрылъхущ.

# Саусэ

ЩIыхум жепIэкIэ и фIэщ мыхъуным хуэдизщ сэ зы хьэл мышыу схэлъщи, – къызыхэкIари сымыщIэу, зы псалъэ гуэрхэр кIуэрэ пэт къыскIэрохъыжьэ. Дэнэ ахэр къыздикIыр? Абыхэм къыздикIын я куэдщ: е сымыщIэххэу гъуэгум щызэхэсхащ е тхылъым зы зэман гуэрым къизджыкIыгъащ, е – хьэпIацIэ бгъунж нэхъей – хуэбгъурыкIуэу хьэуар къызэпаупщIри, си деж къыщысым, си тхьэкIумэм къитIысхьащ.

КъитIысхьэми сыдэкIуатэрт, ауэ абыи къыщынэркъым – бжьэм хуэдэу вууэ щIедзэри, апщIондэху сэри, схуэмышэчу, дзапэ уэрэд схуохъу а псалъэр, сымыщIэххэу кIуэрэ пэт къыскIэрыхъыжьар.

Апхуэдэу, махуэ зытIущ хъуауэ си тхьэкIумэм вууэ итт лIэщIыгъуэ блэкIам псэуа урыс тхакIуэ гуэрым и зы псэлъафэ: «И нитIыр, Сириус тIуащIэу, къилыдыкIыу». Мыбы егъэлеиныгъэ хэлъмэ, ар сэ си ягъэкъым – ар зыщылъагъупхъэр апхуэдэу жызыIа тхакIуэм и дежщ, хъыджэбзым и нэхэр пIащэт, лыдырти, «Сириус тIуащIэу» уаIуплъэрт, жызыIарщ.

ГъэщIэгъуэнракъэ, а псэлъафэр дзапэ уэрэду щысIурылъа дыдэм ирихьэлIэу сэ къэсцIыхуат си Саусэ дахэкIейр. Абы зэреджэри Саусэтэкъым, Маринэт, Саусэр сэ фIэсщат – Сириусым къытекIыу.

А пщащэм сэ сызэрыдихьэхар, абы сызыхигъэтахэр, икIэм-икIэжым, дауэ мыхъуами, къытезгъэхьэу къызэрысшар – а псор иджыпсту

къысхуэIуэтэжынкъым. Мы зэкIэ сэ зи гугъу сщIыр нэгъуэщIщ, ар къыщыхъуари зэрыкуейуэ къысщIэплъу, маршынэ пщыкIублкIэ къэсша си дахэмрэ сэрэ ди хьэгъуэлIыгъуэм и дауэдапщэр моуэ тщхьэщыури, иджы дэр-дэру дыкъызэхуэнащ щыжысIа дыдэм ирихьэлIэущ.

А махуэм, къулъшыкъушхуэм деж, Абдул къэсыну сыпэплъэрт. Командировкэ сежьэн хуейти, гъусэуи гущхьэIыгъыуи сиIэнур си ныбжьэгъужь Абдулт. Ауэ «лIыжь» хъужа и «Москвичыр» игъэфиийуэ ар къыIулъэдэным иджыри сыхьэт зытIущ хуэдиз иIэжти, Саусэ жызоIэ:

– Саусэу си псэ закъуэ, иIэт иджы, си гъуэншэдж фIыцIэм екIурэ ещхьу ету схутедзэт, моуэ-щэ... блэкIми-къыблэкIыжми гу къылъатэу, нысащIэ дахэкIэ сэ сызэрыунар адэ жыжьэу къаплъэми занщIэу къыгурыIуэн хуэдэу!

– Мыр сыт, н-на! Гъуэншэдж фIыцIэмрэ нысащIэ дахэмрэ я Iуэху сыткIэ зэхэлъ! – Саусэ и нэ къуэлэн дахэшхуитIыр къысхуепIытIри къысхущIегъэплъыж.

Гъэмахуэ пщэдджыжьт, дунейм и дахэгъуэт, дыгъэми хуэмурэ зыкъиIэтырт. Ауэ, ди пырхъуэ кIыхьым сытету, Саусэ сыхуэгуфIэу сыздэщытым, мыпхуэдэу согупсыс: «Ярэби, иджыпсту бжьыхьэ уэтIпсытIу, пшагъуэ щIыIэжьми узэпхрымыплъыфу щытатэми, мы си дахащэм и зэ напIэдэхьеигъуэм къимыгъэнэхужыну пIэрэт дунеишхуэр!» Апхуэдиз къару хэлъу къысфIощI си Саусэ и плъэкIэм. И халат кусэ-морафэр дэнэ къэна, зыбгъэдэт щхьэгъубжэм хэлъ абджхэри, щхьэгъубжэр зыхэлъыж блынри дэгуфIэу къитщ ар си пащхьэм. Бетэмал, сурэтыщIу сыщытатэмэ, си пхъэр къикIатэкъэ сэ иджы! Сурэт хьэзырщ! Тхы, тхыф закъуэ – мы зэрыщыт дыдэу.

Апхуэдэу сегупсыс пэтми, итIани лIыгъэм зызогъэхь, си пащхьэ къит дахащэри къысфIэмыIуэхуфэ зытызогъэауэри, моуэ жызоIэ:

– Ауэ сытми зэхэлъ, си нэхунэ, зэхэзщ! ЛIым и гъуэншэджым ету зэрытедза щIыкIэм куэд къыбжеIэ. Абы къеIуатэ зэщхьэгъуситIыр дауэ зэхущытми: а тIум я псэр зы чысэм илъ хьэмэрэ зэрыужэгъуауэ я гъащIэр яхьрэ... НэгъуэщI-къинэмыщIхэм сытумыгъэпсэлъыхьыт.

– Тхьэ-э, уэ сэ слъагъур нэгъуэщI-къинэмыщI куэдми утепсэлъыхьыфынум, – жи Саусэ, и нэр щэ трегъауэ, и щхьэр мащIэу егъэхъей (ярэби, сыту пIэрэ абыи къригъэкIыр?), ауэ пIэщIэгъуэкIэ етур къилъыхъуэу гу лъыстэркъым.

– Хьэуэ, – кIэщIу пызогъэщ сэ, тIэкIуи зызгъэпхъэшэну сызэрыхэтыр си макъым къиIуатэу, – абдеж щызухащ. Пэжщ, иджыри зэман уи куэдщ, ауэ зумыгъэгуващи нэхъыфIщ: Абдул нэхъ жьыуэ къэсынкIи хъунщ...

АрщхьэкIэ Саусэ нэхъ зэрызигъэгувэн щхьэусыгъуэщ къилъыхъуэр. КIуэрэ пэти Iуэхум щымыщ псалъэмакъ къыхелъхьэ.

– Абдул, жыпIа? – щIоупщIэж ар, си ныбжьэгъужьым и цIэр IупщI дыдэу зэхиха пэтми. – Ари щыхьэт нэпцI хъарзынэу уиIэщ.

– Дауэ?

– Сыт жыпIэми, занщIэу щыхьэту къытоувэ.

– Пэжщ, Саусэ нэхъ дахэ мы дунейм теткъым щыжесIэм, Абдул псалъэ къыхимыгъэкIыу акъылэгъу къыздэхъуащ.

– Ара зэрыхъур?

– Хьэуэ. Ар къэзмышэмэ сылIэм и гъунэщ щыжесIами гуащIэу къыздиIыгъащ. Сэ сыпсэууху ар сщыгъупщэнкъым.

– ИтIанэ-щэ?

– ИтIани... а псор сэ щхьэ жызбгъэIэрэ. Уэ езым уи нэгу щIэкIащ Абдул емызэшыжу ди дауэдапщэм зэрыхэтар.

– Уэ пхуэдэ щымыIэу иIуатэу!..

– Апхуэдэу къыфIэщIынкIи мэхъу, жагъуэу сыкъыщимылъагъукIэ…

– Мис ар уи лIыкIуэу ныщытхуэкIуэхэм щыгъуэ… КъэувыIэжыкIэ имыщIэу… Зэ, хуэмышэчыжу, Хьэжкъасым жиIар пщIэрэ? – къызоупщI Саусэ. Шэч хэлъкъым, абы зы телъыджэлажьэ гуэр къызжиIэнущ иджыпсту.

– Хьэжкъасымыр…

– Хьэжкъасымыр мис а си адэ къуэшырщ, сыкъыщыфшэну пIалъэр къыпихыхункIэ Абдул псэупIэ зримытарщ, накIуэ-къэкIуэжу, накIуэ-къэкIуэжу.

– Ныбжьэгъу щыхъукIэ…

– Аращ сэри жысIэр, ныбжьэгъу щыхъукIэ, пцIы имыупсу…

– СытыпцI?

– Егъэлеяуэ къыщыпщытхъукIэ, аракъэ пцIы жыхуаIэжыр? НтIэ, зэгуэрым Хьэжкъасым, дыхьэшхыу, къызоупщI: «Уа, си шыпхъу цIыкIу, мы Абдул жиIэр пэжмэ, абы и ныбжьэгъум хуэдэ щIалэ мы дунейм теткъым…»

Сэ си Iупэм къэсат, «Ей, а фи Хьэжкъасыми! Апхуэдэ лIы Iущ иджы къэгъуэтыгъуейщ» жысIэну. Ауэ, игъуэу зызэтезубыдэжри, Саусэ зэхезгъэхар нэгъуэщIщ:

– Пэжщ, Абдул мащIэу щригъэлей щыIэщ.

АрщхьэкIэ Саусэ абыкIэ къэувыIэжрэ!

– Пхухэмытмэ, апхуэдизу щIебгъэлеин щыIэкъым, – жеIэ абы, и Iупэ дахитIыр зэтрикъузэу.

– Ари пэжынкIэ хъунщ. Япэу сыщыхуэзэ сешхыдэнщ сэ абы…

Нобэр къыздэсым Саусэ зэхезгъэхатэкъым игу иримыхьын хуэдэу зы псалъэ. Иджыпстуи, гъуэгу сытехьэн и пэкIэ, дызэщыIеину сыхуейтэкъыми, къызэрыпэскIухьыным сыхэтт. АрщхьэкIэ, къызэрыщIэкIымкIэ, езыр фIэгъэнапIэ лъыхъуэрт.

– Зыхухэтым уешхыдэкIэ зэфIэкIтэмэ! – жеIэ абы, нэхъри хикъузэу.

Сыт иджы сщIэнур? Абдул зэрыхухэмыту уэ пхухэмытащэрэт жепIэнущи, къезэгъыркъым. Къемызэгъ дэнэ къэна, мафIэм къуацэкIэ ухэуауэ аращ: и сумкIэ цIыкIур къипхъуатэрэ дэжыжмэ… Хьэуэ, ар хъунукъым, Абдул и Iуэхур лъэныкъуэкIэ егъэкIуэтэкIауэ, нэгъуэщI зыгуэр къэгупсысыпхъэщ.

– Си дахэкIей, – жызоIэ сэ щабэ дыдэу, – умыпIащIэурэ си гъуэншэджым ету тебдзэхукIэ сэ ди жыг хадэр зэ къызэхэсплъыхьынщ. Ар хабзэ схуэхъуащи, жыгхэм сэлам езмыхыжу сэ зэи гъуэгу сытеувэркъым. Къэзгъэзэжа нэужьи сыкъызэрысыжу хадэм сохьэ.

– Иджы…

– Иджы, сыкъызэрысыжу, псом япэ уэ IэпIохуэ пхуэсщIынущ. ИтIанэ, хуит сыпщIмэ, хадэмкIэ сыкIуэнщ.

Саусэ мащIэу къыпогуфIыкI, и дзэ хужьыбзэ цIыкIухэр екIу дыдэу тIэкIу къыкъуигъэплъу.

Ти, хадэм сихьэри, дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIауэ, хъыдан сырымэ къысщIихьэ хуэдэу къысфIощI. Абы хэтуи щIыIэ-щIыIэу сигу къокI: «Си гъуэншэджыр армырауэ пIэрэ?!»

ПIэщIэгъуэр стелъу сыщIэлъэдэжмэ, Саусэ утыкум итщ, си гъуэншэджыр IитIкIэ иIэтауэ иIыгъщ, игъэджэрэзу, зэпиплъыхьу…

– Тебдза?

– Тездзауэ си гугъэщ.

– НтIэ, мы сырымэ гуащIэри сыт?

– Ар марляращ, езы гъуэншэджым нэсауэ щытын хуейкъым…

СоIэбэ, гъуэншэджыр къыIэщIызохри, зэпэсплъыхьу щIызодзэ. Мы слъагъур пэжмэ... Зэт, щIыбым сыкIуэнщи, нэхъ нэхум щызэхэзгъэкIынщ. Пэжыр зымыбзыщI си нэр щигъэункIыфIыкI пэтащ: сыхуэсакъыпэу, зэзэмызэ фIэкIа щызмытIагъэу зесхьэ си гъуэншэдж нэхъыфIыIуэм ибгъу лъэныкъуэр, мо фIыцIэм гъуэжьыфэ къыщIэлъэдауэ, гуисыкIат. Укъэгубжьыну закъуэмэ, ари пхурикъунт. АрщхьэкIэ абыи и закъуэтэкъым: тIэкIу зэщыIея зэгъунэгъуитI нэхъей, гъуэншэдж лъапитIыр лъэныкъуэ зырызымкIэ еплъэкIырт.

СщIэркъым апхуэдэм игъэдыхьэшхын щыIэми, ауэ сэ си дыхьэшхын къэкIуакъым. Сыт мы сызыхэхуар? СщIэнури сыт? ПцIы хэмылъу, сызэгуэпат. ИтIани Саусэ сыхуэгубжьыну сыхуейтэкъым. Ауэ... мыпхуэдэурэ ежьэмэ, дяпэкIэ сыт дэ дызыхуэкIуэнур? Сэ сыт щыгъуи худэсчыхыу, езым сыт илэжьми къыщIэкIуэу, – апхуэдэу сыдекIуэкIыфыну? Хьэуэ. НтIэ, хэмытIасэ щIыкIэ зыкъезгъащIэмэ, нэхъ тэмэмкъэ? Езым и дежкIи нэхъыфIкъэ? Ауэ... и жагъуэ ищIрэ...

Абыхэм сегупсысурэ, си щхьэр унэзэным сынэсат, адэкIэ къэхъунури къэщIэгъуейт. Абдеж ирихьэлIэу Абдул ину къэджащ:

– БетIал, къэуш, куэдщ узэрыжеяр!

ПцIы зыхэмылъыращи, мис абы сыкъигъэгуфIат. Уи ныбжьэгъу и макъ зэхэпхыну сыт щыгъуи гухэхъуэкъэ! ИтIанэ – мыпхуэди къохъури (зы еджапIэ гуэр зы зэман щIэсам ар зымыгъэунэхуа яхэту пIэрэ!): мыбыкIэ егъэджакIуэр къызэмыупщIащэрэт жыпIэу, ушынапэурэ, урокыр йокIуэкI; уэ, зэманыр и пIэм иувыIыхьауэ къыпщохъури, щIэхщIэхыурэ сыхьэтым ухуоплъэкI; сытми, икIэм-икIэжым, ыхьы, урокыр еух щыжыпIэ дыдэм ирихьэлIэу егъэджакIуэм, укъыщилъагъужар иджыпсту нэхъей, псоми уакъыхеубыдыкIри, уэ зыкъыпхуегъазэ, къызэроупщIри а узыхуэмей дыдэрщ; ауэ... а меданым уэзджынэ макъ къоIу – урокыр иухащ! Си гугъэмкIэ, абдежым уэзджынэ макъыр Iыхьэлейм икIауэ гуакIуэу, адыгэ пшынэ макъым ярейуэ псэм дыхьэу, гури игъэгушхуэу къыпщыхъуну зыри хуэIуакъым. Сыту жыпIэмэ, абы дэкIуэдащ урокым и кIыхьагъкIэ уи псэм телъа гузэвэгъуэр.

Апхуэдэу, Абдул и къаджэ макъым дэкIуэдат а зыIэзыбжьэм сызыхэта псори. Етум ирагъэса гъуэншэджри сфIэмыIуэхужу, сыщIокI, сыщIож – си ныбжьэгъужьыр къыщIэсшэн дэнэ къэна, IэплIэкIэ къыщIэсхьэну сыхьэзыру. Ауэ Абдул зепIытI-зехуз, пщэдджыжьым нэкIуэпакIуэу къытхыхьэну зэрыукIытэр и фэм къиIуатэу, зы зэкIуэцIылъ гуэри иIыгъщ.

– Мыр бдзэжьей ахъырзэман гуэрщ, – жи. – СыкъыздэкIуэм си цIыхугъэ гуэрым сымыщIэххэу къысIэщIилъхьащ. Иджыпсту тебгъэувэмэ, дакъикъэ бжыгъэкIэ жьэнущ.

Абдул зэкIуэцIылъыр къызет, моуи къыдыщIегъуж:

– Сэ псынщIэ дыдэу згъэжьэнт мы бдзэжьейр, мыбы и пIалъэ сэ сощIэ. Уэ зэрызыпхуэпэн и ужь ит, Марини зыдэгъэIэпыкъу. Сызыхуеинури мыращ зэрыхъур: псы, шыгъу, бжьын, шыбжий, мафIэрэ тебэрэ я гъусэжу.

– Псори къыпхуэзгъуэтауэ бжы. Мыдэ зэ къакIуи Саусэ сэлам къех.

Ауэ сыкъеплъэкIмэ, сэ жысIэмкIэ Саусэ зэрымыарэзым гу лъызотэ. Ар и теплъэм къеIуатэ, езым зыри жимыIа пэтми.

– Тхьэ-э... ди пщэфIапIэм укIуэцIрыкIын папщIэ, – зэпеш абы, – картэ дэнэ къэна...

– ... компаси пIыгъыпхъэщ, – сыдыхьэшхыу, жызоIэ сэ.

Саусэ и фIэщыпэу:

– Ари фIыуэ уощIэжри. Къащтэ мыдэ, дзыхь къысхуэфщIмэ, бдзэжьейр сэ фхуэзгъэжьэнщ, фэ зывгъэхьэзыр.

Бдзэжьейр Саусэ изот:

– УнэхъыфIыжщ.

Абдул и Iэблэр соубыдри:

– НакIуэ нышIыхьэ е, нэхъ къапщтэмэ, мо кIэзетхэр къыздэщти хадэмкIэ кIуэ, сэ зысхуэпэхукIэ зытегъэу.

Абдул, дыгъуасэ къытхуахьа кIэзет Iэмбатэр къызэщIекъуэри, хадэм макIуэ. Сэ пэшым сыщIохьэж.

Иджы пIэщIэгъуэкIэ зыгъэхьэзырын хуейт. Саусэ пщэфIапIэм щыIэуэлъауэрти, ар бдзэжьейм и ужь ихьауэ къыщIэкIынут. Абы къикIыр зыт: ету тедзэныр сэ къысхуекIуэкIыжауэ арат. Ауэ зэт. Ету Iуэху сыхэмыту зэфIэкIмэ щхьэ мыхъурэ? Си гъуэншэдж кусэм ету фIыуэ иIыгъщ. Сынесэбэуэнщ-сыкъесэбэуэнщи, нобэ хъыджэбзаплъэ сыкIуэркъым… Ауэ Iуэхур мыхъуну зэ ежьамэ, ар зэрыбгъэзэкIуэжын Iэмал щыIэкъым. Гъуэншэдж кусэр пылъапIэм къыщыфIэсхым, абы къыдэкIуэри, си гъуэншэдж фIыцIэ гуэрыр си пащхьэм къыщещтэхащ.

КъэсIэтыжауэ, щIэрыщIэжу зэпызоплъыхь. Бетэмал, сыту хьэпшып екIут! Пэжщ, иджыри унэм щызепхьэ хъунущ, ауэ хьэкъщ: дяпэкIэ мыбы цIыхум уарыхыхьэ хъужынукъым, ауэ щыхъукIэ, уимыIэххауэ бжыи пыкI.

Апхуэдэу сегупсысурэ, гъуэншэдж ныкъуэсыр быдэу зэкIуэцIызолъхьэри, нэхъ къуэгъэнапIэу, махуэ къэс си нэ къыфIэмынэну, согъэтIылъ. Иджыпсту щыстIэгъэну зытезыухуа гъуэншэдж кусэр тIэкIу къэзгъэбэзэрыфэнщ жысIэу щеткэм сыщыIэбэм… «Баргъ!!!»

Зы напIэдэдзеигъуэм сэ сыкъыщыхутащ Саусэ щыIэуэлъауэ пщэфIапIэм. НтIэ, сыт къэслъэгъуар: Пэжым ухуеймэ, япэ щIыкIэ зыри слъагъуртэкъым: Саусэ сытегужьеикIати, ар зы; етIуанэрауэ, Iугъуэмрэ гъуэзымрэ сыпхыплъыфыртэкъым. ИтIани, Iугъуэри, гъуэзри, бдзэжьеимэри, сырымэри хахуэу зэбгрызотхъури, си дахэр къызогъуэтыж. Къэзгъуэтыжа щхьэкIэ, къысхуэцIыхужыркъым; и нэкIур кIэгъуасэкIэ зэхэцIэла нэхъей…

– Саусэ, сыт къэхъуар?

– Умыгузавэ, сыкъелащ.

– Уи напэм…

– Зыри къыщыщIакъым, стхьэщIыжмэ зэфIэкIащ.

Бжэри щхьэгъубжэри ину IузгъэузэщIыкIати, Iугъуэри гъуэзри тIэкIу-тIэкIуурэ мэкIуэдыж. Ауэ хьэку джабэри блынри бжьыгъэм щIегъанэ, пэш лъэгуми бдзэжьей Iыхьэхэр адэ-мыдэкIэ щызэбгрыдзащ.

– Бдзэжьейр…

– Бдзэжьейра уэ нэхъ къыпфIэIуэхур?

Сэ жысIэнур сымыщIэжу сыкъэнат. Дэ, цIыхухъухэр, цIыхубзхэм елъытауэ, сабийм дыхуэдэщ. Дэ ди гугъэщ тIум тIу хэплъхьэмэ, сытым дежи плIы къыщIэкIыу. Щы фIэкIа къыщыщIэмыкIыж дрихьэлIэмэ, а телъыджэлажьэр къызыпкърыкIа щхьэусыгъуэр къэтлъыхъуэу щIыдодзэ. Сэри мыбдеж си гугъащ Саусэ бдзэжьейр тхуигъажьэу къытхутригъэувэным и пIэкIэ мы къэхъуар зищIысимрэ ар къызыхэкIамрэ къэсщIэну. Ауэ – дэнэт!

– Уэ нэхъ къыпфIэIуэхур бдзэжьейр арамэ, занщIэу жыIэ!

– Саусэ, дауэ…

– Абы апхуэдиз дауэ щIыхэлъын щыIэкъым.

Щи, кIэщIщ икIи гурыIуэгъуэщ. Бдзэжьейм утепсэлъыхьмэ, бдзэжьейр нэхъ къыпфIэIуэхущ. Уи мыгъуэр нэхъ къыпфIэIуэхур пэжмэ, бдзэжьейм ущIытепсэлъыхьыжын щыIэкъым.

– Бдзэжьей дэнэ къэна…

А зыIэзыбжьэм къэхъуам сщигъэгъупщэжат си ныбжьэгъужьыр хадэм къызэрыщыспэплъэр. Дауи, а меданым сэ сщIэжыртэкъым Абдул дунейм тетуи темытуи. Ауэ езым къызигъэщIэжащ: машинэр къегъэкIий.

НобэкIэ щеткэр зэмыIуса гъуэншэджым сесэбауэу куэбжэм сыздыхуэкIуэм, сэ сегупсысырт: «Си Саусэ дахэм емыкIу къытемыхуэн папщIэ бдзэжьейм зы хъыбар тэфэтелэ гуэр къыхуэслъыхъуэнщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, моуэ щхьэ мыхъурэ: «Ей, Абдул, хъуакъым ар! Псори зи лажьэр сэращ: ди джэдуужьыр зыIэщIэзгъэгъупщыкIащ! Абы бдзэжьейр зыхилъхьэ щыIэкъым. И мэ къыщIихьа закъуэмэ, блыным кIуэцIрыкIынущ, сейфыр ифыщIынурэ къыдихынущ! Езыр пIащэжьщи, узэрыпэлъэщын Iэмал мы щIы щIыIум къыщагупсысакъым. КIуэаракъэ, танэ хуэдиз мэхъу. Ди хьэр пщэпкъкIэ иубыдамэ, седэхащIэурэ къезгъэутIыпщыжу аращ. НтIэ, мис абы ди бдзэжьейм дыхигъэкIыжащ. Саусэ елIалIэу игъажьэурэ, мис иджы хьэзыр хъуащ щыжиIэ дыдэм, къыздикIари-къыздихуари имыщIэу, мо бзаджэжьыр къытеуэщ, бдзэжьей тебэр IэщIиудри, макIуэ-мэлъей!..»

АрщхьэкIэ Абдул сяпэ къиищащ:

– Зитчмэ нэхъыфIщ, бдзэжьейр Маринэрэ уэрэ зэдэфшхыжынщ, къэбгъэзэжа нэужь. Зыкъидзэ.

ЦIыхухэм зэзэмызэ Iущ дыдэ къахокI. Меданым екIурабгъу псэлъафэр къызыпкърыкIри, дауи, апхуэдэ цIыхурщ. Псэлъафэр къонэ, ауэ а псэлъафэм ар зэрыхуэкIуа щIыкIэм щыгъуазэр хэт!

• • •

ІЭЩЫЖ Борис

***РасскazитI***

# Лъагъуныгъэр къару инщ



ХьэжмуридикхьэмкIэшыгум сэхуран жэпкъыр къызэрыхуилъхьэкIэ кърилъхьэжу гъуэгум къытелъэдэжами, плIэрыхькIэ къэзыхьу къэкIуэж хьэблэ хъыджэбз цIыкIухэм я хьэлъэр яхуишэну къигъэгугъа щхьэкIэ, абыхэм ялъэщIыхьэжыфынутэкъым, – ахэр къуажэм нэблэгъэжат. Ауэ и гъусэхэм къакIэрыхуауэ зы хъыджэбз цIыкIу тетт гъуэгум, и сэхуран жэпкъ пхырышхуэ итIауэ игъэувам къызэрыкъуэщ щIагъуэ щымыIэу. Хьэжмурид гур абы ирихулIэри къигъэувыIащ, ауэ модрейм пхырым зыкъуегъапщкIуэ, и нэкIум IэлъэщI кIапэр Iулъу.

– Сыт абы укъыкъуэплъу ущIыщытыр? Хьэмэрэ узмылъагъу уи гугъэу гъуэрыгъуапщкIуэ укъыздэджэгуу ара? Къыдэдзей уи пхырри, уэри мыдэ къытетIысхьэ.

Ауэ хъыджэбз цIыкIур пхыр къуагъым къыкъуэкIыркъым – нэхъри зыкъуегъапщкIуэ.

– Уэракъэ жыхуэсIэр, куэдрэ сызэбгъэжьэну?! – зрегъэIэт Хьэжмуриди и макъым. ИтIани а зэрыщытщ.

– Мы тхьэр зымыгъэпцIыныр къыздикIар дэнэу пIэрэ? Ди хьэблэ хъыджэбз цIыкIухэми ящыщ хуэдэкъым, – жиIэщ аби, и гу къелъи и пхыр дэдзеи зы ищIащ.

– Гуми унитIысхьэфынукъэ иджы? – бгъэдокIуатэ Хьэжмурид хъыджэбз цIыкIум. Мобы нэхъри зызэфIегъапщхьэ, зызыкъуигъэпщкIуэн игъуэтыжыркъыми, гузэвэгъуэр къылъысащ.

– Сэ уэ пхуэдэ хъыджэбз цIыкIу срихьэлIакъым, икIи дэгуу, икIи бзагуэу, – жиIэщ аби, ари къищтэри пхыр дридзеям бгъуригъэтIысхьэжащ.

Ауэрэ хуэмурэ къыздэкIуэжхэм, хуэмышэчыжыххэ щыхъум, щIалэр йоупщI мобы аргуэру:

– Зыгуэр щхьэ жумыIэрэ? Е укъыздикIа, е узыщыщ, е уздэщыIэ? Хэт къопсалъэми, зыри жумыIэ, жаIэу укъыдагъэкIа? – Мор а зэрыщымщ. Къуажэм къыщыблэгъэжыпэхэм, аргуэру зэ къеупщIыжыну хуейуэ, къыхуоплъэкI.

Хьэжмурид абдеж зыкIэ нэ дахитI щIэплъати, а зэрыщыту щIэткIухьа къыщыхъужащ, къеплъэкIыжын хуейуи ищIэжыххэртэкъым. Бостей фейцеижь цIыкIу зыщыгъыр тхьэIухуду къыщIэкIащи, зэригъэщIэгъуэнур ищIэркъым. Абы и нитIым «щIэгъуэщыхьауэ» щIэтурэ, къуажэм къыдыхьэжауи ищIэххэнутэкъым, хъыджэбзыр къэIэбэу вожэр иубыду шыр къимыгъэувыIатэмэ. Гум къехыжу иIыгъа хьэлъэр и плIэм ирилъхьэжа нэужь, аргуэру щIалэм къыхуоплъэкIыж хъыджэбзыр. Абы и нитIым къыщIих нурым, гуапагъэрэ, лъагъуныгъэу и нэгум кърихым Хьэжмурид ирахужьэн хьэзырт, блэкIми къыблэкIыжми ялъагъуу IэплIэрэ бакIэ щIигъэнэнут ар, укIытэм къызэтригъэувыIэжырт ахъумэ. ИтIанэ, зэрежьэжын хуейр къещIэжри, и шым тоуIуэ, арыххэуи къыжьэдекъуэж. «Сыту сыделэ сэ, ар зыдыхьэжыну пщIантIэр зэзмыгъэлъагъуу сокIуэж», – жыхуиIэу, кIэлъыплъу щIедзэ. Хъыджэбзыр кIуэурэ, Хъамсинэхэ я деж дохьэ, езы щIалэр абыхэ зэрапэжыжьэр унэ зыбгъупщIт.

ЛэжьакIуэ къикIыжу гъуэлъыжа нэужь, нэху щыху жейм и джабэр щIэзыуду щыта Хьэжмурид, иджы жейр къыпэлъэщыртэкъым. И адэанэм, зэрэ-тIэурэ кърaIуэкIат, зэшитIым я нэхъыжьыр уэращи, къашэ жаIэуи, къащыхуимышэм, пачыжащ… Ауэ нобэ къишэнут мо хъыджэбз цIыкIу «бзагуэр», къыдэкIуэмэ, зы Iуэхуми и Iэр хыхьэжыххэртэкъым, жэщым гъуэлъыжмэ, пIэр ирeIукI.

Гузэвэгъуэм къуимыгъэгупсысын щыIэ? Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Хъамсинэхэ я деж макIуэ, сэхуран жэпкъ гулъэ яхуешэри. Хъамсини ар и гуапэу ирегъэблагъэ, щIалэми и адэм зэрыхуригъэшар жреIэ.

– Тхьэразэ къыхухъу уи адэм апхуэдэ гулъытэ зэрищIамкIи. Си лIыжь мыгъуэр дунейм зэрехыжрэ, тхьэ дыщэ, цIыхухэм зыкъытщIамыгъакъуэу щытамэ, иджыри дыкъэмысынт, – жеIэри къишар щигъэтIылъыну гъущапIэр ирегъэлъагъу, итIанэ я хъыджэбз хьэщIэм йоджэ:

– Наргыз! А Наргыз! УкъыщIэкIыркъэ!

Наргызи къыщIож.

– Хьэжмурид къытхуиша сэхуран жэпкъыр щIэвгъэзагъэ гъущапIэм. Гъущэу бгъэтIылъыжам хуэдэ щыIэкъым.

Сэхуран жэпкъыр щагъэтIылъыжым хъыджэбзри щэхуу къыхуоплъэкI щIалэм къыпыгуфIыкIыу. Дауи, ар абы къицIыхужащ.

Къишар ягъэтIылъу Наргыз щIыхьэжа нэужь, Хьэжмурид зыхуегъазэ Хъамсинэм:

– Уа-а, Хъамсинэ! Мы фи хъыджэбз хьэщIэр армырауэ пIэрэт сэ зымахуэ зи сэхуран жэпкъ пхыр гум къыхутеслъхьэу къэсшэжар? ИкIи зигъэдэгуу, икIи зигъэбзагуэу.

– Хьэуэ, тхьэ. Абы апхуэдэ лажьэ лъэпкъ имыIэ. Зыгуэрым егбгъэщхьащ, жысIэнути, ди хьэблэм дэгуи бзагуи дэскъым. Мы цIыкIур Баку дэс си шыпхъу нэхъыщIэм ипхъущ, сызэрысымаджэр ищIэрти, зы илъэс схущигъэIэну къысхуигъэкIуащ. Тхьэм щхьэкIэ, нызщIыхьэ, Хьэжмурид! Си ерыскъы уемыдзакъэу удэмыкIыж. Си IэплIэм къихъукIа хьэблэ сабийхэм уэри уащыщщ, дыпщыгъупщэжа щхьэкIэ.

– ДыхущIыхьэркъым, Хъамсинэ, дыхущIыхьэ! Уэ колхозым ущыхэтым ухущIагъэхьэу щыта? Дэри аращ, дыкъызэрыжэпхъыу колхозым дыхахуащи, къапхъэным диIыгъщ. Ауэ, зэзэмызэ куэбжэпэм деж ущысурэ солъагъури, сигу согъэфI.

Аргуэру зэ Хъамсинэм къыщытрикъузэжым, щIыхьащ Хьэжмурид, и ерыскъым селъэпэуэнкъым, и хъыджэбз хьэщIэ «бзагуэми» нэIуасэ зыхуэсщIынщ, – жыхуиIэу. Хъыджэбз хьэщIэм къыхутригъэувахэр фIэIэфI дыдэу ишхауэ къыщытэджыжым, я хьэблэ щIалэ цIыкIуищ къыщIохьэ:

– Ей! Мыхэр зыщыпэкIур флъагъуркъэ, сэ хъыбар къызамыгъащIэу, – жеIэри абыхэм йохъурджауэ Хьэжмурид, сэлам гуапи ярех. Хъамсини абы къыхэмыIэбэу хуэшэчыркъым.

– Тхьэм щхьэкIэ, ущIэмыкIыж, Хьэжмурид! Мы «щауищ» къыщIыхьам уэри уакъыхэжыжынкъым. ПщыхьэщхьэкIэрэ ахэм сыт хуэдэу дытрагъэурэ. ТIысыж, ягъэ кIынкъым тIэкIурэ ущысми, уэри ухьэблэ щIалэщ.

– Хъунукъым ар, Хъамсинэ, пщIантIэм гур зэщIэщIауэ дэтщ, сэ сыкIуэжынщ, иреуэршэр мыхэр.

– АтIэ абы щыгъуэ уи гумрэ уи шымрэ гъэзэгъэжи къэгъэзэж.

– Мис ар нэхъ хъунущ, сынэсыжу шыр згъэзэгъэжыху фIэкIа пIалъи естынкъым.

ЗэрыжиIам хуэдэуи къигъэзэжащ Хьэжмурид. Щысхэщ, мэуэршэр, зэзэмызи макъамэ щабэ йодаIуэхэр. Ауэ псом нэхърэ нэхъ ягу хэзыгъахъуэри дыхьэшхыжу щызыгъэсри Наргызщ, абы адыгэбзэ зэримыщIэрщ. Мыдрейхэми, абы щыдыхьэшхыжыну, мор къытхуэхьыт, мыр къытхуэхьыт, жаIэурэ щIагъэкI. Наргызми, къихьынур зэримыщIэм къыхэкIыу, нэгъуэщI зыгуэр къехь, апщIондэхукIэ мыдрейхэр ныбафэуз хъуахэу мэдыхьэшх. Езыми ар и жагъуэ ищIыркъым, и нэпситIыр къыщIэлъэлъу ядодыхьэшхри къыщIихьар щIехыж, нэгъуэщI зыгуэр къихьыну.

Ауэ, хьэлэмэтыракъэ, сыт къэхь жаIэу щIамыгъэкIами, къызэрыщIыхьэжу, Наргыз япэ щIыкIэ Хьэжмурид и нэгум йоплъэ, нэгъуэщI мыхъуми уи нитIымкIэ къэзгъащIэ сыщыуэрэ сыщымыуэрэ, жыхуиIэу. Хьэжмуриди ар зэи къигъапцIэркъым, ауэ утыкум укъихьа нэужьым сыт пщIэжынур? Мыдрейхэри къыщеудри зэщIодыхьэшхэ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, пщыхьэщхьитI-щым къыпригъэхащ Хьэжмурид хьэблэ щIалэ цIыкIуу хъуар. Наргызыр езым «къызыхуигъэнэжащ». И Iуэхур щыкIуатэм, я гъунэгъу хъыджэбз цIыкIухэр пщыхьэщхьэкIэ къекIуэкIыурэ щысхэти, нащхьэ хуищIмэ щIигъэкIыжурэ я къэкIуэныр пригъэчащ.

Иджы тIури зэсэпащи, щэхуу зыр зым кIэлъыплъыжыркъым, я бзэ зэрымыщIэми, гурэ псэкIэ зэрыщIэ хъуащи. Я закъуэу пэшым къызэрыщIэнэу, Наргызым къытрелъхьэ Азербайджан къафэри, езыри къытолъадэ мыукIытэжыххэу. Ар Хьэжмурид и пащхьэм и бгы псыгъуэр игъэджэгурэ зэщIэсысэу, уэрэдми езыр дежьууж къыщиувэкIэ, хуэмышэчыжыххэу къепхъуатэри гъуэлъыпIэм ехь, пIэтIауэрэ лъэкъуауэу. Япэ щIыкIэ бакIэ щIегъанэ и нэкIущхьэ дыхьэрэнхэр. И Iупэхэм щынэскIэ, ахэр къыхуэпабгъэурэ къызэрыплъар зыхищIэрт…

ПсынщIэ дыдэуи кIуащ илъэсыр. Наргыз и анэр къакIуэри и пхъур ишэжащ, Хъамсинэ и унагъуэм зы жэщ фIэкIа имылъу.

Наргыз зэрыкIуэжар зыхищIэ къудейм къыщымынэу, бгы къыгуэууэ къытеуауэ къыщыхъуащ Хьэжмурид. Зы Iуэхуми и Iэр хыхьэркъым, и щхьэр здихьынур имыщIэу кърехьэкI, хэкIыпIэ къыхуэмыгъуэту. Хъыджэбз хьэщIэр къыдихьэхауэ адыгэбзэ щригъащIэ дыдэм IэщIахыжащ. Иджы, жейм емызэгъыжу жэщхэм зэшыр къыщытеуэкIэ, адэм и пцIэгъуэплъыр къыщIешри къуажапщэмкIэ дожей, Наргыз илъагъуну кIуэ хуэдэу. И шыр ешу пщIэнтIэпсыр къыхимыхуауи къигъазэркъым. Абы зэ теугъуэ кърет, аргуэру къыхэхъыжьэмэ, аргуэру дожей къуажапщэмкIэ...

Щымыхъужыххэм, Хъамсинэ деж макIуэри йолъэIу и шыпхъум деж ишэну, нэса нэужь, Наргыз и анэм Iуэхур зытетри гуригъэIуэну.

Хъамсини и узыншагъэр нэхъыфI къэхъуати, хуэгъэщIэхъуакъым щIалэр, езыми фIэфIт и шыпхъу нэхъыщIэм и пхъур езым и гъунэгъуу къашэмэ...

АрщхьэкIэ я Iуэхум зыри къикIакъым. Наргыз и анэм идэми, и адэр къахутегъэхьакъым, си пхъур Къэбэрдейм нэс схуегъэшэнукъым, жиIэри. Езы Наргызи дапхуэдизрэ и адэм емылъэIуами хэзэгъакъым.

Абы иужькIэ илъэс нэхъыби дэкIакъым, Шэджэм щыпсэу азербайджан щIалэ и Iыхьлыхэм я деж Баку лъагъунлъагъу кIуауэ Наргызыр къишэри къэкIуэжащ, Тхьэ яхуиIуат и адэ-анэм, хьэгъуэлIыгъуэр зэрызэфIэкIыу, абы Iэпхъуэжынхэу.

Гъэхэр псынщIэу кIуэркъэ. Илъэси илъэситIи дэкIащ Наргыз зэрашэрэ, арщхьэкIэ сабий яIэтэкъым. Наргыз и гур Хьэжмурид дежкIэ щыIэт, Хьэжмурид и гур – Наргыз дежкIэ. Благъэми Iыхьлыми сыт къыжрамыIэми, къахуишэркъым, и гум Наргыз хуигъэхуну къару зэримыгъуэтым къыхэкIыу. Япэхэм, ар имылъагъуну Iэмал имыIэу игу къыщыпылъадэм деж, шым зридзрэ къуажапщэмкIэ дэжейуэ щытамэ, иджы къуажэкIэмкIэ йожэх – и Наргызыр абыкIэ щыIэщи. А лъэныкъуэмкIэ Хьэжмурид зы лъэбакъуэ ичмэ, ар и гум IэфIу зыхимыщIэу къанэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы лъэбакъуэкIэ нэхъ мыхъуми фIыуэ илъагъум гъунэгъу хуохъури.

Зэманыр къыпхуэгъэувыIэн? Илъэс зыбжанэ докIри, Наргыз и щхьэгъусэр дунейм йохыж. Хьэжмуриди, къимыша щхьэкIэ, зэманым щIалэу къигъэнакъым, ари жьы хъуащ. ИтIани, шым зридзу Наргыз и деж «кIуэныр» зыхинэркъым. Иужьрей зэманым ар, зэм къуажапщэмкIэ дэжей, зэм къуажэкIэмкIэ ежэх хъуащ. Къуажэ псом ящIэ ар Наргыз и лъагъуныгъэм зэрихьыр, делэ хъуауэ жызыIэхэри мащIэкъым. И псэм щыхуэмыхьыжыххэм, Шэджэм мэIэпхъуэри, къуажэкIэ дыдэр псэупIэ ещI. Жэщым, цIыхухэр зэрызэгъэжу, къожьэри, Наргыз зытес уэрамым къыдохьэ щэхуу, зэхэзекIуэ щыIэмэ, защигъэпщкIуу. Наргыз щыпсэу унэм блокI-къыблокIыж. Нэхущ хъуху щытами, уэздыгъэр къэлыду щхьэгъубжэм нэху къыдидзымкIэ Наргыз имылъэгъуауэ къэкIуэжыркъым. А тIэкIур хурокъу Хьэжмурид мы дунейм псэууэ тетынымкIэ. Апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым, щIэх дыдэу и щхьэгъусэм кIэлъокIуэж Наргызи (е Хьэжмурид и лъагъуныгъэм ихьа!). Ар дунейм зэрехыжар щыхьэкIуэ къэзыкIухьым Хьэжмурид къыщыжриIэм, и лъэхэр щIэщIэу щIыхьэжщ аби, зи къуэпсхэр жьышхуэм къыхитхъыу къигъэджэла жыгыжьым хуэдэу, гызу утыкум къиджэлащ...

ЕтIуанэ махуэм, дапхуэдэу мыхьэлъэми, и лъэр кхъэм нихусри, Наргыз и сыным Iэ дилъащ, нэпс щыщIигъэкIащ, абдеж гъунэгъу дыдэу къазыкъ щыхиукIэри къэкIуэжащ. Куэд щIауэ ныбжьэгъу къыхуэхъуа гъунэгъу лIыжьым дежкIэ екIуэкIри, хуиIуэтащ и Iуэху зытетыр...

Куэди къипсэужакъым абы иужькIэ Хьэжмурид: лIэри, уэсят къызэрищIам тету, фIылъагъуныгъэ зыхуиIам бгъуралъхьэжащ.

# Зи Iэгухэр уэшхым игъэкIыл хъыджэбз цIыкIу

И анэм и ныбэр зэгуагъэжу къыщраха махуэм къылъыса фэбжьщ нобэми ныжэбэми Сэидэ къефыкIыр, зезымыгъэужьыр. И школ кIуэгъуэ хъури щIагъэтIысхьати, ерагъыу классищ къыхуэуха къудейщ – къихьыртэкъым и узыншагъэм. Дохутыр гъунэгъуи дохутыр жыжьи къагъэнакъым абы кърамыгъэплъа, арщхьэкIэ зыри сэбэп къыхуэхъуфакъым. И узыр къызэрыхэхъыжьэу, къызэфIомахэри утыкум къоджалэ.

Совет къэралыгъуэр зэрыкъутэжрэ мащIэкъым апхуэдэ ныкъуэдыкъуэу сабийхэм къахэкIыр. Дунейм къытехьэм нэхърэ кIэрыхур нэхъыбэщ. ЗэIумыбзщ нобэрей демократиер: имей зэзылъэфэлIа куэд, зэуэ къулей хъущ, къыдэуейхэри, тхьэмыщкIэхэр нэхъри нэхъ тхьэмыщкIэж хъуащ. Куэд мэхъу абы гъащIэм и мылгъурыджэм къытрихьауэ тетхэр, я лъэр щимыубыдэу. Сэидэ и анэми аращ къыщыщIар. И лэжьапIэр зэхуащIыжри, езыр утыкум кърanауэ бгъэдэсыжщ и сабий ныкъуэдыкъуэм. Сыту фIыт абы иджыпсту мы дунейм щекIуэкIым щыщу зыри къызэрыгурымыIуэр…

Сэидэ Налшык къалэ и уэрам нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым щопсэу, етIуанэ къатым тесу. Махуэ псом ар Iусщ щхьэгъубжэм, блэкIри, къыблэкIыжри нэкIэ игъэхъуу. Зэрыджэгу хьэпшыпхэри иужэгъуащи, къызэрищтэжыр зэзэмызэххэщ. Абы и щхьэгъубжэр автобус къэувыIэпIэмрэ абы хэт тыкуэн цIыкIумрэ яхуэзанщIэщи, хэт тыкуэным щIыхьэми зрегъащIэ, кIэлъыплъ жаIэу унафэ къыхуащIа нэхъей.

Псом хуэмыдэу пщэдджыжьым ар нэхъ зыкIэлъыплъыр школакIуэ цIыкIухэрщ – езым и классэгъуу щытахэм щыщи а къэувыIэпIэм деж автобусым щотIысхьэ. И тхылъылъэр хьэзырщи, езыми абдеж иредзэ и плIэми, унэкум итщ икIукI-къикIукIыу, автобусым итIысхьэныр итIысхьэу имылъагъужыхукIэ. Ахэр школым кIуакъэ, къызыхуэнэжыр илъагъу мыхъу фызыжь цIыкIурщ, ар тыкуэн джабэм кIэрысщ сэхуран ещэри, тхьэрыкъуэхэм чыкIэ яхэуэу. Зыгуэр ярииту щытами сыт хъунт, яритыр езым иIункIым я фэхэрщ. Тхьэрыкъуэхэми занщIэу зытрадзэ абы яхуипхъым, арщхьэкIэ къигъэпцIауэ къызэращIэу, я щхьэ цIыкIухэр ягъэсысу къоувыж, къыбгъэдэкIуэтапэу и нэгум къиплъи къахэкIыу, щхьэ дыкъэбгъэпцIа, жыхуаIэу. АпщIондэхукIэ фызыжьри ахэм чы къурагъышхуэмкIэ яхоуэ, фэ фызмыгъашхэу си бын схуэгъэшхэжащэрэт, къажриIэ хуэдэ. АпщIондэхукIи Сэидэ зэгуоп, аращ фызыжьыр илъагъу щIэмыхъури. Куэдрэ кIэлъыплъащ абы Сэидэ, итIанэ мурад ещI а фызыжьым чыкIэ зэрихуэ тхьэрыкъуэхэр «къытрихыну», и щхьэгъубжащхьэм щIакхъуэ щыкъуей къахутрилъхьэурэ. Апхуэдэуи ещI, тхьэрыкъуэхэри зырыз-тIурытIурэ къытотIысхьэ Сэидэ и щхьэгъубжащхьэм, итIанэ абыхэм адрейхэри къыздашэ. Сэидэ ахэм щIакхъуэм и закъуэкъым яритыр – тхьэрыкъуэхэм сэхуран фIыуэ зэралъагъур ещIэри, и анэр бэзэрым егъакIуэри сэхуран къыхурегъэщэху. Тыкуэн джабэм кIэрыс фызыжьым деж къыщищэхуну идэххэркъым, абы иIыгъар яшхмэ, тхьэрыкъуэхэр си деж къэмылъэтэжынкIэ хъунущ, жеIэри.

Сэидэ цIыкIу тхьэрыкъуэхэр иджы апхуэдизкIэ къесащи, нэхъыбэр зэрыукIыу и Iэгум къитIысхьэурэ йошхыкI, къиубыду ба зыхуищIу иутIыпщыжхэри мащIэкъым, апхуэдизкIэ гуфIэгъуэ кърaтри.

Зы пщэдджыжь гуэрым Сэидэ жьыуэ къэтэджауэ тхьэрыкъуэхэм щӀакхъуэ щыкъуей щаритым, зы нэхъ иныӀуэ Ӏэпыхури щхьэгъубжэ щӀагъ удзыпцӀэм хэхуащ. Памэурэ щхьэгъубжэ лъабжьэхэр езыщэкӀ хьэ гъуабжэжь цӀыкӀуми ар къыӀэрыхьэри зыӀуридзащ, апхуэдэтэкъэ абы хуэмыгъуэтыр. Аргуэру тхьэрыкъуэхэм шэджагъуашхэ щаригъэщӀым, а хьэ цӀыкӀур къыщыхутащ абдеж, абы япэм гу лъитатэкъым Сэидэ. Тхьэрыкъуэхэр машхэ, хьэ цӀыкӀур ахэм зыгуэр къаӀэпыхуну пӀэрэ жеӀэри доплъейри щытщ, и лъакъуэхэр зэблихъуу. Щымыхъужыххэм, мэпщӀэу, мэбанэ, мэкъугъ. Сэидэ къеплъыхмэ, и кӀэр игъэкӀэрахъуэу хьэ цӀыкӀур и щхьэгъубжэ щӀагъым щӀэтщ. Сэидэ абыи щымыгуфӀыкӀыу къэнакъым:

– Си Каштан дахэ цӀыкӀу, – жиӀэри щӀакхъуэ бзыгъи къыхуридзыхащ, къебзэрэбзащ. Иджы ари къесащ, махуэм къикӀухьми, жэщым абдеж къокӀуэлӀэжри щожей, зэзэмызэххэщ къыщемыкӀуэлӀэжыр. Каштан къыщытым деж сыт хуэдэу гузавэрэ Сэидэ: машинэм ирегъэукӀ, хьэукӀхэм ярегъэубыд. Къеплъыхыу и щхьэгъубжэ лъабжьэм Каштан жейуэ щӀэмылъмэ, езыри жеиххэнукъым.

Ауэ Сэидэ нэхъ гуфӀэгъуэ ин дыдэ къезытыр сыт жыпӀэмэ, уэшх къыщешх махуэрщ. Абдежым абы щхьэгъубжэхэр ину къызэӀуедз, зыкъыдешиикӀри, и Ӏэщхьэхэр дэхьеяуэ и Ӏэгухэм уэшх ирегъашхэ. А уэшхым абы и Ӏэгухэр щигъэкӀылым деж сытым хуэдэу дыхьэшх макъышхуэкӀэ къызэрылъэлърэ ар, блэкӀри къыблэкӀыжри къигъаплъэу! Абдежым дунейм теткъым къызэрыпщӀэн абы зыгуэр къеузуи, дохутырхэм зэрыжаӀэмкӀэ, абы дунейр къибгынэным мазэ бжыгъэ фӀэкӀа имыӀэжуи. Уэшхыр нэхъ хуабжь хъуху, Сэидэ и дыхьэшх макъри нэхъ хуабжь хъууэрэ, уэшхым и гъусэу къощэщэх. Жьауэ зыӀыгъыу къэзыжыхьхэм къахуэщӀэркъым а макъыр къыздиӀукӀыр, ауэ псоми я тхьэкӀумэм итщ, уэшхыр къезыгъэшхыр къащыдыхьэшх хуэдэ, уэшхым ирихужьахэм. Нэхъри уэшхыр нэхъ иныж хъууэ, къат-къату зэтет унэхэр абджыпсу щигъэжым деж, абы и къалэр апхуэдизкӀэ дахэ мэхъури, зыщимыгъэнщӀыжыххэу йоплъ, езыр дыхьэшхкӀэ къызэрылъэлъу. Дыхьэшх макъыр къызыдэщэщ щхьэгъубжэ зэӀухам зи нэ хуэзэр мащӀэщ уэшхым игъэщтауэ зэбгрыжхэм щыщу, ахэри дыхьэшх макъым и инагъым яхуэмыхъуу къегъэувыӀэхэр аби, хъыджэбз цӀыкӀум худоплъейхудоплъейри йожьэж:

– Сыт и гуныкъуэгъуэ дунейм мы уэшх къежэхым игъэдыхьэшх хъыджэбз цӀыкӀум, насып зиӀэ, – жаӀэурэ.

Хъыджэбз цӀыкӀум гухэхъуэ къезыт уэшхыпсри уэрамхэм щожэх, къалэм сабэрэ фӀейуэ дэлъыр дилъэсыкӀыу. Зигу фӀей илъхэми а уэшхым къахурилъэсыкӀыу щытамэ, уэлбанэ нэужьым дунейр дахэ зэрыхъужым хуэдэу, ахэри сыт щыгъуи щытынт.

Иужьрей зэманым Сэидэ цӀыкӀу дохутырым яшэу дапщэрэ къемыплъами, зэрагъэщӀэгъуэнымрэ зэраӀуэтэнымрэ къахуэщӀэркъым, и узыншагъэр апхуэдизкӀэ тэмэму зэтоувэжри. ДохутырхэмзэрыжаӀэмкӀэ, куэд щӀат ар зэрагъеижрэ. Ауэ нобэ мы дуней гуфӀэгъуэр зиӀэ Сэидэ, си гугъэмкӀэ, щыблэӀушым хуэдэу ажалыр щхьэщызыхыу иӀэр и анэр, уэшхыр, тхьэрыкъуэхэр, Каштан цӀыкӀу сымэщ.

• • •

УЭРЭЗЕЙ Рашид

# Зэмыщхьищ

## Рассказ



– Аращи, узыншэу, Ритэ!.. Сэ мы тхьэмахуэм хуабжьу сыпхуэзэшынущ: ди экзаменаторыр апхуэдизу егъэлеяуэ цIыху ткIийуэ щымытамэ, зэ е тIэу лъагъунлъагъу сыныкъуэкIыфынкIи хъунт... Мыдэ зэ мы экзаменыр тэмэму зэфIэкIыу щытмэ, сыныплъыгъуэзэнщ а пщыхьэщхьэ дыдэм, Тхьэм жиIэмэ... – хъыджэбз лъакъуэ лъагэ бгы псыгъуэм и Iэр иубыдыжри Бахъсит пщащэр зыщIэс общежитым къыщIэкIыжащ, и мыгъуэм тхьэмахуэ енкIэ зэрыхуэмызэнум игъэнэщхъейрэ къыпэщылъ экзаменыр ита зэрыхъунум игъэгузавэу.

Лъэс лъагъуэ цIыкIум ирикIуэурэ къэгъэшыпIэм нэсри, къызэплъэкIыжащ – Ритэ дахэ цIыкIур щIыхьэжакIэт. Зигу хэщI щIалэр пщащэр зыщIэс пэшым и щхьэгъубжэмкIэ плъащ – хъыджэбзыр абы къыIуттэкъым...

«Сыкъилъагъу мыгъуэу пIэрэ сэ мы хъыджэбзым фIыуэ? – игу нэхъри хэщIащ абдежым Бахъсит, щIалэ мылъагэ пащIэ фIыцIэ тIэкIу зытетым. Сыкъилъагъуми и мыжагъуэу, сыкъимылъагъуми сыкъыфIэмыIуэхущэ хуэдэу къысщохъури, сегъэгумэщI...» – гупсысэрт щIалэр, къэувыIэпIэм теувэжауэ автобусым здежьэм, и нэхэр гъуэгум теплъызэу...

* * *

ИкъукIэ гузэвэгъуэм зэщIиубыда студент гупыфI, зы тIощIрэ пщIырэ хуэдиз нэхъ мащIэ мыхъун, нэху зыщIимыдзэ кIэлындор кIыхьышхуэм и блынитIымкIи ирикIуэу хэлъ бжэ куэдым я зым деж щызэхэс-щызэхэтт. Нэхъ гузавэ дыдэхэр къикIукI-никIукIхэрт, зыгуэрхэр къаIущэщурэ.

Студентхэм, хэт лекцэхэмрэ конспектхэмрэ зритха и тетрадь Iувышхуэм и щхьэр хэлът, хэти къемыдэIуэжу зэщIэкIэзызэ и IэпэхэмкIэ тхылъ напэхэр Iэрпхъуэру къызеригъэдзэкIыурэ нэхъ къэзыгъэгузавэ е щыгъупщэж хъуа хуэдэу къыфIэщI сатырхэр Iущащэурэ щIипщытыкIыжырт. НэгъуэщIхэми, зыр адрейм еупщIурэ, зыкъапщытэжырт. Шпаргалкэхэр зэIэпахырт, зэхъуажэхэрт, апхуэдэхэр иджыпстуи зытххэр яхэтт, пIэщIэгъуэр ятелърэ ятхар адэ-мыдэкIэ дакуэхэу, иракуэхэу, дагъэзагъэхэу, ахэр зымылъагъупхъэхэр трамыгъэплъэн щхьэкIэ ягъэпщкIуу. Ауэ щыхъукIи, апхуэдизу егъэлеяуэ бзаджэ я экзаменатор цIыхубзым и деж щIыхьэмэ, я «пшынэхэр» зыкIи къызэрамыгъэсэбэпыфынур фIы дыдэу къагурыIуэрт. Ауэ итIани ятхырт «пшынэхэр»: тхар нэхъыфIу гум къызэринэжыр, нэхъ IупщIу нэгум къызэрыщIыхьэжыр ящIэрт...

Апхуэдизу мыгузэвэнкIи хъунт а студент гупышхуэр, илъэситI лъандэрэ экзаменхэр зэратми къызэрыIахми я щэху гуэрхэм фIыуэ щыгъуазэ хъуахэти, бзаджагъэ тIэкIу хуэдэхэри къащIакIэти, иджыпсту экзамен къеIызых я егъэджакIуэр егъэлеяуэ бзаджэрэ гущIэгъуншэу щымытамэ. А цIыхубзыр гущIэгъу жыхуаIэр зищIысым хуэнэфти, нэхъыфI дыдэу еджэми оценкэу щыIэм я нэхъыкIэ дыдэр хуигъэувыныр зыуи къыщыхъууртэкъым. КъинэмыщIауэ, фIыуэ зыкъыфIэщIыжат, и пэр дэгъэзеяуэт къызэрикIухьыр, «фу, цIыхумэ» жригъэIэрт. Ауэ щыхъукIи, ар и щIэныгъэкIи и Iэзагъэки адрей егъэджакIуэхэм зыкIи къащхьэщыкIыртэкъым, ефIэкIыртэкъым, и гущIэгъуншагъэмкIэ фIэкIа. ЦIыхухэм лъагъумыхъуныгъэшхуэ яхузиIэ бзылъхугъэ хэкIуэтат ар. Абы и гущIэгъуншагъэр къызыхэкIым теухуауэ хъыбар гуэрхэри кърахьэкIырт а факультетым щIэсу хъуам. ЗэрагъэхъыбарымкIэ, абы и унагъуэ Iуэхухэр куэд щIауэ зэIыхьат: и щхьэгъусэр хьэулейхэм ятхьэкъуати, унагъуэм сому къыихьар абыхэм ятригъэкIуэдэжырт, фадэмкIи ерыщти, и фызымрэ и къуэмрэ къезауэрт. Я къуэ закъуэри афиянафэ хъуати, здэкIуари здэжари ямыщIэу бзэхырти, ямыгъуэтыжу тхьэмахуэ бжыгъэкIэрэ къэтт. Зэзэмызи къащыкIэщIэдыгъуи къэхъурт, еджэн Iуэху зэрихуэртэкъым. А псом къыхэкIкIэ унэгуащэри тэмакъкIэщI хъуат. И щхьэгъусэми и къуэми сыт хуэдизрэ емыпсэлъами, емыущиями, емылъэIуами, емыубзами, тIуми нэхъыфIкIэ захъуэжыртэкъым, нэхъри нэхъыкIэ хъухэу фIэкIа. ИлIи и къуи зыуи кърадзэртэкъым цIыхухэм апхуэдизу захуэзыгъэпагэрэ захуэзыгъэпхъашэу яхэт а цIыхубзыр. Апхуэдэ гуэрхэт ягъэхъыбарыр студентхэм я экзаменаторым ехьэлIауэ. Арат егъэлеяуэ щIэгузавэхэри, я Iуэху зэрыхъунур къахуэмыщIэу.

Экзаменым зэрыщIидзэрэ зэманыфI дэкIами, залымыгъэ защIэкIэ зэрыгупу елъэIуурэ япэу щIагъэхьа я курсэгъу нэхъыфIыIуэу еджэхэм ящыщу иджыри къэсыху къыщIэкIыжар цIыхуитI къудейт. А тIуми цIыхубз гущIэгъуншэм къыIэщIагъэкIыфар «щы» зырызт. Абы щхьэкIэ къызэрыгуэкIыу еджэ мыдрей гупыр нэхъри гузавэрт – экзамен щат пэшым езыр-езыру тегушхуэу щIыхьэфынур зырызт.

«Дауэ къыпщыхъурэ?! Альберти ФатIими къахьыфар «щы» цIыкIу къудейщ!.. Дэ дауэ дызэрыхъужынур! «Бананыр» е нэхъыкIэжыр къыдэжьэу къыщIэкIынущ! Хэт мыгъуэу пIэрэ иджы ириджэнур?!» – гуIэжу зэщIэIущащэрт зэрыгупу.

Апхуэдэ гузэвэгъуэшхуэм и пIэ иримыгъэзагъэрэ кърихуэкIыу адэмыдэкIэ кIэлындор кIыхьышхуэм и щхьэр щызэрихьэрт щIалэ гъур лъахъшэ Бахъсит, ещанэ курсым и студент къызэрыгуэкIыу еджэхэм ящыщым. Абы оценкэ нэхъыфIыIуи нэхъыкIэIуи щыхуагъэува щыIэт. Уеблэмэ зэзэмызи «тIу» зыбжанэ къыщыфIыхыхьаи къэхъуат: сыт хуэдэ оценкэ хуагъэувми къызэрыфIэIуэхущэ щыIэтэкъым, «гъыртэкъым» абыхэм щхьэкIэ, языныкъуэ я курсэгъухэм ещхьу. Сытми, зыгуэрурэ къиухмэ, арэзыт. Абы къыхэкIкIи стипендие тIэкIум хэкIыжрэ етIуанэу экзамен зытыжын хуейхэм я гъусэу егъэджакIуэхэр «къиубыду» щыдэтаи къэхъуат.

Пэжу, ещанэ курсым зэрыхыхьэрэ нэхъыфIу еджэ хъуат а щIалэщIэр. ЩIэхъуами щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэт.

Япэрауэ, унэм зэрекIуэлIэжу, и адэ-анэм къыпагъэжьыкIырт. «Уэ общежитым ущIэсу къэбджын щыIэкъым, фIыуэ уеджэну уи нэ къикIыпэу щытми: абы щIэс къомым уагъэхьэулеинущ – фэтэр къащтэ, уи закъуэ е зы гъусэ фIэкIа уимыIэу, – къешхыдэрт и адэр. – Е махуэ къэскIэ унэм къэкIуэжурэ еджэ, къалэр апхуэдизу жыжьэкъым. Ди къуажэдэс куэд йоджэ апхуэдэу. ТIэкIу нэхъ жыыуэ укъэтэджын хуей къудейщ!»

Езы Бахъсити и жагъуэ хъужырт адрейхэм къахьым нэхърэ нэхъыкIэ оценкэ щыхуагъэувкIэ – нэхъыфIу еджэ и курсэгъухэри я егъэджакIуэхэри нэбгъузкIэ къеплъыырт, зэгуагъэпу.

ЕтIуанэрауэ, гугъущэ ехьырт, стипендиеншэу къанэрти. Ахъшэр къемэщIэкIырт, ауэ я деж къратыну зытраухуам нэхърэ нэхъыбэ къаIихыну елъэIуфыртэкъым, жэщкIэрэ е зыгъэпсэхугъуэ махуэкIэрэ лэжьыгъэ гуэрхэр къилъыхъуэн хуей хъурт. Лэжьыгъэ псынщIэ дэнэ кърихынт студент щIалэщIэм? Къыхуэгъуэтыр хьэлъэ зехьэн, вагон унэщIын-сыт хуэдэхэрати, и къарур щIахырт. Ахъшэ къэлэжьыным и зэманри и къарури тригъэкIуадэрт, къыдеджэхэм емыхъуапсэу зихуэпэн, шхэн, псэун щхьэкIэ. Ещанэрауэ…

Ещанэрауэ, ар щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэт, куэд щIауэ зригъэцIыхуну зыщIэхъуэпс хъыджэбзыр зэреджэр тху защIэти, тегушхуэртэкъым абы иужь ихьэн: къимыдэнкIэ шынэрт. «Уэ емыджэфри узыхуейр сыт, щхьэ сумыгъэпсэурэ? СкIэрыкI», – жиIэу къыщIэкIиемэ, къиукIауэ фIэкIа къыщыхъунутэкъым. Абы къыхэкIкIэ Бахъсит хуэмыхъуу нэхъыфIу еджэн хуей хъуат. Сыт хуэдэ оценкэ хуагъэувми къыфIэмыIуэхужу щыттэкъым. Мы гъэм экзамену щы ятакIэти, «плIы» нэхъыкIэ къихьатэкъым. Яужь дыдэу ита экзаменымкIэ уеблэмэ «тху» къихьат. И щхьэ нэхъ лъагэу илъагъуж хъуат.

НэхъыфIыIуэм къыщымынэу, нэхъыфI дыдэхэм хуэдэу зэреджэфынур къыщыгурыIуэм, тегушхуэри и мурад нэхъыщхьэри зригъэхъулIат: Ритэ зригъэцIыхуат. Сакъыпэурэ, хуэмурэ гъунэгъу зыхуищIурэ, икIэмикIэжым хъыджэбзым гу зылъригъэтэфат: япэм хуэдэу жагъуэу къеплъыжыртэкъым, жэуапыншэу къигъанэу IукIыжыртэкъым, щхьэусыгъуэ ищIу зыгуэркIэ зыхуигъэзамэ. Нэхъ щабэ, нэхъ гуапэ къыхуэхъуат пщащэ дахэр.

Хъыджэбзыр зыщIэсыр нэгъуэщI еджапIэт, зыхуеджэри нэгъуэщI IэщIагъэт. Хуабжьу игу ирихь, куэд щIауэ зэхъуапсэ цIыкIум деж лъагъунлъагъу кIуэрейт мыщхьэхыу. ИмылъагъупIэр иIэт: жэщи махуи и нэгу щIэтт, и псэм хэтт! Езы пщащэми и гум илъа мылыр Бахъсит хуэгъэткIуа хуэдэу къыфIэщIати, щIалэр илъагъумэ, хуэгуфIэрт, нэщхъыфIэу хущытт…

Иджы, мис, тхьэмахуэ енкIэ тхылъхэм зи щхьэ къыхэзымыха а щIалэм нобэ аргуэру экзамен етри, Iэмал имыIэу оценкэфI къихьын хуейщ. Iэмал имыIэу! Къыхуэмыхьрэ – псори лъэлъэжынкIэ хъунущ. Ритэ хуэзэшами, тхылъхэм къакIэрыкIакъым – ярыту хъуам быдэу щыгъуазэ зищIащ. ЗэрыучебникыIу гукIэ имыщIэу и фIэщ хъуркъым. Дауэ ныщхьэбэ пщащэм зэрыIуплъэнур, «щы» е, нэхъыкIэжращи, «тIу» къихьу щытмэ?! Къэпхьар сыт жиIэрэ къеупщIмэ, сыт жриIэнур? Iэмал имыIэу оценкэфI егъэджакIуэм къыIэщIигъэкIын хуейщ! Ауэ дауэ?! Апхуэдизу оценкэр зыкъуз егъэджакIуэм сыт хуэдэ щIыкIэкIэ «плIы» нэхърэ мынэхъыкIэ зэрызыхуригъэгъэувыфынур? «Тхьэм ещIэ иджы си Iуэху зэрыхъунур, дапхуэдизу сегугъуу зызмыгъэхьэзырами!»

Бжэ удзыфэ хьэлъэр зэIукIри ещанэ студентыр, хъыджэбз нэ фIыцIэ щхьэцыгъуэ цIыкIур, къыщIэкIыжащ, хуабжьу ешарэ и лъакъуэхэр ерагъыу зэблих къудейуэ. Ауэ и нэ къигуфIыкIхэм къагъэлъагъуэрт оценкэфI къызэрихьари, зэрыгупу IэплIэешэкIкIэ пежьащ, ехъуэхъуахэщ, «плIы» къызэрихьар ерагъмыгъуейуэ къыдришейуэ къащыжриIэм, езы дыдэми и фIэщ мыхъуж хуэдэ, щтэIэщтаблэу зэплъэкIыу.

Бахъсити ехъуэхъуащ а пщащэ цIыкIум хуабжьу и гуапэу. Лилэт абы зэреджэр, Бахъсит пэмыжыжьэу ари фэтэр щIэсти, зэгъусэу загъэхьэзырат, зым и деж зыр ежэкIыурэ. ЗэныбжьэгъуфIхэти, загъэхьэзырынуми е заплъыхьынуми, ахэр зэкIэлъыкIуэрейхэт. Пэжу, нэхъыбэрэ

къекIуэкIыр хъыджэбзырт: я къуажэгъути, сыткIи къыдэIэпыкъурт, зэрыхулъэкIкIэ зыкъыщIигъакъуэрт. Бахъсит игу ирихьырт а пщащэр, ауэ и псэр зытхьэкъуар нэгъуэщIт – Ритэт. Ритэ тхьэIухудти, мы пщащэ цIыкIу цIыхуфIыщэм нэ лейкIэ еплъын хулъэкIыртэкъым. Зэреплъыр къызэрыгуэкI ныбжьэгъунэт, езы Лилэ цIыкIу ар и жагъуэ зэрыхъур и псэм ищIэ пэтми…

Лилэ ехъуэхъуу зэхэт студент гупым я псэр яхуIуихащ бжэIух макъ къэIуам. Къэщтауэ абыкIэ загъэзащ зэрыгупу. «Сэра мыгъуэу пIэрэ иджы зи чэзур?!» – гузэващ гупым щыщ дэтхэнэри. Гузэвэгъуэм зэщIиубыда студентхэр щытт, гущIэгъуншэу къащыхъу цIыхубзым и нэгу иплъэн шынэхэу. Езы цIыхубзми ахэр зэрышынэр ищIэрти, пIащIэртэкъым: нэхъри я гузэвэгъуэр зэпишырт, тIэкIуи щIэдыхьэшхыкIыу къэуварэ къахэплъэу.

ЕгъэджакIуэр Лилэ цIыкIум дежкIэ пхъашэу плъащ, иджыпсту «плIы» хуигъэуvауэ имыщIэж хуэдэ, пхъашэу еплъурэ, «мыбдежым иджыри ущIыщытыжыр сыт, ущIэмыпхъуэжу?», жиIэ нэхъей. Езы хъыджэбз цIыкIури щытт, хэпщIыкIыу зэщIэкIэзызэу, «къызжиIэнIауэ ара мыгъуэу пIэрэ мыр къыщIызэплъыр?» – жиIэу гузавэу.

«Ялыхь, гущIэгъу къыхуэщI! Сыту Iеищэу гузавэ мыгъуэрэ Лилэ. ЗанщIэу щIэпхъуэжын хуеящ, къызэрыщIэкIыжу! Ауэ кIуэжынукъым: сэ къызэжьэнущ а цIыкIур, сыщIыхьэу сыкъыщIэкIыжыху… Сэри сыщIыхьэн сошынэ!.. Дауэ сылI сэ?!» – зыхуэшхыдэжырт Бахъсит, егъэджакIуэм нэбгъузкIэ кIэлъыплъурэ.

Лилэ цIыкIу зыкъомрэ игъэкIэзызри, егъэджакIуэм и нэщхъ зэхэуфахэмкIэ мыдрейхэм «ятеIэбэрэбыхьу» щIидзащ. Хуэмурэ, зэплъым и псэр зэщIигъэдиеурэ зыкъигъазэри, мыдэкIэ, ибгъу дыдэмкIэ, зыщызыущэхуауэ къыщыт Бахъсит «къытеIэбащ».

– Уэращ иджы ныщIыхьэнур! – мастэм хуэдэу и Iэпэ гъурыр къыхуигъэпIийри унафэ къыхуищIащ абы, зыкъомрэ къыжьэхэплъа нэужь.

Ар щызэхахым, адрейхэм я псэр къыхыхьэжащ. «Сэракъым!» – игукIэ зыхужиIэжащ дэтхэнэми.

«Сэрамэ, сэращ! Сыт сщIэн? Сыгузавэу мыбдеж сыщыт нэхърэ, ари нэхъыфIщ… Тхьэм гущIэгъу къысхуищI!..» – егупсысащ Бахъсит, и щIыб къигъэзэжауэ щIыхьэж егъэджакIуэм и ужь здитым. ЗиIыгъыну игу ирилъхьами, хулъэмыкIыу зэщIэкIэзызэрт.

Арати, Бахъситу плъагъур экзамен щат пэшым къыщIэхутащ. Пэшым студентитху щIэст загъэхьэзыру, я фэр шэхуу пыкIарэ я пэ пылэлу.

«Псэхэхыр» щхьэгъубжэм бгъэдэтти, стIолым бгъэдыхьэжащ, шэнтым хуэмурэ зытригъэзэгъэжри, цIыхухъу щIыкIэу, шэнт натIэм зыкIэригъэщIащ. НаIуэу зи Iэпэхэр зыфIэкIэзыз студентым, Бахъсит, ткIийуэ къеплъри, стIолыщхьэм телъ тхылъымпIэ зэпыгъэжа цIыкIу къомымкIэ и Iэпэ мастэр игъэпIийри къыжьэдэкIащ:

– ХэIэбэт мыбыхэм, Гуашев. Сыт хуэдэ билетрауэ пIэрэ къыхэпхынур?! – жиIащ абы, цIыхухъу макъ итхъунщIыкIам ещхькIэ, а гурымыхьу зэрыщIэгуфIыкIыурэ.

– ЕпщыкIущанэрщ къыслъысар, – къызэригъэдзэкIри Бахъсит абы иригъэлъэгъуащ тхылъымпIэм тетхар. Ар гузэващэртэкъым: билету хъуар фIы дыдэу зригъэщIат.

– Iыхьы-ы! Уи зачеткэр къэгъэтIылъи, мо стIолым бгъэдэтIысхьэ, сэ хуиту услъагъун хуэдэу! Уеджа? Зыхуэбгъэхьэзыра экзаменым?! Мы билет закъуэмкIэ уи Iуэхур зэфIэкIынукъым! Сыхэчыхьурэ, адрей билетхэмкIи сыноупщIынущ, – жиIащ егъэджакIуэм.

– СлъэкӀ къэ-къэзгъэнакъым, биб-библиотекэм сыкъыщӀэкӀакъым, мы экзаменым зыхуэзгъэхьэзырурэ! – тӀэкӀуи къыкъ хъуауэ Бахъсит егъэджакӀуэм йоплъ, апхуэдэу зэрызэӀынэм щхьэкӀэ и щхьэ хузэгуэпыжрэ укӀытэу.

– Мыр сыту хуабжьу угузавэ хуэдэ-тӀэ, Гуашев! Апхуэдизу угузавэу зы экзамен тэмэму пхуэтынукъым! Ар зыгурыгъаӀуэ быдэу! Хъунщ!.. Деплъынщ зэбгъэщӀар зыхуэдизым. Сыноджэху, тӀыси зыгъэхьэзыр. Ауэ, къызжиӀакъым жумыӀэж: тептхыкӀыу, шпаргалкэ къэбгъэсэбэпу укъэзубыдмэ, псалъэмакъ лей дыхыумыгъэту, «тӀу» къэпхьащи, щӀэкӀыж. ГурыӀуэгъуэ?!

Псалъэ жимыӀэу, Бахъсит и щхьэр ищӀащ. Къылъыса билетым итхэр фӀы дыдэу ищӀэрт. ЗыгъэхьэзырыпӀэ къримыту къеупщӀами, жэуапхэр иритыфынут, зыгъэхьэзыр-сыт куэдым хэмыту. «План зэхэзгъэувэнщ, сыхэмызэрыхьын щхьэкӀэ!» – хуэм-хуэмурэ игу къызэрыгъуэтыжырт щӀалэм.

– Гуашев, ауэ сытми зэманыр лейуэ бгъэкӀуэду ущымысу, зыгъэхьэзыр. Уеджауэ ухьэзыру жыпӀащи, умыгузавэ. А щӀэкӀыжахэми Ӏейуэ загъэхьэзырауэ къыщӀэкӀынутэкъым, ауэ жэуапхэр тэмэму къызатыфакъым зэрыгузэващэхэм къыхэкӀыу, – къэпсэлъащ экзаменатор ткӀийр.

Бахъсит а псалъэхэр щызэхихым, и гур мамыр дыдэ хъужащ: «Мыр дыгъужь е благъуэ дыдэм хуэдэуи къыщӀэкӀынукъым: сызыӀуридзэну фэ теткъым, икъукӀэ ткӀийуэ къызэпсалъэми. Ауэ хэт ар апхуэдэу зыхущымытыр? КъызжиӀахэри пэж защӀэ хуэдэу къысщохъу. ТкӀийщ, пхъашэщ, и гъащӀэ гугъум апхуэдэу ищӀащи, унагъуэм зэгурыӀуэ илъкъыми. И псэукӀэр хьэлъэ хъуащи… Е сыгузэващэу мащӀэу къыкъ сызэрыхъуам щхьэкӀэ игу къысщӀэгъуауэ пӀэрэ? Хьэуэ, адрейхэм нэхърэ зыкӀи нэхъ щабэу къысхущыткъым, зы мащӀэ тӀэкӀукӀи», – зытриухуэнур къыхуэмыщӀэу, и гур Ӏэджэми хуожэ Бахъсит. Езым япэ ита и ныбжьэгъуитхум щыщу зыми къихьакъым «щы» нэхъыбэ. Абыхэм я жэуапхэр мыӀейуэ щытами, зыгуэрхэмкӀэ еупщӀу щӀидзэрти, ирихухьым-ирихухьурэ, жэуапыфӀри «щым» е «тӀум» нихусырт. Арат щӀэкӀыжа гупым ярищӀар мы иджыпсту зи пащхьэ Бахъсит къихутэнум. Абы «тху» щыӀэщӀэкӀыр зэзэмызэххэт. Гупыр дапщэ хъуми емылъытауэ, апхуэдэ оценкэ зыхуигъэуву къыхэкӀыр зы е тӀу нэхъыбэ хъуртэкъым, а бжыгъэми зэи щӀригъэгъуртэкъым. «Фи мыгугъэ «тху» къэвлэжьу, абы фыщымыгугъ: апхуэдэу фӀы дыдэу зыщӀэр закъуэтӀакъуэххэщ», – арат егъэджакӀуэм и гупсысэ нэхъыщхьэр зэрыхъур. Арат студентхэр абы егъэлеяуэ щӀыщышынэри щӀыхузэгуэпри. Ауэ щыхъукӀи, и лекцэ къеджэкӀэ къудейри яхуэхьыртэкъым: псалъитӀ тэмэму хузэпыщэртэкъым.

– Гуашев, уи чэзур къэсащи, къыдэкӀ мыдэ, – къеджащ егъэджакӀуэр Бахъсит, абы и зачеткэр къызэгуихарэ оценкэхэр зыхуэдэм еплъурэ. Ахэр зэрымыбэлыхьым щыгъуазэ зищӀа нэужь, нэбгъузкӀэ къеплъащ, «уэри къэпхьынур зыхуэдэр гурыӀуэгъуэщ» и плъэкӀэм къикӀыу.

Дапхуэдизу мыгузавэми, жиӀэнур фӀыуэ зыщӀэ Бахъсит и жэуапхэр жьакӀуэу къиӀуатэрт, хэмызэрыхьрэ тэмэму зэкӀэлъыхьауэ, псалъэ лей къыхимыгъэхьэу. Экзаменаторым абы и псалъэр зэи зэпиудакъым, и щхьэр мащӀэ дыдэу ищӀурэ щыса мыхъумэ.

Бахъсит щым щыхъужым, къыжриӀащ:

– Ӏейуэ зыбгъэхьэзыра хуэдэкъым, Гуашев… Ауэ иджы… Иджы хэчыхьауэрэ зыкъомкӀэ сыноупщӀынущ, нэгъуэщӀ билетхэри къызэщӀиубыдэ хуэдэу, жэуапхэр тэмэму къыщӀэкӀмэ, «плӀы» пхуэзгъэувыну си мурадщ…

Бахъсит экзаменым къыщыщӀэкӀыжам, апхуэдизкӀэ псэкӀэ гугъу ехьати, хуагъэува «плӀыми» щыгуфӀыкӀыну къару къыхуэнэжатэкъым.

Ешыщати, и лъакъуэхэм яIыгъыжтэкъым. МыдэкIэ щIыхьэн хуейуэ иджыри къызыпэщылъ и курсэгъухэм я гугъащ Бахъсит «тIу» къихьауэ, апхуэдизкIэ и фэр пыкIати.

– Сыт пхуигъэувар, Бахъсит? – къыбгъэдэхутащ абы Лилэ, и нэхэр къихуу. – Дауэрэ… Дауэрэ… – адэкIэ къыхупыщцэртэкъым хъыджэбзым.

Бахъсит абы гуапэу еплъщ, къару мащIэ тIэкIу къигъуэтыжри, и Iуэхур зэрымышынагъуэри гуригъэIуэфащ.

– ПлIы…

– Сыту фIыт, Бася! Сыту фIыщэт!.. Сынохъуэхъу!.. Сыбгъэгужьеят, сыщыпIуплъам!.. НакIуэ иджы, хуэмурэ дыкIуэжынщ. ИкъукIэ хуабжьу уешащ уэ сэ слъагъур!.. Уи нэхэр зэтопщIэ! ТIэкIу ужеймэ, нэхъыфI ухъужынщ…

Фэтэрыр зей фызыжьыр къэщтат, Лилэ цIыкIу къишэж Бахъсит зэфIэлэлыр къыщыдишэжам. Ауэ ешыща фIэкIа лажьэ зэримыIэр къэзышэжа хъыджэбзым щыхуиIуатэм, пщэфIапIэмкIэ ишэу игъэшхэну и мурадащ. Ауэ ардыдэри къехъулIакъым физ хэкIуэтам: щIалэм и псэр и гъуэлъыпIэм нилъэфысыжри щащыхум теукIуриящ…

Пшапэр зэхэуакIэт ар къыщыушыжам. Хуабжьу мэжалIэрти, щыжеижам Лилэ цIыкIу къытрипIауэ щыта щащыхур зытридзри къэтэджащ. ФIыуэ зигъэпсэхужат, къару тIэкIуи къыхыхьэжат, мащIэ дыдэу и щхьэр къыхэузыкI хуэдэу щытми.

ФIыуэ зыкъитхьэщIщ-зыкъигъэщIыIэтыIэри, ари хэкIыжащ. И щыгъыныр зэрихъуэкIри пщэфIапIэм зригъэхьащ.

Абы щIэсхэт унэр зей физ хэкIуэтамрэ Лилэрэ. КъекIуэкIауэ хуэпщафIэ пщащэм игъавэ-игъажьэ шхыныгъуэхэм я мэ гуакIуэм Бахъсит и гурыIупсыр къигъажэрт.

Физ хэкIуэтам япэ зыкъригъэщри къеупщIащ:

– Зыбгъэпсэхужа тIэкIу, Бахъсит? Уи фэр къихьэжа хуэдэщ. Сыбгъэгужьеят, сымаджэ ухъуа си гугъэри… КъакIуэ иджы мыдэ! Iэнэм бгъэдэтIысхьи шхэ. Мы Лилэ цIыкIу пхуипщэфIахэр ауэ сытми IэфI! – гушыIэрт физ нэщхъыфIэр, Лилэ гуапэу еплъурэ. Хъыджэбзри гуфIэрт, зыхуеинухэр Iэнэм къытригъэувэурэ.

– НтIэ, фэ щIалэгъуалэр Iэджэми я щхьэфэ фиIэбэну къыщIэкIынщ. Физэбгъэдэс. Сэ сышхакIэщи, модэ Iуэху гуэрхэр къыспэщылъщ иджы, – апхуэдэурэ къадэгушыIэ-къахуэгуапэурэ физыр щIэкIащ, ныбжьыщIитIыр я закъуэу къызэхуигъанэри.

– Тхьэ, сэри си фэр ирихам а цIыхубзым, Бася. Ауэ дыкъелащ тIури, Тхьэм и шыкуркIэ. Адрей экзаменхэри мынэхъыкIэу зэрыттыным дыхущIэкъунщ, – нэщхъыфIэу къеплъурэ псалъэрт хъыджэбзыр, зым и пащхьэ адрейр къисе стIолым бгъэдэсхэу. ЩIалэ мэжэлIам и жьэпкъыр зы тIэкIунитIи зэпымыууэ лажьэрт, хъыджэбзым жиIэхэм и щхьэр ищIурэ арэзы техъуэу, псэлъэну хущIыхьэгъуэ имыгъуэту. Лилэ нэщхъыфIэу фэ тетми, и нэгум пIейтеиныгъэ мащIэ щIэтт.

Плъыжьу игъэжьа бабыщыр яфIэIэфIыпсу зэдашхщ, «Нескафер» трафыхьыжри, зэпсалъэу тIэкIурэ щысахэ нэужь, Бахъсит и сыхьэтым еплъащ, мы хъыджэбз цIыкIур къигъанэу зэрежьэнур къыхуемыгъэкIуу икIи къытехьэлъэу.

Мис арат хъыджэбзыр зыгъэпIейтейри, щIэупщIащ:

– Иджы… лъагъунлъагъу укIуэну ара, Бася?.. – и нэ фIыцIэхэмкIэ набдзэгубдзаплъэу къеплъащ. – Тхьэ, ари хъарзынэтэм… Ауэ… Ауэ икъукIэ пагэу къысщохъу сэ а уи мыгъуэр, Бася. Ар бжесIэмэ нэхъыфIу къысщохъу. ПщIэрэ, фэ тIур зыкIи… – пщащэм жиIэнур нигъэсыфыртэкъыми, щIалэр дэIэпыкъуащ:

– Фызэщхькъым пхужымыIэу аракъэ, Лилэ цIыкIу?

– Ара хъунщ... Ар моуэ нэжэгужэIуэу... Сэ ар фIыуэ сымыцIыхуми, фи хьэлкIи фи дуней еплъыкIэ-тетыкIэкIи фызэтехуэркъым! Ар дауэ зэрыхъунур, Бася?.. – пщащэр жэуапым ежьэрт, тряпкэр и Iэгу щикъузу.

Къытехьэлъэми, щIалэм ищIэрт пщащэм жиIэр зэрыпэжри:

– Уэлэхьи, Лилэ цIыкIу, сэри гу лъыстам а жыхуэпIэм икIи согузавэм, – жиIащ. – Ауэ итIани, уэ уощIэ... уощIэ псэр зэрыжыIэмыдаIуэр... Схуэшэчынукъым сымылъагъуу, емыкIу сыкъыумыщI, къэзгъэгугъауи щытщи, къызэжьэу къыщIэкIынщ. Дызэхуэзэурэ зэман гуэр дэкIмэ, пщIэну щыткъым, нэхъ зэщхь дыхъункIэ хъунщ. Зэманым къигъэлъэгъуэнщ зэрыхъунур.

– Бася, умыкIуамэ арат... ныщхьэбэ. СщIэркъым си гур мэгузавэ... Нобэ апхуэдизу гугъу уехьауэ... – щIалэм къеплъри зригъэзэкIащ хъыджэбзым, игу щыщIэр къримыгъэщIэну.

Бахъсит илъагъуурт хъыджэбзым и щытыкIэр, зыхищIэрт игу къеуэр. Ар къигъанэу ежьэну темыгушхуэурэ, тутын щIигъанэри ари, нэгъуэщIи игъэсыху щысащ. Ауэ и псэр Ритэ хуеIэрт, хуэпIащIэрт...

«Хъыджэбзыфl дыдэщ мы Лилэ цIыкIур. Ритэ мыхъуамэ... И жагъуэ сощI мыгъуэ! Сыт сщIэн? Ритэ, Ритэ тхьэIухуд си гури си псэри сфIихьащ. Сыту пIэрэ абы ищIэхэр иджыпсту? Игу сыкъэкIыжыххэуи къыщIэукI сэ абы! КъэфапIэм щыIэ хъунщ: фIэфIкъым и закъуэ зы дакъикъи къэнэну», – гупсысэрт Бахъсит, кIэнфет тIэкIу къыхуищэхуарэ маршрут автобус цIыкIужьейм итIысхьэжауэ къалэкIэмкIэ здэкIуэм. КIыфI дыдэ хъуати, къалэм къыщыблэ уэздыгъэхэр щхьэгъубжэм блэлъэтырт, дунейр зыгуэркIэ таурыхъым хуэдэу къыпщигъэхъуу. ЦIыхухэр къитIысхьэрт, икIыжырт автобусым.

Бахъсит гукIэ усэ жиIэрт:

*УкъыщIыхьэрт нэгум хур хъыджэбз дахащэу,*
*Уэ уэкIупсу пщыгъыу ди адыгэ фащэр.*
*СфIэщIырт укъызэджэу: «КъакIуэ, къызбгъэдыхьэ,*
*Уэрщ сызритынур, дауи, сэ Алыхьым».*
*Сынежьамэ, дахэр занщIэу убзэхыжт,*
*Ауэ уэ си гугъэр зэи пхэзмыхыжт...*

Къеджэрт Бахъсит усакIуэ цIэрыIуэм итха сатырхэм, игу къинэжахэм. ФIэфIт а щIалэм игу ирихьа усэхэр зригъэщIэну.

КъызэрыкIыжа автобусыр къэувыIэпIэм текIыжу жэщ кIыфIыгъэм хэкIуэдэжа нэужь, Бахъсит гъуэгум адэкIэ жыгхэм хэту къыщыт унэшхуэмкIэ плъащ. Арат Ритэ зыщIэсыр. Общежитт ар. УэздыгъэхэмкIэ зэщIэгъэнэхуат, и пщIантIэ хуитым щIалэгъуалэр щызэхэзекIуэрт. Унэм хэт къэфапIэ пэшым къыщIэIукI макъамэ дэшеяр жыжьэ Iурт. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ пщIантIэ хуитым дэт жыгхэм я щIагъым адэмыдэкIэ щызэдэуэршэрт. Унэм зэпыу имыIэу цIыхухэр къыщIэкI-щIыхьэжырт, Iэпэзэрыгъхэу, Iэблэзэрыдзахэу.

«Ритэ «тху» защIэкIэ зэреджэр дауэ, мыпхуэдизу зэрызехьэ унэм щIэсу? Мы къомми яхэтщ, тхылъхэми хэсыну дэнэ апхуэдиз зэман къыздрихыр?!» – игъэщIагъуэрт Бахъсит, мыпIащIэурэ унэмкIэ здэкIуэм.

Унэм нэхъри гъунэгъу хуэхъуху, щIалэр нэхъ хуэм хъууэрэ, икIэмикIэжым къэувыIэпащ.

«Мыпхуэдиз зэрызехьэм, нэгузыужьым сэ Ритэ игу сыкъэкIыжыххэуи узиIэ! Си фIэщ закъуи хъуркъым... Тхьэм ещIэ ар иджыпсту къызыдэфэр?.. Дахащэщ! Дахащэщи, зы дакъикъи ирагъэзэшынукъым. ПлIанэпэхэм зызыпIытI-зызыхузу, зыгуэрым зэ нэхъ мыхъуми дыкъыдишу дыкъигъэфэн мыгъуэу пIэрэ, жаIэу хъуапсэу къыдэплъ хъыджэбзхэм ящыщкъым ар. Къехъуэпсэн, къепсэлъэн, зыкъыкIэрызыщIэн и куэ-

дыжьщ. Ар дэнэ къэна, – къолъэлъэхыж… Езыри пэшым щIэзэгъэнукъым – зигъэщIагъуэ-зигъэлъагъуэу утыкум итыну фIэфIщ. Дапхуэдизу гугъу сригъэхьа щызэзгъэцIыхум щыгъуэ! КъызэпэгэкIыу, дахэ-дахэу гулъытэ къысхуимыщIу. Ар икIи гурыIуэгъуэщ: къызыхихын и гъунэжщ, зыгуэр къыхихыну и мурадмэ! Пэжу гу лъитащ Лилэ цIыкIу дэ зэщхьу зыгуэри зэрытхэмылъым… Сэращ сыт щыгъуи гугъу ехьыр, зигу хэщIыр… – хэгупсысыхьыпат Бахъсит. – Згъэзэжын? Лилэ… Лилэ и закъуэ къэзгъанэри, и жагъуэ…»

Гупсысэу зыкъомрэ щыта нэужь, хуэмурэ автобус къэувыIэпIэм къытехьэжащ, нэщхъейуэ. «Хьэуэ, иджыпсту сэ Ритэ сыкъыфIэIуэхуну къыщIэкIынкъым… Пщэдей нэхъ жьыуэ сыкъэкIуэнщ, Лилэ зэрыжиIам хуэдэу, мыпхуэдиз зэрызехьэ щымыIэу, япэ щIыкIи телефонкIэ сыкъепсэлъэнщ…»

Тетт къэувыIэпIэм и закъуэ, жэщ кIыфIым хэту. Мазэр къыщIэкIатэкъым. Автобусри къакIуэртэкъым. Ауэ макъамэр къэIурт, нэхъри игу хигъэщIу, гуитIщхьитI щIалэр ищIу. Щытт ар, и пащIэкIэр пишхыкIыжу, апхуэдизу гугъу ехьу нобэ къихьа «плIыри!» Ритэ зэригъэгуфIэну и мурадари, игу къэмыкIыжыххэу.

«Гувами, къафэм нэжэгужэу хэтми, сымылъагъуу схуэшэчынукъым! Iэмал иIэкъым сымылъагъункIэ! Тхьэмахуэ псо мэхъу сызэрыIумыплъэрэ. Уеблэмэ езы дыдэми и жагъуэ ищIынкIэ хъунщ, «укъыщIэмыкIуар сыт?» жиIэу гукъанэ къысхуищIыжу. Пэжуи, къэзгъэгугъащ! И жагъуэ сщIыми сщIэркъым пщащэм!.. СыкъыщыкIуакIэ, нэхъ мыхъуми, зэ сыIуплъэнщ. НэгъуэщI мыхъуми, сэлам есхынщ, кIэнфет тIэкIури естынщ!» – егупсысри общежитымкIэ игъэзэжащ.

КъэфапIэ пэшым цIыхур щIэзт. ЩIэт хьэуар пщтырт, хьэлъэт. Утыкум къафэу зы гупышхуэ итт. МащIэу гъэнэхуа пэшышхуэм и плIанэпэ кIыфIхэм щызэхэтхэр нэхъри нэхъ Iувыжу къыщыхъурт. ЗэхэзекIуэр зы дакъикъэ закъуи зэпыуртэкъым: къызэрыщIэшхэрт, зэрыщIэшэжхэрт. КъэфэнкIэ зызыгъэнщIахэр утыкум къикIыжырти, абыхэм я пIэкIэ нэгъуэщIхэр къыдэкIырт. ТхьэкIумэIупсыр изыч макъамэ дэшеям зэрыунэшхуэу къигъэпсалъэрт.

Бахъсит, лъэныкъуэкIэ къыщыт гупышхуэ гуэрым и щIыбагъ къыдэувэри, къафэхэм яхэплъэу щIидзащ, Ритэ къилъыхъуэу. ИтIанэ къилъэгъуащ. Ар щIалэ лъагэ гуэрым танго къыдэфэрт, и Iэблэ хужьхэр абы и плIэм телърэ и щхьэр лъэныкъуабэу ехьэхауэ.

Зыкъомрэ кIэлъыплъащ, и гур хэщIу. «Сызэригугъа дыдэм хуэдэщ: къофэ… Ауэ сыту дахащэ!»

Къафэр щиухым, кIуэри бгъэдыхьащ хъыджэбзхэм яхыхьэжа Ритэ. Ар къыщилъагъум, къыщыгуфIыкIащ, нэщхъыфIэу къеплъащ, «сыту укъэгува!» къыжриIащ. Сэлам зэрахыу я Iэхэри зэрыубыдри, лъэныкъуэкIэ къыIукIуэтахэщ.

НэщхъыфIэу къыхущытми, Бахъсит и гур а зэрыхэщIт, насыпыфIэтэкъым. НасыпыфIэр Ритэ дахащэ къафэурэ къызэщIэплъарат.

Зыбжанэрэ къызэдэфащ а тIур, гухэлъ гуэрхэри зэжраIэурэ, я щхьэ зэхьэлIауэ. Пщащэр а зэрынэжэгужэт, зэрынасыпыфIэти, хэти къыдэфэну, дэгушыIэну хьэзырт икIи апхуэдабзэуи ищIырт. Бахъсит апхуэдэхэм деж лъэныкъуэкIэ къыщытт къыкIэлъыплъу, нэщхъей дыдэ хъуауэ. «НэщхъыфIэIуэщ, лъагъуныгъэм итхьэкъуауэ фэ теткъым, сэ схуэдэу… Къысхуэзэшкъым, нэкIэ сыкъилъыхъуэркъым… Сыкъилъагъуркъым сэ мы Ритэ фIыуэ, гуапэу къысхущытми. Сэр хуэдэу псоми яхущытщ. Псоми! Ар лъагъуныгъэкъым – зыкърихыну, жылэр зригъэплъыну, зригъэхъуэпсэну аращ зыхуейр… Абы щыгъуэщ щынасыпыфIэр!.. – хьэлъэу

хэщэтIыкIащ щIалэр. – Сэращ гугъу ехьу зигу хэщIыр. И дахагъэмкIэ ситхьэкъуауэ аращ!»

– Щхьэ ухэплъэрэ, Бахъсит, лъэныкъуэкIэ уIукIуэтауэ? НакIуэ, дыкъэгъафэ, мы макъамэр хуабжьу сигу ирохь – блыдумыгъэгъэкI! – къыбгъэдыхьэжащ Ритэ. Аргуэру къызэдэфахэщ, зым игу а зэрыхэщIрэ адрейр а зэрынэжэгужэу.

Къафэр иухыу утыкум къызэрикIыжхэу, пщащэр зыгуэрым гъусэ хуэхъужри, зыщIыпIэ щыбзэхыжащ.

«Пэжщ Лилэ цIыкIу жиIар: зыгуэркIи дызэщхькъым мы Ритэ сэрэ, зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми. Зэи зэщхь дыхъунуи къыщIэкIынкъым. Ауэ итIани… ИтIани фIыщэу солъагъу… Дэнэу пIэрэ щыбзэхари, зи гъусэри хэт?..» – гупсысэм хэтурэ бжэмкIэ здэкIуэм, пщащэр къыбгъэдэхутэжащ.

– Дэнэ уздэкIуэр? ТIэкIу убэуэну ара жьы къабзэкIэ? Тхьэ, сэри сынырщIэкIынум. НакIуэ, зыщытплъыхьынщ щIыбым тIэкIурэ… дызэгъусэу, – и Iэблэр къиубыдащ пщащэм.

КъыщIэкIхэри гъунэгъуу къыщыт жыг хадэ цIыкIумкIэ яунэтIащ. Бахъсит, гупсысэхэм зэщIаубыдати, щымт, псэлъэн кърригъажьэмэ, пщащэм игу иримыхьын, езыри зыхущIегъуэжын гуэрхэр къыжьэдэкIынкIэ гурыщхъуэ ищIырти. Ритэ и жьэр увыIэртэкъым, кIэнфетыр ишхми, псалъэрт а зэрынэжэгужэрэ зэрынасыпыфIэу, зэрыгушыIэрейуэ.

И гъусэр зэрыщымым, зэрыпсэлъэгъуейм пщащэм занщIэу гу лъитакъым. Ауэ икIэм-икIэжым къыгурыIуащ щIалэм гукъыдэжышхуэ зэримыIэр, ар дэнэ къэна – зэрынэщхъейр. Нэхъ набдзэгубдзаплъэ хъуауэ къеплъащ итIанэ, игъэщIагъуэу, езыри нэхъ щэху хъуауэ.

«Сригъусэу къызокIухь, сыдогушыIэ, сыкъыдофэ, итIани нэщхъейщ, къысхужиIэ хъунщ мы пщащэм», – гупсысэрт Бахъсит, лъэбакъуэ зыбжанэ ячыжу жыгышхуэ гуэрым деж къыщыувыIахэм щыгъуэ. Жыг тхьэмпэхэр щэхуу зэщIэщхъыщхъэрт, зэIущащэхэрт, мы тIум зэхуаIуэтэнур сыту пIэрэ, жаIэ хуэдэ.

Хъыджэбзым жыгым щIыбкIэ зригъэщIащ. Абы щыгът и Iэпкълъэпкъ псыгъуэ шэщIам екIупсу бостей пIащIэ. Туфлъэ хужьыбзэ цIыкIухэр удзым къыхэщырт.

– Щхьэ унэщхъей мыпхуэдизу, Бахъсит? Къэхъуар сыт? ЗыгуэркIэ уи жагъуэ сщIауэ ара? – щIэупщIащ тхьэIухудыр, Iущащэ-Iущащэу, мащIэу зыкъыхуишийри. – Тхьэ, сэри сыбогъэнэщхъейм иджы. Экзаменым къэпхьар сыт? МыщIагъуэу ара? Къысхуэгъэгъу, иджыпстущ сигу къыщыкIыжар!

И пащхьэм къит хъыджэбз зэкIуж егъэлеяуэ дахащэм емыплъыфу, еплъэкIри, Бахъсит жиIащ:

– Сыт къэсхьами, аракъым Iуэхур, Ритэ. «ПлIыщ» къэсхьар… Экзамен зэрыстар уигу къызэрыкIыжа къудейри согъэщIагъуэ… Сэ сщIэркъым нобэрей махуэр зи кIыхьагъым сигу хэщI зэпытурэ щIыщытар. Сыту махуэ хьэлъащэт! – жиIэри хэщэтыкIащ Бахъсит. – Пщыхьэщхьэм тIэкIу зызгъэпсэхужу уи деж сыкъыщежьам, сигу нэхъыфI хъужын жысIати, нэхъри хощI! Нэхъ тэмэмыжыр жысIэмэ, – хыбогъэщI… Узигъусэщ, укъысхуэгуапэ, укъысхуэнэщхъыфIэ хуэдэу щытщ. Сэри уэр хуэдэу сынэщхъыфIэу, сыгуфIэу, дунейр схуримыкъуу сыщытыну сыхуейт… ПщIэрэ, иджыпсту мыбдеж узигъусэу ущытми, зикI си фIэщ хъуркъым… КIэщIу жыпIэмэ, псоми уазэрыхущыт дыдэм хуэдэу къысщохъу сэри укъызэрысхущытыр, зикI си фIэщ схуэщIыркъым фIыуэ сыкъэплъагъуу… – ерагъкIэ къыдришейуэрэ жиIащ щIалэм абы и дежкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ псалъэ зытIущыр.

Пщащэр абы жиIэм щIэдэIурт, зэхиххэр ищIэххэрэ псалъэмакъым хуэхьэзыр хуэдэу, гъэщIэгъуэныщи къыщымыхъуу. ИтIанэ къыжриIащ:

– Ара ущIэнэщхъейр? СщIат апхуэдэу къызэрызжепIэнур... Пэжу къыщIэкIынущ жыпIахэр. Ауэ, уи жагъуэ умыщI, сэ си хьэлым, сызэресам зысхуегъэхъуэжынукъым. Сэ... Сэ лажьэ сиIэкъым апхуэдэу сызэрыщытымкIэ, сыту жыпIэмэ срагъэсащ апхуэдэу... Сытезыгъэун, къыздэгушыIэн сыт щыгъуи согъуэт. Зэи си закъуэ сыкъагъанэркъым. Зэгуэр, жьы сыхъуа нэужь, си щытыкIам сыхущIегъуэжыну къыщIэкIынщ, ауэ иджыпсту къару сиIэкъым сызэрыщытым зысхуегъэхъуэжыну... Гухэлъри хъарзынэщ, дауи. Ауэ гухэлъ защIэукъым гъащIэр зэрызэхэлъыр. Ари къыбгурыIуэу щытын хуейщ. Дызэщхьэкъым дэ тIур зыгуэркIи, ар сэ къызгуроIуэ икIи ди Iуэхур адэкIэ зэрыхъунур къысхуэщIэркъым... НакIуэ, унэм дгъэзэжынщ... – и щхьэр ирихьэкIащ хъыджэбзым.

Бахъсит адэкIэ жиIэнур псори гурыIуэгъуэ хъуат. Абы и псэм ищIэрт апхуэдэ гуэрхэр къызэрыжриIэнур мы пщащэ цIыкIум. Еплъырт, и гум зихузауэ.

«ФIы сызэрыхуэмызэнур си псэм ищIат къыщызгъэзэжым, – и гур къиузыкIащ щIалэм, пщащэр унэм здигъэкIуэтэжым. – Апхуэдэ гуэрым сыхуэхьэзырт, армыхъумэ си гур зэгуэудынт. Псори зэфIэкIауэ аратIэ? НэхъыфIу къыщIэкIынщ зыри щIимыхъумэу къызэрызжиIар. Ар зэгуэр наIуэ къэхъужынут гува-щIэхами... Сигу къеуэми, сыт сщIэн, зыгуэрурэ сыпсэунщ. ПщIэну щыткъым, сэ нэхъ сэщхь гуэр сыщрихьэлIэнкIи хъунщ мы гъащIэм е Лилэ цIыкIу хуэдэ... И закъуэ къэзгъанэри сыкъежьэжащ... Сыту сыгущIэгъуншэ!..» – Гупсысэхэм хэтурэ къэкIуэжырт Бахъсит, Ритэ зэ Iуплъэжри щIигъэхьэжауэ.

И щхьэр и жагъуэрэ къэхъуар и гум щIыхьауэ къакIуэурэ, Ритэ и гъусэу къыщикIухьа парк тIэкIум мыпIащIэурэ къыпхыкIыжри зы унэшхуэ гуэрым хэт тыкуэным и щхьэгъубжэм къыдидз нэху фагъуэ мащIэм къыблэкIа къудейуэ, къыздикIари къыздихуари имыщIэу и пащхьэ зы цIыхубз къиухутащ, и жьэр лъэныкъуэкIэ ешэкIауэ щIэгуфIыкI-щIэдыхьэшхыкIыу:

– Почему грустим, симпатичный молодой человек?! Мне тоже грустно и одиноко в этой безлунной темной ночи!.. Давай проведем ее вместе!.. – мэбзэрабзэ и бзэр зыкъыкIэрызыщIэну мурад зыщIа цIыхубзым. Ар туфлъэ лъэдакъ лъагэ папцIэ тетт. Джинс гъуэншэдж зыщикъуар къызэгуитхъын хьэзыру цIыхубз пIащэт. И плIэм фIэдза сумкIэ фIыцIэ цIыкIур и Iэблэ пцIанэмкIэ зыкIэрикъузэрт. И напи и щхьэци лэч зэмыфэгъухэмкIэ зэхэцIэлат.

Бахъсит, ар игу ирихьын дэнэ къэна, къэгубжьащ.

– Что молчишь?! Кем хочешь стану для тебя! – мэлъаIуэ цIыхубз мыцIыхур. – Возьми меня с собой или, если хочешь, пойдем ко мне. Не пожалеешь, бой! – инджылызыбзэ тIэкIуи къыхиIужащ иужькIэ цIыхубзым.

Къыпэувар и бзэ дыдэмкIэ зэрымыпсалъэр къыщыгурыIуэм, Бахъсит езыми урысыбзэ зыкъищIын хуей хъуащ, и лъэпкъэгъуу къыщIэкIынкIэ хъуну а цIыхубзыр жэщ кIыфIым хэту уэрамым зэрыдэтым щхьэкIэ зэгуэпарэ и жагъуащэ хъуауэ.

– Отстань, детка! Мне не до тебя. – Бахъсит абы мащIэу еIунщIри гъуэгум тригъэкIуэтащ. – Не бери в голову, бейби, еще найдешь когонибудь!.. – езыми инджылызыбзэ тIэкIу хигъэувэжын хуей хъуащ, пыIэжьынафэ зримыгъэплъын щхьэкIэ.

«Сыту гущыкIыгъуащэ мыпхуэдэу цIыхухъу зыкIэрызыщIэу уэрамым дэт цIыхубз дэтхэнэри! Напэ лъэпкъ ямыIэжу аращ апхуэдэхэм.

Мыбыи фIыуэ зызэхицIэларэ урысыбзэ зэрызищIам щхьэкIэ къамыщIэн и гугъэ хъунщ зыщыщ лъэпкъыр…» – нэхъри игу хощI жэщ кIыфIым лъэсу и закъуэ зи гъуэгу хуэмурэ хэзыгъэщI Бахъсит. – Сыт лъэпкъыу щытми лъэпкъышхуэм зэрыщымыщыр наIуэщ. Иджырей гъащIэ гущIэгъуншэм хиута гуэрщ арикI, – игу щIэгъужащ цIыхубзым. – Хьэзырщ япэ къэсым… Сыту гугъущэ мы гъащIэр: зэ узэфIищIыкIамэ – зэфIэкIащ, къэгъазэ имыIэу. Ритэ жылэ цIыхухъум къыкIэлъажыхьмэ, мыбы хуэдэхэм езыхэм зыкIэращIэ… ТIури цIыхубзми, Ритэ елъытауэ, мыр унэхъуащ. Шурэ лъэсрэ я зэхуакущ… Лилэ цIыкIу-щэ?! Ари бзылъхугъэщ, мыдрей тIуми зыкIи, зы мащIэкIи емыщхьу! ЛIэмэ нэхъ къищтэнщ а цIыкIум, уэрамым къыдэувэ нэхърэ. ГунэщI-псэнэщIуи щытыфынукъым, Ритэ хуэдэу, жылэми къызыкIэлъригъэжыхьынукъым. Апхуэдэрщ щхьэгъусэ нэс хъунури, укъэзыгъэпэжынури. Мыдрейм хуэдэхэм я Iуэху зэрыхъунур зыщIэр Тхьэ закъуэращ. Сэ-щэ? Сэ си Iуэхур дауэ зэрыхъунур адэкIэ? Сэри сащымыщу пIэрэ насыпыншэ хъуа цIыхухэм? Сымыунэхъуауэ пIэрэ сэ ныщхьэбэ?! Апхуэдизу фIыуэ слъагъум… си псалъэхэр къызэрыщыхъуа щыIэкъым… Си псэм ищIэрт. Лилэ цIыкIуми ищIэрт, къызиIуэкIат, гугъущэ ехьу!»

Гъуэгур жыжьэми, и закъуэу щытмэ нэхъ къищтэрт Бахъсит – автобусым итIысхьакъым. Гупсысэм зэщIаубыдауэ къэкIуэжырт. «Ритэ и гум илъа мылыр схуэгъэткIуакъым. Сыт сщIэн, си насып къикIакъым… Апхуэдэу хъуами, езым Тхьэр щхьэгъусэфIкIэ къыхуэупсэ».

Гъуэгум маршынэ закъуэтIакъуэххэт щызэхэзекIуэр. Лъэси плъагъуртэкъым.

«ЦIыхубзу щыIэу хъуам ухагъадэми, щхьэгъусэ пщIыуэ игъащIэ псокIэ узыдэпсэуну къыхэпхынур, уи ни уи пси зытхьэкъунур зы закъуэщ. А зы закъуэм ухэкIыжамэ, сыт гъащIэр зищIысыжыр? ГурыфIыгъуэу сыт хэлъыж абы? Къэнэжыр е уи щхьэ закъуэу псэун, е сытми зыгуэр щхьэгъусэ щIын, пIийуэ уи закъуэ дунейм укъытемынэн щхьэкIэ. Ауэ цIыху дапщэ мис апхуэдэ дыдэу псэур, зэдэпсэухэр, насып жыхуаIэр ямыщIэрэ зэрыгъу-зэрышхыу, зэбгъэдэлъадэ-зэбгъэдэжыжу…»

Къалэр тIууэ зэпызыупщI псым телъ лъэмыжым нэсащ, гупсысэ хьэлъэхэм хэтурэ. Абдежым зэгупсысхэми кIэщIу захъуэжащ: «Мы лъэмыжым жэщым утехьэну шынагъуэу жаIэ, хъыбар куэд кърагъэкIуэкI… Сыт сэ мыбы мы жэщ кIыфI хэкIуэтам сыкъыхуэзышар?! Ярэби, си нэгу зы мыгъуагъэ гуэр щIэлъу арауэ пIэрэ! И хъыбар сщIэми, итIани сыкъыхуэкIуащ! Си лъагъуныгъэм сыпыкIащ, иджы си гъащIэми… Сыт делагъэ мыгъуэ си щхьэм къихьар! Сыту емыкIушхуэ апхуэдэ псэмахагъэ уигу къэкIыххэну! Еуэ, псыжь, шынагъуэу Iэуэлъауэ, ауэ сэ сыпхуэшынэну уи мыгугъэ. Нобэ сэ сакъыIэщIэкIащ шынагъуитIым – ди егъэджакIуэмрэ къысхуэмей Ритэрэ. ДяпэкIи Тхьэм зэрыжиIауэ хъунщ… Лилэ цIыкIу гъуэлъыжауэ пIэрэ?».

Бахъсит и лъэр нэхъ псынщIэ хъуауэ ежьэжащ.

# Пшыналъэ

КIЭМЫРГУЕЙ Толэ



## Бжэгъулъэ

*Балладэ*

1

Ди Тхьэ лъапIэр зыгъэзакъуэ,
ЛIыкIуэр зыгъэхьэкъ,
Адэ-анэм яхуэсакъыу
Зытемылъ я хьэкъ.

БлумыгъэкIыу уогъэзащIэ
Уи нэмэз уахътыр.
НыхогъэкIыр къихь уи гуащIэм
ЕкIу сэджыт, бытыр.

Щхьэпэ гуэр уэ умылэжьу
Махуэ блумыгъэкI.
Удэсщ къуажэм зы щIалэжьу.
ФIыщIэ жыг пхуагъэкI.

Уи унагъуэрщи, хъуэпсэгъуэу
Псори уи дэIуэгъущ.
УадокIуэкI нэхъыжьхэм дэгъуэу.
ЩIэр уи гухэлъщIэгъущ.

2

Ауэ мазэ зи изыгъуэм
Пшэ техьа нэхъей,
Фызыр лъыхъуэу щхьэусыгъуэ
Зэгуэр къонэщхъей:

ГъащIэ-жыгым фIыгъуэу пыхуэм
НыхуещIыж хэплъыхь —
ФIэщхъуныгъэр зыIэпыхум
И псэм телъщ бэлыхь.

Гу лъыптами уэ зошыIэ,
Арми уи гур мэгъу.
Iуэхум холъхьэ тIэкIу гушыIэ —
ЗэIуплъ плъафIэ мэхъу:

«Сыт къэухъу, Iэу, сыт къэущIэ?!
ЖыIэ, мыхъур сыт?
Нэгум гуфIэу зыкъиущIым,
ЩIагъуэу гум зеIэт.

КъоузIарэ? Усымаджэм,
Къыпхуезджэнщ дохутыр.
Япкъырытщ пыхусыхур Iэджэм.
Догуэт, уи щхьэр пщтыр?»

Iэр ныхуэпхьрэ пэт и натIэм,
Фызыр къыщолъэт,
Асыхьэтуи къоинатыр,
Къыщеуд: «ТекIуэт!

Тхьэм удих уэ пыIэжьынэр!
Лыгъэу щай пкъуэмылъ!
БгъэкIуэдащ уасэншэу бжьыныр.
Лейу укъызэмыплъ!

Нэбгъэсамэ ар Сыбырым,
Ди унэр къибгъат...
Куэдым уэ уздэсабырым
ЛыфI урагугъат...»

Къуимытыххэуэ бэуапIэ
ЩIекъутыкIыр Хужь.
Уэ а псоми и жэуапу
ПоупщI кIэщIу: «Хъунщ!..

КъыпщыщIар сыт? Сыт телъыджэ?..
Дэнэ къипха бжьын?!
Абы щхьа укъикъуэлъыкIыу
Хуей-тIэ къэгубжьын?!»

Ауэ, дэнэт, зегъэжьэшхуэ,
Къобл Хужь и «зэфIэкI»:
«Тхьэм и нейр уэ зым къыпщыхуэ.
ЩIыхухъу уэ зым фIэкI

Мы дунейм темытыжамэ,
Алыхь, сыпхуэмей!» —
Къемыха и нэпс къудамэр
ЩIелъэщIыкI абдей.

3

Аурэ кIэншэ губжь къутахуэр
Щыхъуэ кIэ къощэщэх,
Къару гуэрхэм «укъыдахур»,
Бзэх жыхуаIэу, бзэх!

ПIэщIохутэ зы бжэгъулъэ.
Пхуохъур ар Iэдэж.
Фыз къанлы хъуам уигъэбгъунлъэщ —
ЗикI укъимыдэж.

Бынри нахуэу къигъэделэу
Урегъэхьыр хьэм.
Сэ солъагъу бэлыхьу фтелъыр —
Бгъэдызолъхьэ Тхьэм.

4

КъызэрикIыр ер вы бжьакъуэм
ПщIэми уэ, лIы къуэгъу,
Мыхъугъарэт а фыз жакъуэр
Хейм и ныкъуэкъуэгъу.

«Къыбжьэдалъхьэм пшхынущ IэкIэ» —
ИкIэм къыпфIещыж.
Хьэлым имытыжым Iэджэ
ПкIэлъеутIыпщыж.

Ар хъунт зыхуей хуэбгъэныкъуэм...
Хъуатэм мис ар бжьын...
Уэ цIыху еншэм уи гугъакъым
А псор «къэблэжьын».

Зым нэхъ зыр нэхъ дыджу быныр
Зыжьэу къуиутIыпщын,
ПкIэрымылъкIэ уаубыныр
УзыщIщ хэутэн.

Уи щхьэ лIым хуэбгъэфэщакъым
Уи Iэр къэпIэтын.
Нэхъ къэпщтащ хыумылъхьэм Iуэхум
Псалъэ лей, удын.

5

Зэ тоуж щIихьа уэлбанэр.
Жьапщэр мэзэгъэж.
Уае нэхъ Iэпщэрыбанэр
Бзийхэм къахуогъэш.

Ауэ фызыр къэинатым,
Уэзырэдж и лощ...
ХьэщхьэрыIуэр хъуащ уи натIэ,
Иджы пщIэнур слIо?..

Зы, жиIащи Алыхьталэм,
Ар уэ пщIынкъым тIу.
Щитар фызыр хьэлыфI пщалъэм
Хуэдэщ иджыпсту.

Пэжщ, къэхъунур тщIэркъым зыми —
Тхьэм фIым хуиузэщI
Хэтми хуиту щIыми псыми
Исыр ГъащIэ куэщI.

6

УепсэлъылIэ щIыкIэщ бжэгъум:
«Дэнэ къиукI хьэл?..
Зэрызгъэшхмэ фIэфIщ ижэгъум,
Дауи, си дзэщхьэл.

КъоIэ Хужь зыгуэрым и бзэ
Е шейтIан щхъухьпсыхь.
Дауэ щымытами и псэр,
Iей ерум епсыхь.

ЗикI щыIэнщ схужызыIэни
«ЗигъэIумпIэфIащ».
Уэ хэт и жьэр бгъэпыIэну —
Iэджэм Iэджи фIащ.

IумпIэфIагъэ-тIэ дэчыхыр?
ЗэпIэзэрытагъщ.
Арыншамэ губжьым къихьыр
Банэм ухъу и къуагъ.

Ей, а псори зэхэплъхьэжым
ЗиIэр хейщ дэчых.
Уримыхъу плъысам уэ щхьэжэ, —
Нэгур зэлъыIух.

Iуэхур Тхьэм зэриухауэ,
Шэч хэмылъ, йокIуэкI.
ЩIэлъ гупсысэр мыбы, дауи,
КIэщIщ, къызэрыгуэкIщ:

Гъащlэ-жыгым фlыгъуэу пыхуэм
Хужь хуещlыж хэплъыхь –
Фlэщхъуныгъэр зыlэпыхум
И псэм телъыщ бэлыхь.

7

Алыхьталэм и lэмыркlэ
lуэху къыплъыкъуэкlащ.
Щысlуэжынщ уцlыху мамыркlэ –
Уи дэфтэрхэр зджащ.

Сэ сыхэтми, ар къуэдыкъым –
Дытетщ зы дуней.
lэзэгъуазэр ди пщэдыкъым
Куэдрэ дэсын хуей?!

Къеуэлlар Хужь щхьэщыпхыну
Зэгъэзар уэрщ дзыхь.
lэзэгъуазэм цlыхухэр ену
Къызэтрагъэпцlыхь.

«Щlэгъэуэни» «узэфэни» –
lэджэ къагупсыс.
lейуэ уэ пхуэгузэвэни
Хъуахэр lимансыз.

Тхьэ lэмырым и зэфlэкlым
Мыхъуми ящыщ зы,
Зэ иджыри я нэгу щlэкlым,
Куэд хъунщ арэзы.

Фыз щlихьам и губжь къутахуэ
Мэхъури къощэщэх,
Къару гуэрхэм «укъыдахур»
Бзэх жыхуаlэу, бзэх.

8

Бжэгъур хотlэри Балъкъ lуфэ
Ущогъуэлъ, уожей.
Апщlондэху, Алыхь унафэщ,
А хэптlар дожей,

Къогъэгъэжри напIэзыпIэм,
И къыпыкIэ бэвщ.
Тхьэмпэращи, хуэхьэбзыпэщ,
Зи щхъуантIагъэр Iувщ.

Арти, поху зы мыIэрыси,
«Сархъэщ», — укъотIыс.
Дахэщ ди Тхьэм фIэдурысыр,
Пкъым щызэлъощIыс.

«Тобэ-Iистафрилэхьыр»
IупщIу къоIущэщ —
Зэрылъэщыр Азалыхьыр
Нэхъри мэхъу уи фIэщ.

Мис арыххэу мурад щIагъуэ
Уи гум щызопэщ:
Лъынтхуэу пхэлъхэм къыхущIагъур,
Яхуэмыхъуу пэщ,

Жэрдэмыгъэ, пхуэщ щхьэпагъэ,
Зыщтэ къару къыр.
Къыпщхьэщех телъыджэу бахъэ,
Жыр мэхъу, дауи, пкъыр.

Хэт акъылкIи къыппэхъуну,
Уеблэм фIэтми щхьий.
Абы хэту псы нэпкъ гъунэм
Къыщотэдж Уэхьий.

ЖьакIэ уэсрэ псэр зыхьэхум
Къуехри къуэш фIэхъус,
Тету а зэрынэхутхьэхум
Зыхуейр плъегъэIэс:

«Дэчых зиIэуэ цIыху щхьэпэ,
Тхьэр зыхуэупса,
Узыхэтыр мыпщIыхьэпIэ —
Iуэху узэмысащ.

Уи бжэгъулъэм мыIэрысэ
КъыпызыгъэкIа

Лъэщу лъапӀэм фӀэдурысу
СыкъыплъыкъуэкӀащ.

Уэри гу зэрылъыптащи,
ФӀым щыфӀыкӀыжам
Нэпсеигъэр къипхъуэтащи,
Сыт и дин-ислъам?..

ФӀэщхъуныгъэр Ӏэпыхуауэ
Телъщ и псэм хьэзаб.
Ӏиблис и «нэфӀ» къыщыхуауэ
Ипс къэрегъэӀуб.

Мис апхуэдэм къытопщӀыкӀыр
Ӏейуэ куэдыкӀей:
НыпӀэщӀех уи зэхэщӀыкӀыр,
УкъегъэщӀыкӀей.

9

Анэм ижь ящӀихури быныр
Уэ пщызэкӀуэкӀащ.
Ӏиблис и псым еӀубыныр
ӀупщӀщ, къалъыкъуэкӀащ.

Бзаджэнаджэри шейтӀан узри
Къуийм и щӀыӀу гуэрэфщ.
Арщи, бынри фыз дзы усри
ГъащӀэм хуэарэфщ.

Ӏиблис къуэдзэхэр итӀани
Зыщ нэхъ зыхуеяр:
ПхурахуэкӀыу жьэлъэтӀанэр
Мо фыз пӀейтеяр

Ибгъэсхьэнырт бетэмалу
ГухэхыпцӀ хьэку плъам,
ШыӀэныгъэр уэ Ӏэмалу
Абдеж пхэмылъам.

Уи бынунэр губгъуэ нэщӀым
Къибнагъэххэт зи,

Иджы дыдэ фщIа унэщIэм
ЩIэмыпсэжу бзий.

Iэзэгъуазэр хузэпощэ
Iуэху къыплъыкъуэкIам.
Ахэм дежкIэ сыту фIыщэ,
Уи хьэл-щэн уикIам.

«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр», уощIэ,
Бгъуэтрэ ущыхуейм?..
Ахъшэ-бохъшэ куэдыр щощIэ.
Зихъуэжащ дунейм.

Арми зи Iэзэгъуэ итыр
Къэрилъхьарщ Тхьэм уигу.
Бынунагъуэм дуней хуитыр
ЩIэгъэпсэж я нэгу.

Бжьыныр сыт?.. Ар фIэгъэнапIэ
Хъуауэ аркъудейщ.
Ем къелъыхъу Iэпэдэупlэ —
Гугъур мис абдейщ.

Бзаджэнаджи шейтIан узи
Уэ ппэмылъэща.
Зэи, ещIэ ди аузым,
Тхьэр пщымыгъупща.

Ар зигу илъым и лъэр быдэщ:
И нэбжьыщ хэмыху,
ПцIыр къылъихьэм зеубыдыр,
ПэжкIэ мыхуэмыху,

Шахьидэтыр муслъымэным
ЗыIурылъ зэпытщ.
Хуэблэу ди псэр зи къурмэным
ГъащIэ-жыгым пытщ.

«Къару гуэрхэр», — сощIэ ар сэ,
МелыIыч Iэмырщ.
Ахэр уэ къыпщхьэщохуарзэ —
Уи дунейр мамырщ.

## 10

Уи бжэгъулъэр хъуащ жыг уарди,
Мис, Балъкъ Iуфэ щокI.
Лэжь иджы думыхыу мардэ
Тхьэм пщищIар гукъэкI.

ЦIыхум IуэхуфI къыщехъулIэр
Хэлъмэщ и жэрдэм.
Мыр гу, псэм езымыхьэлIэ
Зы псэм и Iэдэм

ЩремыIэ: арщ захуагъэр,
Уеблэм гъащIэ пкъощ,
Лъынтхуэу гуми дыщэ уагъэщ —
Нэгум IупщIу къощ.

Мес, уолъагъур, зыхыбощIэ:
Лъапсэр пшагъуэ Iувщ.
Уи жэрдэмым унэр щощIэ —
Ар бэлыхь зыгъэвщ.

ЕкIуэкIынкъым апхуэдэххэу.
Арщи, пщIапхъэр щIэ.
Уи бынунэр гъуэгум дэхыу
Щхьэрыуапэм-щэ?..

Догуэт, ар Тхьэм къыпхуимыхькIэ!
ФIым дыщыгугъынщ,
АдыгэлI мылъэрымыхькIэ
Сэ тхьэ щысIуэжынщ.

Щытыгъам дунейр IэфI защIэу,
ЩыIэнт дыдж хэлъ зилъ?..
ФIыкIэ! Сэ сыIуэхутхьэбзащIэщ.
АдкIи Iуэху спэщылъщ» —

Уэхьийм, псалъэр щIеIуэнтIэжри,
ЗыIуегъэбзэхыкI.
Мурад кIапэр уоубыдыжри,
Жану уоувыкI.

МыIэрысэр уи кIэдахъуэм
Тхъуэплъу из къыбощI.
Лыжь мыщIыху зыпщIа нэхъ дагъуэ
Бдэзмылъагъуу сфIощI.

Сыт щIэмыхъур апхуэмыдэу? –
ЗэкIэ къэдгъэнэнщ.
Щэхуу хэлъыр, гу лъыдмытэ
Хуэдэу дгъэпыIэнщ.

Щэху и куэдщ мы дунеижьым,
Уэ къэтIэщI къудей.
Ухуит закъуэм уи гум, уи жьэм,
Куэд къощIыф сэтей.

Iэнкуныгъэ пхэмылъыххэу
Уи лъэр жану щIокI,
Мурад дахэр уигу илъыххэщ –
Плъагъунщ и зэфIэкI.

УхуопIащIэ уи унагъуэ
Пшагъуэм щIиуфам.
ХуэфI ухъункъэ Iуэху шынагъуэ
Къыфхуэудэфам.

«Бжьын сатум» къытехъеикIыу
ЕкIэ зызубгъуам
Дихуэжынкъэ бжыхьым и кIэр,
Дауэ ар мыхъуам.

11

ЖоIэ уигукIэ: «Бжьыхьэр уэфIу
Берычэтыр зыт?
Бзур и пшынэм емыуэфу
Фэ щIытетыр сыт?

Жыги удзи мыщхъуэмыфэ
ТеплъэкIэ хуэпа?
Хьэуам щесрэ псэр пхъэмыфу?
Гур щхьэ «ушкIумпIа?»

Мис а псоми я жэуапыр
Поплъэ пIалъэ кIэщI.
Уи бынунэр зи шэуапIэ
Узхэр зи мыкIуэщI.

Пшагъуэ Iув зэпылъэфыжыр
Щыетар фи дежщ.
КъыпфIегъэщI зикI мыувыжу
ЛъэкIэ гукъыдэж.

Шэч тумыхьэу уи зэфIэкIым
Нэхъ еужьэрэкI.
Уи бынунэр абы фIэкIым
СфIощIыр «уфэрэкI».

12

Уи лъэр жанрэ гур къилъэту
Лъапсэм уохутэж.
Къуищри пхъуищри абы хэту
Къос, зэкIэроуэж.

Лыжь мыцIыхум пхузэщIоплъэ
Пашэу физ къанлыр.
Ауэ укъищIауэ къоплъыр
Фи хьэжь угъурлыр.

ПщIэнур сыт? УкъоIэнкуныр.
Лейщ уэ пщIыр зи гугъу.
АдкIэ тхъий уамыгъэкIуныр
ЩыхъукIэ нэрылъагъу,

МыIэрысэхэм запхъуатэ,
Нос и Iэгу щхьэж зейм.
УигукIэ жоIэ «Мис ар хъуатэм...»
Хьэжьми фIэфIщ къобзейм.

Дауэ хъуами къахуэмыщIэу,
МыIэрысэр яшх.
Асыхьэту уэгу IэмыщIэм
Къолъэлъ уэру уэшх.

Лъапси къуэпси зэщIелъащIэ
Мо уэшх хуабэ хейм.
Псиблыр щIоплъэ гъащIэ лъащIэм —
ЗыкъащIэж абдейм.

Уи бынунэ фIыщэу плъагъум
Къытепхьэжкъым шэч:
Хухашыжу уи псэм лъагъуэ,
Адэм зыкърашэкI.

ЛIыжь мыцIыху зыкъыумыщIатэм,
Къыптезэрыгуэнт —
Гъазэ имыIэжу пщIантIэм
Адэр дэнэ кIуэнт?..

Ауэ Iуэху хэкIыпIэр, дауи,
А бжэгъулъэращ.
Зыхуей дыдэр иредауэ
Ар сэ си фIэщ хъуащ.

Iэзэгъуазэм я жьэ фалъэр
ИщIу макъ щIэпкIащ.
Хужь Тхьэ лъапIэм йоувалIэр —
Къихьыжащ Iичрам.

ЩIегъуэжахэр плъыжь къэхъуауэ
Щхьэгъусэм Iуплъащ.
«Къысхуэгъэгъур!» — щIэгъэщхъуауэ
Нэгум IупщI щыхъуащ.

Уэ цIыху щыпкъэу дэчых зиIэм
Жьэм къебгъэкIукъым лей.
Уи бжэгъулъэм темыпыIэу
Уи псэр худоплъей.

13

Жыги удзи зэщIолыдэ,
Ягу итхьэщIыкIащ.
Бгъуэтыжащ насып мылъытэр.
Арти, зэфIэкIащ

Бзаджэнаджэм, шейтIан узым
Узыхагъэтар.
Уи хъыбарыр Балъкъ аузым
Сэрщ щызыIуэтар.

Тхьэр уигу илъщи, уи лъэр быдэщ,
Уи мурад зэпэщщ.
ДинкIэ ди Iэр зэроубыдыр,
Плъагъурэ, къуэш, дылъэщщ.

IэкIэ ямыщI къэзыгъэщIу
Ди Iур зыхуэдгъэгъу
Тхьэм и нэхур фIыкIэ дгъэнщIу
Щытмэ, тхуещI гущIэгъу.

Мылъку-былымым димышэхыу
ЗыкIур зи гъуэгу пэж
КъыхуэгуфIэу щIылъэр, пшэхэр,
Ди Тхьэм егъэфIэж.

14

Дыгъэ къепсыр си щыхьэту,
Схуэхъуу бзийр уэчыл,
Мы балладэр асыхьэту
СщIакIэт сэ къабыл.

УщытеткIэ дунеижьым,
Iэджи мэхъу щIэн хуейр.
Урихьэжьэмэ Iиблис и жьым,
Бынунагъуэ хейр,

Хэт ищIэн, зыгуэркIэ бгъунлъэм,
Мыхъу щIыкIэ удын,
Мис апхуэдэ зы бжэгъулъэ
Тхьэм къуэзэритын!

*9—11.03.2005 гъ.*

▪ ▪ ▪

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий



# *ЖыIэгъуэхэр*

* * *

ЦIыхум и гум щихъумэри сэтей къищIри зыщ Тхьэм и дежкIэ: Ар тIуми щыгъуазэщ.

* * *

Гугъуехьым цIыху щабэм хьэбэсабэр къыхрегъэх, ерыщыр пэщIоувэ икIи хэкIыпIэ къегъуэт.

* * *

Ныбжьэгъум укъыфIэмыIуэхуж хъуамэ, ухущIэмыбжэу уи гур гъэтIыс – ар гурыщIэ-гупсысэ жьгъейм дихьэхауэ аращ е уэ зэфIэкIкIэ укъыкIэрыхуу щIэбдзащи, еужьэрэкI.

* * *

Тхьэр зи фIэщ хъуам дуней зытетыр нэпцIу къызэрыфIэщIым ущIехъуэпсэни хэлъ хуэдэу щытщ – гугъэ гуэрым иIыгъ зэпыту мэпсэу ар.

* * *

Алыхьым жиIар зи тхьэкIумэм имыхьэм уепсалъэкIэ сыт къыпыпхын?

* * *

Псалъэ дахэ нэхърэ – псалъэ гуапэ.

* * *

Iуэхур тегушхуэгъуафIэ пщIыми абы иумыкуфми, кърикIуэр зыщ: зэIыщIа мэхъу.

* * *

Сэбэп мыхъур зэранщ, зэран мыхъур сэбэпщ.

* * *

Пашэнри кIэлъэфынри тыншкъым – ныбжьым елъытами, лIыгъэшыгъэм Iуэхур хуэкIуэми.

* * *

УщIегъуэжын щхьэкIэ Iэмал имыIэу зыгуэр блэжьын хуейуэ щыткъым – уи IитIыр зэтедзауэ ущысми, куэд уигу къыщеуэж къохъу.

* * *

Лъэпкъым мыхъумыщIэ къыхэкIмэ, я тхыдэм пэIэщIэ ящIри, и цIэри и щхьэри дунейм тета-темытауэ къонэ.

* * *

Фадэр къаIурыжрэ жьы дэхупIэ имыIэу ягъэIу лъэIухэр Тхьэм и деж нэмысын псалъэщ, ауэ нэхъри къыщIагъэлъэурэ мэхъуахъуэхэр.

* * *

Пасэрей тхьэхэмрэ иджы нэмэз зыхуащIымрэ гуащIэрэ гущIэгъурэ и лъэныкъуэкIэ уабгъэдыхьэмэ, зэрагъэхь щыIэкъым.

* * *

Оценкэм Iуэхур хуэкIуэмэ, «тIури», «щыри», «плIыри», «тху» дыдэри сфIэмащIэу къызохь – щхьэж къысхилъагъуэм хуэдиз.

* * *

Уи нэр иращIу къыбжаIэ псалъэр уигу иримыхькIэ и мыхьэнэм кIэричыркъым.

* * *

«Сыхуреныкъуэ абы» щIыжыпIэр нэхъыбэ пхуэщIмэ, куэд дыдэ уиIэу къыщIедз.

* * *

Хъущам къызыхэкIа кIыфIым хыхьэжын щIидзащ – пхъэщхьэмыщхьэми цIыхущхьэми.

* * *

ЩIэуэ къежьэ хабзэхэр сыт щыгъуи гурымыхьу къыщIедзэ – уз лIэужьыгъуэм ещхьу зэман къакIуэм умыщIэххэу къызыпхев.

* * *

Делэу зи цIэ къраIуэм къизыIуэхэр къыхэщыркъым – къыздыщIэдзэн хуейри абыхэм я дежщ.

* * *

ЦIыхум ухуей хъуамэ, мэхь-мэхьщ, къыпхуейуэ щытмэ, алыхьбилэхьщ.

* * *

ГъащIэр къыщIэбдзэжкIэ, сыт къыпхуищIэн – тIэукIыр щIагъуэкъым.

* * *

И бий кIэуфIыщIхэм я цIэр къыщриIуэкIэ, цIыхум нэхъыщхьэр IэщIогъупщыкI – и щхьэр.

* * *

ЩIалэщIэм зигъэбалигъыурэ, жьыхуегъэзэкIым зигъэщIалэурэ гъащIэ мащIэр псынщIэу йокIэрэхъуэкI.

* * *

Пэжыр куэдрэ пцIым йохъуапсэ, ауэ сыт щыгъуи езым нэхъ лъагэу зелъытэж.

* * *

ЖьыхуегъэзэкI ухъуамэ, зэмануи гъащIэуи щIагъуэ къэнэжыркъым, ауэ къэпкIуа гъуэгуанэри зэрынэпцIыр IупщI зыщI лъэхъэнэщи, ари мащIэкъым.

* * *

Илъэс пщIей зи ныбжьыр щIалэжкъым – сабийщ.

* * *

Губжьым цIыхур игъэдахэркъым – гушыIэ-зышыIэ егъэлеям хуэдэщ.

* * *

Дэтхэнэ пIалъэри щIэхыу къос, – гъащIэ пIалъэр япэ иту.

* * *

Кхъэм яхь къахьыжыркъым – кIэлъахь.

* * *

Пэж мыфэмыц Iэджи щыIэщ зыпцI и мыуасэу.

* * *

Народым гурыхь щыхъу власть щыIэкъым, ауэ унафэншэу къанэмэ, езымкIэ куэдкIэ нэхъыкIэщ.

* * *

Фызым и псалъэр пхымыкIми, и Iуэхур зэрыхуейм хуэдэу дегъэкI.

* * *

ЦIыхум куэд хуошэч, и псэм утемыгъуалъхьэмэ.

* * *

ЦIыхубзым щIахъумэнумрэ къыщIагъэщынумрэ зыхуэдэр къэтщIауэ гъащIэр къытIэщIэухэми, пщIэншэу кIуатэкъым, ауэ а Iуэхум кIэ иIэу къыщIэкIынукъым.

* * *

Делагъэ къызыIэщIэмыкI губзыгъэрэ губзыгъагъэ къызыжьэдэмыху делэрэ щыIэкъым.

* * *

Урысей бюрократием икIэм-икIэжым кIэмуж игъуэтащ: Iулъхьэм къуилъхьэжащ.

* * *

ЦIыхум и щэныр зэман къакIуэм елъытащ.

* * *

Нэм и пэ псэр ихуэ жызыIар щхьэм зэрыщыгугъ щIагъуэ щыIэтэкъым.

* * *

ЦIыхур сытым хуэбущийми, и щэныр зэман къакIуэм еубзыху.

* * *

ЖыIа хъуам утепсэлъыхьыныр нэхъ тыншщ, щIэ гуэр япэу жыIэныращ гугъур.

* * *

Езэш нэхъ гугъу сыт щыIэж жыуегъэIэ – уи щхьэр здэпхьын умыгъуэту укъыщынэ лъэхъэнэм емынэунэ ухъункIэ хъунущ.

* * *

ЩIэи гъуни зимыIэ дунейм щыщу ику иту илъэс хыщI-блыщI гъащIэр къэбгъэщIэну мащIэIуэщ, гущIэгъуми пэIэщIэщ.

* * *

Бзэм уримылажьэмэ, урипсалъэ къудейкIэ зиужьыркъым – щIэткIукI-щIэсыкIыурэ хокIуэдэж.

* * *

Псэм и унафэм щыщIэмыт сыхьэтым щхьэм цIыхугъэ Iуэху зэрехуэ, ауэ апхуэдэ хуитыныгъэ зэкъуэхуауэщ къыщыхуихуэр.

* * *

Ахъшэр пхъуантэдэлъмэ, тхылъымпIэжь лIэужьыгъуэщ, нэхъ фIей уигъэлъыхъуэну.

* * *

БлэкIа зэманым щыщ нэхъ узыхуэмей гукъэкIыж гуэр къыпкIэрыхъыжьэнщ, уи гум зыкъомрэ зыщриIуэнтIыхьынщи, бзэхыжынщ – аракъэ бий кIэуфIыцIкIэ зэджэжыр?

* * *

КъысхуащIэIакъым жыпIэу тхьэусыхафэр умыгъэшу, къуамыщIаIамэ, гуфIэу щыс.

* * *

Губзыгъагъэр зэхэзыхыр мащIэщ, абы зи тхьэкIумэр хуэжьажьэхэм ящыщщ езы жызыIэхэм я нэхъыбэр.

* * *

Къыдэвыж мэжаджэ: пасэрей пщы-уэркъщIэжхэм я дыгъуасэр зи нобэм пщэдей иIэкъым.

* * *

Быным уазэрыхэкIыжыр уигу пымыкIыу дунейм утекIыжмэ нэхъыфIщ, уазэрыхэтыр къатехьэлъэу укъытенэ нэхърэ.

* * *

Узыпэмыплъа Iуэху къыкъуэкIмэ, ебгъэтIылъэкIыурэ екIуэкIым щIэбдзэну уигу къокI.

* * *

Муслъымэн динымрэ адыгагъэмрэ зэрымыгъатхъэ-зэрымыгъэпщу, зым и зэран адрейм екIыу къогъуэгурыкIуэ.

* * *

Гур Iэджэм мажэ – дагъэ емыгъэфарэ кIыргъыу.

* * *

Узыхэдэн щымыIэмэ, хэдэ-хэплъыхьри лейщ; апхуэдэ дыдэщ дунейри: зыхъуэж щыIэкъым, щыIэр ехыжщ.

* * *

ШейтIаным пэжыр пIэщIеш, жыхуаIэм пцIы хэлъу къыщIэкIынукъым, – ар кIэрыхубжьэрыху лъыхъуэ ежьэм щыщкъым.

* * *

ГъащIэм къыхэпхыну ухуежьэмэ, щIэхыу къыпIэщIэухэнущ, хэслъхьэнщ жыпIэмэ, лъащIи гъуни имыIэу бгъуэтынущ.

* * *

ПсынщIэ къыпщищIынур къыптримылъхьэнумэ, Тхьэм къару иIэщ.

* * *

Сыт хуэдэ ныбжьым уимытми, гъащIэм ухэкIыжащ, – балигъ умыхъуамэ.

* * *

ЩIэныгъэрэ цIыхугъэкIэ къыпхуэмыхьыр хьилагъэм хохьэ.

* * *

Чэнджэщу птыр къохьэлъэкIыркъым, хьэлъэр пIамыхыу къыпхуадзыжмэщ.

* * *

КIэ зимыIэу фIы щыIэкъым щыжаIэкIэ, цIыху гъащIэм и гугъу ящIыркъым, ауэ ар абы хэбжауэ щытщ.

* * *

Тхьэм гущIэгъукIэ ущыгугъмэ, цIыхугъэкIэ гъэнщIа гъащIэ къэгъащIэ; фарз бгъэзащIэ къудейкIэ жэнэтыбжэр зэIуха хъунукъым.

* * *

НэщIкIи, нэмэзкIи, хьэжыщIкIи зыри къыпхуэгъэпцIэнукъым, ауэ сэджытрэ бытыркIэ къыдэпхьэхынщ.

* * *

ЦIыхум хуэфащэр жепIэмэ, жагъуэ щохъу, щытхъупс хуэбгъажэмэ, пцIыупс уохъу.

* * *

Фадэм куцIыр зыщIефри, кIэмпIырафэр къыпхуедзыж.

* * *

Утыкум ихьэгъуафIэ къинэгъуафIэщ.

* * *

Хэт сыт къыпхужиIэнуми хуитщ: щхьэ зыфIэтыр хъуэхъуэнщ, къызыхуэтыр хъуэнэнщ.

* * *

Адыгэ Iэнэр ерыскъым щIыхуримыкъур сыту пIэрэ?

* * *

Быныр адэ-анэ хъумэ, езыхэр жыIэдаIуэу щытауэ я щIэблэм къыщагъэхъу.

* * *

Алыхьыр арэзы пщIымэ, цIыхуцIэ зиIэм я нейр уи хьэзырщ.

* * *

Тхьэм дяпэ куэдрэ уригъэт, къыбжаIэу щIадзамэ, зэману къэнэжари мащIэщ, блэкIами уигу фIы зэрыхъуну къыпхуэщIэжри апхуэдизщ.

* * *

Зыр зыкIэ бгъэбагъуэмэ, тIум ещхьу щыбагъуэркъым: щыIэкъым наукэ дунейм и зэхэлъыкIэ псори къызэщIиубыдэфу.

* * *

ГъащIэм укъыкIэрыхуамэ, кIэлъыплъу щыс – умылъагъужыху.

* * *

Уи псэр дзапэкIэ пIыгъыу быным уи гъащIэр имыгъакIуэмэ, адэанэ нэс ухъуакъым.

* * *

ЦIыхур дунейм ехыжмэ, пхэщIынум хуэдиз псэуху къыпхуещIэ.

* * *

ЦIыхубзым жиIэм зэикI тумыщIыхь, – нэхъыфI хуэпщIэнумэ.

* * *

Ахърэтым хэт сыт хужиIэми дунейм нэхъ тыншу утезыIыгъэ Iэмалщ.

* * *

ЛIэныгъэр Iейкъым: армырамэ гъащIэ щыIэнутэкъым.

* * *

УзэплъэкIыжми уигу фIы зэрыхъун куэд плъагъуркъым, ауэ къыппэщылъым еплъытмэ, бгъэзэж хъунут – икIуэтыпIэ щыIэкъым.

* * *

МащIэр фIыщIэ зымыщIыр фIыщIэ зэращI щIыкIэм пэIэщIэщ.

* * *

Ерэхъурэ-хъункIэ зыгуэрхэм уафIокI, къэнахэм уафIонэ.

* * *

ФIы щIэи, псым хэдзэ – нэхъ хъума ухъунщ.

* * *

Кхъэм и теплъэр лъэпкъым и плъыфэщ.

* * *

Иджырей бегъымбарыр мажусийхэм щIагъэIэмэ, зыщигъэпщкIун гъуанэ иджырей щIакхъуэ буханкэхэм щигъуэтынущ.

* * *

ЦIыкIужьейм и нэм къыщIэуэм цIыхушхуэр хуэнабгъэщ.

* * *

Ужеймэ, ахърэтщ, укъэушмэ, дунейщ.

* * *

ФIы пщIамэ псым хэдзэ, Iей пщIамэ зыхэдзэж.

* * *

ЦIыху гъащIэм дуней нэпцI фIэзыща адыгэм и философскэ гупсысэм нэсу зиIэтат, ахърэтым дуней пэж фIимыщыжатэмэ.

* * *

Жьымрэ щIэмрэ зэныбжьынкIи мэхъу, ауэ ныбжьэгъу зэхуэхъуркъым.

* * *

Адэ-анэр дунейм тетыху яхуэпщIэфымкIэ къалэныр пщхьэщыкIыркъым, уакIэлъыпсэухукIи я цIэр бгъэлъэпIэн хуейщ.

* * *

Сыт хуэдизкIэ цIыхур фIыуэ умылъагъуми, ар зэрыхуей дыдэм ещхьу дунейм утемытыфынкIэ мэхъу – нэхъыбэм къэхъури аращ.

* * *

Лъагъуныгъэм щыхьэт утехъуэну дзыхьщIыгъуэджэщ – утыку укъринэу ежьэжыныр хьэл мыгъуэу хэлъщ.

* * *

БылымипщI къыпщIэнми, языхэзым уи цIэр ихъумэфынукъым, ауэ зы псалъэ шэрыуэ къызэбнэкIмэ, тхыдэм укъыхинэнщ.

* * *

ЛIым фызыр зэхэзехуэн ищIкIэ, къыхуищIэнур мащIэщ, – фызым лIыр кърımыхуэкIмэ, къыпихынум хуэдизщ.

* * *

Псалъэ лей ебдзурэ фызыр зэIыумыгъэхьэ, ар езыр-езырурэ къызэщIэнэхэм ящыщщ.

* * *

Щытхъупсыр псынщIэу мэгъуж.

* * *

Узэджэр къокIуэ жаIэмэ, пэж гуэр хэлъщ, ауэ пцIы лъэпкъ зыхэмылъыжи щыIэщ: зэи узэмыджэнур абы и пэ иту къос.

* * *

Зэрыхъун хъуа мыхъумыщIэм, тIыгъуэжын щIидзэмэ, и гъащIэр нэхъ гурыхь пщыхъуу щыхъу щыIэщ.

* * *

Ныбэр псэлъэну хуежьэмэ, жьэ Iей зэщIех.

* * *

УзыпэщIэувэну уи нэ къызыхуикIым къуэуви, къэхъум еплъыт – узыхуейм уи Iэ нэхъ техуэнкIэ хъунущ.

* * *

ЛIам «и гуэныхьыр тхьэм къыхуигъэгъу» щыжаIэкIэ, зэлъэIум и мурадым лъэIур техуэу пIэрэ?

* * *

Делэм ищIэу хъуар еIуатэ, бзаджэм нэхъыбэр егъэпщкIу, губзыгъэм къезэгъыр жеIэ.

* * *

ЦIыхур къалъху, дунейм къытохьэ, къоунэху: япэр куэдыкIейщ, – къызэрыгуэкIщ, етIуанэр зырызщ – бегъымбарщ, ещанэр закъуэщ – тхьэщ.

* * *

Махуэм уигу къэмыкIынухэм жэщкIэрэ уопщIыхь.

* * *

ТIу зэфIэнамэ, зэрапэсар ящогъупщэжри, къыжраIар гум къонэ.

* * *

Псалъэ губзыгъэр делэм къегъэлъеиж.

* * *

Тхьэм цIыхухэр мылIэжыныпсэкIэ елъэIуркъым – адрей псори езыхэмкIэ зэфIэкIыжыну Iуэхут.

* * *

Тхьэр цIыхум къащIыхэмыхьэм и щхьэусыгъуэр: тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу «Уэ нэхърэ дэ сыткIэ дынэхъыкIэ!» жраIэнкIэ хъунущи, арагъэнщ.

* * *

БгъэикIэну зи ужь уитым и кIэ уохъу – ар цIыхуу щрет, нэгъуэщI лъэпкъи ирехъу.

• • •

## КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Марьянэ



* * *

**МыIэфI-мыдыджу кIуащи зы гъэ,**
**КъысфIощI зы гъащIэ сфIэкIуэда.**
**Къесакъым уэс, къепсакъым дыгъэ.**
**Ар си псэм уафэм щхьэ хуида?**

Блэкlам си щlыбыр хуэзгъэзауэ,
Си гукъэкlыжхэр сощl lумпэм.
Къыщыхъеяуэ гущlэм зауэ,
Хэтщ сэ сищlыну цlыху тэмэм!

## Илъэсыщlэ

Щlымахуэщ. Къосыр хуэму уэс.
Зыхэсщlэу хъуащ нэхъ щlыlэ.
Блэкlащ иджыри зы илъэс
Къэзмыщlэу сыздэщыlэр.

Сэ здакъым дыгъэ къызатар
Къэсщтэн. Ар зэзмыпэсу
Сыхэтщи мыл къутам,
Мэткlуж гупсысэр уэсу.

Зы гъэм гухэлъ миниц схэщlащ,
Арщ пкъыр щlэхъуар нэхъ псынщlэ.
Уэрамым кlыхьу зишэщlащ,
Къызоджэ Илъэсыщlэр!

Къызоплъыр псчэным хуэдэу псейр,
Пщlыпщl ешэкlам итхьэлэу.
Сыхуеплъэкlыху псэр мэхъу нэпсей —
Къэсщтащ хъуэпсэныр хьэлу.

Тlэкlу езэшауэ къызбгъурысщ
Сабийхэм я Уэсдадэр...
Здежьам нэсынухэр зырызщ, —
Щаlэт гъуэгу щхьэlум фадэр.

Сахуозэ куэдым. Куэди зблокl,
Къэзмыщlэу я цlэр уеблэм.
Сыдыхьэшхыни куэдрэ слъокl,
Зыкъысщыхъужу делэ.

Мы дунеишхуэм теткъым лей, —
Сыт хуэдэри тозагъэ:
Тхьэмыщкlэ, тlэкlу нэхъ хуэкъулей,
Пащтыхь, абы и благъэ.

Щохъущӏэ псори щӏы хъурейм,
Щолъыхъуэхэр, щохъуапсэ.
Сфӏакӏэлъыӏэбэу сысымейм
Гухэлъхэри мэкӏуасэ.

...Щимыгъэтауэ къосыр уэс.
Аргуэру хъуащ нэхъ щӏыӏэ.
Псэм сыздишэнур дэнэ нэс?
Кӏэухыр дэнэ щыӏэ?

Уафэгур нитӏым зэпаплъыхь.
Сэ селъэӏуакӏэщ мазэм:
«Зэманым сищӏмэ лъэрымыхь,
Псэхэхыр къысхуэгъазэ».

* * *

Щхьэгъубжэ абджым хуэму къытещащэу
Бжьыхьэ уэшх щӏыӏэр пхуэхъумэ уэршэрэгъу,
Къэгъаплъэ уи нэр, зыми къыумыгъащӏэ
Зыкъыпхуищӏауэ закъуэныгъэм гуэгъу.

Къэмыушыну къыпцымыхъу уи дыгъэр.
Насыпу плъытэр гъащӏэм цӏэуэ фӏэщ.
Гухэлъу уиӏэр пфӏэзыдыгъуа жыбгъэр
Увыӏэжынущ, быдэу щӏы уи фӏэщ!

* * *

Жыгыщхьэм, жьы зэпеуэм зиупцӏэнауэ,
Хуещӏ мащӏэу щхьэщэ бжьыхьэ къытеуам.
Къысфӏощӏ мы уафэр сэри къысфӏэнауэ,
Сыдэтщ си закъуэу сымыщӏыху уэрам.

Си махуэкъым. Къысщыгъупщащи жьауэр,
Сеуфэнщӏ уэшх щӏыӏэм. Си пкъыр егъэдий.
Си гукъэкӏыжхэм сфӏахэгъуэщэжауэ
Щыта зыгуэрхэр сфӏощӏ къыскӏэлъыкӏий.

Сипкъ илъ щыгъынри нобэ сыту пӏащӏэ.
Ятӏэпсыр лъапэм хуэму зэбгретхъу.
Сыкъэпӏыщӏами фӏыуэ, сымыпӏащӏэ –
Къысхуейр сэ хэтми тӏэкӏурэ къыслъырехъу.

Си ужьым къиувауэ мэIущащэ
Гъэмахуэ кIуам и макъкIэ псэ дияр.
СызоупщIыжыр сэ: «Схуэфащэу
Къыстегушхуа мы бжьыхьэ уэшх етар?»

* * *

Сырещхьу зыми къысхуэмыщIэ,
Ауэ сэ куэдым срагъэщхь.
Зыдэслъагъужкъым хьэл мыхъумыщIэ,
Си гъусэм ищIу щытми нэщхъ.

СыкIиймэ, фIощIыр сымыгъасэу.
Щэху сыхъумэ, — згъэпщкIуу гухэлъ Iей.
Пщэдейрей махуэм щхьэкIэ уасэу
Стрехыр сытри нобэрейм.

Нэху сыкъекIащ пэш щIыIэр къабзэу,
ШхыIэным IэплIэ есшэкIау.
Къэнащ пэшыбжэр дамэдазэу,
Шэч сощI щIалэгъуэр сIэщIэкIау.

СыщIэплъмэ унэм, — бжьыхьэ пасэ!
Ямылъэгъуауэ дыжьын уэс!
Зэшыгъуэ IэфIым хэту хъуапсэ
Псэм зэхилъхьа и махуэгъэпс!

* * *

СыкъэпщIа? Сэ жэщым сыжеякъым.
Сыноджащ. Уэ зэхэпха си макъ?
Гухэлъ щэхуу зы къэзгъэнэжакъым —
Уэ уэстащи, ахэм яхуэсакъ.

Ухэзгъэгъуэщакъым зэи зыми.
Нэр зэтелъми, Iэхэм укъащIыхут.
Ауэ къысхуэщIакъым хэт урейми,
Гъуэбжэгъуэщу усфIэкIуэдыжыху.

* * *

Пэжщ. Пэжыжьэщ дыгъэ къепсым
Си псэр, псэ ушар.

Ауэ, лъэщмэ псейм и къуэпсыр,
ХущIокъу уафэм ар.

Езгъэщхь пэтми уэшхыр нэпсым,
Гугъэщ хэслъэгъуар.
Сыздежьам зэгуэр сынэсым,
Арщ зи фIыщIэр ар.

Лъэрымыхьу си гухэлъыр
Зэ сымылъыта.
КърихуэкIыу жьыбгъэм си лъыр
СфIощI сигъэлъэта.

* * *

Сыту нобэ жьыр къуейщIей –
Щхьэцыр ещIыр бапхъэ.
КъыфIэщI хъунщ абы сырей –
Хуэмурэ селъахъэ.
ЗэранщIакIуэр къысхуэмей,
Сытми мэныкъуакъуэ.
СкIэрырекIи ирежей,
КърещI хуит си лъакъуэр.
КъэскIухьынущ щIы хъурейр,
Тездзэу си лъэкъуампIэ,
ЗэзгъэщIэнущ зейр дунейр,
ГъащIэр нэхъ щылъапIэр.

* * *

*Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа Алим и фэеплъу*

Хэт ищIын иджы си фIэщ мы гъащIэм
Зи псэугъуэ дахэм фIэкIуэдар?
Гуауэ иным дежкIэ сыту мащIэ
ЩIыхум нэпсу Тхьэм къыхуигъэщIар.

Къоныкъуэкъу жьы щIыIэр Iэпкълъэпкъ пщIанэм,
Гум къикI псалъэр гъыбзэу щоIу дунейм.
УщыIэжу жытIэу зыкъэдгъапцIэм,
Нэхъыбэжу хохъуэ гуауэ дгъейм.

Ажал Iэпэр гущIэм къытоIэбэ...
Псэм и пIалъэр сыту мыгъуэ кIэщIт.

ПщIэрэ, жэщхэр ябгынащ вагъуэбэм.
Вагъуэ псори уэ къыпхуогумэщI.

Псэр апхуэдэу хуэкIуэу ажал лъагъуэм
ДунеитIыр щхьэ зэпэщIилъхьат?
Уафэгу щIыIэм дыгъэ бзий ислъагъуэм,
Дуней нэпцIым сэ изох нэлат...

Нанэ, адэ-анэ, шыпхъу, ныбжьэгъу... –
Къахуэнащ нэпс щIыIэр мыжэпхъыну.
Хэт жызыIэжынур «Къысхуэгъэгъу»?
Хэт къызытехуэнур игъэгъуну?

Къэгъэзэж зэ закъуи, дамэдазэу
Къэна бжэм угуфIэу къыщIыхьэж.
Адэ жьэгум уи щIыб хуумыгъазэу,
Зи фIэщ хъуахэм жеIэ: «Ар мыпэж!»

# ЖьануIэ

*ТхакIуэ цIэрыIуэ КIэрэф Мухьэмэд къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*



# ЛIыилъэужь

***ГукъэкIыжхэм щыщщ***

Къупщхьэ гуащэм хуэдэщ зыхужаIэ адыгэ бзылъхугъэ дахэхэм ящыщт тхакIуэ КIэрэф Мухьэмэд и анэ Назифэ. Зи бзэри Iэфl, зи теплъэрэ зи хьэл-щэнкIи дунейр зыгъэбжьыфIэ а цIыхубз телъыджэмрэ си адэмрэ зы анэм къилъхуа зэкъуэшитIым я бынт. Назифэ и дыщхэмрэ дэрэ дяку бжыхь къудеи дэмыту, ди пщIантIэхэри ди хадэхэри зэпылът. Арат и анэшым я

деж щӀэх-щӀэхыурэ къакӀуэ Мухьэмэд сызэрыцӀыкӀу лъандэрэ фӀыуэ щӀэсцӀыхур. Ар щӀалэ къуэгъу щхьэпэлъагэт. Ӏэдэбт. Псэлъэрейк Ӏэ уеджэнтэкъым, жиӀэнрэ узригъэдэӀуэнрэ зэриӀэр, тхылъ куэди зэреджар нэрылъагъу пэтми. ДызыӀэпишэу дедаӀуэрт ди пхъурылъху щӀалэм. И адэ Жанхъуэт ещхьу, ари и адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ зэщӀэлъут зэрыпсалъэр. Зэдэзэкъуэм я псэлъэкӀэр сабийхэм тфӀэгъэщӀэгъуэнт – я адыгэбзэ къабзэм къыдэкӀуэу, а зэманхэм куэдым къатехьэлъэу щыта урысыбзэмкӀи уэрсэрыжьт аитӀур. Ди Щхьэлыкъуэ нэхъ пхъащӀэ Ӏэзэ дыдэу дэсахэм ящыщ Жанхъуэт лӀы губзыгъэт, япэкӀэ плъэфырти, абы пасэу къыгурыӀуат гъащӀэм дызыхуишэр, щӀэныгъэм и нэхум хуэӀэгъуэ зыхуэщӀын зэрыхуейр. Арат псори зи Ӏэм хуэщӀ пхъащӀэ ӀэпщӀэлъапщӀэм и абджыпс унэ дэгъуэр (апхуэдэхэри мащӀэ дыдэт а лъэхъэнэхэм) къуажэ сабийм щхьэузыхь щӀахуищӀар – ар школу щӀитар. (Жанхъуэт и унэм щеджахэм ящыщщ си къуэш нэхъыжьри).

Зи гуэщ пэшым я урыс благъэ унагъуи къыщӀэзыгъэтӀысхьа, зи унэри школу зыта Жанхъуэтрэ абы и къуэ Мухьэмэдрэ зэхаххэм, ялъагъухэм хьэблэдэсыр щыгъуазэ ящӀырт – адэри къуэри егъэджакӀуэ, ущиякӀуэ пэлъытэти, ахэр сыткӀи щхьэпэт. Куэдым ефӀэкӀ, куэдым ямыщӀэфын зылэжьыф къуажэдэст ахэр.

И адэм и ӀэпщӀэлъапщӀагъри я унэм щагъахъэри зылъагъу, зэхэзых Мухьэмэд, дауи, цӀыхур зэхъуапсэу зыдэплъейм хуэдэт. Ди пхъурылъхум и Ӏэзагъым, абы ищӀэм и куэдагъым дехъуапсэрт дэри. Псом хуэмыдэу Мухьэ-мэд къыщызэрыкӀыпэр, «псэлъэрей щыхъур» абырэ и анэ дэлъхум и къуэ, езым нэхърэ тӀэкӀукӀэ нэхъыщӀэ Сэфарбийрэ зэрыгъуэтыжа нэужьт. Мобыхэм щыгъуэ ахэр зытепсэлъыхьхэм сэ зыри хэсщӀыкӀыу щымытами, иужькӀэ щыгъуазэ сызэрыхъуамкӀэ, аитӀури литературэ фӀэкӀа нэкуи-напӀи зимыӀэжт, езыхэми зыгуэрхэр ятхырт. А щэхум япэ щӀыкӀэ щыгъуазэ сызыщӀар Мухьэмэд СэфаркӀэ зэджэу щыта Сэфарбийт. ИужькӀэ тхакӀуэшхуэ хъуа КӀэрэфым и повестхэм куэдрэ къыщигъэсэбэпащ Сэфар цӀэр. Ар къызыхэкӀар зэкъуэшитӀми я псэ къуэпсхэр литературэм хуаӀэ лъагъуныгъэм зэрипхыу зэрыщытарагъэнщ.

Акъыл зиӀэм акъыл къелъыхъуэ, жи. Адрей хьэблэдэсхэм елъытауэ, бзэхэми хуэшэрыуэ, тхылъ куэди еджа КӀэрэф Мухьэмэд щӀэныгъэ куум зэрыхуэпабгъэри ди нэгу щӀэкӀырт: мо щӀалэ псыгъуэ щхьэпэлъагэм портфелышхуэ иӀыгъыу и анэшхэм ди гупэмкӀэ блэкӀыурэ махуэ къэс Налшык кӀуэуэ, къэкӀуэжу зэрыщытар ноби слъагъу хуэдэщ – ар кӀуэр-къэкӀуэжу щеджащ егъэджакӀуэхэм я курсхэми, пединститутым егъэджакӀуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэми, итӀанэ, и ӀэщӀагъэм зэрырилажьэм хуэдэурэ, щӀэныгъэ нэхъыщхьи зригъэгъуэтащ.

Мис а лъэхъэнэхэм щыгъуэщ сэри КӀэрэф Мухьэмэд сыщригъэджар. Гухэхъуэт апхуэдэ егъэджакӀуэ уиӀэну. Ар егъэджакӀуэ къудейтэкъым – ущиякӀуэ Ӏущт. УзэщӀакӀуэ телъыджэт. Абы дызэрыригъаджэр адыгэбзэмрэ литературэмрэти, аитӀуми дыхигъэгъуазэу ди пащхьэм щитым деж урокхэр апхуэдизкӀэ щӀэщыгъуэу иригъэкӀуэкӀырти, абы и псэлъэкӀэ дахэми къиипсэлъхэм яхэлъ гъэщӀэгъуэныщэхэми дыщедаӀуэкӀэ, цӀыкӀухэр шыпсэ зэмыфэгъухэм щекӀуэкӀ телъыджэлажьэхэм дыхэт хуэдэт.

Жьыбгъэ, жьыбгъэ,
Узылъэкlщ,
Пшэ гуэрэнхэр
Уэ къохуэкl! – Пушкиным и сатырхэм хуэдэхэр щапхъэу къыщытхуихькlэ, дэри а жьыбгъэр къытщlэпщэрти, ди псэхэр игъэпlейтейрт. Пшэ гуэрэнхэр къезыхуэкlыф жьыбгъэм дригъэхъуапсэрт. Уафэм, лъагагъым дыщlигъэхъуэпст. Апхуэдэу ди егъэджакlуэ lэзэм кlуэрыкlуэм тету езым адыгэбзэкlэ зэридзэкlырт Пушкинми Лермонтовми я усыгъэхэр. Е «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр Пшэм пхылъэту щытыгъакъым, Къимыгъазэу щlыри хыри Зэпиупщlу ар къэсакъым», – жиlэу кърригъэжьэнти, Щоджэнцlыкlу Алий и усыгъэ хьэлэмэтхэм гукlэ къытхуеджэнт.

Абыхэм щыгъуи нэрылъагъут Кlэрэф Мухьэмэд езыри зэрыусакlуэр. Ауэ дэ ар тщlэртэкъым. Езыми зыкъыдигъащlэртэкъым. Зэрыжысlащи, сэ абыхэм щыгъуазэ сызыщlар тхакlуэ Кlэрэфым лlыхъужьу куэдрэ къигъэсэбэпа Сэфарт, ди Сэфарбийт. Иужькlэ абы къызэрысхуиlуэтэжамкlэ, зэкъуэшитlми я усыгъэхэр Тхакlуэхэм я союзым яхьауэ щытащ. Арщхьэкlэ езыхэр зэрыгугъауэ ахэр къызэрыщlэмыкlар, зэкlуэлlа тхакlуэхэр lэплlэешэкlкlэ къазэрыlумыщlар щхьэжэ ящl, къыжраlахэр я жагъуэ мэхъури, тlуми я lэ-я лъэр тхэным хущlохуж. Аркъудейкъым – ятхахэр ягъэсыж. Сэфарбий и жагъуэ дыдэ хъур езым и щхьэм къриклуаратэкъым – Цуцэ (Мухьэмэд къыдалъхуахэм, и гъунэгъухэм яхэтт апхуэдэу къеджэхэри) и усэ къомымрэ и поэмэхэмрэ зэригъэсыжарат. Абыхэм ящыщ куэд гукlэ къысхуеджэрт Сэфарбий. Ауэ езы Мухьэмэд, ахэм я гугъу къыпхуищlыныр щыгъэтауэ, а lуэхур игу къэбгъэкlыжыну фlэфlтэкъым. И жагъуэт. Ар зэбгъэщхь хъунур фlыуэ илъагъу гуэр зыlэщlэукlэжауэ абы и бампlэр къызытехьэлъэрат.

Ауэ, Тхьэм и шыкуркlэ, гукъеуэхэри зэ щlэтlысыкlыж хабзэщ. Уи псэр зэ зыхьэхуам къыбгъэдэхыжыгъуейуэ зэрыщытыр Кlэрэф Мухьэмэд и дежи нэрылъагъу щыхъуауэ къыщlокl: егъэджакlуэу, школхэм я унафэщlу, нэгъуэщl къулыкъу lэнатlэхэри тхьэгъэпсэу пылъу зезыхьэу лажьэ Кlэрэфым, къэзыгъэзэжыр Алыхьым ещтэ, жи, тхэн lэщlагъэми трегъэзэж. Къыфlэбгъэкlмэ, ар зи lэщlыб имыщlа хуэдэт. Пцlы щхьэ упсын хуей, lуэхур апхуэдэу зэрыщытыр япэ дыдэу зылъагъуу абы щыгуфlыкlар сэращ. Ар къыщыхъуар 1987 гъэм и гъэмахуэращ.

Зэхэзехуэн ящlмэ, кърахуэкlыурэ, зи дуней гъащlэр къезыхьэкl «lуащхьэмахуэ» журналым и зи чэзу хэщlапlэ хъуар Ленинымрэ Лермонтовымрэ я цlэкlэ щыlэ уэрамхэм я плlанэпэм тет унэрат. Сылажьэу сыздэщысым, телефоныр къоуэ. Къытесхрэ седаlуэмэ, къэпсалъэр Кlэрэф Мухьэмэдщ. Сэлам-чэлам нэужьым:

– lуэху гуэркlэ сыныщlыхьэнути, ухущlыхьэну пlэрэ, Кашиф?

– Жыпlэр сыт?! Ахьей сыхущlыхьэн! Дэнэ уздэщыlэр, Мухьэмэд?

– Уалэхьэ, жыжьэ сыщымыlэ: фи лъабжьэм щlэт телефонымкlэ сыныдэпсэлъейуэ аращ.

– Къыщlыхьэ-тlэ, зиунагъуэрэ! Е зэ догуэт. Абдеж щыт, – жызоlэри сыкъожэх.

– Сытым укъытхуихьа, Мухьэмэд? – соупщl ауэрэ дыздыщlыхьэм.

– Уалэхьэ, Кашиф, сэ сыкъыфхуэзыхьар Алыхьымрэ сэрэ фIэкIа зыщIэ щымыIэ. ШейтIанхэм сыщамыгъэуауэ Тхьэм къыщIигъэкI. Си жьыщхьэ делагъэ гуэрхэм сыхыхьэжащи... ЕмыкIу сыкъыумыщI. НэгъуэщIхэм я деж хэIущIыIу зыщысщIыфынутэкъыми... Япэ щIыкIэ уэ уэзгъэлъагъумэ нэхъ сфIэтэмэму...

– Зыгуэр птхауэ, къытхуэпхьауэ ара, Мухьэмэд? – сыкъытричу сопль, къызитын дзыхь имыщI хуэдэ, и куафитIым телърэ Iэ лъэныкъуэри къызытримых папкэм.

– КъэпщIащ: си жьыщхьэ зыгуэр стхати...

– Мыдэ къапщтэркъэ-тIэ, зиунагъуэрэ! – сопхъуэри папкэр и куэщIым къызох. «Лъэужь лIэужь» – арат тхыгъэм зэреджэр. Зэрыхъуар сымыщIэу, Iэрытхыр псынщIэу зэтездзауэ яужьрей дыдэ напэкIуэцIым сыщеплъым:

– Уалэхьэ, Кашиф, укъеджэну, утезэшэну урикъунмэ абы, – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI мо лIы Iущыр.

– Тхыгъэшхуэмэ нэхъ къэсщтэнущи аращ, Мухьэмэд, – сIэщIэкIа щыуагъэр згъэзэзкIуэжыну сыпылъщ.

– Сэ узгъэпIащIэркъым, тIасэ. УщыхущIыхьэ...

– ПIалъэ къыхэзмыгъэкIыу сыкъеджэнщ.

– Упсэу. Ауэ къызэрыпщыхъуар сэ къызжумыIэжауэ тхыгъэр нэгъуэщIхэм иумыгъэлъагъу... Си жьыщхьэ укIытэгъуэ сумыгъахуэ. ДызэгурыIуа?

– ДызэгурыIуащ, Мухьэмэд.

– Хъунщ-тIэ. Уи зэманыр пфIэзгъэкIуэдынкъым, – къотэджыж. – Тхьэмахуэ е тхьэмахуитI хуэдэ дэкIмэ сыкъыплъыгъуэзэнщ.

– ТхьэмахуитIи думыгъэкIыу къэпсалъэ.

ХьэщIэр зэрезгъэжьэжу тхыгъэм сыкъеджэн щIызодзэри... Утезэшэн дэнэ къэна, узыIэпашэрт лIыхъужь нэхъыщхьэ Георгий Саввич теухуа хъыбархэм. ЩэкIуэныр зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ зылъагъу, щIэныгъэмрэ творчествэмрэ къыхуигъэщIа КIэрэф Мухьэмэд зытепсэлъыхь Iуэхухэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр нэрылъагъут. Ахэр лIыхъужь нэхъыщхьэу повестым хэт щIэныгъэлIым и IуэхущIафэ дахэхэр щызэпкърыха, художественнэ прозэкIэ зэджэр зищIысыр тэмэму къызыгурыIуэ тхакIуэ Iэужь хьэлэмэтт – лIыхъужьхэм я образхэм я къэгъэлъэгъуэкIэкIи, тхыгъэм и гъэпсыкIэкIи, бзэ и лъэныкъуэкIи. Хэт пцIы сигъэупсрэ, адыгэ литературэм иджыри къэс сыщрихьэлIатэкъым абы и фэгъу. Си Iыхьлыгъэкlэ, си егъэджакIуэу зэрыщытам щхьэкIэ жысIэнкъыми, адыгэ литературэм, и ныбжькIэ мыщIалэжми, зи шыфэлIыфэ, зи гупсысэкIэ щIэщыгъуэ, зи псэлъэкIэ зиIэж тхакIуэ къызэрыхыхьэр нэрылъагъут.

А махуэ дыдэм сыкъеджащ Мухьэмэд и повестым. Тхыгъэр адрей си лэжьэгъухэми естыну си Iэпэр мэпIэжьажьэ – шэч къытесхьэркъым ар псоми ягу зэрырихьынум. Ауэ мобы и лъэIуми себэкъуэфыркъым.

Апхуэдэурэ тхьэмахуэ докI.

– Къалэм Iуэху гуэркIэ сыкъэкIуати... – жери Мухьэмэд темыгушхуащэурэ къопсалъэ.

– КхъыIэ, псынщIэу къыщIыхьэт! – жызоIэ мор сIэщIэкIыжын нэхъей.

– Асыхьэту укъеджэфамэ, уалэхьэ, щIалэ ахъырзэману укъыщIэкIам, си анэш цIыкIу, – зэрихабзэу, и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. И нэхэр къогуфIыкI.

– А къыщыпхьа махуэ дыдэм сыкъеджат, Мухьэмэд, – жысIэу къезгъэжьауэ езыми и тхыгъэми тхъупсыр къезгъэжэхыу щыщIэздзэм:

– Сэ сыщIалэ цIыкIужккъым, Кашиф. Iуэхум Iыхьлыгъэ хэплъхьэу утыку сумыгъэлъадэ, – нэщхъей-нэщхъейуэ къопсалъэ сибгъукIэ къыщысыр. Платон си ныбжьэгъущ, ауэ пэжыр нэхъыщхьэжщ, жи…

– Пэжыращи-тIэ, Мухьэмэд, мыр тхыгъэ, художественнэ тхыгъэ нэс хъуащ. Сэ жысIэр уи фIэщ мыхъумэ…

– Iа-ау, уэ сыт щхьэкIэ сыкъэбгъэпцIэн? Ауэ… нэ зыхуащIа къуаргъыр екуэкуншэу къыщIэкIыу набдзи схуэфщI зэрыжиIэгъам ещхь сыхъунщи… Иджыри зыгуэр щхьэкIэ сынолъэIунут..

– ЛIот, Мухьэмэд?

– Уэ дзыхь пхуэзмыщIу, уи… уи вкусыр къизмыдзэу аракъым. Ауэ, тIэкIу укъысщытхъуIуащи, Iуэхум Iыхьлыгъэ хыумылъхьауэ пIэрэ жызоIэри…

– Хьэуэ, Мухьэмэд! ПщIэжрэ?.. Дауи, уэ ар къызыхэпхагъэнур сыбгъэгушхуэн папщIэу къыщIэкIынт. Илъэс плIыщI нэскIэ узэIэбэкIыжмэ, ехьанэ классым дыщIэсу… Къыздеджэхэм сытрагъэгушхуэри… Уэзгъэлъэгъуат япэ дыдэ стха усэр…

– Уалэхьэ, ар сымыщIэж. ЛIот-тIэ ныбжесIар? Мы иджыпсту уэ зэрыпщIым ещхьу, сыпщытхъуат? – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI ди пхъурылъхур.

– Узыщытхъуни хэлътэкъым абы. Ауэ сытебгъэгушхуэри утыку сибгъэлъэдат… ТхакIуэхэм я союзым сыкъэкIуэну чэнджэщ къызэптри…

– Узгъэжэкъуат… Дауи, абыхэм уэри укъагъэлъагъэнт… Ягъэ кIынкъым. Уэ ущIалэ цIыкIут абы щыгъуэ… СыныщIолъэIунуращи-тIэ, си жьыщхьэ сэри сымыжэкъуэн папщIэ, уи хьэтыр, ди хьэтыр къилъагъурэ къемыхьэлъэкIынумэ, мыбы Сокъур Мусэрбий къысхуегъаджи къызэрыщыхъуам сегъэплъ.

– Уэли, хъарзынэм. Япэрауэ, Мусэрбий ди журналым и редколлегэм хэтщ. КъимыдэкIэ, абырэ сэрэ зы унэ дыщIэсщи, пщыхьэщхьэ хущIэсхьэнщи… МахуитI-щы дэкIмэ, къытлъыгъуазэ…

– Iау, апхуэдэу дгъэпIэщIэну емыкIукъэ? ХущIыхьэгъуэкIэ къеджэмэ…

– Хъунщ, Мухьэмэд. Япэ къалэм укъыщыкIуэ къэпсалъэ…

Мухьэмэд къыщыпсэлъам и тхыгъэр еуэ-еуэкIэ печатым хуэдгъэхьэзырт. Мусэрбий абы хужиIам елъытауэ, сэ сызэрыщытхъуар зыми щымыщ хуэдэт. Редактор нэхъыщхьэ Шэвлокъуэ Петри адрей ди лэжьакIуэхэми ягу ирихьащ КIэрэф Мухьэмэд и повестыр. Ар уигу иримыхьынкIэ дуней Iэмал иIэтэкъым. Ди журналым къытехуа нэужь, а тхыгъэми абы иужь къурикIуахэми куэдым псалъэ гуапэ хужаIащ. Сэри къытезгъэзэжу абыхэм аргуэру сащытхъуну аракъым – си щытхъуи хуэныкъуэкъым ахэр. КъыжыIэн хуейуэ къысщыхъур, сигу къеуэр нэгъуэщIщ: бетэмал, 1922 гъэм къалъхуа, 1993 гъэм дунейм ехыжа КIэрэф Мухьэмэд мащIэIуэщ адыгэ литературэм зэрыхуагъэлэжьар. Илъэситху къудейщ. Ауэ а зэман мащIэм къриубыдэу «Лъэужь е лIэужь» тхыгъэри нэгъуэщIхэри зи IэдакъэщIэкI КIэрэф Мухьэмэд лIы и лъэужь мыкIуэдыжын къыхинащ ди литературэм.

**ЕЛГЪЭРКашиф**

## Культурэм и лъахэм

# ЛэжьакIуэ Iэзэхэр щагъэхьэзыр икIи щапсыхь «кIыщ»



Ягъэлъапlэ хабзэ Махуэшхуэхэмкlэ къулейщ мыгъэрей бжьыхьэр: Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъурэ илъэс щиплlрэ щэ никъуэрэ ирокъу; 1944 гъэм залымыгъэкlэ я лъахэм ирашауэ щыта балъкъэрхэм къыщалъхуа щlыпlэм къызэрагъэзэжрэ илъэс щэ ныкъуэ мэхъу; Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэlуахрэ лlэщlыгъуэ ныкъуэ ирокъу: ар къызытепщlыкlа ди пединститутыр къызэрызэlуахрэ илъэс блыщlрэ тхурэ хъуащ. А псори къыгуэхыпlэ ямыlэу пыщlащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм я гъащlэм, я экономикэм, я щэнхабзэм игъуэта зыужьыныгъэ инхэм.

Дызэрыщыгъуазэщи, Урысейм щекlуэкlа Октябрь революцэм япэкlэ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыпсэуа лъэпкъхэр экономикэ, щэнхабзэ, щlэныгъэ я lуэхукlэ нэхъ къыкlэрыхуа дыдэхэм хабжэу щытащ. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ езыхэм я тхыбзэ яlэжакъым. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкlэ, адыгэхэм ящыщу щlэныгъэ зиlэхэр зэрыхъур лъэпкъым и процентитl къудейрат, балъкъэрхэм я деж а бжыгъэр щынэхъ мащlэжт. Щlэныгъэр гъащlэм и зыужьыныгъэм и лъабжьэу зэрыщытыр къэплъытэмэ, а ныкъуэсаныгъэр зэбгъэззэхуэжын папщlэ lуэхугъуэ инхэр зэфlэхын хуейт. Псом ящхьэрати, гуащlэрыпсэухэм щlэныгъэ ябгъэдэлъхьэн, ахэр егъэджэн хуейт.

lуэхур щызэкlэлъымыкlуэр ди лъахэм и закъуэтэкъым – Кавказ Ищхъэрэ псом щытынштэкъым цlыхубэр егъэджэным ехьэлlа lуэхугъуэхэр зэфlэхыныр. А ныкъуэсаныгъэр гъэзэкlуэжын папщlэ Орджоникидзе къалэм къыщызэрагъэпэща пединститутым хузэфlэмыкlын къалэнышхуэlуэ и пщэ къыдэхуэрт. Лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэ куэд зыщыпсэу Кавказ Ищхъэрэм дежкlэ, дауи, а зы еджапlэр мащlэт. Ар къалъытащ 1932 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрми пединститут къыщызэlухын хуейуэ унафэ къыщащтэм щыгъуэ. Пэжщ, абы гугъуехь lэджэ пыщlауэ щытащ: япэрауэ, материальнэ лъабжьэ щыlэтэкъым. Къимыдэкlэ, еджапlэр къыщызэlупхын унэ къудей

бгъуэтынутэкъым. Егъэджакlуэ lэщlагъэ зиlэу щыlэр мащlэ дыдэт. Псом ящхьэжыращи, еджапlэ нэхъыщхьэм щlэбгъэтlысхьэну щlалэгъуалэр хуаб-жьу гъуэтыгъуейт – апхуэдэхэр дэнэ къипхынт, къуажэхэм школхэр щыдэмытакlэ?

Щlэблэр емыгъэджауэ зэрымыхъунур езы гъащlэм къыбжиlэрт. Абы щхьэкlэ хэкlыпlэ къэгъуэтын хуейт. Аращ ди областым и унафэщlхэм лъэlукlэ зыщlыхуагъэзар ищхьэкlэ щыlэ къулыкъущlэхэм. Мобыхэм къагъэщlэхъуа-къым ди унафэщlхэр: 1932 гъэм сентябрым и 15-м Псыхуабэ къалэм къыщызэlуах Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр. Абы факультету 3 иlэт: физикэмрэ математикэмкlэ, биологиемкlэ, литературэмкlэ. Япэ илъэсым а еджапlэм щlэсахэм я бжыгъэр мащlэт: 120-рэ къудейт зэрыхъур. Ари нэхъ мащlэж хъури, абы къыщlэнэжар цlыхуищэщ. Ахэр езыгъаджэ цlыху 13-м яхэтт профессору тlурэ доцентитlрэ.

Ди лъахэм и школхэм щылэжьэну егъэджакlуэхэр гъэхьэзырынымкlэ а пединститутым мыхьэнэшхуэ зэриlам шэч хэлъкъым. Ауэ абы зы ныкъу-саныгъи пыщlат: ебгъэджэну щlалэгъуалэр арыншами мащlэт. Атlэми, Псы-хуабэ нэс кlуэным гугъуехь lэджэ пыщlат: адэ-анэхэм яхэтт я быным теп-лъэ-къукlыну дзыхь зымыщlхэр, кlуэр-къэкlуэжуи уеджэфынутэкъым. Арати, ди унафэщlхэм етlуанэ лъэlури къаlэтри... Къэбэрдей-Балъкъэр пединсти-тутыр Налшык къахьыж. Абы щхьэкlэ Затишьем щагъэхьэзыракlэт еджапlэм и унэри студентхэр зыщыпсэуну общежитхэри. Институтым и япэ унафэщlу ягъэув Покорский И. Н., нэхъапэlуэкlэ Налшык рабфакым и директору щытар.

Институтыр Налшык къахьыжа пэтми, абы щрагъэджэну щlалэгъуалэр яхурикъуртэкъым. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ящыщ егъэджакlуэхэр зэрымащlэм къыхэкlыу, къуажэ щlалэгъуалэр езыгъэджэн ягъуэтыртэкъым. А lэмалыншагъэм ирехулlэри 1934 гъэм пединститутым къыщызэlуах илъэситlым къриубыдэу егъэджакlуэхэр къызыщlагъэкlыну къудамэр. Ар куэдкlэ щхьэпэ хъуащ пединститутым щеджэфын щlэблэр къуажэхэм щыгъэхьэзырынымкlэ.

1936 гъэр пединститутым и гуфlэгъуэ махуэшхуэт: абы япэ дыдэу къыщlигъэкlащ щlэныгъэ нэхъыщхьэ зиlэ егъэджакlуэу цlыху пщlей. А lэщlагъэлl lэзэхэм цlыкlухэр хурагъэджэнут биологием, урысыбзэм, ады-гэбзэмрэ литературэмрэ, апхуэдэуи – балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ. Математикэмкlэ езыгъэджэну lэщlагъэлl гупыр 1937 гъэм къыщlагъэкlащ. А щlыкlэм тету, ди школхэр къызэгъэпэща хъурт lэщlагъэлl lэзэхэмкlэ. Мис абыхэм щхьэкlи псэупlэ унэхэр Налшык щаухуэу щlадзащ 1937 гъэм. Езы еджапlэм и унафэщlри яхъуэжащ: директору ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакlуэ цlэрыlуэ Темыркъан Хьэту. А цlыху жыджэрым лэжьыгъэр тэмэму къызэрызэригъэпэщам lуэхуфl куэд кърикlуащ: япэ илъэсипщlым и кlуэцlкlэ еджапlэм къыщlэкlащ егъэджакlуэ 1133-рэ. А зэманым елъытауэ, ар икъукlэ бжыгъэшхуэт. Нэрылъагъут зи lэщlагъэм дэгъуэу хэзагъэ егъэджакlуэхэмкlэ ди школхэр къызэгъэпэща зэрыхъур. А lуэхур нэхъри ефlакlуэ зэпытурэ зэрекlуэкlынум шэч хэлъ-тэкъым, ауэ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм къызэпеуд егъэджакlуэхэми еджакlуэ-хэми я мурад дахэр. Зауэм щыщlидза япэ махуэхэм Хэкум и хъумакlуэхэм яхыхьахэм ящыщщ Темыркъан Хьэту, Бычков Дмитрий, Къар-дэн Бубэ, Нало Ахьмэдхъан сымэ, нэгъуэщlхэри. Аганьянц Грант Совет Союзым и Лlыхъужь цlэ лъапlэр къыфlащауэ щытащ 1944 гъэм. Пединсти-тутым и лэжьакlуэхэу, студентхэу 144-рэ хэкlуэдащ зауэм.

Зауэ зэманхэм щыгъуэ егъэджакlуэхэми еджакlуэхэми я бжыгъэр куэдкlэ нэхъ мащlэ хъуат. А lуэхур сыт хуэдизкlэ хьэлъэу щымытами, институтым къыщызэтенат факультетиплlрэ кафедрэу пщыкlузрэ. Пэжщ, егъэджакlуэ lэзэхэр зэрыримыкъужым къыхэкlыу, кафедрэхэм я бжыгъэр зыкъомкlэ нэхъ мащlэ хъуат. Абы и закъуэкъым – пединститутым щlагъэтlы-

схьэни ягъуэтыжыртэкъым, зи еджэгъуэ щlалэгъуалэ куэд зауэм хэкlуэдат. Арат къызыхэкlар 1943–1944 гъэ еджэгъуэм студентхэм я бжыгъэр 369-рэ фlэкlа мыхъужу зэрыщытар. Ауэ щыхъукlи, школхэр егъэджакlуэхэм икъукlэ хуэныкъуэт. А lуэхур хуэм-хуэмурэ зэрефlэкlуэжам и щыхьэтщ 1944–1945 гъэ еджэгъуэм пединститутымрэ егъэджакlуэхэр щагъэхьэзыр институтымрэ щlэсахэм я бжыгъэр 548-рэ хъуауэ зэрыщытар. Ахэр щlэныгъэ куум и гъуэгум тезышэ егъэджакlуэ lэзэхэм ящыщт Гурьянов В. В., Филин Н. М., Антоновэ В. П., Николаев М. Л., Дмитриев А. Д. сымэ, нэгъуэщlхэри. Филолог цlэрыlуэхэт илъэс куэдкlэ егъэджакlуэу лэжьа Пипинис В. Ф., Абытlэ Мухьэб сымэ.

Зи лъабжьэр, зи къарур зауэм къигъэтlэсхъа еджапlэм зыкъыхуэмыужьыжурэ зэман кlыхь дэкlащ. Арщхьэкlэ, сыт хуэдэ гугъуехьми текlуауэ, еджапlэм и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыжын хуейт. Абы хуэунэтlауэ lуэхушхуэ зэфlагъэкlырт республикэм и унафэщlхэми пединститутым и лэжьакlуэхэми. Факультетхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытт. Абыхэм щеджэхэри нэхъыбэ хъурт. 1954–1955 гъэ еджэгъуэ къудейм институтым къыщызэрагъэпэщащ кабинетхэрэ лабораторэу щэ ныкъуэ. Гулъытэшхуэ хуащl хъуащ биологиер, химиер кууэ егъэджыным. Абыхэм папщlэ къызэlуахащ ахэр зыхуеину lэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэща лабораторэхэр.

Институтым щезыгъаджэхэм lэзагъэ ин, щlэныгъэ куу яlэнми гулъытэ нэхъыбэ хуащlырт. 1950–1951-рэ гъэ еджэгъуэм институтым щылэжьа егъэджакlуэ 84-м щlэныгъэхэм я кандидату 15 къудей фlэкlа яхэмытамэ, илъэсих дэкlа нэужь, а бжыгъэр 55-м нэсат. Пэжщ, абыхэм зэкlэ яхэт щlыкlэтэкъым щlэныгъэхэм я доктору, профессору зы цlыху закъуи. Псом хуэмыдэу узыгъэпlейтейр ди лъэпкъхэм ящыщ егъэджакlуэхэр пединститутым зэрыщымащlэ дыдэрат. Пэжщ, нэхъ иужькlэ а lуэхур ефlакlуэу хуежьащ: егъэджакlуэхэм я сатырхэм къахэуващ щlэныгъэхэм я кандидатхэу Урыс Хьэталий, Нало Ахьмэдхъан, Щауэцlыкlу Ланэ, Чым Юрэ сымэ.

Арщхьэкlэ а lуэхур нэхъри щlэгъэхуэбжьэн хуейт – зэпымыууэ япэкlэ кlуатэ щlэныгъэм зыкъыкlэрыбгъэху хъунутэкъым. Абы щхьэкlэ хэкlыпlэщlэхэр къызэгъэпэщын хуейт. Арати, 1952 гъэм япэ дыдэу ди пединститутым къыщызэlуах аспирантурэ. Абы щlотlысхьэ Хэку зауэшхуэм лlыхъужьыгъэ щызезыхьэу къэзыгъэзэжа Нало Ахьмэдхъан, Ленинград университет къыщызыуха Хьэкlуащэ Андрей. Аитlури нэхъ иужькlэ егъэджакlуэу щолажьэ абы. Ахэр щlэныгъэлl lэзи тхакlуэ цlэрыlуи хъуащ.

Зи ныбжьыр илъэс тlощlрэ тхурэ ирикъуа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым ехъулlэныгъэфlхэр зыlэригъэхьауэ lущlат 1957 гъэм. А зэманым ирихьэлlэу абы къыщlигъэкlакlэт егъэджакlуэ lэзэхэу 4200-рэ, студентхэм я бжыгъэр нэсат 1345-м. Зэрылажьэм хуэдэурэ еджэхэри 1900-рэ хъурт. Еджапlэм щылажьэ цlыхуи 130-м щыщу 55-р щlэныгъэхэм я кандидатхэт, доцентхэт. Абыхэм куэду яхэт хъуат адыгэхэри балъкъэрхэри. Жыпlэнурамэ, ди пединститутым апхуэдизкlэ зиузэщlат, зиубгъуати, абы къыщlигъэкlырт ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэр, къэрал псом и щlыпlэ зэмылlэужьыгъуэхэр зыхуэныкъуэ lэщlагъэлl, щlэныгъэлl лъэщхэр. Дауи, мис а псори къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къытегъэпщlыкlын зэрыхуейм теухуа унафэр къыщащтэм щыгъуэ. А lуэхум гъуэгу игъуэтыным къару куэд ирахьэлlащ республикэм и унафэщlхэм. Псом хуэмыдэу абы жыджэру хэтащ университетым и япэ ректору ягъэуvауэ щыта Бэрбэч Хьэтlутlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къыщызэlуаха 1957 гъэр ди республикэм дежкlэ лъэпкъ тхыдэм къинэжын гуфlэгъуэ илъэсщ. Ар lэтауэ зыгъэлъэпlахэм яхэтащ Мэзкуу, Ленинград, Кавказым ис лъэпкъхэм ящыщ еджагъэшхуэхэр, щlэныгъэлl цlэрыlуэхэр. А гуфlэгъуэ зэlущlэр

щекIуэкIа махуэми дэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ: абы къыдабж гъуэгуанэ узыншэ къызэпызыча ди университетым и ныбжьыр. Кавказ Ищхъэрэм и университет нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытэ ди еджапIэ лъэщым нобэ иIэщ факультету 14, институту 2, кафедрэу 102-рэ. Абыхэм щолажьэ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ ягъэхьэзыра доктор диссертацэхэм хэплъэныр зи пщэ къыдэхуэ еджагъэшхуэхэм я совету 10, кандидатхэм яйуэ 3. Университетым щыпхагъэкI диссертацэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ.

Университетымрэ абы къепха колледжхэмрэ нобэ щолажьэ икIи щоджэ цIыху мин 23-м нэблагъэ. Абы щоджэ Сирием, Ливаным, Тыркум, Иорданием, Пакистаным къикIа студентхэу 200-м щIигъу. КъБКъУ-м щезыгъаджэ цIыху 1000-м нэблагъэм яхэтщ щIэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу 170-м щIигъу, щIэныгъэхэм я кандидатхэу, доцентхэу 600-м нэс. Ар къызэгъэпэщащ студентхэр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ, аппаратурэхэмкIэ: еджакIуипщI къэс зы компьютер яIэщ.

Ди университетым лъэщу зэрызиужьам, абы лъабжьэ быдэ зэригъуэтам щыхьэт тохъуэ щIэныгъэ, лэжьыгъэ IуэхухэмкIэ ар къэрал 30-м я еджапIэ пэрытхэм япыщIа зэрыхъуари. Ди щIэныгъэлIхэм пыщIэныгъэ быдэ хуаIэщ Германием, Францием, Англием, США-м, Японием, Испанием, Италием, Тыркум, нэгъуэщI къэралхэми я еджапIэ нэхъыщхьэхэм, IуэхущIапIэхэм.

2005 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди университетыр хохьэ РФ-м и еджапIэ нэхъыфI дыдэу къалъытэу 10-нэ увыпIэм нэс зыIыгъхэм, Кавказ Ищхъэрэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэр къапщтэмэ, нэхъыфI дыди 3-м хабжэ.

Зи ныбжьыр мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъу ди пединститутымрэ абы къытепщIыкIа университетымрэ щылэжьахэмрэ щеджахэмрэ яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр ди лъахэм, къэралым, дуней псом фIыкIэ щызыгъэIуа, хэкулI, щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, тхакIуэ куэд. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий, къулыкъуишхуэ зезыхьахэу Черкесов Георгий, Емуз Анатолий, Зумакулов Борис, нэгъуэщIхэри. ТхакIуэ цIэрыIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, КIуащ БетIал, Къардэн Бубэ, Налохэ Ахьмэдхъанрэ Зауррэ, Сокъур Мусэрбий, Къэрмокъуэхэ Мухьэмэдрэ Хьэмидрэ, Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, IутIыж Борис, КхъуэIуфэ Хьэчим, Мокаев Мухьэмэд, Бабаев Ибрэхьим, Къэжэрхэ Петррэ Хьэмидрэ, МафIэдз Сэрэбий, Журт Биберд, Толгуров Зейтун, Бозий Людин сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэхэм ящыщщ Залиханов Михаил, ЖьэкIэмыхъу Тузер (ар пединститутым и директоруи щытащ), Тембот Аслъэнбий, Иуан Петр, Нэхущ Iэдэм, ХъуэкIуэн Хьэзрэталий, КIуэкIуэ Жэмалдин, Апажэ Мухьэмэд, Урыс Хьэталий, Къумыкъу Тыгъуэн сымэ, нэгъуэщIхэри.

ФIыщIэ лей яхуэщIыпхъэщ университетыр къызэгъэпэщыным, ар лъэ быдэкIэ увыным зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа ректорхэу, щIэныгъэлI инхэу Бэрбэч ХьэтIутIэ, КIэрэф Къамболэт, Лъостэн Владимир, Къарэмырзэ Барэсбий сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми лъэкI къигъэнакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху пэрытхэр щыщIауIукI икIи щапсыхь кIыщыр лъэпкъым, лъахэм, Хэкум псэ къабзэкIэ хуэлэжьэн папщIэ. А лэжьыгъэр псыхэкIуадэ зэрымыхъуам и щыхьэт наIуэщ зи юбилейр мы гъэм дгъэлъапIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс щэ ныкъуэм и кIуэцIкIэ къикIуа гъуэгуанэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэшхуэхэри ар здынэса лъагапIэри.

**ЧЫМ Юрэ,**
*педагогикэ щIэныгъэхэм я*
*кандидат, КъБКъУ-м и доцент*

# Iэзагъэм къигъэщIа усыгъэ



Хэку зауэшхуэм иужь къиихуэ илъэсхэм адыгэ литературэр зыужьыныгъэм и гъуэгуанэщIэм тохьэ. А зэманым – етIощIанэ лIэщIыгъуэм и 50–60 гъэхэм – Iупщ I къэхъуащ адыгэ усыгъэм нэхъыфIу илъагъу икIи нэхъ къехъулIэр лирическэ е лироэпическэ усыгъэм я щапхъэр арауэ зэрыщытыр, а усэ гъэпсыкIэм и щапхъэ нэхъыфIхэм зэрытетыр. А лъэхъэнэм усакIуэхэм я нэхъыбэр зэлэжьыр усэ тхыныртт. Поэмэ жанрым щызрапщытыр зэзэмызэххэт, зезыпщытхэри мащIэ дыдэт. Абы щыгъуэ поэмэ зытхахэм ящыщщ КIыщокъуэ Алим, Уэхъутэ Абдулыхь, КIуащ БетIал, Гъуэщокъуэ Хъусин сымэ, нэгъуэщIхэри. Ауэрэ абыхэм къакIэлъыкIуэ усакIуэхэми я зэхэщIыкIым, я зэфIэкIым, я Iуэху еплъыкIэм, я гурыгъу-гурыщIэхэм, гъащIэм хуаIэ щытыкIэм, къинэмыщI Iуэхугъуэхэми фIы и лъэныкъуэкIэ захъуэж, хуэмхуэмурэ усакIуэхэм къаIэт IуэхущIэхэри нэхъыфIу къэIуэта мэхъу, гъащIэм къызэригъэув хабзэщи, ди усакIуэ нэхъыжьхэм фIыкIэ узыщыгугъ хъун литературэ щIэблэ узыншэ къащIохъуэ. Мис а Iуэхугъуэм адыгэ литературэм зыужьыныгъэ пыухыкIахэр ирет, и гъащIэр кIыхь икIи щIэращIэ, дахэ икIи щIэщыгъуэ ещI. А лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ адыгэ усыгъэм IупщIу къыхощ екIуэкIа зауэ бзаджэм и джэрпэджэж макъымрэ мамырыгъэ лэжьыгъэ хьэлэлым и пшыналъэ гурыхьымрэ тIури зэщIэлъу. Зэрыхабзэщи, гъащIэр и пIэм иткъым, ар ипэкIэ мэкIуатэ, абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр егъуэт. Зэман докIри, адыгэ усыгъэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ къызэщIеубыдэ, ар куэдым тепсэлъыхьын хуей мэхъу. Ди усыгъэм гулъытэ хэIэтыкIа хуещI лъэпкъ зэкъуэтхэм яку дэлъ икIи дэлъыпхъэ къуэш зэныбжьэгъуныгъэм, цIыхугъэ лъагэр, IуэхущIафэ дахэхэр зи Iэужь иджырей цIыхубэм и гурыгъу-гурыщIэ къабзэхэр, гъащIэр нэхъри гъэщIэрэщIэным, ар щIэщыгъуэ щIыным, псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ абы щIыхьышхуэ зыпылъу иригъэкIуэкI, мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ иныр гъэлъэпIэным икIи къинэмыщI IуэхущIафэ гурыхьхэри гъэдэхэным. А зэманым апхуэдэ Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ, абыхэм я пщIэр ноби зыхыдощIэ, зыкIи нэхъ кIащхъэ мыхъуауэ.

Зауэм хэта ди усакIуэ нэхъыжьхэм якIэлъыкIуэ, ауэ я ныбжьыр зэрымыкъуам къыхэкIыу Хэку зауэшхуэм хэмыта усакIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Нурий, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, Нало Заур, Мысачэ Петр сымэ, абыхэм нэхърэ нэхъ щIалэж ди адрей усакIуэхэми яIэщ ищхьэмкIэ зи гугъу щытщIа Iуэхугъуэхэм ятеухуа усэхэм хуэдэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хущIэкъуащ езым и зэманым пэджэж усэхэр зэритхыным, лъахэм и теплъэр, цIыхухэм я лэжьыгъэр, зэныбжьэгъугъэр, цIыхугъэ лъагэр, гъащIэм хабзэ пэрыт щыхъуа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр IэкIуэлъакIуэу къызэригъэлъэгъуэным. Ахэр гъащIэм лъэныкъуэкIэ хущымыту, атIэ абы жыджэру зэрыхэлэжьыхьынум хуопабгъэ икIи ар абыхэм мыIейуэ къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ. Абы щыхьэт тохъуэ а усакIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ куэд. Абы и лъэныкъуэкIэ гулъытэ щхьэхуэрэ пщIэ лейрэ хуэщIыпхъэщ Нало Заур и усыгъэм. Ар и телъхьэщ цIыхугъэ лъагэм,

пэжыгъэм, захуагъэм, лэжьыгъэ пэрытым, зэныбжьэгъуныгъэм, хьэл-щэн дахэм, щIыхьымрэ напэмрэ икIи нэгъуэщI щытыкIэфIхэми епха Iуэхугъуэхэм.

Налом и зы усэ купщIафIэ гуэрым «Си гуапэщ псэун зи натIэм и натIэм щабэу Iэ дэлъэн» щыжеIэ икIи ар дыдэмкIэ езым и хьэл-щэныфI зыбжанэ къегъэлъагъуэ: хьэлэлыгъэр, гу щабагъэр, цIыхугъэр, гуапагъэр, гумащIагъэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ усэ купщIафIэхэр щэ бжыгъэу иIэщ усакIуэм. Абы и усыгъэ псом фIыкIэ къыхощ гупсысэ куурэ гурыщIэ къабзэкIэ зэщIэузэда «ЦIыху напэ» балладэ гъуэзэджэр. Мыр Нало Заур и усыгъэ нэхъыфI къудейуэ къэнэжыркъым, атIэ ар адыгэ усыгъэм и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ абы и щапхъэу къэплъытэ хъунущ жытIэмэ, щыуагъэ хъуну къыщIэкIынкъым.

Гурыхьщ а тхыгъэм и ухуэкIэр; щIэщыгъуэщ зи гугъу ищI Iуэхугъуэхэм я къэIуэтэжыкIэр; купщIафIэщ тхыгъэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр; шэрыуэщ балладэм къыхэщ адыгэлIым и хьэл-щэнхэмрэ и шыфэлIыфэмрэ и къэгъэлъэгъуэкIэр; мыхьэнэшхуэ иIэщ балладэм пкърылъ гъэсэныгъэ-ущииныгъэ хуэIухуэщIэхэм икIи абыхэм япыщIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Балладэм къиIуатэ Iуэхугъуэхэр зэрызэкIэлъыхьам, абыхэм я ухуэкIэмрэ я къэIуэтэкIэмрэ гури псэри ятхьэкъу.

Дызэгъусэурэ балладэм и сюжетым дривгъаплъэт. Къум нэщI дыгъэ пэзазэм къыщыхута лIы гъуэгурыкIуэр дапхуэдэу мыбэшэчми, мыхъыжьэми, псыхуэлIэм зэщIиубыдауэ гузэвэгъуэ иныр къылъысащи, абы ищIэнур ищIэжыркъым, бэлыхьыр телъщ, хьэзабыр ешэч. АдыгэлIым игъэв гугъуехьыр усакIуэм мыпхуэдэ псалъэ шэрыуэхэмкIэ къытхуеIуатэ, «тIэкIу зыдэвгъэш, гугъуехьыр дэфшэч, гузэвэгъуэр щхьэщыфх» къыджиIэ хуэдэу: «ГъуэгурыкIуэм и гур плъыхукIэ, МэункIыфIыр и нэр, ЗимыщIэжу ар къоджалэр, Нэсыпауэ псынэм». Абы ишэч гугъуехьымрэ телъ хьэзабымрэ ди нэгу къыщIигъэхьэн, и псэм щыщIэр зыхыдигъэщIэн папщIэ усакIуэм адэкIэ мыпхуэдэу къыпещэ: «Къэмэхауэ хэлъщ пшахъуэхуми, Ар къегъэткIур дыгъэм, Дуней псор исыж къыпфIощIыр, ЗэщIищтауэ лыгъэм». Абдежым нэгъуэщIым и щхьэлажьэр зымыщIэ удыр напIэзыпIэм къоср, зи псэр пыт къудей лIым псы тIэкIу IурекIэри бгъэдотIысхьэж, ауэ абы лей къызылъыса гъуэгурыкIуэм и псыхуэлIэ иригъэкIыркъым, атIэ ар абы нэхъри гугъу ирегъэхь, хуабжьу къегъэбырсей. А теплъэгъуэр Iэзагъ хэлъу усакIуэм пэжагъкIэ гъэнщIа мы псалъэхэмкIэ егъэбелджылы: «Удхэр зыгъэудыр Лей зэрахьэр арщ. Мис мы удми и мурадыр ЩIэпхъаджагъэ гуэрщ». Псы сегъафэ жиIэу лIыр щылъаIуэм, псы уасэу удым къыпеубыд абы и напэри, лIыр гугъу ирегъэхь, щытыкIэ хьэлъэм ирегъэувэ. АрщхьэкIэ лIы ерум и напэр псы шынакъкIэ ищэн идэркъым, ауэ удри абы кIэрыкIыркъым. Удыр куэдрэ къокIуэ лIым и напэр «ихьыну». ЛIами и напэр имыщэн папщIэ, адыгэлI нэсым лIыгъэшхуэрэ бэшэчагъэрэ хэлъу япэ щIыкIэ и бзэр, етIуанэу – и нэхэр, ещанэу, щымыхъужыххэм, и псэр ет. Япэрауэ, мыр дэтхэнэ зы цIыхуми хузэфIэкIын Iуэхукъым. ЕтIуанэрауэ, ар адыгэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ и хьэл-щэн нэхъыфIхэм ящыщ зыщ, цIыхугъэ лъагэмрэ лIыхъужьыгъэ инымрэ я дамыгъэщ. Аращ адыгэхэм «ЛIэным лыгъэ хэлъщ» щIыжаIэр.

Налом Iэзэу къигъэсэбэпащ адыгэбзэм и шэрыуагъым щыщ Iэмал зэмылIэужьыгъуэ Iэджэ. Балладэм куэду хэтщ эпитет шэрыуэхэр, метафорэ гурыхьхэр, зэгъэпщэныгъэ дэгъуэхэр, егъэлеиныгъэ щхьэхуэхэр, къэпсэуныгъэ сыт хуэдэхэр, нэгъуэщIхэри. УсакIуэм хузэфIэкIащ лъэпкъым и гурыгъу-гурыщIэхэр, и хьэл-щэн, и хабзэ-нэмыс дахэм щыщ зыбжанэ, и цIыхугъэ лъагэр, и лIыхъужьыгъэ иныр икIи къинэмыщI Iуэхугъуэ щхьэхуэхэри балладэм Iэзэу хипщэн. Псом хуэмыдэу IупщIу ар тхыгъэм и кIэухым деж нэхъ къыщыхощ. ЦIыхугъэ хэлъу, псэ хьэлэлу, захуагъэм и телъхьэу, пэжыр и гъуазэу дунейм тета цIыхум и хьэдэ напэри дахэщ, къабзэщ. УсакIуэм ар

мы щIыкIэм тету къеIуатэ: «Напэ хужьу щылъщ а хьэдэр, Нурыр къыщхьэщех. ЦIыхуу щыIэм ягъэлъапIэу, ЛIым и хьэдэр дах». Дах цIыху щхьэпэу, дахэу дунейм тетащи, лIыгъэ инрэ цIыхугъэ лъагэрэ хэлъу псэуащи. ЛIым и хьэдэр цIыхухэм щIагъэлъапIэр и хьэл-щэн дахэмкIэ, и IуэхущIафэ инхэмкIэ а пщIэр къилэжьащи аращ. АбыкIи зэфIимыгъэкIыу, Налом цIыху пэжым икIи захуэм пщIэ лей худигъэщIыну и гущIэм къитэджыкI мы псалъэ Iущхэр къыпещэ: «Напэ къабзэм и къабзагъыр Дыгъэ бзийм хыхьащ, Анэ псоми я быдзышэм Бынхэм хухалъхьащ». Зэрытлъагъуэщи, гупсысэр икъукIэ шэрыуэу, гурыщIэр псэм едэхащIэу къэIуэта хъуащ. Напэ къабзэм къыпиха нурыр дыгъэ бзийм хыхьащ, ауэ ар абы къыхэнэнукъым, атIэ аргуэру щIылъэм къритыжынущ, къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я гъащIэм къыпищэу, ар иригъэфIакIуэу, цIыхур фIым щигъэгугъыу, я гурыщIэ дахэхэр защIэ зэпыту щытын хуэдэу. IупщI зэрыхъуащи, хьэдэм нурыр къыщIыщхьэщихыр, ар цIыху пэжу, захуэу дунейм тетащи аращ, «Напэ къабзэм и къабзагъэр Дыгъэ бзийм щIыхыхьари» аращ. Аращ а цIыхугъэр анэ быдзышэм хэпщIа щIэхъуар, аращ а къабзагъэр сабиинэм щIыщIэплъагъуэр, ауэ цIыху напэншэм а къабзагъэм къыпих нурыр бжэгъуу и нэм щIоуэ, а къабзагъэм цIыху напэншэм и нэр щIесыкI, и щхьэр егъэуназэ, егъэуз, уеблэмэ зимыщIэжу и щхьэр зэщхьэщехури щыхупIэм ирешалIэ, лIыгъэншэу къегъанэ.

Гу зэрылъыфтащи, «ЦIыху напэ» балладэм и гурыщIэ къабзэмрэ цIыхугъэ лъагэмрэ, лIыхъужьыгъэ инымрэ хьэл-щэн дахэмрэ, хабзэ-нэмыс екIуэхэмрэ тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ Iэззэу икIи гурыхьу, губзыгъэу икIи удихьэхыу къэгъэлъэгъуащ. Тхыгъэм къытхуиIуатэ философскэ гупсысэ куур гукъэкI пщIын, ар къэбгупсысын папщIэ уцIыху акъылыфIэу икIи зэчий зыбгъэдэлъ уусакIуэу, уцIыху гу къабзэу икIи угумызагъэу ущытын хуейщ. Ар ауэ къызэрыгуэкI усакIуэм хузэфIэмыкIын Iуэхущ, ауэ апхуэдэр къызэхэулIэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ КIуащ БетIал е Нало Заур хуэдэ усакIуэхэр. ФIэщхъугъуейщ мы усакIуэ щэджащэм а и гупсысэ абрагъуэр, гурыщIэ къабзэр, Iэзагъэ иныр дэтхэнэ зы усакIуэми и гущIэм къыщыхъеину, цIыхупсэ псоми я щIасэ хъун хуэдэу ар къызэрыгуэкI акъылым къигъэщIыфыну. А балладэр зытха усакIуэм икъукIэ фIыщIэшхуэ хуэфащэщ.

Илъэс зыщыплI ипэкIэ псэлъэгъу къысхуэхъуа цIыху Iэзэ гуэр «Налом фIэкIа адрей ди усакIуэхэм балладэ ятхакъэ?» – жиIэри къызэхъурджэуауэ щытащ. А упщIэкIэм щIэлъ щIагъыбзэр си дежкIэ гурыIуэгъуэти, шыIэныгъэ хэлъу сэ абы мыпхуэдэ жэуап естащ: «Ятхащ, дауи, абы ипэкIи иужькIи ди адыгэ усакIуэхэм ящыщ зыбжанэм. Ауэ фIагъ и лъэныкъуэкIэ абыхэм «ЦIыху напэм» хуэдэ ятхакъым. Ар школ программэм щIыхэдгъэхьар апхуэдэ ди тхыгъэ лIэужьыгъуэхэм я нэхъыфIу къэтлъытати аращ.

Иджырей адыгэ литературэм балладэ жанрым зыужьыныгъэ ин дыдэ щимыгъуэтами, абы хуэфащэ увыпIэ щимыубыдами, мы тхыгъэ лIэужьыгъуэм елэжьащ ди усакIуэхэм ящыщ куэд. Ахэр зэхуэдэкъым я ныбжькIи, я зэфIэкIкIи, я щIэныгъэкIи. Нало Заур нэмыщI балладэ жанрым елэжьащ КIуащ БетIал, Къагъырмэс Борис, КIэщт Мухьэз, Тхьэгъэзит Зубер, Къэжэр Хьэмид, Дыгъужь Къурмэн, Журт Биберд, КIэмыргуей Толэ, Щоджэн Хьэбас сымэ, нэгъуэщIхэри, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, а усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм яхэткъым фIагъ и лъэныкъуэкIэ «ЦIыху напэ» балладэм ебгъапщэ хъун, абы хуэбгъэдэн. Ар адыгэ литературэм и апхуэдэ тхыгъэ лIэужьыгъуэхэм я нэхъыфI дыдэу, и налкъутналмэсу къэлъытапхъэщ. ФIагъ и лъэныкъуэкIэ мыр ебгъэщхь хъунущ урыс усакIуэхэу Луговской Владимиррэ Симонов Константинрэ я балладэ нэхъыфIхэм. Псом хуэмыдэу фIагъ и лъэныкъуэкIэ «ЦIыху напэ» балладэр ебгъапщэ хъунущ урыс усакIуэ цIэрыIуэ Тихонов Николай и «ГъущI Iунэхэм ятеухуа балладэ» гъуэзэджэм.

Налом и усыгъэм и гугъу щытщIкIэ, гу лъытапхъэщ ар ерыщу икIи зэфIэкI иIэу сабийхэми балигъхэми зэрахуэтхэм. Абы и Iэдакъэм лъэпкъ

литературэм и фIыпIэ усэ куэд къызэрыщIэкIам, ауэ ар усыгъэм и закъуэкъым зытелажьэр, атIэ Налор усакIуэ гъуэзэджэщ икIи щIэныгъэлI Iэзэщ; усакIуэщ икIи ущиякIуэщ; усакIуэщ икIи литературэхутэщ; усакIуэщ икIи литературэ къэхутакIуэщ, усакIуэщ икIи тхакIуэ IэкIуэлъакIуэщ, усакIуэщ икIи хэкулIщ.

УсакIуэм балигъхэм яхуитха и усэхэр зэхуэмыдэ Iуэхугъуэ куэдым теухуащ. Абы и усыгъэм щытепщэр нобэрей цIыху гуащIафIэм и гъащIэрщ, и гурыгъу-гурыщIэхэрщ, и IуэхущIафэ инхэрщ. Апхуэдэ хуэIухуэщIэхэр IупщI дыдэу къызыхэщ и усэ нэхъыфIхэм ящыщщ «Анэ», «ГъукIэм и Iэр», «Гум хэлъ мафIэ», «ГъукIэ щIалэм и уэрэд», «ГъуэгущхьитI», «Алъп мыгъасэ» жыхуиIэхэри, нэгъуэщIхэри. Заур и усэ нэхъыфIхэм щытепщэщ щIалэгъуэр, гу къабзагъэр, цIыхугъэ лъагэр, хьэл-щэныфIыр, гуащIэдэкI хьэлэлыр.

Иджы гупсэхуу датепсэлъыхьынщ ищхьэмкIэ зи цIэ къитIуа усэхэм ящыщ зыбжанэм.

«ГъукIэ щIалэм и уэрэд» усэм хэт лирическэ лIыхъужьыр гъащIэми лэжьыгъэми хуэнэхъуеиншэщ, абы лэжьыгъэм хуиIэ щытыкIэми, и дуней тетыкIэми, и IэкIуэлъакIуагъми дэбгъуэн щыIэкъым. Ар усакIуэм мы псалъэ купщIафIэхэмкIэ IупщI къытщещI: «Къепщэ, къепщэ, шэдыбжьапщэ, ГъущIыр плъыжьу гъэплъ. Ар зэ къэплъым сэ а гъущIым КъыхэсщIыкIым еплъ». Гупсысэм нэхъри зригъэужьурэ, ар нэхъ щIэщыгъуэ икIи гурыхь къытщищIурэ, адэкIэ усакIуэм къытхуеIуатэ лирическэ лIыхъужьым и IэщIагъэмрэ абы и Iэзагъэмрэ зыхуэдэр: «Хъыджэбз дахэм и сурэти, Хуеймэ, гъущIу сщIынщ. ЗикI, псэ хэлъхьэ къызжамыIэм, Зыхуейр яхуэсщIынщ». Ар IэщIагъэлI нэсым, цIыхупсэ хьэлэлым и зэфIэкIыр зыубзыху гупсысэ дэгъуэщ, гурыщIэ ахъырзэманщ, Iэзагъэм щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэ пыухыкIащ. Зи гугъу тщIы мы усэм зыкъомкIэ поджэж «ГъукIэм и Iэр» жыхуиIэри, тIуми къаIуатэ Iуэхур зэхьэлIар зыщ: гъукIэ IэщIагъэрщ.

«ГъукIэм и Iэр» усэр зытеухуа лэжьакIуэлIым нэмыщIуи, дэтхэнэ зы нэгъуэщI лэжьакIуэри абы хуэбгъадэ хъунущ. Уеблэмэ IэпщэкIэ лажьэхэм къищынэмыщIа, а усэр яхуэгъэзащ дэтхэнэ зы лэжьакIуэжь цIыху псэ хьэлэлми, сыт хуэдэ IэщIагъэлIми – абы и къалэнхэр тэмэму игъэзащIэмэ, и IуэхущIафэхэр цIыхухэм къахуэщхьэпэмэ, ахэр игъэгуфIэмэ икIи игъэгушхуэмэ. Усэм и пэщIэдзэм деж къехьэкI-нехьэкIи, бзыщIи, щIэуфи хэмылъу, щхьэтепхъуэр техауэ усакIуэм мыпхуэдэу щыжеIэ: «Солъагъу сэ фIыуэ лэжьакIуэIэр! Ар – пхуэмыфащэм – умыубыд». Мы псалъэхэр усэм зэфIэдзапIэ хуохъу икIи абыхэм зыкъомкIэ ягъэбелджылы усэр зытеухуар, лэжьакIуэIэр зыубыдыну зыхуэфащэри зыхуэмыфащэри. ГурыIуэгъуэщ фIамыщI зепхьэу, гъущIыкIэ улъиям уеIэбу, кIыщым ущIэту улажьэу уи Iэр фIей мыхъуу къызэрымынэнур. Ауэ, хьэлэмэтыр аракъэ, усакIуэм зи гугъу ищIыр нэгъуэщI зыгуэрщ. Iэзагъэ хэлъу мис ар абы къызэриIуатэр: «ФIамыщIым фIыцIэу къриIами, ПщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къабзэ къысфIэщIащ». Гупсысэ куур шэрыуэу къэIуэта хъуащ. Мыбдежым Налом зи гугъу ищI къабзагъэр зрилъытыр нэхъ кууэ, мащIэу щIэуфауэ, абы философскэ къэIуэтэкIэ иIэу ухуащ. ЛэжьакIуэ псэ къабзэм, цIыху псэ хьэлэлым хамэм ей зрилъэфалIэркъым, езым къимылэжьар и хьэрэмщ. Зи гуащIэкIэ псэуж цIыхум и гур къабзэщи аращ абы сэлам гуапэ зрихыр езым щIыдэбжьыфIэр, фIыкIэ гу зылъитар езым щIызыхуигъэдэжыр, апхуэдэ цIыху гуащIафIэр сыт и лъэныкъуэкIи псэ хьэлэлым щIищIасэр.

ГъукIэм и теплъи, и шыфэлIыфи, и хьэл-щэн нэхъыщхьи, и хабзэ-нэмыси усэм къыщыгъэлъэгъуакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, абы и образыр наIуэу ди нэгум къыщIоувэ. Абы щыхьэт тохъуэ мы псалъэ купщIафIэхэр: «И уадэр сыджым трилъхьэжри, И гупэр гъукIэм къигъэзащ: Лэрыгъу уадэкIым ищIа и Iэр, АдэIэм хуэдэу, сэ скъузащ». Мы усэм къыщыгъэлъэгъуа лирическэ лIыхъужьым и шыфэлIыфэр нэхъ нэIурыт икIи нэгъэса зыщIыр «Iэмал

щимыIэм а Iэ лъэщым Iэштlым шынагъуэу зеуплlэнщl» псалъэхэрщ, усэм и кlэр зыгъэбыдэжхэрщ, зыгъэбелджылыхэрщ.

Дэтхэнэ зы усакlуэми и къалэн лъапlэу къелъытэ и анэм теухуа усэхэр итхыну, абы хуищl фlыщlэмрэ пщlэмрэ усэбзэкlэ къиlуэтэну. Наломи и анэм теухуауэ усэ зыбжанэ итхащ. Абыхэм ящыщ зым – «Хъийм икlауэ бийхэм загъэпхъашэ» жиlэу кърагъажьэм – кlэщlу и гугъу тщlыну дыхуейщ. Усэм гур дэзыхьэх ухуэкlэ хьэлэмэт иlэщ, ар гъэпсащ усакlуэм гъащlэм къыщыхъуа зы lуэху гуэр къиlуэтэж хуэдэу. Iэщэ зэмылlэужьыгъуэ зыбжанэкlэ бийр щысхьырабгъу имыlэу къуажэм къыдоуэ, цlыху хейхэр бэлыхь хедзэ, абыхэм зыгъэпщкlупlэ къарегъэлъыхъуэ. Анэ тхьэмыщкlэм, гужьеигъуэ ихуащи, и бын цlыкlухэр щlыунэм щигъэпщкlуауэ ящхьэщысщ, гузэвэгъуэм зэщlиубыдарэ гуlэр и махуэу, хузэфlэкlын щlагъуэ щымыlэу. Абы и бын цlыкlухэм затреубгъуэ, мэгуlэж, ищlэнур имыщlэу мэгуlэж, шэ фий макъ зэхихымрэ шэ къэуэж и тхьэкlумэм къиlуэмрэ и гущlэм къыщыпсалъэу къыфlощl.

Усакlуэм иlэщ гъэм и зэманхэмрэ дунейм и къэхъукъащlэхэмрэ теухуа усэ купщlафlэ зыбжани. Апхуэдэщ «Бжьыхьэ», «Гъатхэ», «Щlымахуэ», «Илъэхъауэ мэзыжь щхьэкlэм» усэхэри, нэгъуэщlхэри. Налом и усэ нэхъыфlхэр, абы и «Цlыху напэ» балладэм хуэдэу, купщlафlэхэщ, шэрыуэхэщ, гурыхьхэщ. Ар апхуэдэу щlэхъур абы художественно-изобразительнэ Iэмал зэмылlэужьыгъуэхэр игъуэу икlи Iэкlуэлъакlуэу къызэригъэсэбэпырщ. Мыбдежым зи цlэ къитlуа усэхэми, нэгъуэщlхэми Налом нэхъыбэрэ къыщегъэсэбэп эпитет, метафорэ, егъэлеиныгъэ, зэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ сыт хуэдэхэр икlи абыкlэ къиlуатэ lуэхухэр нэхъ гурыlуэгъуафlэ икlи щlэщыгъуэ ещl. Псалъэм папщlэ, «Щlымахуэ» усэм абыхэм lуэху зыбжанэ щагъэзащlэ, псэ зыпымытыр псэу хуэдэу дагъэлъагъу: уэсым и щlалэгъуэщ, ар мэджэгу; жьыри мэгубжь, мэпхъанкlэ, мэятэ, батэр егъэш; абы уэсыр, цым хуэдэу, зэlепщlыкlри еудэ икlи егъэпцlэж. Апхуэдэ щап-хъэхэр щыкуэдщ Налом и усэхэм. Псалъэм папщlэ, «Илъэхъауэ мэзыжь щхьэкlэм» усэм дэгъуэу къыщыгъэлъэгъуащ дыгъэм, мэзым, жьым, жыгхэм я зэхущытыкlэр: Дыгъэр жыгыщхьэхэм ялъахъэри, псэ зыlутым хуэдэу, мэпlэтlауэ. Мэзым щlэт мейхэмрэ кхъужьейхэмрэ, псэ яlут хуэдэу, апхуэдизкlэ гурыщхъуэщlхэщи, зым дежкlэ уеплъэкlамэ, адрейм зегъэгусэ. Апхуэдэ Iэмал зэмылlэужьыгъуэхэмкlэ усакlуэм къытхуеlуатэ дунейм и къэхъукъащlэ-хэр зэрыдахэмрэ адыгэбзэм и зэфlэкlхэр зэрыинымрэ. Мэз lувым ущlэту жьым игъэщэнауэ жыгыщхьэхэр щыплъагъукlэ, ахэр зекlуэу къыпфlощl; Дыгъэр зэм жыг щхьэкlэхэм щlахъумэ, зы пlалъэ гуэр докlри, зэми къыкъуокlыж. Ар усакlуэм мы псалъэ шэрыуэхэмкlэ lупщlу ди нэгу къыщlегъэхьэ: «Илъэхъауэ мэзыжь щхьэкlэм мэпlэтlауэ дыгъэр», – жеlэри. Мэзыр цlыхупсэм и щlасэщ, ар псори зыщlэхъуэпс таурыхъ дахэм ещхьу къыщохъури аращ усакlуэм «Сыткlэ пщlын си фlэщ ди мэзым Тхьэlухуд щlэмысу» щlыжиlэр. Мы псалъэ дыгъэлхэми куэдым драгъэгупсыс, зыкъом дигу къагъэкl.

Адыгэбзэм, лъэпкъ хабзэ-нэмысым, хьэл-щэн дахэм, цlыхугъэ лъагэм икlи къинэмыщl lуэхугъуэфlхэми ятеухуа усэ купщlафlэ зыбжанэ иlэщ Нало Заур. Абыхэм ящыщ зыщ «Нанэ и псэ, дадэ и бзэ» сабий усэ гъуэзэджэр. Ар езыр инкъым, едзыгъуищ къудей хъууэ аращ, ауэ инщ икlи гурыхьщ абы и ухуэкlэмрэ къиlуатэ гупсысэмрэ. Зи гугъу ищlыну lуэхум пэищ хуещl: «Сэ си нанэр папэ янэщ, И псэр адыгэпсэщ. Сэ си дадэр папэ ядэщ, И бзэр адыгэбзэщ» псалъэ гуапэхэри усакlуэм къиlуэтэну гурыгъу-гурыщlэм а псалъэ гурыхьхэмкlэ гъунэгъу дыхуещl: «Адыгэпсэ, нанэ и псэ, Сыту упсэ дахэ! Адыгэбзэ, дадэ и бзэ, Сыту убзэ дахэ!» Мыбдежым зимыlэжьэу занщlэу лирическэ лlыхъужьыр «Фщlэуэ пlэрэ фэ абы и лlыгъэр?» – жеlэри щlоупщlэ (Зи гугъу ищlыр адыгэбзэрщ) икlи абы и жэуап гъуэзэджэр езым

иретыж «Ар йопсалъэ дыгъэм» жеIэри. АдэкIэ ар хуабжьу щогуфIыкI дыгъэр «зэрыадыгэм», абы адыгэбзэкIэ уепсалъэ зэрыхъум. Усэм къиIуатэ гурыщIэ къабзэр, гупсысэ иныр, адыгэбзэм и зэфIэкIыр, лъэпкъым и лъэкIыныгъэр Iэзагъэ хэлъу усакIуэм мы щIыкIэм тету къытхуеIуатэ: «ФщIэрэ фэ абы и лIыгъэр? Ар йопсалъэ дыгъэм. Сыту фIыщэт уэ, ди дыгъэр, Узэрыадыгэр!» – жеIэри. Ар куэд къызэрыкI, къызэщIэзыубыдэ кIэух гъуэзэджэщ, усэм и пщIэр лъагэу къэзыIэт гупсысэ куущ. Мы усэ сатырхэр адыгэ усыгъэм и фIыпIэщ, и налкъутналмэсщ жытIэмэ, щыуагъэ хъуну къыщIэкIынкъым.

Мыпхуэдэ усэ сатыр купщIафIэхэр къызыпкърыкI хабзэр Тхьэр фIыкIэ зэта усакIуэ зэчиифIэхэрщ, акъылыфIэхэрщ, цIыху щэджащэхэрщ. Нало Заур абыхэм ящыщ зыщ. Ар апхуэдэу зэрыщытым щыхьэт техъуэ щапхъэ гуэрхэр нэхъапэкIэ къэтхьащ, ауэ мыри абыхэм ядэщIыдгъужым усакIуэм худиIэ гурыщIэр зыкъомкIэ нэхъ Iупщ IикIи нэхъ къэIуэта мэхъу. Е иджыри девгъэплъыт гузэвэгъуэ бзаджэр къызылъыса анэм игъэв хьэзабыр къигъэлъэгъуэн папщIэ Налом и акъылым къигъэщIа мы усэ сатыр купщIафIэхэм къаIуатэ гупсысэ абрагъуэм: «Бийм а махуэм шэуэ къиутIыпщыр Къыщыуэжырт анэм и гу пщтырым»... Хуэмыхукъым мыпхуэдэ усыгъэ зиIэ усакIуэри къэбэрдей литературэри.

«Гугъэ» усэм и псалъащхьэм дыкъызэреджэу зыгуэрхэр къытхуиIуатэмэ, Iупщ хъумэ, «Алъп мыгъасэ» усэр зытеухуар, абы къиIуатэ Iуэхур и псалъащхьэм къыбгуригъэIуэнукъым. Зэрэ-тIэурэ усэм къеджэн хуейщ... Зэ еплъыгъуэкIэ абы алъп мыгъасэм и гугъу ищIыну къыпфIэщIынущ, ауэ ар пэжкъым. Усэр зытеухуар цIыху куэд зытетхыхьа адыгэбзэрщ. Ауэ сыту пIэрэ усакIуэм адыгэбзэр алъп мыгъасэм щIригъапщэр? Налом ди бзэм щхьэкIэ «мыгъасэ» щIыжиIэр, ар шхуэIум, IумпIэм, уанэм, къамышым, шыныбэпхым егъэсэн хуейуэ аракъым. Дэтхэнэ зы лъэпкъыбзэми хуэдэу, адыгэбзэм алъпым и къару хэлъщ, и зэфIэкIхэм хуэдэ бгъэдэлъщ, бгъэIурыщIэфмэ, куэд дыдэ хузэфIэкIынущ. Псалъэ шэрыуэм и къарур инщ, и зэфIэкIыр лъагэщ. Арагъэнщ ПащIэ Бэчмырзэ «Псалъэр вы нэхърэ нэхъ лъэщщ» щIыжиIар. Усэм диущий хуэдэщ адыгэбзэм дыхуэсакъыну, ар IэкIуэлъакIуэу, хузэфIэкIыну псори къедгъэIуэтэфу къэдгъэсэбэпыну, псалъэ шэрыуэм и мыхьэнэр къыдгурыIуэу, гукIэ зыхэтщIэу, псэкIэ зэхэтщIыкIыу дыпсэуну икIи дылэжьэну.

УащымыгуфIыкIыу дауэ ублэкIын мы усэ сатыр купщIафIэхэм: «Iуащхьэмахуэ уафэм носыр, ЩIыкъатиблым хыр лъоIэсыр. Мор цIыхупсэм и лъагагъырщ, Мыр гупсысэм и кууагъырщ». Апхуэдэ усэ сатыр купщIафIэхэр зи IэдакъэщIэкI усакIуэр зэрызэчиифIэм шэч хэлъкъым. ЦIыхупсэм и лъагагъыр зыхищIэу, гупсысэм и кууагъыр зэхищIыкIыу Нало Заур илъэс куэдкIэ Тхьэм игъэпсэу иджыри, ехъулIэныгъэ нэхъыфIыжхэр иIэу. «Алъп мыгъасэ» усэм фIэкI абы имытхатэми, Налор лъэпкъ литературэм и тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнэнт, ауэ, Тхьэм и шыкуркIэ, абы иIэщ ар усакIуэ цIэрыIуэ зыщI усэ щэ бжыгъэхэр. Дэ зи гугъу тщIар Налом и усэ мащIэ дыдэщ, ауэ абыхэми къагъэлъагъуэ Заур зэчиигъэ нэс зыбгъэдэлъ ди усакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

Нало Заур зэрыусакIуэфIым хуэдэу, ар икIи тхакIуэ Iэзэщ. Адыгэ прозэм и зыужьыныгъэм абы хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ. Заур и Iэдакъэм къыщIэкIащ сабийхэми балигъхэми яхуитха хъыбар гъэщIэгъуэнхэр. Налом и прозэм теухуа тхыгъэ гуапэ зыбжанэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Iуащхьэмахуэ» журналымрэ къытрагъэдзащ. Псом хуэмыдэу псалъэ гуапэ куэд хужаIащ 1981 гъэм къыдэкIа «Къру закъуэ» тхылъым щызэхуэхьэса новеллэ гъэщIэгъуэнхэм. Нало Заур и прозэри и усыгъэри адыгэ литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщу къэлъытапхъэщ.

**ЕРЖЫБА**слъэн

# Хъуэжэ и Куэбжэ

АГЪ Зэрэгъыж

# Си лъэхъуэщи-си лъэхъуэщ!

*ГушыIэжьей*

**ХЭТХЭР:**

**Хьэрэбий –** лъэхъуэщтет полковникщ;
**Хьэмид –** лъэхъуэщым щIэс щIалэжьщ;
**Сержант.**

**Iуэхур щекIуэкIыр лъэхъуэщырщ. Лъэхъуэщтет полковник НацэIуцэ Хьэрэбий щIэгурымыхьыжу лъэIу тхылъ гуэрым йоджэри щысщ. Тхыгъэм и кIэухым IупщIу къоджэ:**

**Хьэрэбий.** «... Аращи, щIыхьышхуэ зыхуэсщI полковник, уи унафэм щIэт мы лъэхъуэщым сыкъызэрихуэ лъандэрэ згъэлъэгъуа а щапхъэфI къезбжэкIахэр къэфлъытэу, сынывольэIу мы илъэс ныкъуэ къысхуэнэжар сщхьэщыфхыну. ГущIэгъу къысхуэфщIу, мыбы сивгъэкIыжыну.

***КIэмщхьэмокъуэ Хьэмид».***

*(IупщIэ ещI, щIодыхьэшхыкIри, макъ лъагэкIэ).*

КIэмщхьэмокъуэфыр къевджэт!

*(Хьэмид къохьэ. ЩтэIэщтаблэщ).*

Уэра КIэмщхьэмокъуэ Хьэмид хъужыр?

**Хьэмид** *(ерагъкIэ къыдришейуэ).* Сэращ, зи щIыхьыр ин полковник.
**Хьэрэбий.** Гупсэхуу седжащ мы уи лъэIу тхылъым.
**Хьэмид** *(фIым щыгугъыу).* НтIэ?..
**Хьэрэбий.** Мы уэ жыхуэпIэм хуэдэу тынш цIыкIуу зэфIэкI Iуэхукъым ар, КIэмщхьэмокъууф.

**Хьэмид** *(хуабжьу зыхуигъэтхьэмыщкIафэу).* КхъыIэ, полковник…

**Хьэрэбий.** «КхъыIэкIэ» зыми зыри ищIэркъым иджыпсту.

**Хьэмид.** Уэлэхьи, сэ нэгъуэщI симыIэ-тIэ…

**Хьэрэбий.** УимыIэмэ, уи тхьэмыщкIапIэ ис. Мис, мы птхахэр пэжмэ, хъарзынэу Iуэхум ухэзэгъащ, тутнакъыр зыхуей цIыхухэм уащыщщ…

**Хьэмид.** Алыхьым урипол… къысхуэгъэгъу, – урицIыхумэ, гущIэгъу къысхуэщI полковник. Дызэхуэдэ мус…

**Хьэрэбий** *(зэпеудри).* Сэ сыатеистщ.

**Хьэмид.** Укъэзылъхуар пщIэжмэ, сыутIыпщыж, ей… Ахъумэ…

**Хьэрэбий.** Сыт «ахъумэ»?..

**Хьэмид.** Ахъумэ, симылIыкIынум, тхьэр согъэпцI.

**Хьэрэбий.** Iагъу, ар сыту угуащIэ… УидгъэкIыжауи сощI иджы, – сытыт апхуэдизу мо дуней зэрыхьзэрийм щыпщIэну узыхуейр?

**Хьэмид.** Уэлэхьи, занщIэу къэсшэнутэм!

**Хьэрэбий.** «Къэсшэнут» пIа?

**Хьэмид.** ЖысIащ. Уэлэхьи, жысIа! АпхуэдизкIэ къэшэныгу сыхъуащи, уэлэхьи, жей симыIэж, шхын сщымыкIуэж… Къэсшэнурэ, унагъуэу сытIысыжынут.

**Хьэрэбий** *(зыщIодыхьэшхыкIри).* КIэщIу жыпIэмэ, мы тутнакъ Iэхуитлъэхуитышхуэм уикIыу нэгъуэщI тутнакъ Iэзэвлъэзэв уитIысхьэну ухуейуэ аращ, ы-ы?

**Хьэмид.** Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ, зиунагъуэрэ?..

**Хьэрэбий.** ЩIыжысIэри? Мы тутнакъым сыщыщыIэ тIэкIуращ сэр дыдэм си псэм нэсу зыщигъэпсэхур, КIэмщхьэмокъууф.

**Хьэмид.** Уэрэ сэрэ мыбы дызэрыщыIэ щIыкIэр зэтехуэркъым, зиунагъуэрэ…

**Хьэрэбий.** Ари пэжщ, ауэ мы сынызэроупщIынухэм жэуап къептмэ, сэ нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу ныбжесIэнщ Iуэхур зытетыр.

**Хьэмид.** ЖыIэ.

**Хьэрэбий.** Япэрауэ, мыр къэсщIэну сыхуейт: къыбдэкIуэну хьэзыр бзылъхугъэ уиIэ уэ?

**Хьэмид.** Уэлэхьи симыIэ, ауэ…

**Хьэрэбий.** УиIэуи сощI, – ар зыщIэпшэн гъущапIэ гуэр уиIэ?

**Хьэмид.** Уэлэхьи симыIэ.

**Хьэрэбий.** ХьэгъуэлIыгъуэ зэрыдэпхын ахъшэ уиIэ?

**Хьэмид.** Уэлэхьи симыIэ.

**Хьэрэбий.** Къапшэм хуэпшиин, зэрыпхуэпэн, зэрыбгъэфIэн уиIэ?

**Хьэмид.** Уэлэхьи симыIэ.

**Хьэрэбий.** ЛэжьапIэ бгъуэтынкIэ гугъапIэ уиIэ?

**Хьэмид.** Уэлэхьи симыIэ.

**Хьэрэбий.** НтIэ, зэгъащIэ, тIасэ: ахэр уимыIэу иджыпсту зыри къыбдэкIуэнукъым, минрэ къэшэныгу ухъуами. КъыбдэкIуапэуи сощI, – мис мы ди тутнакъым ущиса зэманым IэфI дыдэу уепщIыхьыжу къыпхуэнэжа гъащIэ тIэкIур мыгъуэмылIэу уигъэхьынущ апхуэдизу ухуэпабгъэу къэпша фызым.

**Хьэмид.** Дап… дапхуэдэу зэрызигъэхьынур?

**Хьэрэбий.** Дапхуэдэу жыпIа? Япэрауэ, фи «фо мазэр» махуэ зытIущым иухынурэ, зэи укъызыхэмыкIыжыфыну шыгъушыпсыпIэр къыпхуиухуэнущ… ЕтIуанэрауэ, сэхупсэплъым тхьэIухуд шыр къыпщигъэхъуу къэпшар нэху къызэрекIыу къыпхуэцIыхужынукъым: зэхэупIышкIуарэ зэхэуцырыфэжауэ, ину пырхърэ пэкIэ щIэфиихьы-

жу къыббгъурылъ фыз жэгъурнау цІыкІу гуэрым ухуеплъэкІыу а узыхуеплъэкІар уи псэгъур зэрыарар къэпщІа нэужь, занщІэу уи лІэн къэкІуэнурэ, зэгуэр тутнакъым ираукІыхьахэм уазэрыхэмыхуам ухущІегъуэжынущ… Ещанэрауэ, мыухыж шэр къызэрылъэлъ пылимотым ещхьу, и жьэр къыптегъэпсарэ укъызэпызыупщІ псалъэхэр къыптригъэлъалъэу упсэунущ… ЕплІанэрауэ, утелажьэ пэтми, къыхуэблэжьыр фІэмащІэу, къыхуэпщэхур фІэІейуэ, къызыхэкІахэр фІэдурыдылу, къызыхыхьахэр фІэмыфэмылу, уи фэр иритІыкІыу, уи пщІэр пиутыкІыу, къыпхуэпсалъэу, къыпхуэдалъэу къыпхуэнэжа гъащІэр епхьэкІынущ… Етхуанэрауэ…

**Хьэмид** *(и псалъэр зэпеудри).* Къызэт… Хьэтыр уиІэмэ, къызэтыж а лъэІу тхылъыр, щІыхь зыхуэсщІ полковник!..

**Хьэрэбий.** ЛІо, ухущІегъуэжауэ ара?

**Хьэмид.** СыхущІегъуэжащ. Си лъэхъуэщи-си лъэхъуэщ, – уэлэхьи, а уэ жыпІэхэр пэжу щытмэ, сэ мыбы икІ симыІэ.

**Хьэрэбий.** Ухуей-ухуэмейми, илъэс ныкъуэ дэкІмэ уидгъэкІыжынущ уэ мыбы, КІэмщхьэмокъуууф.

**Хьэмид.** Къащтэт мыдэ а лъэІу тхылъыр!.. *(КъыІехыжри, цІыкІу-цІыкІуу зэфІетхъ).* Илъэс ныкъуэ дэкІа нэужь сыщІивмыгъэкІыжын щхьэусыгъуэ ухуеймэ, – мэ! *(ТхылъымпІэ зэфІитхъар и нэкІум ирепхъэ).*

**Хьэрэбий** *(къэгубжьауэ къыщолъэтри, маджэ).* Сержант! Дэнэ ущыбзэхар?!.

**Сержантым** *(сержантыр къыщІолъадэ, «сыкъ» жиІэу и пащхьэм къоувэри).* СынодаІуэ, зи щІыхьыр ин полковник!

**Хьэрэбий.** ПсынщІэу щІэш мы хьэбыршыбырыр!.. Мис, си документхэр зэрызэфІитхъамкІэ, къызэрызэзэуамкІэ ущыхьэтщ!

**Сержантым.** Сыщыхьэтщ, зи щІыхьыр ин полковник!

**Хьэрэбий.** Уисыну къыщІэкІынщ уэ иджыри куэдрэ мы ди лъэхъуэщым!

**Хьэмид** *(здрашым, къызоплъэкІ, къыхупогуфІыкІри).* Тхьэразы къыпхухъу, зи щІыхьыр ин полковник!

*КІЭУХ*

• • •



ХьэІусыпэр зышхымрэ
Зи Іуэхур шыпхэмрэ.

*ГушыІэ сурэтыр зыщІар*
**КЪУЭЩІЫСОКЪУЭ Владимирщ.**

# *Псалъэзэблэдз*



**УпщIэхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **1.** Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **7.** Гъавэ лIэужьыгъуэ. **8.** Нартхэм я жылапхъэр Сосрыкъуэ къызытрихыжа иныжь. **12.** Хъумпiэцiэдж Iуащхьэ. **14.** Псалъэжь: «...пэтрэ илъэсым зэ мэфтрей». **15.** Тырку пащтыхьым зэреджэу щыта е цIыхухъуцIэ. **16.** Щимэу зи пэр пылъыкIа мастэ пIащэ. **19.** Адыгэм псэуалъапхъэ къызыхахыу щыта жыгхэм ящыщ. **20.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **21.** Былымаблэ. **24.** Iэщ тхьэкIумэм ирадзэ дамыгъэ.

**25.** Къамэ лIэужьыгъуэ. **27.** Адыгэхэм яшхыу къэгъуэгурыкIуа купсэ кIыхь зиIэ удз лIэужьыгъуэ. **28.** Имей мылъку щэхуу зыгъэкIуасэ. **31.** ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэ лъэпкъ. **34.** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ адыгэ театрым и джэгуакIуэу щыта, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **35.** ЩIы щхьэфэ тещтыкIа. **39.** Жызум гъэгъуа. **41.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **42.** Къэбэрдей-Балъкъэрым пэгъунэгъу къалэ. **43.** ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ цIыху къызэфIэмыщIэж. **46.** НэгъуэщI щIыпIэ Iэпхъуа цIыху. **47.** Ар адэжь щIэину жеIэ адыгэ псалъэжьым. **48.** Япэм школакIуэ цIыкIухэм макъамэ дахэ кърагъэкIыу зэрахьэу щыта Iэмэпсымэ. **51.** ТIыхъужь Алий, Токъуий Хъусен, Къуныжь Хьэждал сымэ къыщалъхуа къуажэ. **52.** Адыгэ уэрэджыIакIуэ бзылъхугъэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ. **54.** Гъатхэм пасэу къэлъэтэж бзу.

*Къехыу:* **2.** ХадэхэкI. **3.** Мэзхэм къыщыкI жыгхэм ящыщ зым къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу. **4.** Благъагъэрэ ныбжьэгъугъэкIэ къагуэмыхьэ цIыхум зэреджэр. **5.** … къурашэ. **6.** Пхъэм къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр. **9.** ПIалъэ-пIалъэкIэрэ зэхыхьэ бэзэрышхуэ. **10.** Къабзий кIыхь дыщафэ-къуэлэн зиIэ джэд дахэ. **11.** 18-нэ лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ лIыхъужь е IутIыж Борис и пьесэм и фIэщыгъэцIэ. **13.** Зи жагъуэ ящIам игу илъ мыарэзыныгъэ. **15.** ЩыжьыщIэхэм деж къагъэсэбэп… **17.** Хьэм… уеуэмэ, гъыркъым. **18.** Ахъшэ жьгъей. **22.** Адыгэ таурыхъхэм хэт щIалэ Iущ цIыкIу ШыкъумцIий уд фызыжьыр псыхьэ зэригъэкIуа хьэкъущыкъур. **23.** Нартыху гъэлыгъуам къыхэщIыкIа хьэжыгъэ. **26.** ЩIыдагъэм къыхах гъэсыныпхъэ. **29.** Акъылыр щагуэшым зылъымысахэр здэщыIа щIыпIэр. **30.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ адыгэ усакIуэ. **32.** «… зэшищ» – КъардэнгъущI Зырамыку игъэзащIэ уэрэдыжь е адыгэ унэцIэ. **33.** Уэрэд нэщхъей, гууз. **36.** Плъыжьыфэ нэгъуэщIу зэрыжаIэ. **37.** Къуршым щыпсэу къуалэбзуушхуэ. **38.** Мыхъун куэд жызыIэ цIыху псэлъэрей. **40.** Iуэхугъуэ къекIуэкIа гуэрым щыгъуазэ цIыху. **42.** ЦIыхухъуцIэ. **44.** Гъуэгум иIэ кумблъэмб. **45.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ еджагъэшхуэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта. **49.** Нарт Щэуей и адэм и цIэр. **50.** Дин лэжьакIуэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

## ***Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр***

*ЕкIуэкIыу:* **7.** Къады. **8.** Инжыдж. **9.** Уасэ. **12.** Баринэ. **13.** Бланэ. **15.** Шапсыгъ. **18.** Дыгъу. **19.** Пхъы. **20.** Псы. **21.** Бжы. **22.** Ибэ. **25.** Къубас. **26.** Уэм. **28.** Тэхъу. **29.** Санэ. **30.** Къундэпсо. **31.** ХьэмфIанэ. **35.** Хьэсы. **36.** Ажэ. **38.** Шхуэ. **40.** Бжыхь. **41.** Ету. **42.** Къыр. **43.** Афэ. **44.** Хьэм. **45.** Кумб. **48.** Жумарт. **50.** Къуентхъ. **53.** ХьэпцIий. **54.** ЩIыIуб. **55.** Щэуей. **56.** Дзасэ.

*Къехыу:* **1.** Дарий. **2.** Мыщэ. **3.** Анэл. **4.** Щыкъун. **5.** Бурш. **6.** Псапэ. **10.** Бащырбэ. **11.** Цыжьбанэ. **14.** Акъсырэ. **16.** Мысэ. **17.** Гъубжэ. **23.** ЕсэнтIыгу. **24.** Псынабэ. **27.** Мастэ. **28.** Тхьэгъуш. **32.** Шэнтиуэ. **33.** Хьэнфэн. **34.** ШыкъумцIий. **37.** Журт. **39.** Хущхьэ. **46.** Къамыл. **47.** Апэсы. **49.** Тебэ. **51.** Епэр. **52.** Тхуей. **53.** Хьэдзэ.